

Oktòb 2011

konferans jeneral

Nou reyini ankò

tanp

travay tanp

jeneral konferans

Nou reyini ankò

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Mwen priye pou nou ka ranpli avèk Lespri Senyè a pandan n ap koute mesaj jodia ak demen yo epi pou nou aprann sa Senyè a ta renmen nou konnen yo.

Frè m ak sè m yo, se yon plezi pou swete nou byenveni nan 181 nyèm konferans Jeneral Semianyèl Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

Konferans sa a fè 48 tan---panse sou sa, 48 an, depi m te aple nan Kolèj Douz Apot yo pa Prezidan David O. McKay. Sete an Oktòb 1963. Se parèt enkwayab pou mwen ke anpil ane gentan pase konsa depi lè sa a.

Lè nou okipe, tan an sanble l pase twò twò vit, e sis dènnye mwa yo se pa t eksepsyon pou mwen. Youn nan bèl moman peryòd sa a sete opòtinite m te genyen pou rekonsakre Tanp Atlanta a an Georgie jou Premye Me a. Mwen te akonpaye pa Èldè M. Russel Ballard ak Sè Ballard, Èldè Walter F. Gonzalez, ak Sè Gonzalez, ak Èldè William R. Walker, ak Sè Walker.

Pandan selebrasyon kiltirèl la ki te rele “Southern Lights” (Limyè Sid yo) ki te fèt anvan rekonsekrasyon an, nou te gade 2.700 jènjan ak jènfi soti nan tout distri tanp lan, ki t ap bay prezantasyon. Sete youn nan pi bèl espektak mwen te asiste e asanble a te oblije kanpe plizyè fwa pou aplodi yo.

Nan jou apre a tanp lan te rekonsakre an de sesyon, kote Lespri Senyè a te avèk nou an abondans.

Nan fen mwa Dawout la, Prezidan Henry B. Eyring te konsakre Tanp El Salvador la nan San Salvador. Li te akonpaye pa Sè Eyring ak Èldè D. Todd Christofferson ak Sè Christofferson, Eldè Sister William R. Walker ak Sè Walker, ak Sè Silvia Allred nan prezidans Jeneral Sosyete Sekou a ak mari li, Jeffry. Prezidan Eyring di ke sete yon evènman trè espiritiyèl.

Nan fen ane sa a, Prezidan Dieter F. Uchtdorf ak Sè Uchtdorf pral vwayaje avèk lòt Otorite Jeneral pou ale Quetzaltenango, nan Guatemala, kote li pral konsakre Tanp nou genyen kote sa a.

Konstriksyon tanp yo ap kontinye san rete, frè m ak sè m yo. Jodia mwen gen privilèj pou anonse plizyè nouvo tanp.

Toudabò, kite m mansyone ke okenn bilding ki bati nan Legliz la pa pi enpòtan pase yon tanp. Tanp yo se lye kote relasyon sele ansanm pou dire atravè letènite. Nou rekonesan pou tout pil tanp yo nan tout mond lan ak pou benediksyon yo reprezante nan lavi manm nou yo.

N ap jwenn detay sou tanp sa yo apre, lè nou fin jwenn teren yo ak lòt otorizasyon nesèsè yo.

Nan konferans anvan yo, mwen te mansyone pwogrè n ap fè nan mete tanp pi pre manm nou yo. Byenke yo plis aksesib pou anpil manm nan Legliz la, toujou gen zòn nan mond lan kote tanp yo si elwaye pou manm nou yo ke yo pa kapab fè vwayaj ki nesèsè pou ale ladan yo a. Konsa, yo pa kapab pran pa nan benediksyon sakre ak etènèl tanp yo founi yo. Pou ede nan bagay sa a, nou gen yon fon disponib ki rele Fon Asistans Jeneral pou tanp. Fon sa a finanse yon grenn vwayaj tanp pou manm ki pa gen mwayen pou ale nan tanp otreman yo, men ki dezespereman anvi jwenn okazyon sa a. Tout moun ki ta anvi kontribye nan fon sa a kapab senpleman ekri enfòmasyon an sou fich don nòminal la yo remèt evèk la chak mwa a.

Kounyeya, frè m ak sè m yo, mwen priye pou nou kapab ranpli avèk Lespri Senyè a pandan n ap koute mesaj jodia ak demen yo epi aprann bagay Senyè a vle nou konnen yo. Sa se priyè mwen nan non Jezikri, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Pouvwa ekriti yo

ekriti

etid ekriti

pwofèt

Liv Mòmmon

Revelasyon

Sentespri

konferans jeneral

Pouvwa ekriti yo

Pa Elder Richard G. Scott

Nan Kolèj Douz Apot yo

Ekriti yo se tankou kolòn limyè ki liminen lespri nou e pèmèt nou jwenn direksyon ak enspirasyon soti anwo.

Sila nan pami nou yo ki vini sou chè sa a pandan konferans lan santi pouvwa priyè nou yo. Nou bezwen yo, e nou remèsye nou pou yo.

Papa nou ki nan syèl la te konprann ke, pou nou fè pwogè nou swete a pandan peryòd mizaleprèv nou an nan mòtalite a, nou t ap gen pou afwonte eprèv difisil. Kèk nan ep eprèv sa yo t ap preske ensimontab. Li te founi zouti pou ede nou reyisi nan mizaleprèv nou nan mòtalite a. Yon gwoup nan zouti sa yo se ekriti yo.

Atravè tout epòk yo, Pè Selès la te enspire dè gason ak fi chwazi pou jwenn, atravè gidans Sentespri a, solisyon pou pwoblèm ki pi konplèks yo nan lavi a. Li te enspire sèvitè otorize sa yo pou ekri solisyon sa yo kòm yon tip manyèl pou sila nan pitit li yo ki gen lafwa nan plan bonè li a ak nan Pitit Gason Byeneme li a, Jezikri. Nou gen aksè lib

nan gidans sa nenpòt kilè, gras avèk trezò nou rele liv kanonik yo---ki se, Ansyen ak Nouvo Testaman an, Liv Mòmon an, Doktrin ak Alyans, ak Pèl Gran Pri a.

Paske ekriti yo soti nan kominikasyon enspire pa Sentespri a, yo se verite pi. Nou pa dwe preyokipe pou validite konsèp ki nan liv kanonik yo puiske Sentespri a sete enstriman ki te motive ak enspire moun sa yo ki te ekri ekriti yo.

Ekriti yo se tankou kolòn limyè ki liminen lespri nou epi pèmèt nou jwenn gidans ak enspirasyon ki soti anwo. Yo ka vin tounen kle pou louvri kanal kominikasyon avèk Papa nou ki nan syèl la ak Pitit Gason Byeneme li a, Jezikri.

Ekriti yo bay deklarasyon nou yo fòs otorite, lè yo site kòrèkteman. Yo ka vin tounen zanmi lwayal ke nou ka konsilte nenpòt ki kote ak nenpòt ki lè. Yo toujou disponib lè nou bezwen yo. Itilizasyon yo founi yon baz verite ki ka aktive pa Sentespri a. Aprann, medite, fouye, ak memorize ekriti yo se tankou ranpli yon amwa avèk zanmi, valè ak verite ke nou ka fè apèl ak yo nenpòt lè, nenpòt kote nan mond lan.

Memorize ekriti yo se kapab sous yon gwo pouvwa. Memorize yon pasaj ekriti se kreye yon nouvèl amitye. Se dekouvri yon moun nèt ki ka, ede nan moman bezwen, bay enspirasyon ak rekonfò, epi vin yon sous motivasyon lè yon chanjman nesèsè. Paegzanp, lefèt ke m te aprann sòm sa a pa kè, li te tounen pou mwen yon sous pouvwa ak konpreyansyon:

“Se pou Seyè a tè a ye ansanm ak tou sa ki sou li. Lemonn, ak tou sa k'ap viv ladan l'.

“Li mete fondasyon tè a nan fon lanmè, li fè l' chita sou gwo larivyè yo.

“Ki moun ki gen dwa moute sou mòn ki pou Seyè a? oswa ki moun li kite antre nan kay ki apa pou li a?

“Se moun ki pa fè anyen ki mal, moun ki pa gen move lide nan tèt yo. Se moun ki pa nan bay manti, moun ki pa nan fè sèman pou twonpe moun.

“Seyè a va beni moun konsa. Bondye k'ap delivre l' la va fè l' gras” (Sòm 24:1--5).

Medite sou yon vèsè ekriti konsa bay lavi nou gwo direksyon. Ekriti yo ka fòme yon fondasyon ki soutni nou. Yo ka tounen yon gwo resous konsiderab zanmi devwe ki ka ede nou. Yon pasaj ekriti ki memorize vin tounen yon zanmi konstan ke lwayote li pa febli avèk letan.

Medite sou yon pasaj ekriti kapab yon kle pou bay aksè a revelasyon ak gidans ak

enspirasyon Sentespri a. Ekriti yo ka kalme yon nanm twouble, ki pote lapè, espwa, epi rebay moun nan konfyans nan kapasite li pou simonte difikilte lavi yo. Yo gen pouvwa pisan pou geri blesi emosyonèl si yon moun egzèse lafwa li nan Sovè a. Yo ka akselere gerizon fizik.

Ekriti yo ka pran sans diferan nan diferan moman nan lavi nou selon bezwen nou. Yon pasaj ekriti ke nou li plizyè fwa deja kapab pran yon sans nouvo ki trè enstriktif ak enspiran lè n ap afwonte yon nouvèl eprèy nan lavi a.

Kijan ou itilize ekriti yo pèsònèlman? Èske ou ekri nan liv ekriti pa w la? Èske ou mete kòmantè nan maj la pou raple ou yon moman gidans espiyèl oswa yon eksperyans ki te anseye ou yon leson enpòtan? Èske ou itilize tout liv kanonik yo, enkli Ansyen Testaman an? Nan paj Ansyen Testaman yo, mwen konn jwenn verite presye ki se eleman kle nan fondman verite ki gide lavi m nan epi ki sèvi kòm yon resous pou mwen lè m ap eseye pataje yon mesaj nan levanjil la avèk lòt moun. Se pou rezon sa a mwen renmen Ansyen Testaman an. Mwen jwenn verite tankou bijou presye ki epapiye nan tout paj li yo. Pa egzanp:

“Epi Samyèl te di, kisa Senyè a pito: yon moun k ap ofri bèt pou boule nan dife, k ap fè tout kalite ofrann bèt pou li, osinon yon moun k ap fè sa li di l fè a? Pito yon moun soumèt devan Bondye pase pou l ofri bèl belye chatre pou Senyè a” (1 Samyèl 15:22).

“Mete tout konfyans ou nan Senyè a. Pa gade sou sa ou konnen.

“Toujou sonje Senyè a nan tou sa w ap fè. Li menm, la moutre ou chemen pou ou pran.

“Pa mete nan tèt ou ou gen plis konprann pase sa. Gen krentif pou Senyè a, refize fè sa ki mal. . . .

“Pitit mwen, lè Senyè a ap pini ou, pa betize ak sa. Lè l ap korije ou, pa dekouraje.

“Paske Senyè a korije moun li renmen, menm jan yon papa korije pitit li renmen anpil la.

“Ala bon sa bon pou moun ki gen konesans, pou moun ki rive gen bon konprann” (Pwovèb 3:5 -7, 11-13).

Nouvo Testaman an se yon sous verite presye tou:

“Jezi reponn li: Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou.

“Se kòmandman sa a ki pi gwo, ki pi konsekan.

“Men dezyèm kòmandman an ki tankou li: se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.

“De kòmandman sa yo, se yo ki fondasyon tou lalwa a ak pwofèt yo” (Matye 22:37--40).

“Epi Senyè a te di, Simon, Simon, koute: Satan mande pouvwa pou l pase ou nan laye, tankou grenn y ap vannen:

“Men, mwen lapriyè pou ou, pou lafwa ou pa febli. Ou menm, lè wa tounen vin jwenn mwen, bay frè ou yo fòs.

“Epi li te di li: Mèt, mwen pare pou m al nan prizon avè ou, pou m mouri menm avè ou.

“Epi li te di: Pyè, tande sa m ap di ou: kòk p ap gen tan chante jòdi a, w ap di ou pa konnen m pandan twa fwa. . . .

“Yon sèvant wè Pyè chita bò dife a; li fiske je l sou li, li di: Nonm sa a te avèk li tou.

“Men Pyè demanti l, li di: Madanm, mwen pa konnen li.

“Yon kadè apre, yon lòt wè l, epi l di: Ou menm tou, ou fè pati moun sa yo. Pyè di: Non, monchè, mwen pa fè pati moun sa yo.

“Apre yon bon ti moman, yon lòt di l ankò: Men wi, nonm sa a te avè l. Se moun Galile li ye.

“Epi Pyè di li: Monchè, mwen pa konnen sa ou ap di la a. Menm lè a, antan li t ap pale toujou, yon kòk pran chante.

“Epi Jezi vire, li gade Pyè, epi Pyè vin chonje pawòl Senyè a te di l: Jòdi a, kòk p ap gen tan chante, w ap di ou pa konnen mwen pandan twa fwa.

“Pyè soti, epi li tonbe kriye jouk li pa t kapab ankò.” (Lik 22: 31--34, 56--62).

Mwen santi kè m ap rache pou sa k te rive Pyè a nan okazyon sa a.

Ekriti sa a nan Doktrin ak Alyans yo te beni lavi m anpil: “Pa chèche deklare pawòl

mwen an, men chèche pou ou jwenn pawòl mwen an, epi apre sa lang ou va lage; apre sa si ou vle, w ap gen Lespri m ak pawòl mwen an, wi, pisans Bondye pou konvenk lèzòm (D&A 11:21).

Nan jijman pa mwen, Liv Mòmmon an anseye laverite avèk yon klate ak pouvwa san parèy. Paegzanp:

“Epi kounyeya, m ta vle pou nou gen imilite, pou nou soumi, e pou nou janti; pou nou pran pitye fasil; pou nou chaje avèk pasyans, ak pasyans san limit; pou nou tanpere nan tout bagay; kenbe kòmandman Bondye yo tout tan avèk dilijans; mande nenpòt sa nou bezwen, ni bagay espiryèl ni bagay tanporèl; pou nou toujou di Bondye mèsè pou tout sa nou resevwa.

Epi m ta vle pou nou gen lafwa, esperans, ak charite, e lè sa a, n ap toujou fè anpil bon zèv.” (Alma 7:23--24)

Epi yon lòt:

“Epi charite gen pasyans, li janti, li pa gen anvi, li pa chaje avèk lògèy, li pa chèche enterè pa l, li pa fache fasil, li pa panse mal, li pa pran plezi nan inikite men, li pran plezi nan verite, li sipòte tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li andire nan tout bagay.

“Se poutèt sa, frè byeneme m yo, si nou pa gen charite, nou pa anyen, paske charite pa janm peri. Se poutèt sa apiye sou charite, ki se pi gwo don pase tout lòt, paske tout bagay gen pou peri---

“Men charite se lanmou pi Kris la, e li dire pou tout tan; e nenpòt moun ki genyen l nan dènye jou a, l ap bon pou li.

“Se poutèt sa, frè byeneme m yo, priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou nou kapab chaje avèk lanmou l, li te devèse sou tout moun ki se vrè disip Pitit Gason li a, Jezikri, pou nou kapab vin tounen pitit Bondye; pou lè l parèt, pou nou kapab tankou l, paske n ap wè li jan li ye a; pou nou kapab gen esperans sa a; pou nou pirifye menm jan li pi a.” (Moroni 7:45--48).

Madanm cheri mwen, Jeanene, te renmen Liv Mòmmon an. Pandan jenès li, lè l te adolesan, li te vin tounen yon fondasyon pou lavi li. Li sete yon sous temwayaj ak ansèyman pandan sèvis li kòm misyonè aprentan nan Nòdwès Etazini. Lè nou te sèvi nan chan misyon Kòdoba, an Ajantin nan, li te fòtman ankouraje itilizasyon Liv Mòmmon an nan efò nou pou n te preche levanjil la. Jeanene te konfime bonè nan lavi li, ke moun ki li

Liv Mòmmon an regilyèman yo, resevwa benediksyon pou gen yon pòsyon siplemantè Lespri Senyè a, yon pi gwo detèminasyon pou obeyi kòmandman li yo, ak yon temwayaj pi solid sou divinite Pitit Gason Bondye a.1 Pandan m pa konn ki kantite ane, lè fen ane a ap pwoche, m te toujou wè li chita an silans, ap veye pou l fin li Liv Mòmmon an an antye yon lòt fwa ankò anvan fen ane a.

An 1991 m te vle bay fanmi m yon kado Nwèl espesyal. Yon nòt nan jounal pèsònèl mwen sou akonplisman dezi sa a deklare: “Li minui trantuit, Mèkredi 18 Desanm 1991. Mwen fèk fini yon anrejistreman odyo sou Liv Mòmmon an pou fanmi mwen. Se yon eksperyans ki ogmante temwayaj mwen konsènan zèv divin sa a epi ki ranfòse dezi mwen pou m vin pi familye avèk paj li yo pou simaye, apati ekriti sa yo, verite pou m itilize nan sèvis mwen pou Senyè a. M renmen liv sa a. Mwen temwaye avèk tout nanm mwen ke li vrè, ke li te prepare pou benediksyon mezon Izrayèl la, ak pou tout diferan manm li yo ki simaye nan tout mond lan. Tout moun ki ap etidye mesaj li a avèk imilite, kwayan avèk lafwa nan Jezikri, ap konnen verasite li epi ap jwenn yon trezò ki ap mennen yo nan pi gwo bonè, lapè, ak akonplisman nan lavi sa a. Mwen temwaye pa tout sa ki sakre, ke liv sa a vrè.”

Mwen priye pou nou chak pwofite de richès benediksyon ki soti nan li ekriti yo. Nan non Jezikri, amèn.



Oktòb 2011

konferans jeneral

Revelasyon pèsonèl ak Temwanyaj

revelasyon

temwayaj

Sentespri

konferans jeneral

Revelasyon pèsonèl ak temwayaj

Pa Barbara Thompson

Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a.

Si nou respekte kòmandman yo avèk dilijans epi nou mande ak lafwa, repons yo ap vini nan fason Senyè a ak nan moman pa li.

Sa gen kèk ane, lè m te etidyan nan kolèj, mwen t ap koute konferans jeneral nan radyo paske nou pa t gen televizyon nan ti apatman nou an. Oratè yo nan konferans lan te ekstraòtinè, e mwen te santi yon gwo devèsman Sentespri a.

Mwen sonje byen lè, pandan yon Otorite Jeneral t ap pale osijè Sovè a ak ministè li epi apres a li te rann yon temwanyaj fèvan, Sentespri a te konfime nan nanm mwen ke li te pale laverite. Nan moman sa a, mwen pa t gen okenn dout ke Senyè a vivan. Mwen pa t gen dout tou ke m t ap fè eksperyans revelasyon pèsonèl ki te konfime pou mwen “ke Jezikri se Pitit Gason Bondye.”<sup>1</sup>

Nan laj uitan mwen te batize ak konfime epi m te resevwa don Sentespri a. Sete yon benediksyon mèveye pou mwen lè sa a, men li grandi vin plis an plis enpòtan paske, amezi m t ap grandi, mwen te eksperimante don Sentespri a nan plizyè fason depi lè sa a.

Souvan, lè n ap grandi soti timoun rive nan adolesans epi apresya pase nan laj adilt, nou rankontre difikilte ak eprèw sou wout nou ki pèmèt nou konnen ke nou bezwen èd divin nan ki vini atravè Sentespri a. Lè pwoblèm yo vini, nou gen dwa mande tèt nou: “Ki solisyon pwoblèm mwen an?” ak “Kijan pou m konn kisa pou m fè?”

Mwen souvan sonje pasaj nan Liv Mòmòn an kote Leyi ap ansenye fanmi li levanjil la. Li te pataje avèk yo anpil revelasyon ak ansèyman apwopo bagay ki gen pou vini nan dènye jou yo. Nefi te chèche gidans Senyè a pou l te ka pi totalman konprann ansèyman papa l yo. Li te edifye, beni e enspire pou konnen ke ansèyman papa l yo te vrè. Sa te pèmèt Nefi pran swen pou suiv kòmandman Senyè yo epi viv yon lavi ki dwat. Li te resevwa revelasyon pèsònèl pou gide li.

Frè l yo, yo menm, t ap diskite youn ak lòt paske yo pa t konprann ansèyman papa yo a. Konsa Nefi te poze yo yon kesyon trè enpòtan: “Èske nou mande Senyè a?”<sup>2</sup>

Yo te reponn fèbman: “Non; paske Senyè a pa fè nou konnen bagay konsa.”<sup>3</sup>

Nefi te pwofite okazyon sa a pou ansenye frè l yo fason pou yo resevwa revelasyon pèsònèl. Li te di: “Èske n pa sonje bagay Senyè a te di yo? --- Si nou pa fè kè di, si nou mande m avèk lafwa, si nou kwè n ap resevwa, si nou respekte kòmandman m yo avèk dilijans, reyèlman n ap konnen bagay sa yo.”<sup>4</sup>

Fason pou nou resevwa revelasyon pèsònèl la reyèlman byen klè. Nou bezwen gen dezi pou resevwa revelasyon, nou pa dwe andisi kè nou, e apresya nou bezwen mande ak lafwa, pandan ke nou reyèlman kwè ke n ap

resevwa yon repons, epi apresya respekte kòmmandman Bondye yo avèk dilijans.

Lefèt ke nou swiv chema sa a pa vle di ke chak fwa nou poze Bondye yon kesyon, repons lan ap vini imedyatman avèk chak ti detay sou sa nou dwe fè. Sepandan, sa vle di ke si nou respekte kòmmandman Bondye yo avèk dilijans epi nou mande ak lafwa, repons yo ap vini nan pwòp fason pa Senyè a ak nan pwòp tan pa li.

Lè m te piti, mwen te panse revelasyon pèsonèl oubyen repons priyè t ap vini sou fòm son yon vwa nou tande. Anfèt, gen kèk revelasyon ki vini konsa vre. Men, mwen aprann ke Lespri a pale nan plizyè fason.

Doktrin ak Alyans, seksyon 6 eksplike plizyè fason nou kapab resevwa revelasyon:

“Ou te mande m, epi, gade, toutotan ou te mande ou te resevwa enstriksyon nan men Lespri m.”<sup>5</sup>

“M te klere panse w?”<sup>6</sup>

“Eske m pa t pote lapè nan panse ou konsènan bagay sa a?”<sup>7</sup>

Nan lòt ekriti yo nou aprann plis sou resevwa revelasyon:

“M ap pale ou nan lespri ou ak nan kè ou, pa mwayen Sentespri a, ki pral vini sou ou epi ki pral rete nan kè nou. Kounyeya, gade, sa se lespri revelasyon an.”<sup>8</sup>

“M ap fè pwatrin ou chofè andedan w; se konsa, ou ap konnen li byen.”<sup>9</sup>

“M ap ba ou yon mòso nan Lespri m, ki pral klere panse ou, ki pral ranpli nanm ou avèk lajwa.”<sup>10</sup>

Trè souvan revelasyon pèsonèl vini lè nou etidye ekriti yo, lè nou koute ak suiv konsèy pwofèt yo ak lòt dirijan Legliz yo, epi chèche mennen yon lavi fidèl ak dwat. Pafwa enspirasyon vini nan yon senp vèsè ekriti oubyen nan yon fraz nan yon diskou konferans. Petèt repons nou an ap vini lè timoun primè yo ap chante yon bèl chan. Tout sa yo se fòm revelasyon.

Nan premye jou Retablisman yo, anpil manm te cheche revelasyon avèk dilijans epi yo te jwenn benediksyon ak enspirasyon pou konnen sa pou yo te fè.

Sè Eliza R. Snow te resevwa yon tach nan men pwofèt Brigham Young pou ede edifye ak ansenye sè Legliz yo. Li te “ansenye ke chak fi te kapab resevwa enspirasyon endividyèlman pou gide yo nan lavi pèsonèl yo, nan fanmi yo, ak responsablite yo nan Legliz la”. Li te di: “Di sè yo pou yo ale epi ranpli responsablite yo, avèk imilite ak fidelite, epi Lespri Bondye ap repoze sou yo e y ap beni nan travay yo. Ke yo chèche lasajès olyede pouvwa e ya va jwenn tout pouvwa ke yo gen sajès pou egzèsè.”<sup>11</sup>

Sè Snow te ansenye sè yo pou yo chèche direksyon Sentespri a. “Li te di Sentespri a ‘satisfè ak egzèsè tout dezi kè imen an, epi li konble tout vid’. ‘Lè m ranpli avèk Lespri sa a, nanm mwen satisfè.’”<sup>12</sup>

Prezidan Uchtdorf te ansenye ke “revelasyon ak temwanyaj pa toujou vini avèk gwo fòs ekrazan. Pou anpil moun, yon temwanyaj vini lantman, tikal pa tikal.” Pi lwen li di: “Annou sensèman chèche limyè enspirasyon pèsonèl la. Annou explore Senyè a pou dote lespri nou ak nanm nou avèk etinsèl lafwa ki ap pèmèt nou resevwa ak rekonèt èd divin Sentespri a.”<sup>13</sup>

Temwanyaj nou fòtifye nou ak ranfòse nou lè nou rankontre difikilte nan lavi kotidyèn nou. Gen moun ki ap goumen avèk pwoblèm sante; gen lòt ki gen pwoblèm finansye; gen lòt ki gen pwoblèm nan maryaj yo oubyen avèk pitit yo; gen kèk lot ki ap soufri anba solitud oubyen rèv ak espwa ki pa reyalize. Se temwanyaj nou, asosye avèk lafwa nou nan Senyè Jezikri ak konesans nou sou plan Sali a, ki ap ede nou travèse moman eprèv ak difikilte sa yo.

Nan Liv *Daughters in My Kingdom (Pitit fi m yo nan wayòm m nan)*, nou li istwa Sè Hedwig Biereichel, yon fi nan Almay ki t ap souffri anpil chagren ak deprivasyon pandan dezyèm Gè Mondyal la. Pa amou li ak nati charitab li, e menm lòske li menm li te nan gwo neseseite, li te tou natirèlman pataje manje li avèk kèk prizonye lagè ki t ap mouri anba grangou. Nan apre, lè yo te mande l kijan li te fè “kenbe temwanyaj li pandan tout eprèv [sa yo],” li te reponn anfèt: “Se pa mwen menm ki te kenbe temwanyaj mwen nan moman sa yo, se temwanyaj la ki te kenbe mwen.”<sup>14</sup>

Paske nou gen yon temwanyaj solid pa vle di ke sa ap toujou rete fason sa a. Nou dwe nourri li ak ranfòse li pou li gen ase pouvwa pou soutni nou. Se youn nan rezon k fè nou “reyini ansanm souvan” pou nou kapab pran Sentsèn, renouvle alyans nou yo, epi “nouri avèk bon pawòl Bondye a.” Se bon pawòl Bondye a ki kenbe nou “toujou sou gad nou nan priyè, pou nou depann sèlman sou merit Kris la, ki te kòmansman ak finisman lafwa [nou].”<sup>15</sup>

Eldè David a. Bednar ansenye nou: “Lè nou cheche epi konvenabman aplike lespri revelasyon an, mwen pwomèt nou ke n ap mache nan limyè Senyè a’ (Ezayi 2:5; 2 Nefi 12:5). Pafwa lespri revelasyon an ap ajè imedyatman e avèk puisans, gen lòt fwa li ajè sibtilman e gradyèlman, e souvan li ajè si delika ke nou gen dwa pa menm konsyan de sa. Men, kèlkeswa fòm nou resevwa benediksyon sa a, limyè li pote a ap klere ak epanouwi nanm nou, eklere konpreyansyon nou (gade Alma 5:7; 32:28), e dirije ak pwoteje noumenm ak fanmi nou.”<sup>16</sup>

Senyè a vle ba nou benediksyon gidans, sajès, ak direksyon nan lavi nou. Li vle devèse Lespri Li sou nou. Yon fwa ankò, pou revelasyon pèsònèl, nou bezwen gen dezi pou resevwa li, nou pa dwe andisi kè nou, epi apresya nou dwe mande ak lafwa, reyèlman kwè ke n ap resevwa yon repons, epi apresya respektè kòmmandman Bondye yo avèk dilijans. Lè sa a, si nou cheche repons pou kesyon nou yo, l ap beni nou avèk Lespri Li. Konsènan sa mwen temwanyè, nan non Jezikri, amèn.

## Nòt

1. Doktrin ak Alyans 46:13.
2. 1 Nefi 15:8.
3. 1 Nefi 15:9.
4. 1 Nefi 15:11; gade vèsè 10 tou.
5. Doktrin ak Alyans 6:14.
6. Doktrin ak Alyans 6:15.
7. Doktrin ak Alyans 6:23.
8. Doktrin ak Alyans 8:2--3.
9. Doktrin ak Alyans 9:8.
10. Doktrin ak Alyans 11:13.
11. Eliza R. Snow, in *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 45.
12. Eliza R. Snow, in *Daughters in My Kingdom*, 46.
13. Dieter F. Uchtdorf, “Your Potential, Your Privilege,” *Liahona* and *Ensign*, May 2011, 60.
14. Hedwig Biereichel, in *Daughters in My Kingdom*, 79.
15. Gade Mowoni 6:4--6.
16. David A. Bednar, “The Spirit of Revelation,” *Liahona* and *Ensign*, May 2011, 90.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Lè a ap rive

kwasans Legliz

dènye jou

Retablisman

pwofesi

konferans jeneral

Lè a ap rive

Pa Elder L. Whitney Clayton

Nan Prezidans Swasanndis Yo

Menmjan avèk nou, mwen ranpli etonman ak admirasyon lè m ap gade zèv sa a k ap avanse mirakilezman, mèveyezman, nan fason irezistib.

Mwen te pase plizyè mwa kòm jèn misyonè ap sèvi nan katye nan sant Lima yo, nan peyi Pewou. Se konsa k fè mwen te konn travèse Plas Dam lavil Lima a plizyè fwa. Palè Gouvènman an, ki se te rezidans ofisyèl ak biwo prezidan Pewou a, bay sou plas la. Konpayon m yo avèk mwen te konn envite moun sou plas la, pou yo vin tandè levanjil retabli a. Nan epòk sa a, mwen te te konn souvan mande tèt mwen kijan m t ap santi m si ta antre nan palè a, men sa te parèt trè enpwobab pou m ta janm konkretize panse sa a yon jou.

Ane pase, Èldè D. Todd Christofferson, nan Kolèj Douz yo, kèk lòt moun avèk mwen, te rankontre avèk Alan Garcia, ki te prezidan Pewou lè sa a, nan Palè Gouvènman an. Yo te montre nou bèl sal li yo e Prezidan Garcia te kòdyalman resevwa nou. Rèv mwen pandan m te jèn misyonè a konsènan palè a te reyalize nan yon fason ke m pa t ap janm imajine ki te posib an 1970.

Bagay yo chanje nan Pewou depi lè m te misyonè a, espesyalman pou Legliz la. Te gen anviwon 11.000 manm nan Legliz la lè sa a e sèlman yon pye. Jodia, gen plis pase 500.000 manm ak prèske 100 pye. Nan vil kote ki te gen sèlman ti gwoup manm yo, pye aktif ak bèl chapèl anbeli peyi a kounyeya. Menm bagay la rive nan plizyè lòt peyi nan mond lan.

Kwasans remakab sa a nan Legliz la merite yon eksplikasyon. M ap kòmanse avèk yon pwofesi nan Ansyen Testaman an.

Danyèl se te yon esklav Ebre nan Babilòn. Yo te ba li okazyon pou l te entèprete yon rèv Wa Nebikadneza te fè. Danyèl te mande Bondye pou revele l rèv la ak entèpretasyon li, epi priyè l la te egzose. Li te di Nebikadneza: “Gen yon Bondye nan syèl la ki devwale tout sekrè ki kache. Se li k ap fè ou konnen sa ki gen pou rive pita. Vizyon ou te wè pandan ou t ap dòmi an, se sekrè sa yo.” Li te di wa a te wè yon estati efreyan avèk yon tèt, pwatrin, bra, janm, ak pye. Yon wòch te detache sot nan yon mòn san okenn men pat touche l e li te woule desann pandan li tap vin pi gwo ti kras pa ti kras. Wòch sa a te frape estati a, sa ki lakoz li kraze fè miyèt mòso, epi “wòch ki te frape estati a pran grandi, li grandi, li grandi jouk li tounen yon gwo mòn ki kouvri tout latè a.”

Danyèl te eksplike ke estati a te reprezante wayòm politik ki tap vin apre yo epi nan epòk rèy [fiti wa sa yo], Bondye nan syèl la pral fè yon wayòm parèt, ki pap janm detwi; ... men, l ap kraze tout lòt wayòm sa yo an pyès, l ap detwi yo. “Epi li menm l ap kanpe la pou tout tan.”<sup>1</sup>

Kounyeya mwen pral pale de yon epòk pi resan. Anj Mowoni te premye fwa parèt devan Joseph Smith an 1823 epi l te di l ke Bondye te gen yon travay



pou [li] fê; epi non [li] ta pral site pou byen ak mal pami tout nasyon, fanmi, ak lang.”<sup>2</sup> Mesaj Mowoni an siman dwe te etone Joseph ki te gen sèlman 17 an.

An 1831, Senyè a te di Joseph Smith ke Bondye a te “bay lòm sou tè a kle wayòm li a” Li te di ke “levanjil la [tap] dewoule pou ale nan tout kwen tè a, tankou wòch ki dekole soti sou mòn nan san okenn men pa pouse l woule desann, jistan l ranpli tout tè a,”<sup>3</sup> egzakteman jan Danyèl te di Wa Nebikadnesa a.

An 1898, Prezidan Wilford Woodruff te rakonte yon eksperyans li te fè an 1834, pandan l te yon nouvo manm, nan yon reyinyon prèttriz tou pre Kirtland. Li te deklare: “Pwofèt la te mande tout detantè Prèttriz yo pou yo te rasanble nan ti kay lekòl an wondin yo te genyen la a. Sete yon ti kay anvivon petèt 14 mètr kare... Lè nou te reyini ansanm, Pwofèt la te envite Ansyen Izrayèl yo... pou yo te rann temwayaj sou travay sa a.... Lè yo te fini, Pwofèt la te di: “Frè m yo, temwayaj nou yo te edifye m ak enstwi m anpil, isit la aswè a, men mwen vle di nou devan Senyè a ke nou pa konnen plis sou destine Legliz sa a ak wayòm sa a pase yon ti bebe ki sou janm manman li. Nou pa konprann li.... Se sèlman yon ti ponyen detantè Prèttriz nou wè isit la aswè a, men Legliz sa a gen pou l ranpli Amerik Di Nò ak Amerik Di Sid, li gen pou l ranpli mond lan.”<sup>4</sup>

Pwofesi sa yo ki di:

- wayòm Bondye a, menm jan ak yon wòch ki detache sot nan yon mòn, t ap ranpli tè a;
- yo t ap konnen non Joseph Smith toupatou nan mond lan; epi
- Legliz la t ap ranpli Amerik yo ansanm ak mond lan

te petèt sanble yon bagay rizib 170 ane desa. Ti gwoup kwayan yo, ki te apèn gen ase pou yo te viv fwontyè Ameriken an e ki t ap kouri pou chape

anba pèsekisyon an, pa t sanble ak fondasyon yon relijyon ki t apral travèse fwontyè entènasyonal pou penetre kè moun toupatou.

Men se egzakteman sa ki pase. Kite m ban nou yon egzanzp.

Nan Jou Nwèl 1925 la, nan Buenos Aires, nan Ajantin, Èldè Melvin J. Ballard te konsakre tout kontinan Amerik Di Sid la pou predikasyon levanjil Jezikri a. Rive Out 1926, yon gwoup konvèti te batize. Yo sete premye manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo ki te batize nan tout Amerik Di Sid la. Sa gen 85 an, ak pandan lavi plizyè moun k ap tande konferans la jodia.

Jodia, gen 23 pye Siyon nan Buenos Aires, avèk dè douzèn pye ak plizyè dizèn milye manm Legliz la nan vil ak vilaj toupatou nan peyi Ajantin. Kounyeya, gen plis pase 600 pye ak plizyè milyon manm Legliz la nan tout Amerik Di Sid la. Pandan n ap gade, wayòm Bondye a ap ranpli kontinan, e non Joseph Smith ap pibliye pa noumenm ak detraktè l yo nan peyi ke li pat janm tande pale pandan l te vivan.

Gen prèske 3.000 pye nan Legliz la nan tout mond lan jodi a, soti Boston rive Bangkok, e soti Meksik rive Moskou. Nou prèske atenn 29.000 pawas ak branch. Nan plizyè peyi, Legliz la gen pye ki gen la lontan, avèk manm ke zansèt yo sete konvèti. Nan kèk lòt, ti gwoup nouvo manm reyini nan ti branch tou piti nan kay yo lwe. Chak ane, Legliz la ap simaye pi lwen toujou sou tout sifas tè a.

Pwofesi sa yo ki te di ke Legliz la t apral ranpli tè a e ke yo tap konnen l toupatou nan mond lan: ridikil? Petèt. Enpwobab? San okenn dout. Enposib? Absoliman pa. Sa ap reyalize la a devan je nou.

Prezidan Gordon B. Hinkley te fè remak sa a:

“Yo te konn di ke yon lè solèy pa t janm kouche sou Anpi Britanik la. Anpi sa a diminye kounyeya. Men se vre ke solèy la pa janm kouche sou travay Senyè a paske li touch lavi moun toupatou sou latè.

E sa se sèlman twòkèt la. Nou apèn kòmanse grate sifas la. ... Travay nou an pa gen fwontyè.... Nasyon ki fèmèn pou nou yo kounyeya ap ouvè yon jou.”<sup>5</sup>

Jodia, nou kapab wè akonplisman youn nan pwofesi Liv Mòmmon an ki ap pwoche:

“Epi ...sa ap vin rive pou gen wa ki ap fèmèn bouch yo; paske yo pral wè sa yo pa t di yo; epi y ap vin aprann sa yo pa t tande.

“Paske jou sa a, akozde mwenmenm, Papa ap fè yon travay ki ap yon travay ki gran ak mèveye nan pami yo.”<sup>6</sup>

Travay Senyè a sa a vrèman gran ak mèveye, men li ap avanse san ke anpil dirijan mond politik, kiltirèl, ak akademik nan mond lan pa konnen. Li pwogrese nan yon kè ak yon fanmi alafwa, an silans, nan diskresyon, epi mesaj sakre l la, ap beni moun toupatou.

Yon vèsè nan Liv Mòmmon an revele kle kwasans mirakile Legliz la nan epòk nou an: “Epi ankò, m t ap di, yon tan pral vini e konesans konsènan yon Sovè pral gaye nan pami chak nasyon, fanmi, lang, ak pèp.”<sup>7</sup>

Mesaj ki pi enpòtan nou, ke nou nou divinman resevwa otorizasyon ak kòmandman pou nou pote al toupatou nan mond lan, sèke gen yon Sovè. Li te viv nan midi tan yo. Li te ekspye peche nou yo, yo te krisifye l, epi li te resisite. Mesaj san parèy sa a, ke nou pwoklame avèk otorite nou resevwa nan men Bondye, se veritab rezon k fè Legliz sa a ap grandi jan l ap fè a.

Mwen temwaye ke li te parèt avèk Papa l devan Joseph Smith. Sou direksyon Papa a, li te retabli levanjil li a sou tè a. Li etabli apot, pwofèt, ak kle prèttriz la sou tè a ankò. Se Li menm k ap dirije Legliz Li a pa

lentèmedyè yon pwofèt vivan, Prezidan Thomas S. Monson. Legliz li a se wòch sa a ki te detache soti nan mòn nan san okenn men pa t pouse l desann nan pou simaye sou tout sifas tè a.

Nou rekonesan pou Joseph Smith, e nou ap gade avèk admirasyon jan yo konnen non li, jan yo onore li, e, wi, jan yo menm insilte li pi plis sou tè a. Men nou totalman rekonèt ke travay pisan dènye jou sa a se pa travay pa li. Se travay Bondye Toupuisan an ak Pitit Gason L lan, Prens Lapè a. Mwen temwaye ke Jezikri se Sovè a, epi avèk nou menm, mwen ranpli ak admirasyon lè m ap gade travay sa a k ap avanse mirakilezman, mèveyezman, e san rete a. Anfèt “lè a rive pou konesans sou yon Sovè ... gaye nan tout nasyon, tribi, lang, ak pèp.” Mwen rann temwayaj mwen konsènan Li, Sovè tout limanite a, ak konsènan travay sa a, nan non Jezikri. Amèn.

Nòt

1. Daniel 2:28, 35, 44; see also verses 1–45.
2. Joseph Smith—History 1:33.
3. Doctrine and Covenants 65:2.
4. *Teachings of Presidents of the Church: Wilford Woodruff* (2004), 25–26.
5. Gordon B. Hinckley, “The State of the Church,” *Liahona and Ensign*, Nov. 2003, 7.
6. 3 Nephi 21:8–9.
7. Mosiah 3:20.

Formatted: Normal, Keep with next, Keep lines together, Tab stops: Not at 0"

Formatted: Font color: Auto

Formatted: Font color: Auto

Formatted: Default Paragraph Font, Font: (Asian) Times New Roman, Font color: Auto

Formatted: Default Paragraph Font, Font: (Asian) Times New Roman, Font color: Auto

Formatted: Font: Italic

Oktòb 2011

konferans jeneral

Fè sa ki bon nan bon moman an, san delè

sèvis

aktivasyon

konferans jeneral

Fè sa ki bon nan bon moman an, san delè

Èldè Jose L. Alonso

Nan Swasanndis yo

Sovè a ... te ba nou yon gwo egzanp sou pa tann pou n soulaje moun ki pèdi sans bonè ak lajwa yo.

Nan epòk pa nou an, anpil moun ap viv nan mitan tritès ak gwo konfizyon. Yo pa jwenn repons pou kesyon yo genyen e yo pa kapab reponn bezwen yo. Gen ladan yo ki pèdi sans bonè ak lajwa. Pwofèt yo deklare ke n ap jwenn vrè bonè a nan suiv egzanp ak ansèyman Kris yo. Li se Sovè nou, li se pwofesè nou, epi li se egzanp pafè a.

Lavi li sete yon lavi sèvis. Lè nou sèvi pwochen nou, nou ede moun ki nan bezwen. Lè nou fè sa, nou kapab jwenn solisyon pou pwòp difikilte pa nou yo. Lè nou suiv egzanp Sovè a, nou montre lanmou nou pou Pè Selès la ak Pitit Gason li a, Jezikri, epi nou vin pi plis sanble avèk yo.

Wa Bejamen te pale konsènan valè sèvis lè l te di ke, lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvis Bondye nou ye.<sup>1</sup> Chak moun gen opòtinite pou rann sèvis ak montre lanmou.

Prezidan Thomas S. Monson te mande nou pou nou al “sekouri” ak sèvi lòt moun. Li te di: “Nou va dekouvri ke moun n ap sèvi yo, ki gras avèk efò nou, santi touche men Mèt la, yo pa kapab eksplike chanjman ki opere nan lavi yo a. Yo vin gen yon dezi pou sèvi fidèlman, pou mache enbleman, ak pou viv pi plis tankou Sovè a. Paske yo resevwa konpreyansyon espiyèl epi yo gen yon ide sou pwomès letènite yo, yo repete pawòl nonm avèg la ke Jezi te fè wè ankò a: ‘Yon sèl bagay mwen konnen: sèke mwen te avèg, koulyeya mwen wè.’”<sup>2</sup>

Chak jou nou gen opòtinite pou nou bay èd ak rann sèvis---pou nou fè sa ki bon an, nan bon moman an, san delè. Panse ak pil moun k ap travèse moman difisil pou jwenn yon travay oubyen ki malad yo, ki santi yo poukont yo, ki menm panse yo pèdi tout bagay. Kisa ou kapab fè pou ede? Imajine ke yon vwazen, ki bloke sou lapli avèk machin ni anpàn, rele w pou mande w èd. Ki bon bagay ou kapab fè pou li? Ki bon moman pou w fè sa?

Mwen raple m yon okazyon kote, anfanmi, nou te ale anba lavil nan Meksiko pou t al achte rad pou de pitit nou yo. Yo te piti anpil. Pigran ti gason nou an te apèn gen dezan epi pi piti a te gen ennan. Lari a te foul ak moun. Pandan nou t ap achte, kenbe men timoun yo pou dirije yo, nou te fè yon ti kanpe pou n te gade yon bagay, epi san nou pa t reyalize, nou te pèdi pigran ti gason nou an! Nou pa t konn kijan, men, li pa t avèk nou. San pèdi yon moman, nou te kòmanse kouri ap chèche li. Nou te chèche li e nou te rele li, nou te santi gwo angwas, an pansan ke nou ka pèdi li nèt. Nan kè nou nou ta p priye pou Papa nou ki nan Syèl la ede nou jwenn li.

Aprè yon ti moman nou te jwenn ni. Men li menm, inosamman, k ap gade jwèt nan vit yon magazen. Madanm mwen avèk mwen te anbrase li e nou te bo li, epi nou te pran angajman pou nou te veye sou pitit nou yo avèk dilijans pou nou pa janm pèdi youn ankò. Nou te aprann ke pou nou te ale sekouri pitit gason nou an, nou pa t bezwen reyinyon planifikasyon. Nou te senpman aji, kouri ale chèche sa ki te pèdi a. Nou te aprann tou ke pitit gason nou an pa t menm reyalize ke li te pèdi.

Frè m ak sè m yo, gen petèt anpil ki, pou yon rezon kèlkonk, pèdi devan je nou e ki pa menm konnen ke yo pèdi. Si nou pran reta, nou gen dwa pèdi yo nèt.

Pou anpil moun ki bezwen èd nou, li pa nesèsè pou kreye nouvo pwogram oubyen pran dispozisyon ki konplike oubyen ki koute chè. Yo sèlman bezwen detèminasyon nou pou sèvi—pou fè bon bagay la, nan bon moman an, san delè.

Lè Sovè a te parèt devan pèp Liv Mòmon an, li te ba nou yon gwo egzanp nan zafè pa tann pou nou pote sekou bay moun ki pèdi sans bonè ak lajwa yo. Lè l te fin anseye moun yo, li te wè ke yo pa t kapab rive konprann tout pawòl li yo. Li te envite yo pou te rantre lakay yo epi pou yo te medite sou bagay li te di yo. Li te envite you pou priye Papa a epi prepare tèt yo pou vini ankò nan demen, kote li t ap retounen pou anseye yo.<sup>3</sup>

Lè Li te fin pale, li te voye je gade foul la epi li te wè yo t ap kriye, paske yo te anvi pou l te rete avèk yo.

“Epi li te di yo: Gade, zantray mwen chaje avèk konpasyon pou nou.

“Èske gen moun ki malad nan mitan nou? Mennen yo vini. Èske gen moun ki paralize, oubyen avèg, oubyen bwate, oubyen domaje, oubyen lepre, oubyen ki vyeyi, oubyen ki soud, oubyen ki aflije, nan nenpòt fason? Mennen yo vini e m ap geri yo, paske m gen konpasyon pou nou, zantray mwen chaje avèk mizèrikòd.”<sup>4</sup>

Epi yo te pote moun malad yo ba li, e li te geri yo. Foul la te bese nan pye l, e yo te adore l; e yo te bo pye l “tèlman ke yo te benyen pye l ak dlo je.” Apresa Li te kòmande yo pou yo mennen timoun piti yo, epi li te beni yo youn pa youn.<sup>5</sup> Sa se modèl Sovè a ba nou. Lanmou li se pou tout moun, men Li pa janm bliye pèsonn.

Mwen konnen Papa nou ki nan syèl la eman, konpreyansif, ak pasyan. Pitit gason li a, Jezikri, renmen nou menm jan an tou. Yo ba nou èd pa

lentèmdeyè pwofèt yo. Mwen vin aprann ke gen gwo sekirite nan suiv powfèt yo. “Sovtaj” la toujou ap kontinye. Prezidan Monson te di: “Senyè a vle pou nou panse. Li vle pou nou aji. Li vle pou nou travay. Li vle nou temwaye. Li vle devouman nou.”<sup>6</sup>

Nou gen yon responsablite ak yon gwo opòtinite. Gen anpil moun ki bezwen yon fwa ankò goute bèl santiman bonè ak lajwa ki genyen nan tounen aktif nan Legliz la. Bonè sa a vini nan resevwa òdonans yo, nan fè alyans sakre, ak nan kenbe yo. Senyè a bezwen nou ede moun sa yo. Annou fè bon bagay la, nan bon moman an, san delè.

Mwen temwanye ke Bondye vivan e li se Papa nou. Jezikri vivan e li te bay lavi li pou pou nou kapab retounen nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Mwen konnen Li se Sovè nou. Mwen konnen ke bonte enfini yo manifeste san rete. Mwen rann temwanyaj mwen ke Prezidan Thomas S. Monson se Pwofèt yo li ye e legliz sa a se sèl vrè Legliz sou sifas tè a. Mwen konnen Pwofèt Joseph Smith se Pwofèt Retablisman an. Mwen temwaye ke Liv Mòmmon an se pawòl Bondye. Li ban nou direksyon ak egzanp pou nou suiv pou nou kapab vin pi plis menmjan avèk Bondye ak Pitit Gason Byeneme Li a. Mwen deklare sa nan non Senyè nou an Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mozya 2:17.
2. Thomas S. Monson, “To the Rescue,” *Liahona*, July 2001, 57, 58; *Ensign*, Me 2001, 48, 49.
3. Gade 3 Nefi 17:1–3.
4. 3 Nefi 17:6–7; gade vèsè 5 tou.
5. 3 Nefi 17:10; gade vèsè 9, 11–12, 21 tou.
6. Thomas S. Monson, *Liahona*, July 2001, 58; *Ensign*, May 2001, 49.



Oktòb 2011

konferans jeneral

Konsèy pou jèn yo

repantans

revelasyon

Sentespri

konferans jeneral

Konsèy pou jèn yo

Pa Prezidan Boyd K. Packer

Prezidan Kowòm Douz Apot yo

Malgre lopoziyon, eprèw yo ak tantasyon yo, nou pa bezwen febli ni krenn.

M ap pale ak jèn yo pi pèsònèlman pase m fè dabitid, an konparan jenès pa mwen ak pa yo.

Valè nou inestimab. Mwen wè nou nan plizyè dizèn peyi ak sou chak kontinan. Nou pi bon pase moun jenerasyon pa m nan nan laj nou. Nou konnen plis sou levanjil la. Nou gen plis matirite e nou .

Kounyeya mwen gen 87 an. Nou ka petèt ap mande kisa m ka pote ba nou nan laj mwen. Men mwen te pase kote nou ye a e mwen konnen kote nou prale. Men nou menm nou poko rive kote m ye a. M ap site kèk fraz nan yon powèm klasik:

*Kòbo granmoun nan vin mwens rapid  
 Se pa menm bagay la pou jèn kòbo a.  
 Sa jèn kòbo a pa konnen  
 Kòbo granmoun nan konnen l byen.  
 Nan zafê konesans, kòbo granmoun nan  
 Toujou rete mèt jèn kòbo a.  
 Kisa vye kòbo granmoun nan pa konnen?  
 Fason pou l ale pi vit.  
 Jèn kòbo a ap vole anwo, anba,  
 Epi fê wonn vye kòbo granmoun nan.  
 Kisa jèn kòbo rapid la pa konnen?  
 Ki kote pou l ale.<sup>1</sup>*

Se pa Wordsworth, men, se kanmèm yon powèm klasik!

Avèk tout sa k ap pase nan mond lan, avèk prensip moral yo k ap bese, nou menm, jèn zanmi m yo, n ap grandi nan teritwa enmi.

Ekriti yo aprann nou ke te genyen yon lagè nan syèl la epi Lisifè te an rebelyon epi, patizan l yo avèk li, “te chase desann sou tè a.”<sup>2</sup> Li detèmine pou kontrekare plan Papa nou ki nan syèl la e li chèche kontwole panse ak aksyon tout moun. Enfliyan li espiyèl, epi li “tout kote sou tè a.”<sup>3</sup>

Men, malgre lopoziyon, eprèv yo, ak tantasyon yo, nou pa dwe febli ni krenn.

A 17 an, lè m te prèske fini fini lekòl segondè e m te konsidere tèt mwen kòm yon elèv trè mwayen avèk kèk feblès, tout bagay te chanje bò kote nou, yon dimanch maten. Nan demen, yo te mande nou pou nou te reyini nan oditoryòm lekòl la. Sou podyòm nan te gen yon chèz ak yon ti radyo. Direktè lekòl la te limen radyo a. Lè sa a nou te tande vwa Prezidan Franklin Delano Roosevelt ki te anonse ke yo te bonbade Pearl Harbor la. Etazini te antre nan lagè avèk Japon.

Nan apre, sèn sa a te repete ankò. Nou te tandè vwa Prezidan Roosevelt ankò, fwa sa pou anonse ke peyi nou te nan lagè avèk Almay. Dezyèm Gè Mondyal la te eklate nan tout mond lan.

Toudenkou, avni nou te ensèten. Nou pa t konnen kisa k t ap tann nou pi devan. Èske nou t ap viv ase lontan pou nou marye ak fonde yon fanmi?

Jodia gen bri “lagè ak bri lagè, epi tout tè a nan gwo boulvès.”<sup>4</sup> Nou menm, jèn nou yo, petèt santi ensètitud ak ensekirite nan lavi nou. M ta renmen konseye nou, enstwi nou, ak ba nou avètisman sou kèk bagay pou nou fè ak kèk pou nou pa fè.

Plan levanjil la se “gwo plan bonè a.”<sup>5</sup> Fanmi se pwèn santral nan plan sa a. Fanmi an depann de bon itilizasyon pouvwa pou bay lavi a ki nan kò nou an.

Nan “Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” yon dokiman enspire Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo te pibliye, nou aprann ke “nan egzistans premòtèl la” Tout kretyen vivan—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine divèn. Maskilen ak feminen se yon karakteristik esansyèl pou moun ki premòtèl, ki mòtèl, [epi te etabli nan egzistans premòtèl sa a]...

“... Nou deklare pi lwen ke Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.”<sup>6</sup>

Gwo chatiman Lisifè ak disip li yo te rale sou tèt yo sete ke yo pa t ap janm ka gen yon kò mòtèl.

Nan tout tantasyon na p rankontre, sa ki pi grav yo se sètènman sa ki gen pou wè ak kò nou yo. Non sèlman nou gen pouvwa pou kreye kò pou yon nouvèl jenerasyon, men nou gen libabit tou.

Pwofèt Joseph Smith te anseye, “Tout èt ki posede yon kò gen yon pouvwa sou sa ki pa gen kò yo.”<sup>7</sup> Konsa chak èt vivan ki gen yon kò fizik finalman gen pouvwa sou advèsè a. Nou sibi tantasyon akòz nati fizik nou, men nou gen pouvwa sou li menm ak zanj li yo tou.

Rive lè pou nou te fini lekòl segondè, anpil nan kamarad nou yo te ale nan lagè, kèk nan yo pa t janm tounen. Rès nan nou ki te rete yo t ap pral rantre nan lame. Nou pa t konn kisa lavni te rezève pou nou. Èske nou t ap siviv lagè a? Èske t ap gen yon bagay nan mond nou te konnen an ki t ap rete lè nou tounen?

Paske m te sèten ke m t apral anwole, mwen te rantre nan lame ayeryen. Rapidman, mwen te twouve m nan Santa Ana, Kalifòni, pou suiv premye fòmasyon pilot mwen.

Mwen m pa t gen yon fèm temwayaj ke levanjil la te vrè, men m te konnen ke pwofesè seminè m yo, Abel S. Rich ak John P. Lillywhite, te konnen li vrè. M te konn tande yo temwaye, e m te kwè yo. M te reflechi konsa, “M pral konte sou temwayaj pa yo jistan m jwenn pwòp pa mwen. E se sa m te fè.

M te tande pale de benediksyon patriyakal men m pa t resevwa youn. Nan chak pye, gen yon patriyach òdone ki te gen espri pwofesi ak espri revelasyon. Li otorize pou bay benediksyon prive ak pèsònèl pou moun ki vini avèk rekòmandasyon evèk yo. M te ekri evèk mwen pou mande yon rekòmandasyon.

J. Roland Sandstrom te patriyach òdone ki te viv nan pye Santa Ana a. Li pa te konnen anyen de mwen e li pa t janm wè m anvan sa, men li te ban m benediksyon mwen. Ladan m te jwenn repons ak enstriksyon.

Malgre ke benediksyon patriyakal yo trè prive, m pral pataje yon ti pasaj nan pa m nan: “Ou pral gide pa mwayen enspirasyon Sentespri a e ou va jwenn

avètisman sou danje. Si ou tande avètisman sa yo, Papa nou ki nan syèl la ap beni ou pou ou ka reyini ankò avèk moun ou renmen yo.”<sup>8</sup>

Mo *si* a, malgre l te ekri tou piti, te parèt menm lajè ak paj la. M t ap jwenn benediksyon pou retounen lakay mwen apre lagè a *si* m respekte kòmandman yo e *si* m koute enspirasyon Sentespri yo. Malgre ke m te resevwa don sa a nan batèm mwen, m pa t ko konn kisa enfliyans Sentespri a te ye ni kijan enspirasyon li te fonksyone.

Sa m te bezwen konnen konsènan enspirasyon an, mwen te jwenn ni nan Liv Mòmòn an. M te li ke “zanj yo pale avèk pouvwa Sentespri a; se poutèt sa, yo pale pawòl Kris la yo. Se poutèt sa . . . fè yon festen ak pawòl Kris la yo; paske gade, pawòl Kris yo pral di nou tout bagay nou dwe fè.”<sup>9</sup>

Petèt bagay ki pi gwo m te aprann nan li Liv Mòmòn an sèke vwa Lespri a vini kòm yon *santiman* plis pase yon son. Nou pral aprann, menm jan m te aprann nan, “pote atansyon” ak vwa sa a ke nou *santi* plis pase nou *tande* a.

Nefi te reprimande gran frè l yo nan pawòl sa yo: “Nou te wè yon zanj, e li te pale avèk nou; wi, e nou te tande vwa l tanzantan; e li te pale avèk nou avèk yon ti vwa dous, men nou te san sansiblite, ki fè nou pa t kapab santi pawòl li yo.”<sup>10</sup>

Kèk kritik di ke vèsè sa yo gen erè paske nou *tande* pawòl, nou pa *santi* yo. Men si nou konnen yon ti bagay nan zafè kominikasyon enspiryèl, nou konnen ke pi bon tèm pou dekri sa k ap pwodui a se mo *santi* a.

Don Sentespri a, si nou dakò, pral gide nou ak pwoteje nou, e menm korije aksyon nou yo. Se yon vwa espiryèl ki vini nan lespri nou tankou yon panse oswa yon santiman ki plase nan kè nou. Pwofèt Enès te di, “Vwa Senyè a te vini nan panse m.”<sup>11</sup> Epi Senyè a te di Oliver Cowdery, “Gade, m ap pale ou nan lespri ou ak nan kè ou, pa mwayen Sentespri a, ki pral vini sou ou.”<sup>12</sup>

Pèsonn pa atann ke n ap travèse lavi a san nou pa fè erè, men nou pa p fè erè grav san nou pa dabò avèti pa enspirasyon Sentespri a. Pwomès sa aplike pou tout manm yo nan legliz la.

Gen moun ki pral fè erè ki terribleman grav e ki pral transgrese lwa levanjil yo. Sa se moman pou nou sonje Ekspyasyon an, repantans, ak padon total pou nou ka vin pwòp ankò. Senyè a di, “Gade, yon moun ki repanti pou peche l, moun sa a padone, epi mwen menm, Senyè a, m pa sonje peche yo ankò.”<sup>13</sup>

Si sa rive ke advèsè a fè nou prizonye akòz peche, m ap raple nou ke nou gen kle ki pral louvri pòt prizon an alenteryè. Nou ka lave pou vin pwòp pa sakrifis ekspyatwa Sovè a Jezikri.

Nou gen dwa, nan moman twoub yo, panse ke nou pa merite sali paske nou te fè erè, gwo oswa piti, e ou panse ou pa gen okenn chans. Sa pa *janm* vrè! Repantans sèlman ka geri sa ki blese. Men repantans *kapab* geri blesi yo, kèlkeswa sa yo ye.

Si ou enplike nan bagay ou pa t dwe ladan, oswa si ap frekante moun k ap rale w mennen nan move direksyon, se moman pou afime endepandans ou, libabit ou. Koute vwa Lespri a, e ou p ap egare.

M ap repete ke jèn yo jodia ap grandi sou teritwa enmi, nan yon atmosfè prensip moralite k ap deperi. Men, antanke yon sèvitè Senyè a, mwen pwomèt nou ke n ap pwoteje e jwenn sekirite kont atak advèsè a *si* nou kote enspirasyon Sentespri yo.

Abiye nou avèk desans, pale avèk reverans, koute mizik edifyan. Evite tout imoralite ak pratik pèsònèl degradan. Pran kontwòl lavi nou epi angaje tèt nou pou rete vanyan. Paske nou konte sou nou anpil konsa a, n ap remakabman beni. Nou pa janm lwen je Pè Selès eman nou an.

Fòs temwayaj mwen vin chanje depi moman m te santi bezwen pou apiye sou temwayaj enstriktè seminè m yo. Jodia m apiye sou lòt moun lè m ap mache akòz laj mwen ak maladi polyo m te fè nan anfans mwen, men pa akòz dout konsènan bagay espartyèl yo. M te aprann kwè, konprann, ak konnen verite presye levanjil yo ak Sovè a, Jezikri.

Antanke youn nan temwen espesyal li yo, mwen temwaye ke rezilta batay sa a ki te kòmanse nan lavi premòtèl la asire. Lisifè ap pèdi.

Talè a nou te pale de kòbo. Nou menm, jèn kòbo yo, nou pa bezwen vole pasi pala ak san destinasyon, san nou pa vrèman konnen sa ka p tann nou devan. Gen moun ki konnen chemen an, “Asireman Senyè Bondye a pa p fè anyen, san li pa revele sekre li bay sèvitè li pwofèt yo.”<sup>14</sup> Senyè a òganize legliz li a sou prensip kle ak konsèy.

Nan tèt legliz la, gen ken z gason ki soutni kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè. Chak manm Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo gen tout kle prèttriz la ki nesèsè pou dirije legliz la. Dwayen Apot yo se Pwofèt-Prezidan Thomas S. Monson, ki se sèl moun sou tè a ki gen otorite pou egzèsè tout kle sa yo.

Ekriti yo prevwa ke Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo travay an konsèy epi desizyon konsèy sa yo fèt alinanimite. E se konsa sa fèt. Nou gen konfyans ke Senyè a ap trase chemen an e n ap chèche sèlman pou fè volonte li. Nou konnen ke li te plase anpil konfyans nan nou, endividyèlman ak kolektivman.

Nou dwe aprann “fè Senyè a konfyans ak tout kè nou; epi pa konte sou pwòp konpreyansyon pa nou.”<sup>15</sup> Nou dwe rete fidèl epi antoure tèt nou ak zanmi ki vle rete menmjan an.

Pafwa nou ka tante pou fè menm rezonman mwen te fè a nan jenès mwen an: “Nan vitès bagay yo prale la a, mond lan pral fini. Fen mond lan ap rive anvan m rive kote m dwe rive a.” Se pa vre! Nou bezwen prepare pou nou fè

bagay yo jan sa dwa: marye, gen yon fanmi, wè pitit nou, pitit pitit nou, petèt menm aryè pitit pitit nou.

Si nou suiv konsèy sa yo, n ap pwoteje epi, gras ak enspirasyon Sentespri a, n ap konnen pou tèt pa nou ki kote pou nou ale, paske “pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen verite nan tout bagay.”<sup>16</sup> Mwen pwomèt nou ke se sa k pral fèt e mwen mande Bondye pou beni nou, nou menm, jèn plen valè nou yo. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. John Ciardi, “Fast and Slow,” *Fast and Slow* (1975), 1.
2. Revelasyon 12:9; gade tou Doktrin ak Alyans 76:25--26.
3. Doktrin ak Alyans 52:14.
4. Doktrin ak Alyans 52:14.
5. Alma 42:8.
6. “Fanmi an: Yon Pwoklamasyon pou mond lan,” *Lyawona* ak *Ensign*, Nov. 2010, 129.
7. *Enseignements des Présidents de l’Eglise: Joseph Smith* (2007), 211.
8. Benediksyon Patriyakal Boyd K. Packer, Jan. 15, 1944, 3.
9. 2 Nefi 32:3.
10. 1 Nefi 17:45; anfaz ajoute.
11. Enòs\_1:10.
12. Doktrin ak Alyans 8:2.
13. Doktrin ak Alyans 8:2.
14. Amòs 3:7.
15. Pwovèb 3:5.
16. Mowoni 10:5.



Oktòb 2011

konferans jeneral

Nou konte pou li

nati divin

valè endividyèl

esperans

imilite

konferans jeneral

Nou konte pou li

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Senyè a itilize yon balans trè diferan ak pa mond lan pou mezire valè yon nanm.

Moyiz, youn nan pi gwo pwofèt mond lan te janm konnen, te elve pa pitit fi Farawon an e li te pase premye karant ane lavi li nan palè wayal Lejip yo. Li te pèsònèlman konnen laglwa ak esplandè ansyen wayòm sa a.

Dèzane apre, sou tèt yon montay byen lwen, lwen anpil de esplandè ak grandè Lejip puisan an, Moyiz te kanpe nan prezans Bondye e li te pale avèk li fasafas menmjan yon moun pale avèk zanmi li.<sup>1</sup> Pandan vizit sa a, Bondye te montre Moyiz travay men li, sa ki te ba li yon apèsi de travay li ak laglwa li. Lè vizyon an te fini, Moyiz te tonbe atè pandan plizyè èdtan. Lè fòs li te

finalman retounen, li te reyalize yon bagay ke, nan tout ane l yo nan lakou Farawon an, li pa t janm te reyalize.

Li te di: “M konnen lòm pa anyen.”<sup>2</sup>

Nou mwens pase nou sipoze

Plis nou aprann sou inivè a, se plis nou konprann---omwen nan yon ti pati---sa Moyiz te konnen an. Inivè a si gran, ak si misterye ke li enkonpreyansib pou lespri imen an. Bondye te di Moyiz “M te kreye pakèt mond moun pa ka konte.”<sup>3</sup> Mèwèy syèl lannuit la se yon bèl temwayaj konsènan verite sa a.

Pa gen anpil bagay ki ranpli m avèk kalite admirasyon sa a pase vole nan avyon nan nwasè lannuit ap travèse oseyan ak kontinan epi atravè fenèt avyon an kontanple glwa enfini dè milyon zetwal.

Astwonòm yo eseye konte kantite zetwal nan inivè a. Yon gwoup syantis estime ke kantite zetwal andedan chan teleskòp nou yo dis fwa pi plis pase tout grenn sab ki nan dezè ak bò lanmè nan tout mond lan.<sup>4</sup>

Konklizyon sa a gen yon similarite frapan avèk deklarasyon ansyen pwofèt Enòk la: “Epi si sete posib pou lòm ta konte yon ti kantite nan tè yo, wi, milyon tè tankou sa a, se pa t ap menm yon kòmansman nan kantite kreyasyon ou yo.”<sup>5</sup>

Etandone imansite kreyasyon Bondye yo, se pa etonan ke gran Wa Benjamen te konseye pèp li a pou yo “toujou kenbe nan memwa yo, grandè Bondye ak eta nil nou an.”<sup>6</sup>

Nou pi gran pase nou sipoze

Men, menmsi lòm pa anyen, sa ranpli m ak admirasyon ak emèveyman ke “nanm yo gen yon gwo valè nan je Bondye.”<sup>7</sup>

E pandan ke nou petèt ap gade imansite inivè a e di, “Kisa lòm ye an konparezon avèk laglwa kreyasyon an?” Bondye li menm di nou se rezon k fè li kreye inivè a! Travay li ak laglwa li---bi inivè mayifik sa a---se pou sove ak egzalte limanite.<sup>8</sup> Otremandi, gwo etènite imans la, glwa ak mistè espas ak tan enfini yo tout te kreye pou benefis moun mòtèl òdinè tankou ou menm avèk mwen. Papa nou ki nan syèl la kreye inivè a pou nou kapab atenn potansyèl nou antanke pitit gason ak pitit fi li.

Sa se yon mistè pou lòm: konpare avèk Bondye, lòm pa anyen; men, nou se tout bagay pou Bondye. Pandan ke konpare avèk kreyasyon enfini an, nou gen dwa parèt ke nou pa anyen, nou gen yon etensèl dife etènèl k ap brile andedan nou menm. Nou gen pwomès egzaltasyon enkonpreyansib la---mond san fen yo---alapòte nou. Epi se pi gwo dezi Bondye pou ede nou atenn ni.

Foli lògèy

Gwo mètdàm nan konnen ke youn nan zouti ki pi efikas li pou detounen pitit Bondye yo se fè apèl ak bagay ekstrèm yo nan mistè lòm nan. Pou kèk moun, li pouse tandans ògeye yo, kote li fè yo gonfle e ankouraje yo pou yo kwè nan ilizyon pwòp enpòtans yo ak karaktè envensib yo. Li di yo ke yo pa nenpòt ki moun òdinè epi poutèt kapasite yo, dwa nesans yo, oswa ran sosyal yo, yo plis pase tout moun ki bò kote yo. Li fè yo panse ke poutèt sa, yo pa oblije suiv lwa okenn lòt moun e yo pa gen pou sousye de pwoblèm okenn lòt moun.

Yo di ke Abraham Lincoln te renmen yon powèm ki di:

*O poukisa lespri lòm mòtèl la dwe ògeye?  
Tankou yon komèt ki pase rapid, yon nyaj ki pase vit,  
Limyè yon zeklè, yon vag lanmè,  
Lòm pase soti nan lavi pou al nan repo li nan tonm nan.<sup>9</sup>*

Disip Jezikri yo konprann ke konpare ak letènite, egzistans nou nan mòtalite a se sèlman “pou yon ti tan” nan tè tan ak lespas.<sup>10</sup> Yo konnen ke vrè valè

yon moun pa gen pou wè ak sa mond lan panse ki gen pi gwo valè yo. Yo konnen menmsi yon moun ta anpile tout lajan ki gen nan tout mond la li pa t ap kapab achte yon ti moso pen nan ekonomi syèl la.

Moun ki pral “eritye wayòm Bondye” yo <sup>11</sup> se moun ki vin “tankou yon timoun, obeyisan, dou, enb, pasyan, ranpli avèk amou.”<sup>12</sup> “Paske yon moun ki vle leve tèt li, ya desann li; yon moun ki desann tèt li, ya leve li.”<sup>13</sup> Disip sa yo konprann tou ke “lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvis Bondye nou ye.”<sup>14</sup>

Yo pa bliye nou

Yon lòt fason Satan twonpe nou se atravè dekourajman. Li eseye fè nou konsantre sou lefèt ke nou ensiyifyan jiskaske nou kòmanse doute ke nou vo yon bagay. Li di nou ke nou twò piti pou moun remake nou, ke yo bliye nou--espesyalman Bondye.

Kite m pataje avèk nou yon eksperyans pèsonèl ki petèt ka ede moun ki santi yo ensiyifyan, ke yo bliye yo, oswa yo poukont yo.

Sa gen kèk ane, mwen te ale nan fòmasyon yo t ap fè pou pilòt nan Lame Etazini an. Mwen te lwen lakay mwen, jèn sòlda nan Lame Alman an, ne nan Tchekoslovaki, ki te grandi nan Lès Almay epi te pale Anglè avèk anpil difikilte. Mwen klèman sonje vwayaj mwen pou ale nan baz fòmasyon an nan Texas. Mwen te nan yon avyon, chita bò kote yon pasaje ki te pale avèk yon gwo aksan moun ki sot nan Sid. Mwen te ka raman konprann yon mo nan sa l t ap di. Mwen te menm ap mande tèt mwen èske sete bon lang nan yo te anseye m pandan tout tan sa yo. Mwen te terifye pa panse ke, pou m te jwenn premye plas la m te anvi a nan fòmasyon pilòt la, m t ap gen pou fè konpetisyon avèk etidyan ki te gen Anglè kòm lang natif natal.

Lè m te rive nan baz ayeryen an nan ti vil Big Spring, nan Texas, mwen te gade e m te wè yon branch Sen Dènnye Jou, ki te konpoze pa yon ti ponyen manm ekstraòdinè ki te konn reyini nan sal yo te lwe nan baz ayeryen an. Manm yo te nan pwosesis pou bati yon ti chapèl ki tapral sèvi kòm yon plas

pèmanan pou Legliz la. Nan epòk sa yo, sete manm yo ki te konn plis travay nan bati nouvo bilding.

Chak jou, mwen t ale nan fòmasyon pilòt la epi m te etidye otan m te kapab epi apresya m te pase pifò nan tan lib mwen te genyen ap travay nan nouvo chapèl la. Se la m te aprann ke yon 'de pa kat' se pa t yon pa dans men sete yon moso planch. Mwen te aprann teknik enpòtan sou fason pou m kontwòle pous mwen lè m ap kloure yon klou tou.

Mwen te pase sitèlman tan ap travay nan bati chapèl la ke prezidan branch lan---ki sete youn nan pwofesè nou yo---te di ke l te panse m ta dwe petèt pase plis tan ap etidye.

Zanmi m yo ak kanmarad klas pilot mwen yo te angaje tèt yo nan aktivite nan tan lib yo tou, malgre ke m panse m ka di ke kèk nan aktivite sa yo pa t ap konfòm avèk bwochi *Pou fòs jèn yo* nou genyen jodia. Pou mwen menm, m te kontan patisipe aktivman nan ti branch Lwès Texas sa a, ap pratike nouvo talan chapant m te fèk aprann yo, ak amelyore Anglè mwen pandan m t ap mayifye apèl mwen pou anseye nan kowòm ansyen an ak nan Lekòldidimanch.

Nan epòk sa a, Big Spring, malgre non li, sete yon kote tou piti, ensiyifyan e enkonni. E mwen te konn souvan santi menm bagay la pou tèt mwen, ke m te ensiyifyan, enkonni, e pratikman solitè. Malgre sa, mwen pa t janm yon fwa mande tèt mwen si Senyè a te bliye m ni si l t ap janm kapab jwenn mwen kote sa a. M te konnen ke pou Papa m ki nan Syèl la, se pa t kote m te ye a ki te enpòtan, ni nan ki plas mwen te ye parapò ak lòt yo nan klas pilot mwen an, ni ki apèl mwen te genyen nan Legliz la. Sa ki te plis konte pou li sete ke m t ap fè pi byen m te kapab, ke kè mwen te panche vè li menm, epi mwen te dispoze pou ede moun ki bò kote mwen. Mwen te konnen ke si m te fè sa ki te dwat---si m te fè pi byen m te kapab, tout bagay t ap anfòm.

E tout bagay te anfòm.

Dènye a va vin premye

Senyè a pa sousye si nou pase jounen nou ap travay nan palè an mab oswa nan etab kote yo gade bèt. Li konnen ki kote nou ye, kèlkeswa enb sikonstans nou ye. Nan fason pa li ak pou objektif sakre li, li itilize moun ki tounen kè yo vè li.

Bondye konnen ke kèk nan pi gwo moun ki janm viv sou tè a se moun ki pap janm parèt nan paj listwa yo. Yo se moun enb, beni, ki imite egzanp Sovè a e pase chak jou nan lavi yo ap mache fè byen.<sup>15</sup>

Yon koup konsa, paran yon zanmi mwen, ilistre prensip sa a pou mwen. Mari a t ap travay nan yon asyèri nan Uta. Nan lè manje li, li te toujou rale liv ekriti li oswa yon revi Legliz la pou l li. Lè lòt travayè yo te konn wè sa, yo te konn ap pase l nan betiz ak atake kwayans li. Chak fwa yo te fè sa, li te pale avèk yo avèk jantiyès ak asirans. Li pa t janm kite mank respè yo fè l fache ni enève.

Dèzane apre, youn nan travayè ki te plis ap moke l yo te vin tonbe gravman malad. Anvan l te mouri li te mande pou mesye enb sa a te pale nan antèman li, e li te fè sa.

Manm fidèl Legliz sa a pa t janm te gen anpil nan domèn ran sosyal ak richès, men li te pwofondeman enfliyanse tout moun ki te konnen li. Li te mouri nan yon aksidan endistriyèl pandan ke l te rete pou ede yon lòt travayè ki te bloke nan nèj.

Mwens pase ennan apre, madanm ni te pase anba yon gwo operasyon nan sèvo, sa ki te fè l pa t ka mache ankò. Men, moun renmen ale pase tan avèk li paske li koute. Li sonje. Li sousye. Li pa ka ekri, men li memorize nimewo telefòn pitit li ak pitit pitit li yo. Li toujou sonje fèt nesans ak anivèsè maryaj yo.

Moun ki vizite li toujou retounen lakay yo santi yo pi byen avèk tèt yo ak lavi a. Yo santi lanmou li. Yo konnen li sousye. Li pa janm plenyen men li pase jounen li ap beni lavi lòt moun. Youn nan zanmi l yo di ke madanm sa

a sete youn nan ra moun li janm konnen ki te vrèman montre egzanj lanmou ak lavi Jezikri.

Koup sa a se t ap premye moun ki t ap di ke yo pa t gen gwo enpòtans pou mond lan. Men Senyè a itilize yon balans trè diferan ak pa mond lan pou mezire valè yon moun. Li konnen koup fidèl sa a; li renmen yo. Aksyon yo se yon temwayaj vivan sou lafwa inebranlab yo nan li.

Ou konte pou li

Chè frè m ak sè m yo, se kapab vre ke lòm pa anyen an konparezon avèk grandè inivè a. Pafwa nou ka menm santi nou ensiyifyan, envizib, solitè oswa ou bliye. Men toujou sonje ke nou konte pou li! Si nou janm doute sa panse ak kat prensip divin sa yo:

Premyèman, Bondye renmen moun ki enb ak dou, paske yo se “pi gran nan wayòm ni an”<sup>16</sup>

Dezyèmman, Senyè a fè ke “moun ki fèb yo ak moun ki senp yo pwoklame plenitud levanjil [Li] a jis nan bout tè a.”<sup>17</sup> Li chwazi “bagay fèb yo nan mond lan [pou] avanse pou kraze sa ki fò yo”<sup>18</sup> ak pou fè “moun ki gen bon konprann yo” wont.<sup>19</sup>

Twazyèmman, kèlkeswa kote w ap viv, kèlkeswa sitiyasyon ou, kèlkeswa jan salè ou piti, kèlkeswa jan kapasite ou limite, kèlkeswa jan aparans ou parèt senp, kèlkeswa jan apèl ou ka parèt piti nan Legliz la, ou pa envizib pou Papa nou ki nan syèl la. Li renmen ou. Li konnen kè enb ou ak pil aksyon lanmou ak jantiyès ou yo. Ansanm, yo fòme yon temwayaj dirab sou fidelite ou ak lafwa ou.

Katriyèmman epi finalman, tanpri, konprann ke sa w ap wè ak fè eksperyans kounyeya pa la pou dire pou tout tan. Ou pa pral santi solitud, lapenn, oswa dekourajman pou tout tan. Nou gen pwomès fidèl Bondye ke li pa p janm bliye ni vire do bay moun ki renmen li.<sup>20</sup> Se pou nou gen espwa ak lafwa nan

pwomès sa a. Aprann renmen Papa nou ki nan syèl la ak vin disip li an pawòl ak aksyon.

Nou mèt asire ke, si nou senpleman pèsevere, kwè nan li, epi rete fidèl nan respektè kòmandman yo, yon jou, nou pral fè eksperyans pou tèt pa nou avèk pwomès Apot Pòl te revele yo: “Bagay pèsonn pa t janm wè, ni pa t janm tande, bagay okenn moun pa t janm mete nan tèt yo, se sa Bondye pare pou moun ki renmen li.”<sup>21</sup>

Frè m ak sè m yo, Èt ki pi puisan nan inivè a se Papa lespri nou. Li konnen nou. Li renmen nou avèk yon lanmou pafè.

Bondye pa wè nou sèlman kòm kretyen vivan sou yon ti planèt k ap viv pou yon brèf sezon. Li wè nou antanke pitit li. Li wè nou kòm moun nou te prepare pou devni an e nou kapab devni an. Li vle nou konnen ke nou konte pou li.

Se pou nou toujou kwè, konfyan, e konfòme lavi nou yon fason pou nou konprann vrè valè ak potansyèl etènèl nou. Se pou nou diy pou benediksyon presye Papa nou ki nan syèl la sere pou nou yo. Se priyè mwen nan non Pitit Gason I la, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Moyiz 1:2.
2. Moyiz 1:10.
3. Moyiz 1:33.
4. Gade Andrew Craig, “Astronomers count the stars,” BBC News, July 22, 2003, <http://news.bbc.co.uk/2/hi/science/nature/3085885.stm>.
5. Moyiz 7:30.
6. Mozya 4:11.
7. Doktrin ak Alyans 18:10.
8. Gade Moyiz 1:38--39.
9. William Knox, “Mortality,” in James Dalton Morrison, ed., *Masterpieces of Religious Verse* (1948), 397.



10. Doktrin ak Alyans 121:7.
11. 3 Nefi 11:38.
12. Mozya 3:19.
13. Lik 18:14; gade vèsè 9--13 tou.
14. Mozya 2:17.
15. Gade Ak 10:38.
16. Matye 18:4; gade vèsè 1--3 tou.
17. Doktrin ak Alyans 1:23.
18. Doktrin ak Alyans 1:19.
19. 1 Korentyen 1:27.
20. Gade Ebre 13:5.
21. 1 Korentyen 2:9.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Soutyen Ofisye yo nan legliz la

konferans jeneral

Soutyen Ofisye yo nan legliz la

Prezante pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Yo pwopoze pou nou soutni Thomas Spencer Monson kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè epi Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Henry Bennion Eyring kòm Premye Konseye nan Premye Prezidans la; ak Dieter Friedrich Uchtdorf kòm Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans la.

Moun ki dakò ka manifeste sa.

Moun ki opoze, si genyen, ka manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Boyd Kenneth Packer kòm Prezidan Kowòm Douz Apot yo, ak moun sa yo kòm manm kowòm sa a: Boyd K. Packer, L. Tom Perry, Russell M. Nelson, Dallin H. Oaks, M. Russell Ballard, Richard G. Scott, Robert D. Hales, Jeffrey R. Holland, David A. Bednard, Quentin L. Cook, D. Todd Christofferson, ak Neil L. Andersen.

Moun ki dakò, tanpri manifeste sa.

Si gen avi kontrè, manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Konseye yo nan Premye Prezidans la ak Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Tout moun ki dakò, tanpri manifeste sa.

Si gen avi kontrè, fè menm siy lan.

Eldè Claudio R.M. Costa te relve kòm manm Prezidans Kolèj Swasanndis yo.

Moun ki vle mete avèk nou pou eksprime l remèsiman nou, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni Eldè Tad R. Callister kòm manm Prezidans Kolèj Swasanndis yo.

Tout moun ki dakò, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè, si genyen.

Yo pwopoze pou nou relve Eldè Gary J. Coleman, Richard G. Hinckley, Yoshihiko Kikushi, Carl B. Pratt, ak Cecil O. Samuelson kòm manm Premye Kolèj Swasanndis yo epi aple yo kòm Otorite Jeneral emerit.

Yo pwopoze pou nou relve Eldè Won Yons Ko, Lowell M. Snow, ak Paul K. Sybrowsky kòm manm Dezyèm Kolèj Swasanndis yo.

Moun ki swete mete avèk nou pou eksprime Frè sa yo rekonesans nou pou sèvis ekstraòdinè yo, tanpri manifeste sa.

Eldè Ralph W. Hardy Jr., Jon M. Huntsman Sr., Aleksandr N. Manzhos, ak J. Willard Marriot Jr., te relve kòm Swasanndis Otorite Zòn.

Yo pwopoze pou nou ba yo yon vòt remèsiman pou sèvis ekselan yo.

Tout moun ki dakò, tanpri manifeste sa.

Yo pwopoze pou nou soutni lòt Otorite Jeneral yo, Swasanndis Otorize Zòn yo, ak prezidans jeneral oksilyè yo jan yo aktyèlman konstitye a.

Moun ki dakò, tanpri manifeste sa.

Avi kontrè, tanpri manifeste sa.

Prezidan Monson, dapre sa m ka konstate, vòt la nan Sant Konferans lan te inanim.

Mèsi, frè m ak sè m yo, pou vòt soutyen nou, pou lafwa nou, devouman nou ak priyè nou yo.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Kè pitit yo pral vire sou papa yo

istwa familyal

prètriz

teknoloji

travay tanp

jèn

konferans jeneral

Kè pitit yo pral vire sou papa yo

Pa Eldè David A. Bednard

Nan Kolèj Douz Apot yo

Lè n ap etidye, aprann, ak viv levanjil Jezikri a, bagay yo pwodui nan yon lòd ki souvan enstriktif. Pa egzanp, reflechi sou leson nou aprann, konsènan priyorite espiyèl, apati lòd evenman enpòtan yo te dewoule lè plenitid levanjil Sovè a te retabli nan dènnye jou yo.

Nan Boskè Sakre a, Joseph Smith te wè Papa Etènèl la ak Jezikri e pale avèk yo. Pami lòt bagay, Joseph te aprann sou vrè nati Divinite a ak revelasyon kontini. Vizyon ekstraòdinè sa a te inogire “dispansasyon plenitid tan yo” (Efezyen 1:10) epi se youn nan evenman pi enpòtan yo nan istwa limanite.

Apeprè twa ane apre, an repons a priyè sensè li jou swa 21 Septanm 1823 a, yon limyè te ranpli chanm Joseph la jistan li “te pi klere pase midi” (Joseph Smith--Istwa 1:30). Yon pèsonaj te parèt devan kabann li, li te rele jèn tigason an pa non li epi l te deklare “li sete yon mesaj ki soti nan prezans Bondye...epi non li sete Mowoni” (vèsè 33) Li te bay Joseph enstriksyon sou aparisyon Liv Mòmmon an. Epi apres Mowoni te site yon pasaj nan liv Malachi a nan Ansyen Testaman an, avèk yon ti chanjman nan langaj ki itilize

nan vèsyon Wa Jak la: “Gade, m pral revele ou Prètriz la, pa lantremiz Eli, pwofèt la, anvan aparisyon gran jou tèrib Senyè a ...

“Epi li pral plante nan kè pitit yo, pwomès Bondye te fè papa yo, epi kè pitit yo pral retounen sou papa yo. Si se pat sa, tout tè a t ap devaste nèt lè aparisyon li a.” (vèsè 1:38, 39).

Enstriksyon Mowoni te bay jèn pwofèt la te finalman enkli de tèm prensipal: (1) Liv Mòmmon an ak (2) pawòl Malachi yo ki predi wòl Eli nan Retablisman “tout bagay yo, ke Bondye te pale pa bouch tout sen pwofèt yo depi mond lan te kòmanse” a (Ak 3:21). Konsa, evenman yo ki entwodui Retablisman an te revele yon konpreyansyon kòrèk de Divinite a, mete aksan sou enpòtans Liv Mòmmon an, ak anonse travay sali ak egzaltasyon alafwa pou vivan yo ak pou mò yo. Sekans enspirant sa a montre nou ki bagay espirityèl ki gen gwo priyorite pou Divinite a.

Mesaj mwen an konsantre sou ministè ak Espri Eli a ke Mowoni predi nan premye enstriksyon li te bay Joseph Smith yo. Mwen priye sensèman pou m resevwa èd Sentespri a.

### **Ministè Eli a**

Eli se yon pwofèt Ansyen Testaman an ke anpil mirak pisan te opere pa lentèmedyè li. Li te sele syèl yo epi lapli pa t tonbe nan ansyen Izrayèl la pandan 3 zan edmi. Li te miltipliye farin ak lwil yon vè. Li te leve yon jèn tigason ki te mouri, epi li te rale dife desann soti nan syèl la pou defye pwofèt Baal yo (Gade 1 Wa 17-18). Nan fen ministè mòtèl Eli, li “te monte nan syèl la nan yon toubiyon” (2 Wa 2:11) epi li te anlve.

“Nou aprann apati revelasyon modèn yo ke Eli te detni pouvwa sèlman nan Prètriz Melkisedèk la epi li sete dènye pwofèt ki te detni li anvan epòk Jezikri a” (Bible Dictionary, “Elijah”). Pwofèt Joseph Smith te eksplike: “Espri, pouvwa, ak apèl Eli a sèke, nou gen pouvwa pou detni kle. . . *plenitid Prètriz Melkisedèk la* . . . ; ak pou . . . jwenn . . . tout òdonans ki apatni ak wayòm Bondye yo” (Enseignements des Présidents de l’Eglise: Joseph Smith, [2007], 311; italik ajoute). Otorite sèlman sakre sa a endispansab pou òdonans prètriz yo valid ak efektif sou tè a ak nan syèl la.

Eli te parèt devan Moyiz sou Mòn Transfigirasyon an (gade Matye 17:3) epi li te konfere otorite sa a sou Pyè, Jak, ak Jan. Eli te parèt ankò devan Moyiz ak lòt moun jou 3 Avril 1836 la, nan tanp Kirtland nan epi li te konfere menm kle yo sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery.

Ekriti a rapòte ke pwofèt Eli te kanpe devan Joseph ak Oliver epi l te di:

“Gade, lè a totalman rive, lè pawòl Malachi a te rive a---ki te temwaye Bondye t ap voye Eli anvan gran jou terib Senyè a rive---

“Pou retounen kè zansèt yo sou pitit yo, epi kè pitit yo sou zansèt yo, pou tout tè a pa frape avèk yon malediksyon--

“Se poutèt sa, m remèt kle dispansasyon sa a nan men nou; epi konsa n ap konnen gran jou tèrib Senyè a pwòch, li nan pòt la menm” (D&A 110:14--16).

Retablisman otorite sèlman an pa Eli an 1836 la te nesèsè pou prepare mond lan pou Dezyèm Vini Sovè a epi li te souleve yon pi gwo enterè kwasan nan tout mond lan nan domèn rechèch istwa familyal.

### **Espri ak travay Eli a**

Pwofèt Joseph Smith te deklare: “Pi gwo responsablite Bondye konfye nou nan mond sa a se pou chèche mò nou yo. . . . Paske li nesèsè pou nou gen pouvwa sèlman an nan men nou pou sele pitit nou yo ak mò nou yo pou plenitid dispansasyon tout tan yo---yon dispansasyon pou ranpli pwomès Jezikri te fè depi anvan fondasyon mond lan pou sali lèzòm nan. . . . Konsa, Bondye di: ‘M ap voye Eli pwofèt la’” (*Teachings: Joseph Smith*, 475).

Joseph te eksplike pi lwen: “Men pou ki rezon menm [Eli te vini]? Oubyen kijan sa te dwe akonpli? Te gen kle pou delivre, espri Eli a pou vini, levanjil la pou etabli, sen yo pou rasanble, Siyon pou bati, epi sen yo pou parèt antanke sovè sou mòn Siyon an [gade Abdyias 1:21].

“Men kijan yo pral tounen sovè sou mòn Siyon an? Nan bati tanp yo . . . epi avanse pou resevwa tout òdonans yo . . . pa pwokirasyon pou tout zansèt yo ki mouri yo. . . ; epi se konsa nou wè chenn nan ki mare kè papa yo ak pitit yo, e pitit yo ak papa yo, sa ki akonpli misyon Eli a” (*Teachings: Joseph Smith*, 472–73).

Eldè Russell M. Nelson te anseye ke Espri Eli a se “yon manifestasyon Sentespri a ki rann temwayaj sou nati divin fanmi” (“*A New Harvest Time*,” *Ensign*, Me 1998, 34). Enfliyans karakteristik sa a de Sentespri a pouse moun pou idantifye, dokimante, ak renmen zansèt yo ak manm fanmi yo---ni nan lepanse ni nan prezan an.

Espri Eli a touche ni moun ki manm legliz la, ni sa ki pa manm. Sepandan, antanke manm legliz retabli Kris la, nou pran responsablite anba alyans pou chèche zansèt nou yo epi akonpli òdonans sali levanjil yo pou yo. “San nou yo pa p ka vin pafè” (Ebre 11:40;

gade *Teachings: Joseph Smith*, 475). Epi “ni nou tou pa ka vin pafè san mò nou yo” (D&A 128:15).

Pou rezon sa yo, nou fè rechèch sou istwa familyal, bati tanp, e akonpli òdonans pa pwokirasyon. Pou rezon sa yo, yo te voye Eli kòm mesaj pou retabli otorite sèlman pou liye sou tè a avèk nan syèl la. Nou se ajan Senyè a nan travay sali ak egzaltasyon ki apral anpeche “tout tè a frapre avèk yon malediksyon” an (D&A 110:15) lè li retounen ankò. Sa se devwa nou ak gwo benediksyon nou.

### **Yon envitasyon pou jenerasyon k ap leve a**

Kounyeya m ap mande atansyon jènfi ak jènjan ak timoun yo nan jenerasyon k ap leve a pandan m ap mete aksan sou enpòtans Espri Eli a nan lavi nou jodia. Mesaj mwen an adrese ak tout legliz la an jeneral---men a yo menm nou patikilye.

Anpil nan nou menm, jèn yo, gen dwa panse ke travay istwa familyal la se responsablite prensipal moun aje yo. Men m pa konnen okenn laj limit ki dekri nan ekriti yo ni nan direksyon dirijan legliz la bay yo ki limite sèvis enpòtan sa a ak grandèt yo sèlman. Nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, pitit alyans, ak batisè wayòm ni an. Nou pa bezwen tann jistan nou rive nan yon laj espesifik pou nou ranpli responsablite nou pou ede nan travay sali pou limanite a.

Senyè a, nan epòk nou an, mete aladispozisyon nou anpil mwayen remakab ki pèmèt nou aprann ak renmen travay sa a ki enspire pa Espri Eli a. Paegzanp, FamilySearch se yon koleksyon rejis, dokiman, ak sèvis fasilman aksesib sou òdinatè pèsonèl nou ak yon varyete aparèy pòtatif, ki kreye pou ede moun dekouvri ak rasanble istwa familyal yo. Mwayen sa yo disponib tou nan sant istwa familyal yo ki sitiye nan plizyè batiman legliz nou an atravè mond lan.

Se pa pa aza ke FamilySearch ak lòt zouti vin disponib nan yon epòk kote jèn moun yo si byen metrize yon gwo varyete teknoloji enfòmasyon ak kominikasyon. Dwèt nou byen antrene pou voye mesaj tèks pou akselere ak avanse travay Senyè a---pa sèlman pou kominike rapidman avèk zanmi nou. Konpetans ak aptitud ki evidan pami anpil jèn yo jodia se yon preparasyon pou kontribye nan travay sali a.

Mwen envite jèn nou yo nan legliz la pou aprann ak fè eksperyans avèk Espri Eli a. Mwen ankouraje nou pou nou etidye, chèche zansèt nou yo, epi prepare tèt nou pou akonpli batèm pa pwokirasyon nan kay Senyè a pou zansèt nou ki mouri yo (gade gade D&A 124:28--36). E mwen priye nou pou nou ede lòt moun dekouvri istwa familyal yo.

Si nou reponn envitasyon sa a ak lafwa, kè nou ap tounen jwenn zansèt nou yo. Pwomès yo te fè Abraam, Izaak, ak Jakòb yo ap enplante nan kè nou. Benediksyon patriyakal nou, avèk deklarasyon linye nou ki ladan l lan, ap liye nou avèk zansèt sa yo epi l ap gen plis sans pou nou. Lanmou ak rekonesans nou pou zansèt nou yo ap ogmante. Temwayaj nou ak konvèsyon nou nan Sovè a ap vin pi pwofon ak dirab. Epi mwen pwomèt nou ke n ap pwoteje kont enfliyans ogmantan advèsè a. Si nou renmen travay sakre sa a e nou patispe nan li, n ap pwoteje nan jenès nou e pandan tout lavi nou.

Paran yo ak dirijan yo, tanpri ede timoun yo ak jèn nou yo pi byen konprann Espri Eli a. Men tanpri pa fè eksès nan fè yon pwogram twò rijid ni bay enfòmasyon oswa fòmasyon twò detaye. Envite jèn yo pou eksplòre, fè eksperyans, ak aprann pou tèt pa yo (gade Joseph Smith---Istwa 1:20). Nenpòt nan jèn yo ka fè sa m ap sigjere la a avèk èd aktivite aprantisaj ki disponib nan [lds.org/familyhistoryyouth](http://lds.org/familyhistoryyouth) yo. Kowòm prèttriz Aawon an ak prezidans klas jènfi yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan ede tout jèn yo vin fanmi avèk dokimantasyon debaz sa yo. Jèn yo plis an plis bezwen vin apranti k ap aji epi konsa resevwa limyè ak konesans adisyonèl pa pouvwa Sentespri a---e non pa senpleman rete tankou elèv endiferan ki ap sibi enfliyans (gade 2 Nefi 2:26).

Paran yo ak dirijan yo, n ap sezi anpil pou wè ak ki rapidite pitit nou yo ak jèn yo nan legliz la ap vin ekstrèman abil nan sèvi avèk zouti sa yo. Anfèt, nou pral aprann leson valab nan men jèn sa yo sou fason pou nou itilize resous sa yo efikasman. Jèn yo gen anpil pou ofri moun ki pi aje yo ki malalèz oswa entimide pa teknoloji yo oubyen ki pa abitye ak FamilySearch la. Nou menm tou, nou pral konte pakèt benediksyon nou yo lè jèn nou yo konsakre plis tan nan travay istwa fanmiyal ak sèvis nan tanp lan e mwens tan nan jwèt videyo, navige sou entènèt, ak ale sou Facebook.

Troy Jackson, Jaren Hope, ak Andrew Allan se detantè prèttriz Arawon ki te aple pa yon evèk enspire pou anseye yon klas istwa fanmiyal nan pawas yo a ansanm. Jènjan sa yo reprezante anpil nan nou pa antouzyas yo pou aprann ak dezi yo pou sèvi.

Troy deklare: “Mwen te konn al legliz la epi jis chita, men kounyeya mwen reyalize ke m bezwen ale lakay mwen epi fè yon bagay. Nou tout ka fè istwa fanmiyal.”

Jaren te rakonte ke pandan l t ap aprann plis sou istwa fanmiyal, li te reyalize ke “moun sa yo se pa t jis kèk non men sete moun reyèl. M te vin plis an plis gen antouzyas pou m pote non yo nan tanp.”

Epi Andrew te fè kòmantè: “M te vin enterese nan istwa fanmiyal avèk yon lanmou ak vigè m pa t konnen m te ka posede. Lè m ap prepare chak semèn pou m al anseye, Sentespri a souvan enspire m pou aji epi eseye kèk nan metòd yo pwopoze nan leson an.



Anvan sa, istwa familyal te fè m pè. Men avèk èd Lespri a m vin kapab mayifye apèl mwen epi ede anpil moun nan pawas nou an.”

Frè ak sè byeneme m yo, istwa familyal se pa senpleman yon pwogram oswa yon aktivite enteresan legliz la patwone; okontrè, se yon pati esansyèl nan travay sali ak egzaltasyon an. Nou te prepare pou epòk sa a ak pou bati wayòm Bondye a. Nou isit la sou tè a kounyeya pou ede nan travay gloriye sa a.

Mwen temwaye ke Eli te retounen sou tè a e li te retabli otorite sakre sèlman an. Mwen rann temwayaj ke sa ki liye sou tè a kapab liye nan syèl la. E mwen konnen jèn yo nan jenerasyon k ap leve a gen yon wòl kle pou yo jwe nan gwo antrepriz sa a. Mwen temwaye konsa nan non sakre Senyè Jezikri, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Timoun yo

timoun

lafwa

fanmi

maryaj

matènite

priyorite

konferans jeneral

Timoun yo

Pa Èldè Neil L. Andersen

Nan Kolèj Douz Apot yo

Mwen temwaye konsènan gwo benediksyon nou resevwa gras ak timoun yo ak bonè yo pote nan lavi sa a ak nan letènite.

Lè n ap gade nan je yon timoun, nou wè yon pitit gason oswa yon pitit fi Bondye ki te avèk nou nan lavi premòtèl la.

Se yon privilèj siprèm pou yon mari ak yon madanm ki kapab fè pitit founi kò mòtèl pou pitit lespri Bondye sa yo. Nou kwè nan fanmi e nou kwè nan timoun.

Lè yon mari ak madanm ni fè yon timoun, yo ranpli pati pa yo a nan plan Papa nou ki nan syèl la pou mennen timoun sou tè a. Senyè a di: “Paske gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen---pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm.”<sup>1</sup> Anvan imòtalite, dwe gen mòtalite.

Se Bondye ki òdone fanmi. Fanmi se pwen santral nan plan Papa nou ki nan syèl la isit la sou tè a e atravè tout letènite. Lè l te fin ini Adan ak Èv nan lyen maryaj, ekriti yo di: “Epi Bondye beni yo, epi li di, Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a.”<sup>2</sup> Nan epòk pa nou an, pwofèt ak apot yo deklare: “Premye kòmandman Bondye te bay Adan ak Èv la te mansyone potansyèl yo kòm paran antanke mari ak madanm. Nou deklare kòmandman Bondye te bay pitit Li yo pou yo miltipliye epi pou yo ranpli latè a toujou valab.”<sup>3</sup>

Kòmandman sa a yo pa bliye li ni mete l sou koute nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.<sup>4</sup> Nou eksprime rekonesans pwofon nou pou gwo lafwa ki demontre pa mari ak madanm yo (espesyalman madanm nou) nan volonte yo pou fè pitit. Desizyon pou konnen kilè pou fè pitit ak konbyen pitit pou n fè a se desizyon pèsone ki dwe pran ant yon mari ak madanm ni avèk Senyè a. Sa yo se desizyon sakre---desizyon ki ta dwe pran nan lapriyè sensè ak repoze sou gwo lafwa.

Sa gen kèk ane, Èldè James O. Mason nan Swasanndis yo te pataje istwa sa a avèk mwen: “Nesans sizyèm pitit nou an sete yon eksperyans inoubliyab. Pandan m t ap kontanple bèl nouvo pitit fi sa a nan lopital la, jis apre nesans li, mwen te klèman tande yon vwa deklare ‘Ap gen yon lòt ankò e se ap yon tigason.’ San reflechi, m te kouri al bò kot madanm mwen, ki te totalman fatige sou kabann nan, epi m te anonse l bòn nouvèl la. M te reyèlman chwazi yon move moman pou m te di sa.”<sup>5</sup> Ane apre ane, fanmi Mason t ap tann pou setyèm pitit yo a vini. Twa, kat, senk, sis, sèt ane te pase. Finalman, apre uitan, setyèm pitit yo a te fèt---yon tigason.

Avril pase a, Prezidan Thomas S. Monson te deklare:

“Alòske lontan prensip Legliz yo ak prensip sosyete yo te esansyèlman konpatib, kounyeya gen yon gwo abim antre nou, e l ap grandi vin pi gwo toujou....

“Sovè limanite a te di ke li te nan mond lan men l pa t fè pati mond lan. Nou menm tou, nou kapab nan mond lan men nou pa fè pati li lè nou rejte ide fo ak fo ansèyman yo epi n rete lwayal nan sa Bondye kòmande yo.”<sup>6</sup>

Anpil vwa nan mond lan jodia ap diminye enpòtans pou fè pitit oubyen sigjere tann oswa limite kantite pitit nan yon fanmi. Pitit fi m yo fèk sot aprann mwen yon blòg (sou entènèt) ki ekri pa yon manman kretyèn (ki pa manm legliz nou an) ki gen senk pitit. Li te di: “[Lè yon moun ap grandi] nan kilti sa a, li trè difisil pou gen yon pèspektiv bibliik sou matènite. ... Pitit vini lwen apre etid nan inivèsite. Apre vwayaj pou vizite mond lan sètènman. Apre kapasite pou soti aswè pou al pran plezi. Apre egzèsis pou kenbe kò nou anfòm. Apre tout travay ou ka jwenn oubyen espere jwenn.” Apresa li ajoute: “Matènite se pa yon pastan, men se yon apèl. Nou pa koleksyone timoun paske nou twouve yo pi

bèl pase tenb lapòs. Se pa yon bagay pou nou fè si nou ka fòse l antre nan pwogram nou. Se pou nou fè pitit Bondye ba nou tan nou.”<sup>7</sup>

Elve timoun piti pa fasil. Anpil jou tou senpleman difisil. Yon jèn manman te monte nan yon bis avèk sèt timoun. Chofè bis la te mande l: “èske tout se pou ou, madanm? Oubyen èske se nan pwomnad yo ye?” Li te reponn: “Yo tout se pou mwen. E se pa yon pwomnad!”<sup>8</sup> Pandan ke mond lan pa sispann ap mande: “Eske tout se pou ou?” a, mèsè dèske nou kreye andedan Legliz la yon sanktyè pou fanmi yo, kote nou onore ak ede manman ki gen pitit yo.

Pou yon papa ki jis, pa gen okenn mo ki sifi pou ekspri rekonesans ak lanmou li santi pou kado san parèy madanm ni fè a nan pòte ak pran swen pitit yo.

Èldè Mason te fè yon lòt eksperyans kèk semèn apre maryaj li ki te ede l fikse priyorite l nan responsablite famiyal li. Li di:

“Marie avèk mwen te fè rezonman ke pou m te fini nan lekòl medsin nan, li t ap nesesè pou l te kontinye soti al travay. Malgre se pa t sa nou te [anvi] fè, timoun t ap oblije vini apre. [Pandan m t ap gade nan yon revi Legliz la kay paran mwen] m te wè yon atik pa Èldè Spencer W. Kimball, ki te nan Kolèj Douz yo lè sa a, [ki te souliyen] responsablite ki mache avèk maryaj. Selon Èldè Kimball, youn nan responsablite sakre yo sete pou multipliyè ak ranpli tè a. Kay paran m yo te [tou pre] Biwo Administrasyon Legliz la. M te imedyatman mache ale nan biwo a epi 30 minit apre m te fin li atik li a, mwen te twouve m chita devan biwo Èldè Spencer W. Kimball.” (Sa pa t ap osi fasil konsa jodia.)

“Mwen te eksplike l ke m te vle etidye pou vin doktè. Pa t gen okenn lòt altènativ pase tann pou nou fè pitit. Èldè Kimball te koute m avèk pasyans epi apres a li te reponn avèk yon vwa byen dou, ‘Frè Mason, èske Senyè a ta vle ou kraze youn nan kòmandman enpòtan l yo pou ou kapab etidye pou w vin doktè? Avèk èd Senyè a, ou kapab fè pitit nan fanmi ou e kontinye etidye pou w vin doktè. Kote lafwa ou ye?’”

Èldè Mason te kontinye: “Mwens pase ennan apre premye pitit nou an te fèt. Marie avèk mwen te travay di e Senyè a te louvri fenèt syèl yo.” Fanmi Mason te beni avèk de pitit ankò anvan li te diplome nan lekòl medsin katran apre.<sup>8</sup>

Toupatou nan mond lan, tan sa a se yon tan enstabilite ekonomik ak ensètitud finansye. Nan konferans jeneral Avril ki sot pase a, Prezidan Thomas S. Monson te di: “Si nou pè pou n pa kapab reponn ak bezwen finansye yon madanm ak pitit, mwen asire nou ke yon koup pa dwe wont paske l oblije redi pou reponn ak bezwen yo. Se jeneralman nan tan difisil sa yo ke nou vin pi pwòch pandan ke n ap aprann fè sakrifis ak pran desizyon difisil.”<sup>9</sup>

Kesyon penetran Èldè Kimball la” Kote lafwa ou ye?” a pouse nou ale nan ekriti sent yo.

Se pa t nan Jaden Edenn nan ke Adan ak Èv te fè premye pitit yo. Lè yo te fin kite Jaden an, “Adan [ak Èv] te kòmanse kiltive tè a. ... Adan te dòmi ak madanm ni, epi li te [fè] ... pitit gason ak pitit fi pou li, epi [yo te aji fwa yo] yo te kòmanse miltiplye ak ranpli tè a.”<sup>10</sup>

Se pa t nan kay yo a nan Jerizalèm, nan mitan lò, ajan, ak bagay presye yo te genyen, ke Leyi ak Sarya, ki te aji fwa yo, te fè pitit gason yo, Jakòb ak Jozèf. Sete nan dezè a. Leyi te pale ak pitit gason li Jakòb antanke “premye pitit mwen nan jou tribilasyon m yo nan dezè a.”<sup>11</sup> Leyi te di Joseph: “Ou te fèt nan dezè afliksyon [nou] yo; wi, manman w te pòte w nan jou pi gran chagren [nou] yo.”<sup>12</sup>

Nan Liv Egzòd la, yon mesye te marye ak madanm ni epi, aji sou lafwa, yo te fè yon ti pitit gason. Pa t gen siy byenveni devan pòt la pou te anonse nesans li. Yo te kache li paske Farawon te pase lòd pou yo te jete tout tigason ki te fèt lakay Izrayelit “nan larivyè.”<sup>13</sup> Nou konnen rès istwa a: yo te depoze tibebe a avèk amou nan yon panye ki te fèt ak jon, yo te mete l nan rivyè a, epi yo te fè sè ti pitit la veye pou wè sa k ta pral rive pitit la; pitit fi Farawon an te jwenn ni, epi sete pwòp manman tibebe a ki te vin ba l tete. Yo te retounen l lè l te tigason bay pitit fi Farawon an, ki te pran l kòm pitit gason li epi te rele l Moyiz.

Nan pi bèl istwa nesans tibebe ki egziste a, pa t gen okenn chanm tibebe byen dekore ni bèso chè, sèlman yon ganmèl pou Sovè Mond lan.

Nan “pi bon tan yo [ak] .... pi move tan yo,”<sup>14</sup> vrè Sen Bondye yo, ajisan ak lafwa, pa janm bliye, ni rejte, ni neglije “kòmandman Bondye pou miltipliye ak ranpli tè a.” Nou avanse devan ak lafwa, reyalizan ke desizyon konsènan konbyen pitit pou nou fè ak kilè pou n fè yo a se yon desizyon ant yon mari ak madanm ni ak Senyè a. Nou youn pa dwe pote jijman sou lòt sou sijè sa a.

Fè pitit se yon sijè delika ki ka trè penib pou fi ki jis yo ki pa gen opòtinite pou marye ni pou fè pitit yo. Pou nou menm nòb fi sa yo, Papa nou ki nan Syèl la konnen priyè nou ak dezi nou. Ala nou rekonesan pou enfliyans remakab nou, enkli lonje men lanmou nou bay timoun ki bezwen lafwa nou ak fòs nou.

Fè pitit kapab yon sijè dechiran tou pou koup fidèl ki marye e twouve ke yo pa kapab fè pitit yo te sitèlman ap tann yo oubyen pou yon mari ak madanm ki planifye pou gen yon gwo fanmi men ki twouve yo gen yon ti fanmi pi piti.

Nou pa ka toujou eksplike difikilte nan mòtalite nou yo. Pafwa lavi a parèt enjis, sitou lè pi gwo dezi nou se pou fè egzakteman sa Senyè a kòmande. Antanke sèvitè Senyè a, mwen asire nou ke pwomès sa a sèten: “Manm fidèl ke sikonstans pa pèmèt yo resevwa benediksyon maryaj etènèl ak fè pitit nan lavi sa a ap resevwa tout benediksyon yo pwomèt nan letènite yo, [si] yo kenbe alyans yo fè avèk Bondye yo.”<sup>15</sup>

Prezidan J. Scott Dorius nan Misyon Lwès Lima, nan Pewou a, te rakonte m istwa li. Li te di: “Becky avèk mwen te marye pandan 25 an sa nou pa t kapab fè [ni adopte] timoun. Nou te demenaje plizyè fwa. Sa te jenan ak pafwa trè difisil pou n te prezante tèt nou nan chak nouvo kote nou te ale. Manm pawas yo te konn ap mande poukisa nou [pa t gen] pitit. Yo se p at sèl moun ki t ap poze tèt yo kesyon an.

“Lè yo te aple m kòm evèk, manm pawas yo te [eksprime] enkyetid yo sou lefèt ke m pa t gen okenn eksperyans avèk timoun ak adolesan. Mwen te remèsye yo pou vòt soutyen yo e m te mande yo pou yo te pèmèt mwen fè pratik talan mwen pou elve timoun sou pitit pa yo. Yo te embleman kite m fè sa.

“Nou te tann, nou te akeri eksperyans, nou te aprann pasyans. Apre 25 ane maryaj, yon bebe mirak te vini nan lavi nou. Nou te adopte Nicole ki te gen dezan epi apres a Nikolai ki te fèk fèt. Kounyeya, moun ki pa konnen nou konplimante nou pou bèl pitit pitit nou yo. Nou ri epi nou reponn: ‘Se pitit nou. Nou viv lavi nou alanvè.’”<sup>16</sup>

Frè m ak sè m yo, nou youn pa dwe jije lòt nan zafè responsablite sakre ak prive sa a.

“Epi [Jezi] te pran yon timoun piti ... nan bra li [epi] li te di ...

“Nenpòt moun ki resevwa yon timoun konsa poutèt mwen, se mwen menm li resevwa; e nenpòt moun ki ..... resevwa m, resevwa... moun ki voye m nan.”<sup>17</sup>

Ala yon bèl benediksyon nou genyen pou n resevwa pitit gason ak pitit fi Bondye yo nan fwaye nou!

Se pou, enbleman ak nan lapriyè, nou chèche konprann ak aksepte kòmandman Bondye yo, pandan ke avèk reverans, n ap koute vwa Sentespri li a.

Fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit Li yo. Mwen temwaye konsènan gwo benediksyon ki gen nan fè pitit ak konsènan bonè yo pote pou nou nan lavi sa a ak nan letènite, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Moyiz 1:39.
2. Jenèz 1:28.
3. “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
4. Selon Sondaj anyèl Kominote Ameriken an pa U.S.Census Bureau (Biwo Sondaj la), “Uta toujou gen pi gwo to moun marye nan peyi a, pi gwo to moun ki fè pitit, pi gwo to moun jèn ki marye ak pi plis manman ki rete lakay pou elve pitit yo” (“Who Are Utahns? Survey Shows We’re Highest, Lowest, Youngest,” *Salt Lake Tribune*, 22 Sept. 2011, A1, A8).  
E-mail nou resevwa nan men Èldè Elder James O. Mason, 25 Jen 2011.
5. E-mail nan men Èldè Elder James O. Mason, 25 Jen 2011.
6. Thomas S. Monson, “Priesthood Power,” *Liahona*, May 2011, 66, 67.
7. Rachel Jankovic, “Motherhood Is a Calling (and Where Your Children Rank),” July 14, 2011, [desiringgod.org](http://desiringgod.org).
8. Gade “Jokes and Funny Stories about Children,” [thejokes.co.uk/jokes-about-children.php](http://thejokes.co.uk/jokes-about-children.php).
9. E-mail nan men Èldè James O. Mason, 29 Jen 2011.
10. Thomas S. Monson, *Liahona*, Me 2011, 67.
11. Moyiz 5:1--2.
12. 2 Nefi 2:1.
13. 2 Nefi 3:1.
14. Egzòd 1:22.
15. Charles Dickens, *A Tale of Two Cities* (Signet Classic, 1997), 13.
16. *Liahona*, Nov. 2010, 129.
17. *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 1.3.3.
18. E-mail nan men Prezidan J. Scott Dorius, 28 Out 2011.
19. Mak 9:36--37.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Yon Tan Pou Prepare

priyosite

teknoloji

jere tan

konferans jeneral

Yon Tan Pou Prepare

Pa Eldè Ian S. Ardern

Nan Swasanndis yo

Nou dwe konsakre tan nou nan bagay ki pi enpòtan yo.

Yuityèm chapit *Preche Levanjil Mwen an* atire atansyon nou sou jan pou nou byen itilize tan nou. Nan chapit sa a, Èldè M. Russel Ballard raple nou ke nou dwe fikse bi ak aprann metrize teknik pou nou akonpli yo (gade *Preche Levanjil Mwen an : Yon Gid pou Sèvis Misyone* [2004], 146). Metrize teknik nou bezwen pou nou atenn bi nou yo mande pou nou vin mèt nan jere tan nou.

Mwen rekonesan pou egzanp Prezidan Monson. Malgre tout sa l ap fè antanke yon pwofèt Bondye, li asire l, menmjan Sovè a te fè, pou l toujou gen ase tan pou l vizite malad yo (gade Lik 17:12-14), pou edifye pòv an espri yo, ak pou l sèvi tout moun. Mwen rekonesan tou pou egzanp plizyè lòt moun ki bay tan yo nan sèvis pwochen yo. Mwen temwanye ke lè nou bay tan nou nan sèvis lòt moun, sa fè Bondye plezi epi sa rapwoche nou pi pre Li. Sovè nou an ap respekte pawòl li ki di: “Yon moun ki fidèl epi ki saj kounyeya ap konsidere kòm diy pou l eritye kay yo Papa m te pare pou li yo.” (D&A 72:4).



Yo pa janm vann tan; tan se yon pwodwi ke, menm si nou eseye, nou pa kapab achete nan okenn boutik pou kèlekeswa pri a. Poutan, lè nou byen itilize tan, li gen trè gwo valè. Nan nenpòt ki jounen, nou tout resevwa, san peye, menm kantite minit ak lè pou nou itilize e byen vit nou aprann, jan kantik nou konnen sa a ansenye nou an: “Le temps fuit rapidement, pour ne plus revenir” (“Mettons à profit le temps,” *Cantiques*, no. 143). Nou dwe byen itilize tan nou genyen an. Prezidan Brigham Young te di: “Nou tout gen dèt anvè Bondye pou kapasite nou genyen pou byen itilize tan nou, e l apral mande nou rapò presi sou fason nou itilize [li]. (*Enseignements des présidents de l’ église: Brigham Young* [1997], 286).

Parapò avèk egzijans nou genyen yo, nou dwe aprann fikse priyorite nan chwa nou yo pou yo ka matche avèk bi nou yo pou nou pa riske ekspoze anba van k ap pouse nou ranvwaye bagay yo epi gaspiye tan nou nan twòp aktivite ki ap fè nou pèdi tan. Mèt Enstriktè a te byen ansenye nou sou priyorite lè Li te deklare nan Diskou sou Mòn nan: “Se poutèt sa, pa chèche bagay mond sa a men chèche bay bagay Bondye yo premye plas, e etabli wayòm ni.” (Matye 6:33, referans a; soti nan Tradiksyon Joseph Smith, Matye 6:38). (Gade tou Dallin H. Oaks, “Focus and Priorities,” *Liahona*, Jiyè 2001, 99--102.)

Alma te pale sou priyorite lè li te ansenye ke “lavi sa a te vin tounen yon tan pou eprè; yon tan pou yo prepare pou rankontre Bondye” (Alma 12:24). Fason pou nou byen itilize eritaj presye sa a ki se tan nou an pou nou prepare pou n rankontre Bondye a kapab mande kèk gidans, men nou dwe si ke n ap plase Senyè a ak fanmi nou nan tèt lis la. Prezidan Dieter F. Uchtdorf te raple nou ke “nan relasyon familyal la *lanmou* reyèlman eple *t-a-n*”. (“Of Things That Matter Most,” *Liahona*, Nov. 2010, 22) Mwen temwanyen ke, si nou chèche èd sensèman atravè lapriyè, Papa nou ki nan Syèl la ap ede nou mete aksan sou sa ki pi merite tan nou pase tout lòt bagay.

Mal itilize tan nou se kouzen avèk parese. Lè n ap swiv kòmandman pou nou sispann fè parese a” (D&A 88:124), nou dwe asire nou ke rete okipe egal ak rete pwodiktif tou. Paegzanp, sa mèveye dèske nou kapab itilize mwayen kominikasyon ki jis alapòte dwèt nou tankou voye mesaj tèks, men fòk asire nou ke nou pa tonbe nan adiksyon kominikasyon elektwonik. Mwen gen enpresyon ke gen kèk moun ki tonbe nan pyèj yon nouvo fòm adiksyon ki pran tout tan nou, yon adiksyon ki rann nou esklav pou fè nou toujou ap

tcheke ak voye mesaj, epi konsa ba nou fo enpresyon ke nou okipe ak pwodiktif.

Gen anpil aspè pozitif nan aksè fasil kominikasyon ak enfòmasyon an. Mwen twouve ke sa itil anpil pou nou gen aksè a rechèch atik yo, diskou konferans yo, achiv jeneyalojik yo, ansanm ak resevwa email, rapèl facebook, tweet, ak tèks mesaj. Men kèlkeswa jan bagay sa yo bon, nou pa kapab kite yo pouse bagay ki gen plis enpòtans yo akote. Sa t ap tris anpil si telefòn ak konpitè, avèk tout pèfeksyonman yo, ta rive toufe senplisite lapriyè sensè nou fè yon Papa eman ki nan Syèl la. An nou dispoze pou mete nou ajenou osi vit ke nou fè pou voye tèks mesaj yo.

Jwèt elektronik ak zanmi sou entènèt yo se pa ranplasan dirab pou zanmi veritab ki kapab ba nou yon akolad pou ankouraje nou, ki kapab priye pou nou epi chèche sa ki pi bon nan nou. Mwen rekonesan anpil lè m wè kowòm, klas, ak manm Sosyete Sekou ki mete ansanm pou youn soutni lòt. Nan okazyon sa yo, mwen pi byen konprann sa Apot Pòl te vle di lè li te di:

“Nou pa etranje ankò, ni moun ki depasaj. Men, se sitwayen nou ye ansanm ak tout moun nan pèp Bondye a.” (Efezyen 2:19).

Mwen konnen nou jwenn pi gran bonè nou lè nou tounen vè Senyè a (gade Alma 37:37) ak sou bagay k ap pote yon rekonpans etènèl yo, olye ke san reflechi nou pase pil èdtan ap chanje pwofil nou sou rezo sosyal yo, ap jwe nan fèm sou entènèt oswa yon jwèt kote n ap voye zwazo ankòlè sou mi beton. Mwen egzòte nou chak pou nou reflechi sou bagay sa yo k ap vòlè tan presye nou yo epi pran detèminasyon pou nou vin mèt yo, olye nou kite yo vin mèt nou, nan nati yo pou mennen nan adiksyon an.

Pou nou gen lapè Senyè a pale a (gade Jan 14:27), nou dwe konsakre tan nou nan bagay ki pi enpòtan yo, e bagay Bondye yo pi enpòtan. Lè nou kominike avèk Bondye nan lapriyè sensè, lè nou li ak etidye ekriti yo chak jou, nou medite sou sa nou li ak santi yo, epi apresya aplike ak viv leson nou aprann yo, nou pwoche pi pre Li. Sa Bondye pwomèt nou sèke si nou chèche avèk dilijans nan pi bon liv yo “[Li] ap ba [nou] konesans pa mwayen Lespri Sen Li a” (D&A 121:26; gade D&A 109:14-15 tou).

Satan pral tante nou pou nou mal itilize tan nou atravè distraksyon degize. Eldè Quentin L Cook ansenye ke, malgre tantasyon yo, “Sen yo ki reponn ak mesaj Sovè a pa pral detounen pa anvì distrayan ak destriktè” (“Are You a Saint?” *Liahona*, Nov. 2003, 96). Hiram Page, youn nan Yuit Temwen Liv Mòmmon yo, te ansenye nou yon leson valab sou distraksyon. Li te gen yon

wòch epi pa mwayen wòch la li te konn ekri sa li te panse ki te revelasyon pou Legliz la (gade D&A 28). Apre yo te fin reprimande li, resi a di nou ke li te kraze wòch la fè l tounen pousyè pou l pa t janm tounen yon mwayen detounman pou li ankò.<sup>1</sup> Mwen envite nou pou nou chèche idantifye distraksyon k ap gaspiye tan nan lavi nou yo ke n ap bezwen, senbolikman, kraze tounen pousyè yo. Nou bezwen saj nan jijman nou pou asire nou ke fason nou itilize tan nou yo balanse kòrèkteman pou enkli Senyè a, fanmi nou, travay nou, ak bonjan aktivite rekreyatif. Jan anpil nan nou remake deja, nou gen plis bonè nan lavi lè nou itilize tan nou pou chèche bagay ki “vètye, emab, ki gen bon rapò oubyen ki atire louwanj.” (Atik Lafwa 1:13).

Tan pase trè vit nan revèy nou. Jodia se t ap yon bon jou, pandan revèy tan nou nan lavi mòtèl la ap avanse a, pou nou repase sa nou ap fè pou prepare nou pou n rankontre Bondye. Mwen temwanyè ke gen gwo rekonpans k ap tann moun ki pran tan nan mòtalite a pou prepare pou imòtalite ak lavi etènèl. Nan non Jezikri, amèn.

#### Note

1. Gade Provo Utah Central Stake general minutes, 6 Avr 1856, vol. 10 (1855-60), Church History Library, Salt Lake City, 273 (òtograf, ponktyasyon, ak majiskil modènize): “Pè [Emer] Harris te di Apot yo te di l ke nou gen pou konbat kont prensipote ak pouvwa nan lye wo yo. Frè Hiram Page te detere yon wòch nwa, li te mete nan pòch li, lè l te rive lakay li te gade li. Li te gen yon fraz ekri sou papyè pou montre li. Osito ke l te ekri yon fraz’ yon lòt te parèt sou wòch la, jiskaske li te ekri 16 paj. Yo te di Frè Joseph sa. Yon moun te mande Joseph si sa te bon. Li te di li pa t konnen, men li te priye e li te resevwa revelasyon ke wòch la te soti nan dyab la. Apresa li te kraze l fè poud epi l te boule sa l te ekri yo. Sete yon travay pouvwa tenèb la. Amen.”

Oktòb 2011

konferans jeneral

Pito nou gade anlè

Ekspyasyon

atitid

lafwa

obeyisans

konfyans

konferans jeneral

Pito nou gade anlè

Pa Eldè Carl B. Cook

Nan Swasanndis yo

Si nou, menmjan ak Prezidan Monson, egzèse lafwa nou e chèche èd Bondye, nou p ap akable pa fado lavi yo.

Nan fen yon jounen patililyèman fatigan prèske nan fen premye semèn mwen kòm Otorite Jeneral, valiz mwen te chaje e lespri m te preyokipe avèk kesyon “Kijan l ap posib pou m fè tout sa?” Mwen te kite biwo Swasanndis yo e mwen te antre nan asansè Bilding Administrasyon Legliz la. Pandan asansè a t ap desann, tèt mwen te bese e m t ap fikse atè a.

Pot la te louvri epi yon moun te antre, men mwen pat leve tèt mwen. Pandan pòt la t ap fèmen, mwen tande yon moun mande: “Kisa wap gade atè a konsa a?” Mwen te rekonèt vwa sa a, sete Prezidan Thomas S. Monson.

Byenvit mwen te leve tèt mwen epi m te reponn: “O, anyen.” (Mwen si ke repons entelijan sa a te enspire l yon gwo konfyans nan kapsite mwen!)

Men li te wè ekspresyon enkyè mwen ak valiz chaje m nan. Li te souri epi avèk amou li te sigjere, pandan l te pwente dwèt vè syèl la: “Li pi bon pou w gade anlè!” Pandan nou t ap desann yon lòt etaj toujou, li te jwayezman eksplike m ke li te sou wout pou al nan tanp lan. Lè li te di m orevwa, fason l te gade m nan te sanble pale ak kè m pou di ankò: “Pa bliye, pito ou gade anlè.”

Pandan nou t ap separe, pawol yon ekriti te vini nan lespri mwen: “Kwè nan Bondye; kwè ke li egziste....; kwè li gen tout sajès, ak tout pouvwa, ni nan syèl la ni sou tè a”<sup>1</sup> Pandan m t ap reflechi sou pouvwa Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, kè m te jwenn rekonfò mwen t ap chache anven atè a nan asansè ki t ap desann nan.

Depi lè sa a, mwen medite sou eksperyans sa a ak wòl pwofèt yo. Mwen te akable anba yon fado e m te bese tèt mwen. Lè pwofèt la te pale, mwen te gade li. Li te redirije atansyon mwen pou m leve je m gade Bondye, kote m te kapab jwenn gerizon ak fòs atravè sakrifis ekapyatwa Kris la. Se sa pwofèt yo fè pou nou. Yo dirije nou vè Bondye.<sup>2</sup>

Mwen temwanyè ke Prezidan Monson se non sèlman yon pwofèt, vwayan ak revelatè; li se yon meveye egzanp tou nan viv prensip pou leve tèt nou gade anlè a. Plis pase tout moun, li te gen dwa santi l akable anba pwa responsablite l yo. Men olyesa, li egzèse gwo lafwa epi li ranpli avèk atitid pozitif, sajès, ak lanmou pou lòt moun. Atitid li se yon atitid ki di “nou kapab fè l” e “n ap fè l.” Li gen konfyans nan Senyè a epi li konte sou Li pou fòs, e Senyè a beni li.

Eksperyans ansenye m ke si, menmjan ak Prezidan Monson, nou egzèse lafwa nou epi chèche èd Bondye, nou pap akable anba fado lavi yo. Nou pap santi nou enkapab pou nou fè sa nou te aple pou nou fè oubyen sa nou bezwen fè yo. N ap jwenn fòs, epi lavi nou ap ranpli avèk lapè ak lajwa.<sup>3</sup> N ap vin reyalize ke anpil nan bagay ki preyokipe nou yo pa gen enpòtans etènèl, e si yo genyen, Senyè a ap ede nou. Men nou dwe gen lafwa pou nou leve je gade anlè ak kouraj pou nou suiv direksyon Li.

Poukisa li difisil pou nou toujou gade anlè nan lavi? Petèt nou manke lafwa nan lefèt ke yon aksyon osi senp kapab rezoud pwoblèm nou yo. Paregzanp, lè sèpan pwazonen yo te mòde pitit Izrayèl yo, Moyiz te kòmande yo pou yo leve yon sèpan an ajan sou yon bwa. Sèpan ajan an te reprezante Kris la. Tout moun ki te leve tèt yo gade sèpan an jan pwofèt la te kòmande yo a te geri.<sup>4</sup> Men anpil nan yo pat gade, e yo te peri.<sup>5</sup>

Alma te dakò ke rezon k fè Izrayelit yo pa t leve je pou gade sèpan an sete paske yo p at kwè ke sa t ap geri yo. Pawòl Alma yo aplike pou nou jodia:

“O, frè m yo, si sèlman, vire tèt nou gade te kapab geri nou, èske nou pa t ap vire tèt nou byen vit? Oubyen, èske nou ta pito fè kè nou di nan enkwayans epi pou nou ta fè endolans, pou nou pa ta gade, pou nou kapab peri?”

“Si se sa, malè ap rive nou; men si se pa sa, voye je nou gade epi kòmanse kwè nan Pitit Gason Bondye a, kwè li gen pou l rachte pèp li a, li gen pou l soufri epi pou l mouri pou l kapab ekspye pou peche yo; epi li gen pou l leve ankò nan pami mò yo.”<sup>6</sup>

Ankourajman Prezidan Monson pou nou leve je gade anlè a se yon senbòl pou nou sonje Kris la. Lè nou sonje Li, epi kwè nan pouvwa Li, n ap resevwa fòs atravè sakrifis ekspyatwa Li a. Se atravè fason sa a nou kapab soulaje anba sousi, eprèv ak soufrans nou yo. Se atravè fason sa a nou kapab jwenn padon epi jwenn gerizon anba soufrans peche nou yo lakoz yo. Se atravè fason sa a nou kapab resevwa lafwa ak fòs pou nou andire tout bagay.<sup>7</sup>

Sa pa gen lontan, Sè Cook ak mwen te asiste yon konferans pou fi yo nan Afrik Disid. Apre nou te fin tande kèk mesaj enspiran sou fason pou aplike sakrifis ekspyatwa a nan lavi nou, prezidan Sosyete Sekou pye a te envite tout moun pou soti deyò. Yo te bay nou chak yon balon byen gonfle. Li te eksplike ke balon an te reprezante tout fado, eprèv ak difikilte ki t ap trakase nou nan lavi nou. Apre yo te fin konte rive sou twa, nou te lage balon nou yo, ki vle di “fado” nou yo. Pandan nou te leve tèt nou ap gade fado nou yo ki ta prale, te gen yon son soulajman “Ahhhhh.” Ti aksyon senp lage balon nou an sete yon bèl rapèl de lajwa enkonparab ki vini lè nou leve je gade epi panse ak Kris la.

Kontrèman ak lage yon balon gonfle, espiryèlman leve je gade anlè se pa yon eksperyans yon sèl fwa. Nou aprann nan priyè sentsèn nan ke nou dwe toujou sonje Li epi respekte kòmandman Li yo pou nou kapab toujou gen Lespri Li avèk nou chak jou pou gide nou.<sup>8</sup>

Lè pitit Izrayèl yo t ap ere nan dezè a, Senyè a te gide vwayaj yo chak jou lè yo te vire vè Li pou direksyon. Nan Egzòd nou li, “E Senyè a t ap mache devan yo nan yo gwo nwaj ki te gen fòm yon poto pou moutre yo chemen pou yo pran e lannwit li t ap mache devan yo nan yon dife ki te tankou yon flanm ki t ap klere yo.”<sup>9</sup> Direksyon Li te toujou la, e mwen rann nou temwanyaj enb mwen ke Senyè a kapab fè menm bagay la pou nou tou.

Konsa, kijan l ap dirije nou jodia? Palentèmedyè pwofèt, apot, ak dirijan pretriz yo epi atravè santiman nou resevwa lè nou fin devèse kè nou ak nanm nou bay Papa nou ki nan Syèl la nan lapriyè. Li dirije nou lè nou abandone bagay mond lan, repanti epi chanje. Li dirije nou lè nou respekte kòmandman yo, epi eseye vin plis tankou Li. E Li dirije nou atravè Sentespri a.<sup>10</sup>

Pou nou ka jwenn direksyon nan vwayaj lavi a, epi jwi konpayi konstan Sentespri a, nou dwe gen yon “zorèy ki tande” ak “je ki wè,” toulède dirije anlè.<sup>11</sup> Nou dwe aji selon direksyon nou resevwa yo. Nou dwe leve je gade anlè epi aji. E, si nou fè sa, mwen konnen n ap jwenn kouraj, paske Bondye vle nou gen kè kontan.

Nou se pitit Papa nou ki nan Syèl la, Li vle fè pati lavi nou, pou beni nou, ak pou ede nou. L ap geri blesi nou yo, siye dlo nan je nou, epi ede nou toutolon chemen nou pou nou retounen nan prezans Li a. Lè nou leve tèt nou gade li, l ap dirije nou.

*Christ est ma lumière; en lui seul j'ai foi*

*Le jour et la nuit il est prêt de moi. . . .*

*Tue s ma joie et mon chant.*

*Le jour et la nuit tu guides mes pas. . . .constamment.<sup>12</sup>*

Mwen rann temwanyaj mwen ke peche nou yo ap padone e fado nou yo ap vin lejè lè nou leve tèt nou gade Kris la. “An nou sonje li, . . .e pa pann tèt nou,”<sup>13</sup> paske, jan Prezidan Monson di a, “Li pi bon pou nou gade anlè.”

Mwen temwanye Jezi se Sovè nou ak Redanmtè nou nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mozya 4:9.
2. Gade 2 Nefi 25:23; 26.
3. Gade Mozya 24:15.
4. Gade Nonb 21:8--9.
5. Gade 1 Nefi 17:41.
6. Alma 33:21--22; gade vèsè 19--20 tou.
7. Gade Alma 36:3, 17--21; 3 Nefi 9:13.
8. Gade Doktrin ak Alyans 20:77.
9. Egzòd 13:21.
10. Gade 2 Nefi 9:52; 31:13; Doktrin ak Alyans 121:46.

11. Pwovèb 20:12.

12. “Christ est ma lumière,” *Cantiques*, no. 50.

13. 2 Nefi 10:20.



Oktòb 2011

konferans jeneral

Redanmsyon

Jezikri

Ekspyasyon

padon

plan sali

repantans

konferans jeneral

Redanmsyon

Pa Eldè LeGrand R. Curtis Jr

Nan Swasanndis yo

Gras ak Kris la, moun kapab chanje lavi yo ak jwenn redanmsyon.

Gen yon pakèt non yo itilize pou rele Senyè Jezikri. Non sa yo ranseye nou sou diferan aspè misyon sakrifis ekspyatwa Senyè a. Pran tit “Sovè a”, paegzanp. Nou tout gen yon ide sou sove vledi paske nou chak te sove anba yon bagay yon jou. Lè nou te piti, sè m nan avèk mwen t ap jwe nan yon ti bato nan yon larivyè lè nou te komèt sotiz pou kite kote ki te ansekirite nou te ye a epi nou te twouve nou ap pouse pa kouran an pou ale nan yon zòn danjere enkonni. Lè papa m te tandè kriye nou, li te kouri vin ede nou, e li te sove nou anba danje larivyè a. Lè m ap panse ak sove, mwen panse ak eksperyans sa a.

Tit “Redanmtè a” ban nou menm pèsèpsyon sa a tou. “Rachte” vle di pou nou achte oubyen reachte. Nan domèn legal, nou rachte yon pwopriyete lè nou peye ipotèk oswa lòt dèt ki gen sou li . Nan Ansyen Testaman an, Iwa Moyiz la bay diferant fason sèvitè yo ak byen yo te kapab libere, oubyen rachte, pa vèsman lajan (gade Levitik 25:31).

Yon itilizasyon frapan nan ekriti pou mo *rachte* a konsène delivrans pitit Izrayèl yo anba esklavaj nan Lejip. Apre delivrans sa a , Moyiz te di yo: “Se paske Senyè a renmen nou, ..... li delivre nou avèk fòs ponyèt li. Li fè nou soti kite peyi Lejip kote nou te tounen esklav la. Li wete nou anba pouvwa Farawon an” (Detewonòm 7:8).

Tèm Jewova ki rachte pèp Izrayèl la anba esklavaj la repete anpil fwa nan ekriti yo. Souvan, sa fèt pou raple pèp la bonte Senyè a te manifeste nan delivre pitit Izrayèl yo anba men Ejyipsyen yo. Men sa fèt tou pou anseye yo ke t ap gen yon lòt redanmsyon pi enpòtan toujou pou Izrayèl. Leyi te anseye: “Epi Mesi a vini nan totalite tan an, poul kapab rachte pitit lèzòm anba transgresyon an” (2 Nefi 2:26).

Salmis la te ekri: “Men, Bondye ap delivre mwen, l ap wete m anba pouvwa lanmò (Som 49:15).

Senyè a te deklare pa lentèmedyè Ezayi: “Mwen fè peche nou yo disparèt devan je m tankou yon nwaj nan syèl la. Tounen vin jwenn mwen non, paske se mwen menm ki te rachte nou” (Ezayi 44:22).

Natirèlman, redanmsyon yo refere nan twa ekriti sa yo se sakrifis ekspyatwa Jezikri a. Se “redanmsyon an abondans” Bondye eman nou an ba nou an (Som 130:7). Kontrèman avèk redanmsyon nan lwa Moyiz la oubyen nan aranjman legal modèn yo, redanmsyon sa a pa soti nan “bagay ki ka pèdi valè, tankou ajan ak lò” (1 Pyè 1:18). “Granmesi [Kris] ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo, selon richès lagras li” (Efezyen 1:7) Prezidan John Taylor te ansenye ke gras ak sakrifis Redanmtè a, “dèt la peye, redanmsyon an fèt, alyans lan akonpli, lajistis la satisfè, volonte Bondye fèt, epi tout pouvwa ... chita nan menm Pitit Gason Bondye a.” ” (*Teachings of Presidents of the Church: John Taylor* [2001], 44).

Efè redanmsyon sa a pèmèt ke tout pitit Bondye yo venk lanmò fizik. Ki vle di, lanmò tanporèl la simonte epi tout moun ap resisite. Yon lòt aspè redanmsyon Kris sa a se viktwa sou lanmò espirityèl. Atravè soufrans li ak lanmò Li, Kris la peye pou peche tout limanite, sou kondisyon pou chak moun repanti.

Konsa, si nou repanti, nou kapab jwenn padon pou peche nou yo, paske redanmtè a te peye pri a. Se bòn nouvèl pou nou tout, “tout moun fè peche, yo tout vire do bay laglwa Bondye” (Women 3:23). Moun ki elwanye anpil de chemen fidelite yo dezespereman bezwen redanmsyon sa a, e si yo repanti konplètman, yo gen dwa pou reklame li. Men moun k ap efòse yo pou viv yon lavi ladwati yo dezespereman bezwen redanmsyon sa a tou, paske pèsonn pa ka rantre nan prezans Papa a san èd Kris la. Konsa, redanmsyon eman sa a pèmèt lwa jistis ak mizèrikòd yo satisfè nan lavi tout moun ki repanti epi ki swiv Kris la.

“Ala gran, ala gloriye, ala konplè,  
gran plan redanmsyon an ye,  
kote jistis, lanmou, ak mizèrikòd  
rankontre nan amoni diven!”  
 (“How Great the Wisdom and the Love,” *Hymns*, no. 195).

Prezidan Boyd K Packer te anseye: “Gen yon Redanmtè, yon Medyatè, ki kanpe dispoze ak kapab pou apeze demann jistis yo epi lonje mizèrikòd bay moun ki repanti yo” ” (“The Mediator,” *Ensign*, Me 1977, 56).

Ekriti yo, literati, ak eksperyans lavi a ranpli avèk istwa redanmsyon. Gras ak Kris la, moun kapab chanje lavi yo epi jwenn redanmsyon. Mwen renmen istwa redanmsyon sa yo.

Mwen gen yon zanmi ki pa t suiv ansèyman Legliz yo nan jenès li. Lè l te jèn adilt, li te reyalize sa l te pèdi paske l pa t ap viv levanjil la. Li te repanti, chanje lavi li, epi konsakre tèt li pou l viv jis. Yon jou, dèzane apre rankont jenès nou yo, mwen te rankontre li nan tanp. Limyè levanjil la te klere nan je li, e mwen te santi li sete yon manm devwe Legliz la ki t ap eseye viv levanjil la totalman. Istwa li se yon istwa redanmsyon.

Yon fwa, mwen te fè entèvyou batèm pou yon ki te komèt yon peche trè grav. Pandan entèvyou a, mwen te mande l si li te konprann ke li pa dwe janm refè peche sa a ankò. Avèk pwofon emosyon nan je li ak nan vwa li, li te di: “O, Prezidan, mwen pa p janm ka fè peche sa a ankò. Se pou rezon sa a k fè m vle batize, pou netwaye m anba efè peche terib sa a.” Istwa li se yon istwa redanmsyon.

Pandan m te konn vizite konferans pye yo ak lòt reyinyon nan ane k pase yo, mwen te toujou transmèt apèl Prezidan Monson nan pou pote sekou bay manm inaktif yo nan Legliz la. Nan yon konferans pye, mwen te rakonte istwa yon manm inaktif ki te retounen totalman aktif apre evèk li ak lòt dirijan te rann ni vizit lakay li, epi yo te di l ke yo te bezwen li, epi yo te aple li pou sèvi nan pawas la. Mesye nan istwa sa a te non sèlman aksepte apèl la men li te chanje lavi li ak abitud li yo epi li te vin retounen totalman aktif nan Legliz.

Yon zanmi mwen te nan kongregasyon an kote m t ap rakonte istwa sa a. Mwen te wè figi li k t ap chanje pandan m t ap rakonte istwa a. Li te voye yon mesaj ban mwen nan demen pou te di m ke reyaksyon emosyonèl li a pou istwa a se paske fason bòpè li te retounen aktif nan Legliz la te sanble anpil avèk sa m te rakonte a. Li te di m, kòm rezilta yon visit menmjan an pa yon evèk ak yon envitasyon pou sèvi nan Legliz la, bòpè li te reevalye lavi li ak temwanyaj li, li te fè gwo chanjman nan lavi li, epi li te aksepte apèl la. Mesye reyaktive sa a gen 88 desandan kounyeya ki se manm aktif nan Legliz la.

Nan yon reyinyon kèk jou apre, mwen te rakonte toude istwa yo. Nan demen, mwen te resevwa yon lòt mesaj ki te kòmanse konsa: “Se istwa papa m tou.” Mesaj sa a, ke yon prezidan pye te voye, te rakonte kijan yo te envite papa li pou sèvi nan Legliz la, malgre ke te inaktif e l te gen kèk abitud ki te bezwen chanje. Li te aksepte envitasyon an, epi nan pwosesis la, li te repanti, e finalman li te sèvi kòm prezidan pye epi apres a kòm prezidan misyon, epi li te poze fondasyon pou desandan li rete manm fidèl nan Legliz la.

Kèk semèn apre, mwen te rakonte twa istwa sa yo nan yon lòt konferans pye. Apre reyinyon an, yon mesye te vini kote m epi li te di m ke sa a *se pa t* istwa papa l, men *sete* istwa pa li. Li te rakonte m evenman ki te pouse l repanti ak retounen totalman nan Legliz la. Epi sete konsa. Amezi mwen t ap reponn apèl pou repeche inaktif yo, mwen te wè ak tande istwa apre istwa sou moun ki te reponn yon envitasyon pou retounen epi chanje lavi yo a. Mwen te tande istwa apre istwa sou redanmsyon.

Menmsi nou pa p ka janm repeye Redanmte a sa li te peye pou nou an, plan redanmsyon an mande nou pou nou fè tout sa nou kapab pou n repanti totalman epi fè volonte Bondye. Apot Orson F. Whitney te ekri:

“Sovè, Redanmte nanm mwen,  
Ki geri m pa men puisan li,  
Ki relve m avèk pouvwa mèveye Li  
Epi ranpli tas anmè m nan avèk bagay dous!  
Ki lang k ap kapab eksprime rekonesans mwen,  
O chè Bondye Izrayèl.  
Jamè mwen pa p ka repeye ou, Senyè,  
Men mwen ka renmen ou. Pawòl pi w la,  
Èske li pat sèl plezi mwen,  
Lajwa mwen lajounen, ak rèv mwen lannuit?”

Konsa kite bouch mwen kontinye pwoklame li,  
E tout lavi mwen reflete volonte ou”  
 (“Savior, Redeemer of My Soul,” *Hymns*, no. 112).

Mwen rann temwanyaj mwen sou pouvwa Sakrifis Ekspyatwa Kris la. Lè nou repanti epi nou vini jwenn Li, nou kapab resevwa tout benediksyon lavi etènèl yo. Pou nou kapab fè sa, pou nou resevwa pwòp istwa redanmsyon pa nou, mwen priye nan non Jezikri, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Don diven repantans lan

repantans

Ekspyasyon

konferans jeneral

Don diven repantans lan

Pa Èldè D. Todd Christofferson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Se sèlman pa repantans ke nou gen aksè ak gras ekspyatwa Jezikri a.

Liv Mòmmon an gen istwa yon mesye yo te rele Neyò. Li fasil pou n konprann poukisa Mòmmon, lè l t ap rezime yon milye ane istwa Nefit yo, te panse ke l te enpòtan pou l te enkli yon bagay konsènan mesye sa a ak enfliyans dirab doktrin ni an. Mòmmon t ap chèche avèti nou, paske li te konnen filizofi sa a t ap reparèt ankò nan epòk pa nou an.

Neyò te parèt sou sèn nan apeprè 90 ane anvan nesans Kris la. Li te anseye “ke nan dènye jou yo tout moun ap sove, paske Senyè a te kreye tout moun, e li te rachte tout moun tou; e alafen, tout moun ap gen lavi etènèl” (Alma 1:4)

Apeprè 15 ane apre, Koriyò te vini pami Nefit yo ap preche ak devlope doktrin Neyò a. Liv Mòmmon an ekri ke “li te yon Anti-Kris, paske li te kòmanse preche pèp la kont pwofesi pwofèt yo ... te pale sou Kris la k ap vini an” (Alma 30:6) Koriyò te preche “ke pa gen okenn ekspyasyon pou peche lèzòm, men chak moun viv nan lavi sa a dapre jan yo te fèt; se poutèt sa, chak moun pwospere dapre entèlijans pa l, epi chak moun te jwenn viktwa dapre fòs pa l; e yon moun mèt fè sa li vle, se pa yon krim” (Alma 30:17). Fo pwofèt sa yo ak disip yo te genyen yo “pa t kwè nan repantans pou peche yo” (Alma 15:15).

Menmjan ak nan epòk Neyò ak Koriyò a, n ap viv nan yon epòk ki pa lwen vini Jezikri a, nan ka pa nou an, epòk preparasyon pou Dezyèm Vini li a. E menmjan tou, mesaj repantans lan souvan mal akeyi. Gen moun ki deklare ke si gen yon Bondye, li pa fè nou

okenn egzijans reyèl (gade Alma 18:5). Gen lòt moun ki deklare ke yon Bondye eman padone tout peche baze sou yon senp konfesyon, oubyen si ta gen yon pinisyon pou peche, “Bondye pral ban nou kèk ti kout fwèt, e apre sa nou pral sove nan wayòm Bondye a” (2 Nefi 28:8). Gen moun ankò ki, menmjan ak Koriyò, renye menm egzistans Kris la e yo di peche pa egziste. Doktrin yo sèke tout vèti, prensip, ak menm laverite se bagay ki relatif. Konsa, kèlkeswa sa yon moun jije ki bon pou li, lòt moun pa ka jije ke l fo oswa l se peche.

An aparans, kalite filozofi sa yo ka parèt atiran paske yo ba nou lisans pou n satisfè tout apeti oswa dezi nou san nou pa sousye pou konsekans yo. Lè nou itilize ansèyman Neyò ak Koriyò yo, nou ka ekskize ak jistifye tout bagay. Lè pwofèt yo vin kriye repantans, se kòm si “yo vide yon dlo frèt sou fèt la.” Men an reyalye, nou ta dwe resevwa apèl pwofèt yo avèk lajwa. San repantans, pa gen veritab pwogrès ni amelyorasyon nan lavi a. Pretann ke pa gen peche pa diminye fado ak doulè peche. Soufri pou peche an li menm pa rann anyen vin pi bon. Se sèl repantans ki mennen nan bèl wotè yon lavi pi bon. Epi, natirèlman, se sèlman pa mwayen repantans nou gen aksè ak gras ekspyatwa Jezikri a ak sali. Repantans se yon don diven, e nou dwe gen yon souri sou figi nou lè n ap pale de li. Li mennen nou nan libète, konfyans, ak lapè. Olye ke l gache fèt la, don repantans lan pote vrè selebrasyon.

Repantans egziste kòm yon opsyon sèlman gras ak Ekspyasyon Jezikri a. Se sakrifis enfini li a ki “kreye mwayen pou lèzòm kapab gen lafwa pou repantans.” (Alma 34:15). Repantans se kondisyon ki nesè a, epi gras Kris la se pouvwa a pa ki “mizèrikòd kapab satisfè egzijans lajistis yo” (Alma 34:16). Nou temwaye ke:

“Nou konnen jistikasyon [oswa padon peche] pa mwayen lagras Senyè a ak Sovè Jezikri nou an jis epi li se verite;

“Epi tou nou konnen sanktifikasyon [oswa pirifikasyon anba efè peche yo]pa mwayen lagras Senyè ak Sovè Jezikri nou an jis epi li se verite, pou tout sila yo ki renmen epi ki sèvi Bondye avèk tout pouvwa yo, tout panse yo, ak tout fòs yo” (D&A 20:30-31).

Repantans se yon sijè ki anpil, men jodi a mwen ta renmen mansyone sèlman senk aspè nan prensip fondamantal levanjil sa a ke m espere ki va ede.

Premyèman, envitasyon pou repanti a se yon ekspresyon lanmou. Lè Sovè a “te kòmanse preche, epi l te di: ‘Repanti: paske wayòm Bondye a pwòch’ la (Matye 4:17), sete yon mesaj lanmou, ki te envite tout moun ki te vle pou kalifye yo pou vin jwenn ni “epi jwi pawòl lavi etènèl nan mond sa a, ak lavi etènèl nan mond k ap vini an” (Moyiz 6:59). Si nou pa envite lòt moun pou yo chanje oubyen si nou pa egzije repantans pou tèt pa nou, nou echwe nan yon devwa fondamantal nou youn dwe lòt epi nou dwe tèt nou. Yon paran

toleran, yon zanmi toleran, yon dirijan Legliz kapon an reyalite pi sousye pou tèt pa yo olye pou byennèt ak bonè moun yo ta ka ede. Wi, moun pafwa konsidere apèl pou repantans lan kòm yon bagay entoleran oswa ofansan, e yo menm pafwa rayi li, men gide pa Lespri a, se an reyalite yon zak afeksyon sensè (gade D&A 121:43--44).

Dezyèmman, repantans vle di fè efò pou chanje. Se t ap moke soufrans Sovè a nan Jaden Jetsemani an ak sou kwa a si nou ta espere ke li ta dwe transfòme nou an èt selès san okenn efò reyèl bò kote pa nou. Men, nou chèche gras li pou konplete ak rekonpanse efò ki pi dilijan nou yo (gade 2 Nefi 25:23). Petèt ke menmjan nou priye pou mizèrikòd la, nou ta dwe priye pou nou jwenn tan ak opòtinite pou nou travay ak fè efò ak simonte peche nou yo. Se sèten ke Senyè a satisfè avèk yon moun ki gen dezi pou prezante diy devan jijman an, ki ap travay avèk detèminasyon, jou apre jou, pou ranplase feblès pa fòs. Repantans reyèl, chanjman reyèl, ka mande plizyè tantativ, men, gen yon bagay pirifyan ak sakre nan konba sa a. Padon diven ak gerizon devèse tou natirèlman sou yon moun konsa, paske an fèt, “vèti renmen vèti; limyè atache a limyè; [epi] mizèrikòd gen konpasyon pou mizèrikòd epi l reklame sa ki pou li” (D&A 88:40).

Pa repantans, nou ka konstaman amelyore kapasite nou pou viv lwa selès la, paske nou rekonèt ke “yon moun ki pa kapab sipòte lalwa yon wayòm selès, li pa kapab sipòte yon laglwa selès” (D&A 88:22).

Twazyèmman, repantans vle di non sèlman abandone peche a men pran angajman pou obeyi tou. Diksyonè Bib la deklare: “Repantans vin vle di pou yon moun tounen kè li ak volonte li bay Bondye, [osi byen] renonse ak peche ke tandans natirèl nou pouse nou komèt la.”<sup>1</sup> Nou jwenn youn nan plizyè egzanp sou ansèyman sa a nan Liv Mòmmon an nan pawòl Alma te di youn nan pitit gason l yo:

“Se poutèt sa, m kòmande w, pitit gason m nan, avèk lakrent devan Bondye, pou sispann inikite yo;

Pou w vin jwenn Senyè a avèk tout panse, pouvwa w, ak fòs ou” (Alma 39:12--13; gade Mozya 7:33; 3 Nefi 20:26; Mòmmon 9:6).

Pou ke, tounen nou al jwenn Senyè a vin total, li dwe enkli pa lòt bagay pase yon alyans pou obeyi li. Nou souvan pale de alyans sa a kòm alyans batèm nan paske li fèt lè nou batize nan dlo (gade Mozya 18:10). Pwòp batèm Sovè a, ki ba nou egzanp la, te konfime alyans li te fè pou obeyi Papa a. Men, malgre li sen, li montre pitit lèzòm fason li, dapre kò fizik la, li gen imilite devan Papa a, e li temwaye Papa a li t ap obeyisan devan l nan respektè kòmandman li yo” (2 Nefi 31:7). San alyans sa a, repantans rete enkonplè e peche rete san padon.<sup>2</sup> Nan ekspresyon memorab Pwofesè Noel Reynolds la, “Chwa pou

repanti a se yon chwa pou brile pon nan tout direksyon [avèk detèminasyon] pou suiv yon sèl chemen nèt ale, sèl chemen ki mennen nan lavi etènèl la.”<sup>3</sup>

Katriyèmman, repantans mande pou nou fè l avèk serye ak yon volonte pou pèsevere, menm nan doulè. Eseye kreye yon lis etap espesifik pou repantans kapab itil pou kèk moun men, sa ka mennen nan tcheke yon lis mekanikman, san okenn santiman ni chanjman reyèl. Vrè repantans pa sipèfisyèl. Senyè a bay de kondisyon fondamantal: “Men jan n ap konnen si yon moun repanti nan peche li yo, gade, l ap konfese yo epi l ap abandone yo” (D&A 58:43).

Konfese ak abandone se konsèp puisan. Yo se plis pase yon senp “Mwen rekonèt sa; Mwen regrèt.” Konfesyon se yon rekonesans pwofon, pafwa atwòs de erè ak ofans nou te fè Bondye ak lèzòm. Chagren ak regrè ak kriye souvan akonpaye konfesyon yon moun, espesyalman lè aksyon l yo te lakoz yon moun soufrans, oubyen, sa k pi rèd, te mennen yon lòt moun komèt peche. Se pwofon detrès sa a, vizyon bagay yo jan yo reyèlman ye sa a, ki pouse yon moun deklare, menmjan ak Alma: “O Jezi, Pitit Gason Bondye a, gen mizèrikòd pou mwen ki andedan fyèl anmè a, epi tout kòm mare avèk chenn lanmò etènèl” (Alma 36:18).

Avèk lafwa nan Redanmtè mizèrikòdye a ak pouvwa Li, dezespwa ki egziste a transfòme an espwa. Kè moun nan ak dezi li chanje, epi peche sa a ki te atiran otrefwa a vin plis an plis repousan. Yon rezolisyon pou abandone ak kite peche a ak pou repare domaj li te lakoz yo, osi totalman ke posib, vin fòme nan nouvo kè sa a. Rezolisyon sa a byen vit grandi vin tounen yon alyans obeyisans anvè Bondye. Avèk alyans sa a ki fèt la, Sentespri a, mesaj gras divin nan, pote sekou ak padon. Lè sa a, moun nan santi l ta deklare ankò, menmjan ak Alma: “O, gade yon lajwa, ak yon limyè mèveye [mwen] wè; wi, nanm mwen [chaje] avèk anpil lajwa ki konparab avèk kantite lapenn m te genyen yo!” (Alma 36:20).

Kèlkeswa lapenn nou santi nan repantans lan, l ap toujou mwens pase soufrans yo mande pou satisfè lajistis la pou transgresyon nou pa repanti yo. Sovè a pa t di anpil sou sa l te andire pou satisfè egzijans lajistis yo ak ekspye peche nou yo, men li te fè deklarasyon revelatè sa a:

“Paske, gade, mwen menm Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti.

“Men si yo pa vle repanti yo dwe soufri tankou m;

“Soufrans sa a ki te fè, mwen menm Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m senyen nan chak two swè nan kò m, epi ki te fè m soufri nan ni kò m ni nan lespri m---epi m te swete pou m pa t bwè tas anmè a” (D&A 19:16--18).



Senkyèmman, kèlkeswa pri repantans lan, li absòbe nan lajwa padon an. Nan yon diskou konferans jeneral ki te rele: “Bèl maten padon an”, Prezidan Boyd K. Packer te fè konparezon sa a:

“An Avril 1847, Brigham Young te dirije premye konpayi pyonye yo ki te soti nan Winter Quarters. Nan menm moman an, 2.575 kilomèt nan Lwès, pòv sivivan konvwa Donner Party yo t ap lite pou desann tèt Montay Sierra Nevada yo pou antre nan Vale Sacramento a.

Yo te panse ivè terib la prizonye anba tanpèt nèj yo te sibi lè yo te depase tèt mòn nan. Sa te prèske enkwayab ke te gen sivivan apre dè jou ak semèn ak mwa grangou ak soufrans endeskriptib yo te andire.

“Pami yo te gen John Breen, ki te gen kenzan. Jou swa 24 Avril la, li te rantre nan Ranch Johnson nan. Dèzane apre, John te ekri:

“Nou te rive nan Ranch Johnson nan lontan apre solèy te fin kouche, konsa, premye fwa m te wè l sete bonè nan demen maten. Tanperati a te bon, tè a te kouvri avèk zèb vèt, zwazo t ap chante sou tèt pyebwa yo, e vwayaj la te fini. Mwen pa t ka rive kwè ke m te vivan.

“Sèn mwen te wè jou maten sa a ap toujou rete enprime nan lespri mwen. Mwen bliye pifò nan sa k te pase yo, men mwen toujou sonje kan an bò Ranch Johnson nan.”

Prezidan Packer di: “Toudabò mwen te etone paske li te deklare ke ‘pifò nan insidan k te pase yo te efase nan memwa li.’ Kijan l ka fè bliye pil long mwa soufrans ak chagren enkwayab sa yo? Kijan ivè frèt vyolan sa a kapab ranplase pa yon jou maten briyan?”

“Lè m te reflechi plis sou sa, mwen te decide ke se pa t etonan ditou. Mwen konn wè sa rive deja nan moun mwen konnen. Mwen konn wè moun ki te pase yon long ivè kilpablite ak grangou espiryèl avanse vin antre nan maten padon an. Lè maten an te rive, yo te aprann bagay sa a:

‘Gade, yon moun ki repanti nan peche l, moun sa a padone, epi mwen menm Senyè a m pa sonje peche yo ankò’ (D&A 58:42).”<sup>4</sup>

Mwen rekonesan pou soufrans enkonpreyansib, lanmò ak Rezirèksyon Senyè nou an e mwen temwaye ke li “reyalize kondisyon repantans la” (Elaman 14:18). Don diven repantans la se kle bonè isit la ak nan lavi apre a. Pou reprann pawòl Sovè a epi avèk imilite ak lanmou pwofon, mwen envite nou tout pou n “repanti: paske wayòm Bondye a

pwòch” (Matye 4:17). Mwen konnen ke si nou aksepte envitasyon sa a, n ap jwenn lajwa kounyeya ak pou tout tan. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Bible Dictionary, “Repentance.”
2. Liv Mòmòn an toujou pale de “batize ale nan repantans” (gade Mozya 26:22; Alma 5:62; 6:2; 7:14; 8:10; 9:27; 48:19; 49:30; Elaman 3:24; 5:17, 19; 3 Nefi 1:23; 7:24-26; Mowoni 8:11). Jan Baptist e itilize menm pawòl yo (gade Matye 3:11), epi Pòl te pale de “batèm repantans” (Ak 19:4). Fraz la parèt nan Doktrin ak Alyans yo tou (gade D&A 35:5; 107:20). “Batèm ki mennen nan repantans” lan senpleman fè referans avèk lefèt ke batèm avèk alyans obeyisans li a se kle repantans. Avèk repantans total, enkli batèm, yon moun kalifye pou yo mete men sou tèt li pou bay l don Sentespri a, epi se pa Sentespri a ke yon moun resevwa batèm Lespri a (gade Jan 3:5) ak padon peche: “Paske pòt pou nou antre a se repantans ak batèm nan dlo; e lè sa a, nou pral gen padon pou peche nou yo nan dife ak Sentespri a” (2 Nefi 31:17).
3. Noel B. Reynolds, “The True Points of My Doctrine,” *Journal of Book of Mormon Studies*, vol. 5, no. 2 (fall 1996): 35; italik ajoute.
4. Boyd K. Packer, nan Conference Report, Okt 1995, 21; gade tou “The Brilliant Morning of Forgiveness,” *Ensign*, Nov. 1995, 18.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Nou tout anwole

sèvis misyonè

Satan

diyite

konferans jeneral

Nou tout anwole

Pa Eldè Jeffrey R. Holland

Nan Kolèj Douz Apot yo

Mwen mande chak gason, granmoun oubyen jèn, ki detni prèttriz la, pou yo gen yon vwa pi fò ak pi devwe ... yon vwa pou sa ki byen, yon vwa ki pale pou levanjil la, yon vwa pou Bondye.

Nan espri kantik emouvan remakab sa a e avèk priyè elokan Richard G. Hinckley a nan kè mwen, mwen ta renmen pale yon fason ase franch aswè a, frè m yo, e m ap enkli nan franpale a jènjan yo nan Prèttriz Arawon an.

Lè nou pale de esplandè Premye Vizyon Joseph Smith la, pafwa nou pase sou silans konfwontasyon menasan ki te fèt jis anvan sa a, yon konfwontasyon nan bi pou detwi jèn gason an si posib men, de tout fason, pou bloke revelasyon ki ta pral vini an. Nou pa pale de advèsè a plis ke nou oblije, e m pa renmen pale de li ditou, men, eksperyans jèn Jospèh la raple nou sa chak gason, ki enkli chak jènjan yo nan asanble sa a, bezwen sonje.

Premyèman, Satan, oswa Lisifè, oswa Papa tou manti yo---rele l jan nou vle---egziste, li se pèsonifikasyon mal la menm. Nan chak ka, entansyon li malveyan, epi li pran kriz chak fwa limyè redanmtè a parèt, devan menm ide laverite. Dezyèmman, li etènèlman an opozisyon avèk lanmou Bondye, Ekspyasyon Jezikri a, ak travay lapè ak sali a. L ap konbat bagay sa yo kèlkeswa lè ak kèlkeswa kote li kapab. Li konnen l ap fini pa pèdi

bagay la epi y ap chase l alafen, men, li decide pou mennen otan moun li kapab nan destriksyon l lan.

Konsa, ki taktik dyab la itilize nan batay sa a kote lavi etènèl an danje a? La ankò, gen yon leson nan eksperyans boskè sakre a. Joseph rakonte ke nan yon efò pou bloke tout sa k te gen pou rive yo, Lisifè te egzèse sou li “yon pouvwa etonan, se kòm si l te mare lang mwen epi m pa t kapab pale.”<sup>1</sup>

Jan Prezidan Boyd K. Packer te anseye maten an, Satan pa ka dirèkteman pran lavi yon moun. Sa se youn nan anpil bagay li pa kapab fè. Men aparaman, efò li pou bloke travay la ap gen kèk rezilta si l ka jis mare lang moun fidèl yo. Frè m yo, si se konsa, aswè a m ap chèche gason jèn ak granmoun ki santi yo konsène ase pa batay ant byen ak mal sa a pou anwole nou epi louvri bouch nou. Nou nan lagè, epi pou kèk minit k ap vini yo, m ta renmen rekrute moun pou rantre nan batay la.

Èske m oblije fredone kèk pawòl nan kantik “Nous voici tous enrôlés” a? Nou konn kouplè ki di: “N ap tann nouvo solda; kiyès ki ap volontè?”<sup>2</sup> Evidaman, gwo bagay nan apèl pou pran lèzàm sa a sèke nou *pa* mande volontè yo pou tire fizi ni lanse grenad. Non, nou vle batayon ki pral pran pou zam yo “chak pawòl ki soti nan bouch Bondye.”<sup>3</sup> Konsa, aswè a, m ap chèche misyonè ki pa p volontèman mare lang yo men ki, avèk Lespri Senyè a ak pouvwa prètiz yo a, ap louvri bouch yo epi pale de mirak. Premye apot yo te anseye ke, kalite diskou sa a t ap sèvi kòm mwayen pou “bagay ki pi puisan [lafwa yo] te, epi ap akonpli.”<sup>4</sup>

Mwen espesyalman mande jènjan nan prètiz Arawon yo pou redrese yo e pote atansyon. Pou nou menm, kite m fè yon konparezon avèk espò. Se nan yon batay lavi ou lanmò nou ye la a, jènjan yo, konsa, mwen pral rapwoche vizaj mwen de pa nou, kole avèk nen nou, avèk jis ase dife nan vwa mwen pou fè sousi nou wouji---menmjan yon antrenè fè lè match la sere epi vikwa a enpòtan. Epi, avèk match la k ap jwe a, sa antrenè a ap eseye di nou, sèke, pou nou jwe match sa a, kèk nan nou ap oblije moralman pi pwòp pase yo ye jodia. Nan batay ant byen ak mal sa a, nou pa ka jwe pou advèsè a chak fwa yon tantasyon vini, epi apresya espere n ap prepare pou konbat pou Kris la nan tanp ak nan misyon kòm si pa t gen anyen k te pase. Bondye p ap tolere pou nou moke li.

Kidonk nou devan yon dilèm aswè a, ou menm avèk mwen. Sèke gen santèn dè milye jèn gason nan laj Prètiz Arawon an ki deja nan rejis Legliz sa a ki konstitye rezèvwa kandida nou pou fiti sèvis misyonè. Men pwoblèm nan se fè dyak, enstriktè, ak prèt sa yo rete ase aktif ak diy pou yo òdone ansyen e sèvi kòm misyonè. Konsa nou bezwen pou jèn gason yo ki deja nan ekip la *rete* ladan epi sispann drible kite teren an nan moman menm nou bezwen pou yo bay tout enèji yo nan jwèt la! Nan prèske tout konpetisyon atletik mwen konnen, gen limit ki trase atè a oubyen sou teren an kote chak patisipan dwe

rete pou yo ka patisipe nan konpetisyon an. Enben, Senyè a trase limit diyite pou moun ki aple pou travay avèk li yo nan chan sa a. Okenn misyonè ki pa repanti pou tèt pa yo pou peche seksyèl oswa langaj pwofàn oubyen pònografi pa ka al mande lòt moun pou yo repanti pou menm bagay sa yo! Nou pa ka fè sa. Lespri a p ap avèk nou epi mo yo ap trangle nan gòj nou lè n ap pwononse yo. Nou pa ka vwayaje sou sa Leyi rele “wout entèdi”<sup>5</sup> yo epi espere ke na pral gide lòt moun nan “chemen etwat ak kwense”<sup>6</sup> a; sa enposib.

Men, gen yon repons pou nou chak pou pwoblèm sa a menmjan genyen l pou envestigatè sa a ou pral rankontre a. Kèlkeswa moun ou ye e kèlkeswa sa ou te fè, ou kapab jwenn padon. Nou chak, jènjan yo, kapab kite tout transgresyon k ap trakase nou yo dèyè nou. Sa se mirak padon an; se mirak Ekspyasyon Senyè Jezikri a. Men nou pa ka fè sa san yon angajman aktif nan levanjil la, e nou pa ka fè li san repantans kote sa nesesè. M ap mande nou, jènjan yo, pou nou rete aktif e rete pwòp. Si sa nesesè, m ap mande nou pou nou *vin* aktif epi *vin* pwòp.

Frè m yo, nou pale franchman avèk nou paske pale avèk sibtilite sanble pa fonksyone. Nou pale franchman paske Satan se yon èt reyèl ki detèmine pou detwi nou, e nou konfwonte avèk li plis an plis pi bonè nan lavi a. Konsa, nou pran ou nan kòlèt chemiz ou epi nou rele osifò nou kapab:

*Ecoutez! Sonner bien haut et clair (Tande son batay la, byen wo byen klè)*  
*Rassemblez vous autour de la croix! (An nou rasanble)*<sup>7</sup>

Jèn zanmi m yo, nou bezwen dè dizèn milye misyonè anplis nan mwa ak ane k ap vini yo. Yo dwe soti nan yon pousantaj detantè grandisan nan Prètriz Arawon an ki pral resevwa òdinasyon, ki pral rete aktif, pwòp, ak diy pou sèvi.

Pou sila nan pami nou yo ki te sèvi oswa k ap sèvi kounyeya, mèsè pou byen nou te fè ak pou lavi moun nou te touche! Se pou nou beni! Nou rekonèt tou ke gen kèk jènjan ki te espere tout lavi yo pou yo sèvi yon misyon men, pou rezon sante oswa lòt obstak ki pa depann de yo, pa kapab fè li. Nou rann piblikman e fyèman omaj ak gwoup sa a. Nou konnen dezi ou, e nou felisite w pou devouman ou. Nou renmen ou e admire ou. Ou “nan ekip la” e w ap toujou ladan, menmsi ou onorableman dispanse pou sèvis aplentan an. Men nou bezwen rès lòt yo!

Kounyeya, nou menm, frè yo nan prètriz Melkisedèk la, pa ri ni pa chita byen konfòtab nan chèz nou. M poko fini. Nou bezwen dè milye koup pou sèvi nan misyon yo nan legliz la. Chak prezidan misyon ap mande yo. Tout kote yo sèvi, koup nou yo pote yon matirite ak siksè nan travay la ke okenn kantite jèn 19 an pa ka pote, kèlkeswa jan yo bon.

Pou ankouraje plis koup sèvi, Premye Prezidans la ak Kolè Douz yo te fè youn nan bagay ki pi oze ak pi jenere ki te janm egziste nan travay misyonè a nan 50 dènye ane yo. Nan mwa Me ane sa a, dirijan prètriz yo nan domèn nan te resevwa nouvèl ke pri kay pou koup yo (e n ap pale de pri kay *sèlman*) ap kouvri pa fon misyonè legliz la si pri a depase yon montan ki te deja detèmine. Ala yon benediksyon! Sa se yon èd ki soti nan syèl la pou kouvri pi gwo depans koup yo genyen pou fè nan misyon yo. Frè yo te deside tou ke koup misyonè yo ka sèvi pou 6 oswa 12 mwa, oubyen pou 18 oswa 24 mwa tradisyonèl yo. Nan yon lòt jès mèveye, yo bay koup yo pèmision pou yo ka, sou frè pa yo, fè ti retounen lakay yo pou evenman famiyal enpòtan yo. Epi, sispann fè sousi paske nou pral fè pòtapòt oswa gen menm orè avèk jèn timoun 19 an yo! Nou pa mande nou pou nou fè sa, men, nou gen anpil lòt bagay nou ka fè, ak anpil libète sou fason pou nou fè yo.

Frè m yo, akòz pwoblèm sante, famiyal, oswa ekonomik, kèk nan *nou* gen dwa pa kapab ale kounyeya ou petèt jamè. Men, avèk yon ti planifikasyon, anpil nan nou kapab.

Evèk yo ak prezidan pye yo, pale sou bezwen sa a nan konsèy nou yo ak konferans nou yo. Pandan nou chita sou estrad la, nan reyinyon nou yo, gade asanble a, nan espri lapriyè, pou nou ka jwen enspirasyon pou wè ki koup ki ta dwe resevwa yon apèl. Apresa pale avèk yo epi ede yo fikse yon dat pou sèvi. Frè m yo, lè sa rive, di madanm nou ke, si nou ka kite dodin nou ak rimòt kontwòl televizyon an pou kèk mwa, yo ka kite pitit pitit yo tou. Timoun presye sa yo pa p gen okenn pwoblèm, e mwen pwomèt nou ke nou pral fè bagay pou yo nan sèvis Senyè a ke, nou pa t ap janm ka fè si nou te rete lakay nou pou kouve yo. Ki pi gwo kado granparan yo kapab bay posterite yo pase di an pawòl ak aksyon: “Nan fanmi sa a nou sèvi misyon!”

Travay misyonè a se pa sèl bagay nou bezwen nan gwo legliz mondyal mèveye sa a. Men prèske tout lòt bagay nou bezwen fè depann de moun ki tande levanjil Jezikri a pou lapremyè fwa epi ki rantre nan legliz la. Asireman, se poutèt sa misyon final Jezi te konfyè Douz yo sete travay debaz sa a---pou “ale tout kote, epi anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Papa a, ak pitit gason an, ak Sentespri .”<sup>8</sup> Apresa, e sèlman apresa, rès benediksyon levanjil yo totalman vini---solidarite famiyal, pwogram pou jèn yo, pwomès prètriz yo, ak òdonans ki mennen nan tanp yo. Men jan Nefi te temwaye a, okenn nan bagay sa yo pa ka fèt si yon moun pa “antre nan pòt . . . la.”<sup>9</sup> Avèk tout sa ki gen pou fèt sou chemen lavi etènèl la, nou bezwen plis misyonè pou ouvri pòt sa a ede lòt moun franchi li.

M ap mande chak gason, timoun kou granmoun, ki detni prètriz la, pou yo tounen yon vwa pi fò ak pi devwe nan levanjil la, non sèlman kont mal ak moun ki pèsionifye mal la, men yon vwa pou sa ki byen, yon vwa pou Bondye. Frè m yo, nan tout laj, delye lang nou epi gade pawòl nou yo k ap fè mèvèy nan lavi moun “ki rete lwen verite a sèlman paske yo pa konnen kote pou yo jwenn ni.”<sup>10</sup>

*Nous voici tous enrôlés pour le grand combat;  
Du mal et des dangers nous serons les vainqueurs.  
Serrons les rangs autour du drapeau!  
Gaiement avançons, Rentrons joyeux au foyer.<sup>11</sup>*

Nan non Jezikri, Mèt nou, amèn.

Nòt

1. Joseph Smith---Istwa 1:15.
2. “Nous voici tous enrôlés,” *Cantiques*, no. 161.
3. Doktrin ak Alyans 84:44; gade tou Detewonòm 8:3; Matye 4:4.
4. *Lectures on Faith* (1985), 73.
5. 1 Nefi 8:28
6. 2 Nefi 31:18
7. *Cantiques* no. 161.
8. Matye 28:19.
9. 2 Nefi 33:9.
10. Doktrin Ak Alyans 123:12.
11. *Cantiques*, no. 161.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Pouvwa Prètriz Aawon an

Sentespri

prètriz

sèvis

espiritualite

jèn

konferans jeneral

Pouvwa Prètriz Aawon an

Pa Evèk Keith B. McMullin

Dezyèm Konseye nan Episkopa Prezidan an

Nou menm ak ofis nan Prètriz Aawon an nou detni an esansyèl nan travay Pè Selès la pou pitit li yo ak preparasyon tè sa a pou Dezyèm Vini an.

Nan yon sesyon fòmasyon pou Otorite Jeneral yo pa twò lontan, Prezidan Thomas S. Monson te mete aksan ankò sou devwa ak okazyon pou sèvis detantè Prètriz Aawon yo.<sup>1</sup> Se nan espri ansèyman sa a m ap adrese nou.

Devwa, lè nou byen ranpli li, detèmine destine pèp ak nasyon. Prensip devwa a si enpòtan ke yo konseye detantè pretriz yo: “Se sa ki fè, kounyeya se pou tout moun aprann devwa yo epi pou yo aji nan ofis yo lonmen yo a avèk tout dilijans.”<sup>2</sup>

Prezidan Monson eksplike, “Apèl devwa a kapab vini diskretman lè nou menm ki detni prètriz la egzekite tach nou resevwa yo.”<sup>3</sup> Prezidan Monson te site George Albert Smith tou: “Se devwa nou anvan tout bagay pou aprann sa Senyè a vle epi apresya, pa pouvwa avèk fòs Sent Pretriz Li a, mayifye apèl nou nan prezans sanblab nou yon fason pou pèp li a kontan swiv nou.”<sup>4</sup>



An palan de devwa li, Senyè nou an te di: “Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen, men volonte Papa a.” “Paske, se pa pou fè volonte pa m mwen desann sot nan syèl la, men pou m fè volonte moun ki voye m lan.”<sup>5</sup> Paske Jezikri te akonpli devwa li: “tout limanite kapab sove si yo obeyi lalwa ak òdonans Levanjil la.”<sup>6</sup> Frè m yo, sa a se prensip nou dwe swiv la.

Mwen konn wèsonèlman ke nou menm, k ap sèvi kòm dyak, enstriktè, ak prèt yo, nou osi dispoze, diy pou konfyans, epi kapab akonpli devwa nou jan yo mande nou pou nou fè l la. Nou admire nou. Enèji nou kontaminan, kapasite nou ekstraòdinè, konpayi nou fòtifyan. Nou menm ak ofis Prètriz Aawon nou detni a enpòtan nan travay Papa nou ki nan syèl la pou pitit Li yo ak nan preparasyon tè sa a pou Dezyèm Vini Pitit Gason Sen Li a. Vizyon nou gen de nou menm ak devwa nou an ale odela laj nou. Pòl te pale de nou konsa: “Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jèn. Men, se pou ou tounen yon egzanp pou moun ki kwè yo, nan jan ou pale, nan charite, nan lafwa, nan lespri, nan pite.”<sup>7</sup>

*Prètriz ki te nonmen dapre Aawon an  
Alafen te vini sou lèzòm nan ansyen tan yo.  
Atravè Levit yo, prèt, ak pwofèt yo,  
Li te sèvi pou beni pitit Bondye yo.*

*Après Sovè mond lan te vini  
Li te cheche yon nonm ki te rele JanBatis,  
Pou batize Li ak menm pouvwa sa a  
Pou li te kòmanse travay Sali a.*

*Nan dènye jou yo menm pouvwa sa a  
Te retabli ankò sou latè,  
Pou tout verite levanjil soti premye rive dènye  
Kapab etabli nan kè nou.*

*Prètriz Aawon, verite siblim,  
Vini prepare;---  
Pou lèzòm kapab jwenn redanmsyon  
Atravè pitit Gason Byenneme Bondye a!*

*E moun k ap itilize pouvwa sa yo---  
Se pa yon senp ti gason ki ka fè sa.  
Avèk manto prètriz la fikse sou li  
N ap di: “Men Nonm nan!”<sup>8</sup>*

“Pouvwa ak otorite ... Prètriz Aawon an, se detni “kle ministè zanj yo, epi pou administre nan òdonans tanporèl yo, lèt levanjil la nan fòm li, batèm, repantans pou padon peche ki an akò avèk alyans ak kòmandman yo.”<sup>9</sup> Prezidan Boyd K. Packer te obsève: “Nou byen reyisi distribiye *otorite* pretriz la. Nou gen otorite pretriz la plante prèske tout kote... Men, mwen panse, distribisyon *otorite* pretriz la fèt pi vit pase *pouvwa* prètriz la.”<sup>10</sup> Pou byennèt etènèl pitit Bondye yo, pwoblèm sa a dwe rezoud.

Pwofèt nou an di nou kijan sa kapab fèt. Pandan l t ap site George Q. Cannon, Prezidan Monson te di: “Mwen vle wè pouvwa prètriz la ranfòse ... Mwen vle wè fòs ak pouvwa sa a pwopaje atravè tout kò prètriz la, soti nan tèt rive nan pi jèn ak pi enb dyak ki genyen nan Legliz la. Chak gason dwe chèche epi jwi revelasyon Bondye yo, limyè syèl yo k ap briye nan nanm li e ba li konesans konsènan devwa li, konsènan pòsyon travay li genyen pou l fè nan prètriz la.”<sup>11</sup>

Kisa yon dyak, yon enstriktè, oubyen yon prèt ka fè pou resevwa lespri revelasyon an ak mayifye apèl Li? Li kapab viv yon fason pou li benefisye pouvwa pirifikatè, sanktifyan ak ekleran Sentespri a.

Nou jwenn enpòtans bagay sa a nan pawòl Alma yo: “Kounyeya, map di nou se apèl sa a m te resevwa, wi pou m preche ... jenerasyon k ap leve a ... yo dwe repanti e pou yo *nedenouvo*.”<sup>12</sup> Lè yon moun *nedenouvo*, kè li chanje. Li pa gen apeti pou bagay mechan oubyen enpi. Li santi yon pwofon lanmou dirab pou Bondye, Li vle vini bon, pou sèvi lòt yo, epi gade kòmandman yo.<sup>13</sup>

Prezidan Joseph F Smith te dekri eksperyans li avèk chanjman puisan sa a: “Santiman sa a ki te anvayi m nan sete yon santiman lapè, lanmou ak limyè pi. Mwen te santi nan nanm mwen ke si m te peche... peche m nan te padone; ke mwen te veritabman pwòpte anba peche a; kè m te touche, e mwen te santi mwen pat gen dezi pou m blese menm yon ti ensèk anba pye mwen. Mwen te santi kòm si m te vle fè byen tout kote, pou tout moun e nan tout bagay. Mwen te santi yon nouvo lavi, you nouvo dezi pou m fè sa ki byen. Pa t gen yon ti kras dezi pou fè mal ki te rete nan nanm mwen. Mwen te yon ti gason tou piti, se vre,... men, sa sete enfluyans ki te repoze sou mwen, e mwen konnen li te soti nan Bondye, e sete e l ap toujou rete yon temwayaj vivan pou mwen ke m te aksepte Senyè a.”<sup>14</sup>

Se poutèt sa, nou envite nou tout, mèveye jèn frè m yo, pou avèk dilijans, nou fè efò pou nou “*nedenouvo*”.<sup>15</sup> Priye pou chanjman puisan sa a fèt nan lavi nou. Etidye ekriti yo. Plis pase tout bagay, dezire pou nou konnen Bondye ak pou n vin tankou Pitit Gason Sen Li a. Jwi jenès nou men “mete konpòtman timoun yo akote.”<sup>16</sup>

Evite konvèsasyon pwofàn ak immoral yo

Kouri lwen tout sa ki mal

Evite kontansyon

Repanti lè sa nesèsè.<sup>17</sup>

Sa ap ede nou grandi rive nan nivo nòb kondisyon nou. Na pral posede kalite ki se kouraj, lwayote, imilite, lafwa, ak bonte. Zanmi nou yo ap admire nou, paran nou ap felisite nou, frè nan prètriz yo ap konte sou nou epi jènfi yo ap adore nou epi y ap vin ankò pi bon gras avèk nou. Bondye ap onore nou epi dote sèvis nou nan prètriz la avèk *pouvwa ki soti anwo*.

Nou menm rès yo, n ap fè pati pa nou an. Ou menm, paran paran ak granparan, n ap prepare ou pou w sèvi avèk plis vanyans nan wayòm Bondye a. Nou menm, frè nou, n ap vin tounen egzanp pou moun suiv. N ap ogmante fòs kowòm nou yo. N ap soutni prezidans kowòm nou yo nan egzès kle prezidan yo a. N ap ba nou opòtinite pou totalman ranpli devwa Pretriz Aawon yo ak pou manifye apèl nou gen ladan yo.

Atravè ministè nou, Legliz la ap resevwa gwo benediksyon. “Zanj yo pale pa pouvwa Sentespri a.”<sup>18</sup> Nou ka fè sa tou. Lè nou pale pa pouvwa Sentespri a, epi administratè anblèm sakre Sentsèn yo, gason ak fi, ti gason ak tifi, ap efòse yo pou repanti, ogmante lafwa yo nan Kris la, ak gen Sentespri a avèk yo tout tan.

Si nou jene epi ranmase ofrann jèn, manm yo ap vin motive pou modle travay yo nan fason Sovè a. Senyè a te sousye pou pòv yo ak oprime yo, epi li envite: “Vini, suiv mwen.”<sup>19</sup> Sèvis n ap akonpli nan pran swen moun ki defavorize yo angaje nou nan travay sen li a e ede nou konsève padon pou peche pase nou yo.<sup>20</sup>

Lè n ap “vizite kay chak manm,”<sup>21</sup> nou pa dwe pè ni timid. Sentespri a ap banou nan moman an menm, kisa pou nou di, ki temwayaj pou nou pataje, ki sèvis pou nou rann.

Efò dilijan nou pou “toujou veye sou Legliz la”<sup>22</sup> ap pote fwi. Fason enb ak sensè nou ap adousi kè moun ki pi enkredil la e delivre anba grif advèsè a. Envitasyon nou bay lòt moun pou vini legliz avèk nou, pou pran Sentsèn avèk nou, ak pou sèvi avèk nou an ap vin tounen yon pomad rekonfòtan pou moun ki te pèdi nan fènwa kote limyè levanjil la te toupiti oubyen pat klere ditou yo.

O, jèn frè byenneme m yo, “pa neglije don ki nan noumenm nan,”<sup>23</sup> ke nou te resevwa lè yo te konfere nou Pretriz Aawon an epi òdone nou an.

“Se pa yon espri timidite Bondye mete nan nou; men yon espri fòs, yon espri renmen; yon espri sajès.

“Se poutèt sa, nou pa bezwen wont kanpe pale pou Senyè nou an... Men se pou nou pataje ..... levanjil la dapre pouvwa Bondye;

“Ki .... rele nou avèk yon apèl sakre,... ke nou te resevwa nan Jezikri depi anvan [mond lan te kreye].”<sup>24</sup>

Pwofèt byenneme nou an “rele ou sou banyè a.”<sup>25</sup> Nou rann ou omaj, nou priye pou ou, nou rejwi pou travay avèk ou, epi nou remèsye Bondye pou pouvwa ministè sali w la. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Thomas S. Monson, reyinyon fòmasyon Otorite Jeneral, Avr. 2010.
2. Doktrin ak Alyans 107:99.
3. Thomas S. Monson, “The Sacred Call of Service,” *Liahona*, Me 2005, 54.
4. George Albert Smith, nan Conference Report, Avr. 1942, 14; gade Thomas S. Monson, *Liahona*, Me 2005, 54 tou.
5. Jan 5:30.
6. Jan 6:38.
7. Atik Lafwa 1:3.
8. 1 Timote 4:12.
9. Powèm pa Keith B. McMullin; gade Keith B. McMullin, “Behold the Man,” *Ensign*, Nov. 1997, 42.
10. Doktrin ak Alyans 107:20.
11. Boyd K. Packer, “The Power of the Priesthood,” *Liahona*, Me 2010, 7.

12. George Q. Cannon, *Deseret Weekly*, 2 Nov 1889, 593; site pa Thomas S. Monson nan yon reyinyon fòmasyon pou Otorite Jeneral, Avr. 2010; gade George Q. Cannon, nan Conference Report, Okt. 1889.
13. Alma 5:49; italik ajoute.
14. Gade Marion G. Romney, “According to the Covenants,” *Ensign*, Nov. 1975, 71-73.
15. Joseph F. Smith, nan Conference Report, Avr 1898, 66.
16. Jan 3:3--7; Alma 5:14--21, 49.
17. 1 Korentyen 13:11.
18. Gade 2 Timote 2:16, 22, 23.
19. 2 Nefi 32:3.
20. Lik 18:22; gade tou Jan 14:12--14.
21. Gade Mozya 4:26.
22. Doktrin ak Alyans 20:47.
23. Doktrin ak Alyans 20:53.
24. 1 Timote 4:14.
25. 2 Timote 1:7--9.
26. Thomas S. Monson, reyinyon fòmasyon Otorite Jeneral, Avr. 2010.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Opòtinite tout yon lavi

aktivasyon

Liv Mòmon

travay misyonè

sakrifis

sèvis

jèn

konferans jeneral

Opòtinite tout yon lavi

Pa sèvis devwa nou ak sakrifis nou, misyon nou ap vin yon teren sakre pou nou.

Pa Eldè W. Christopher Waddell

Nan Swasanndis yo

Yon etap enpòtan nan lavi yon misyonè se entèvyou fen misyon, oswa entèvyou “depa” a avèk prezidan misyon an. Nan kè entèvyou sa a, ap gen yon diskisyon sou sa ki sanble konstitiye tout yon lavi eksperyans memorab ak leson kle misyonè a te akeri pandan apèn 18 rive 24 mwa.

Pandan ke anpil nan eksperyans ak leson sa yo kapab komen nan travay misyonè òdinè a, chak misyon enkonparab, avèk eprèw ak opòtinite ki pouse nou depase tèt nou e mete nou aleprèw selon bezwen ak pèsonalite patikilye nou.

Lontan anvan nou kite fwaye terès nou ak fanmi nou pou al sèvi yon misyon aprentan an, nou te kite paran selès nou yo pou vin akonpli misyon nou nan mòtalite a. Nou gen yon Papa nan Syèl la, ki konnen nou---li konn pwen fò nou ak feblès nou, kapasite nou ak potansyèl nou. Li konnen egzakteman ki prezidan misyon ak ki konpayon ak ki manm ak ki envestigatè nou bezwen pou nou ka vin misyonè, mari, papa, ak detantè prèttriz nou gen kapasite pou nou vin tounen an.

Pwofèt, vwayan ak revelatè yo voye misyonè yo nan lokasyon yo sou direksyon ak enfliyans Sentespri a. Prezidan misyon enspire dirije transfè chak sis semèn epi byen vit rann yo kont ke Senyè a konnen egzakteman kote li vle chak misyonè sèvi.

Sa gen kèk ane, Èldè Javier Misiego, ki te soti Madrid, an Espay, t ap sèvi yon misyon aprentan nan Arizona. Nan epòk sa a, apèl misyon li nan Etazini an te parèt yon ti jan pa abityèl, paske pifò nan jènjan k te soti Espay yo te jwenn apèl pou sèvi nan peyi yo.

Nan fen yon kwendfe nan pye a, kote li menm ak konpayon li te envite pou patisipe, yon manm inaktif Legliz la ke yon zanmi te mennen nan kwendfe a te abòde Eldè Misiego. Sete premye fwa depi dèzane ke mesye sa a te mete pye l anndan yon chapèl. Yo te mande Eldè Misiego si l te konnen yon sèten Jose Misiego nan Madrid. Lè Eldè Misiego te reponn ke papa l te rele Jose Misiego, mesye a, avèk antouzyas, te poze l kèk lòt kesyon pou konfime ke sete *bon* Jose Misiego sa a l t ap pale a. Lè l te fin asire ke sete de menm moun nan yo t ap pale, manm inaktif sa a te kòmanse kriye. Li te eksplike: “Papa w sete sèl grenn moun mwen te batize pandan tout misyon mwen” epi li te dekri kijan misyon li, nan lespri pa l, sete yon echèk. Li te atribye ane inaktivite l yo avèk kèk santiman enkapasite ak enkyetid, paske nan tèt pa li li te panse ke l te kite Senyè a tonbe.

Eldè Misiego lèsa a te dekri sa pretandi echèk misyonè sa a te reprezante pou fanmi li. Li te di l ke papa l, ki te batize l jèn adilt selibatè, te marye nan tanp, ke li menm, Eldè Misiego, li sete katriyèm nan sis pitit yo te genyen, ke toulètwa gason yo ak yon sè te sèvi misyon apentan, ke yo tout te aktif nan legliz la, e tout sa ki marye yo te sele nan tanp.

Ansyen misyonè inaktif la te kòmanse kriye. Li te aprann kounyeya ke, gras avèk efò li, anpil lavi moun te beni, epi Senyè a te voye yon Eldè soti Madrid, an Espay, pou vin nan yon kwendfe nan Arizona pou te fè l konnen ke misyon l la pa t yon echèk. Senyè a konnen ki kote li vle chak misyonè sèvi.

Nan kèlkeswa fason Senyè a ka chwazi pou beni nou pandan dewoulman yon misyon, benediksyon travay misyonè yo pa prevwa pou fini lè nou pran relèv nan men prezidan pye nou. Misyon nou se yon teren antrenman pou lavi. Eksperyans, leson, temwayaj ak konesans nou akeri atravè sèvis fidèl nou yo la pou konstitye yon fondasyon santre sou levanjil la ki pral dire pandan tout mòtalite a rive nan letènite yo. Men, pou benediksyon sa yo kontinye apre misyon an, gen kondisyon nou dwe ranpli. Nan Doktrin ak Alyans yo nou li: “Paske tout moun ki resevwa yon benediksyon nan menm dwe obeyi lalwa ki gen rapò avèk benediksyon sa a, ak kondisyon yo jan sa te tabli anvan fondasyon mond lan” (D&A 132:5). Yo anseye prensip sa a anseye nan istwa Egzòd la.

Apre l te fin resevwa misyon li nan men Senyè a, Moyiz te retounen an Ejipt pou kondui timoun Izrayèl yo soti nan kaptivite. Tout plè ki te genyen youn apre lòt yo pa t reyisi asire libète yo, sa ki te mennen nan dizyèm plè final la: “Paske m ap pase nan tout peyi Lejip la, m ap touye tou premye pitit gason ak tout premye pitit bèt yo ki nan peyi a” (Egzòd 12:12).

Pou pwoteksyon kont “destriktè a” (vèsè 23), Senyè a te enstwi pèp li a pou ofri yon sakrifis, yon ti mouton “san tach” (vèsè 5), epi ranmase san sakrifis la. Yo te dwe lèsa a “pran san an” epi pase l nan antre chak kay, “nan de chanbranl pòt la ak .... sou travès lento a” (vèsè 7), avèk pwomès sa a: “Epi



lè m wè san an, m ap pase devan pòt la, e m pap kite moun ki moun ki responsab pou touye a antre lakay nou pou touye nou” (vèsè 13).

“Timoun Izrayèl yo te ale, e yo te fè jan Senyè a te kòmande a” (vèsè 28). Yo te ofri sakrifis la, ranmase san an, epi pase l sou kay yo. “Epi nan mitan lannuit la, Senyè a te touye tout premye pitit gason moun peyi Lejip yo” (vèsè 29). Moyiz ak pèp li a, jan Senyè a te pwomèt la, te pwoteje.

San Izrayelit yo te itilize a, ki sete senbòl Ekspyasyon Senyè a te gen pou vin fè a, sete yon pwodui sakrifis yo te ofri a. Men, sakrifis la ak san an poukont yo pa t ap ase pou jwenn benediksyon ki te pwomèt la. *San aplikasyon san an sou lento pòt yo, sakrifis la t ap anven.*

Prezidan Thomas S. Monson te anseye: “Travay misyonè a difisil. Li koute yon moun anpil enèji, li epuize kapasite yon moun, li mande pi bon efò yon moun. Pa gen okenn lòt travay ki mande plis tan ni pi gwo devouman ni anpil sakrifis ak priyè fèvan konsa” (“That All May Hear,” *Ensign*, Me 1995, 49).

Kòm rezilta sa a, nou retounen soti nan misyon nou avèk pwòp don pa nou: Don lafwa. Don temwayaj. Don pou konprann wòl Lespri a. Don pou etidye levanjil la chak jou. Don dèske nou te sèvi Sovè nou an. Don ki prezève avèk swen nan liv ekriti ize, nan kopi chifonnen liv *Preche Levanjil Mwen an*, nan jounal misyonè, ak nan kè rekonesan. Men, menmjan ak pou timoun Izrayèl yo, benediksyon san fen yo ki asosye avèk travay misyonè a mande pou n pase nan aplikasyon apre sakrifis la.

Sa gen kèk ane, pandan Sè Waddell avèk mwen t ap prezide sou Misyon Baselòn nan an Espay, m te konn bay chak misyonè yon dènnye tach nan dènnye entèvyou yo. Lè yo retounen lakay yo, m te mande yo pou yo te imedyatman pran tan pou medite sou leson ak don yon Papa plen jenewozite ki nan Syèl la te akòde yo. M te mande yo pou ke, avèk èd lapriyè, yo te fè lis leson sa yo epi panse sou meye fason pou aplike yo nan lavi apre misyon yo; leson ki t apral gen enpak sou tout aspè lavi yo: etid ak chwa yon

pwofesyon, maryaj ak pitit, sèvis fiti nan legliz la, e pi enpòtan, moun yo pral kontinye devni an ak devlopman kontini yo kòm disip Jezikri.

Li pa janm twò ta pou yon ansyen misyonè medite sou leson yo te aprann pandan sèvis fidèl yo a ak pou aplike yo avèk plis dilijans. Lè nou fè sa, n ap santi enfluyans Lespri a pi totalman nan lavi nou, fanmi nou ap fòtifye, e n ap vin rapwoche pi pre Sovè nou ak Papa nou nan Syèl la. Nan yon ansyen konferans jeneral, Eldè L. Tom Perry te lanse envitasyon sa a: “M ap mande nou menm, ansyen misyonè yo, pou reangaje tèt nou, pou nou remete nan nou dezi ak espri sèvis misyonè a. M ap mande nou pou nou parèt sèvitè Papa nou ki nan syèl la, pou nou rete sa, epi aji tankou sa... M vle pwomèt nou ke gen gwo benediksyon k ap tann nou si nou kontinye avanse avèk zèl nou te genyen yon fwa a kòm misyonè apentan an” (“The Returned Missionary,” *Lyawona*, Janvyè 2002, 88, 89; *Ensign*, Novanm 2001, 77).

Kounyeya, pou nou menm jènjan ki gen pou al sèvi yon misyon apentan yo, m ap reprann konsèy Prezidan Monson te bay Oktòb pase a: “M ap repete sa pwofèt yo te konn toujou anseye depi lontan an, ke chak jèn gason diy e ki kapab ta dwe prepare pou sèvi yon misyon. Sèvis misyonè se yon devwa prètriz la, yon obligasyon Senyè a atann nan men nou menm ki resevwa si anpil la” (“As We Meet Together Again,” *Lyawona*, Nov. 2010, 5--6).

Menmjan avèk misyonè lontan yo ak sa kounyeya yo, Senyè a konnen ou e li gen yon eksperyans misyon prepare pou ou. Li konnen prezidan misyon ou ak madanm ni, ki pral renmen ou tankou pwòp pitit yo e ki pral chèche enspirasyon ak direksyon pou ou. Li konnen chak konpayon ou pral genyen ak kisa ou pral aprann de yo. Li konnen chak zòn ou pral sèvi, manm ou pral rankontre, moun ou pral anseye, ak lavi moun ou pral afekte pou letènite.

Atravè sèvis devwe ou ak sakrifis volontè ou, misyon ou pral vin yon eksperyans sakre pou ou. Ou pral temwen mirak konvèsyon pandan Lespri a ap itilize ou pou touche kè moun w ap anseye yo.

Pandan w ap prepare w pou sèvi a, gen anpil bagay pou w fè. Vin yon sèvitè efikas pou Senyè a pral mande plis pase resevwa mizapa, pote yon badj,

oswa antre nan yon sant fòmasyon misyonè. Se yon pwosesis ki kòmanse lontan anvan yo kòmanse rele w “Eldè.”

Rive nan misyon ou avèk pwòp temwayaj ou sou Liv Mòmmon an, ke w te akeri atravè etid ak lapriyè. “Liv Mòmmon an se yon prèv puisan sou divinite Kris la. Li se prèv Retablisman an pa lentèmedyè pwofèt Joseph Smith tou.... Antanke misyonè, ou dwe toudabò gen yon temwayaj pèsonèl ke Liv Mòmmon an vrè. Temwayaj sa a nan men Sentespri a [pral vin] objektif santral ansèyman ou. (*Preche Levanjil Mwen an: Yon Gid pou Sèvis Misyonè* [2004], 103.)

Rive nan misyon ou diy pou konpayi Sentespri a. Selon pawòl Prezidan Ezra Taft Benson: “Lespri a se grenn eleman ki pi enpòtan nan travay sa a. Avèk Lespri a k ap mayifye apèl ou, ou ka fè mirak pou Senyè a nan chan misyon an. San Lespri a, ou pa p janm gen siksè *kèlkeswa* talan ou ak kapasite ou.” (Nan *Preche Levanjil Mwen An*. 176)

Rive nan misyon ou pare pou w travay. “Siksè ou kòm yon misyonè [pral] depann prensipalman sou angajman ou pou chèche, anseye, batize, ak konfime.” Ou pral bezwen travay “efikasan chak jou, [ap fè] pi byen ou kapab pou mennen nanm bay Kris la. (*Preche Levanjil Mwen An*, 10, 11.)

M ap repete envitasyon Eldè M. Russell Ballard te adrese bay yon gwoup jènjan ki t ap prepare pou sèvi a: “Nou konte sou ou, jèn frè m yo, nan prètriz Arawon an. Nou bezwen ou. Tankou 2.000 gèrye Elaman yo, ou menm tou, ou se pitit gason espri Bondye, e ou menm tou ou kapab dote avèk pouvwa pou edifye ak defann wayòm ni an. Nou bezwen pou ou fè alyans sakre, tankou yo te fè a. Nou bezwen pou ou rete obeyisan ak fidèl san fay, menmjan yo te ye a” (“The Greatest Generation of Missionaries,” *Lyawona*, Nov. 2002, 47).

Si nou aksepte envitasyon sa a, nou pral aprann yon gwo leson, menmjan ak Eldè Misiege ak tout moun ki te sèvi fidèlman, retounen epi aplike leson yo. Nou pral aprann ke pawòl pwofèt nou an, Prezidan Thomas S. Monson, se verite: “Opòtinite misyonè tout yon lavi a se pa nou. Benediksyon letènite

yo ap tann nou. Nou gen privilèj pou nou pa rete kòm espektatè men patisipan sou sèn sèvis prètiz la” (*Ensign*, Me 1995, 49). Mwen temwaye ke se vre. Nan non Jezikri, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Ede nan fason Senyè a

antrèd

sèvis

otonomi

lanmou

konferans jeneral

Ede nan fason Senyè a

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan.

Prensip antrèd yo nan Legliz la se pa senpleman bon ide yo ye; yo se verite Bondye revele tou: se mwayen pa li pou ede moun ki nan bezwen yo.

Sa gen swasansenk an, yon titan apre Dezyèm Gè Mondyal la, mwen te fè benefisyè pèsonèlman de benediksyon pwogram antrèd Legliz la. Malgre m te yon jèn timoun, mwen toujou sonje dousè pèch nan bwat yo avèk ble kuit ak sant espesyal rad manm atansyon Legliz la nan Etazini yo te voye bay Sen Alman yo apre lagè a. M ap toujou cheri zak lanmou ak bonte sa yo a yo te ofri nou, noumenm ki te nan gwo bezwen yo.

Eksperyans pèsonèl sa a ak 75yèm anivèsè pwogram enspire antrèd la ban pote m reflechi ankò sou prensip debaz pou pran swen pòv yo ak nesesite yo, ak otonomi, ak sèvi pwochen yo.

Nan rasin lafwa nou

Pafwa nou konsidere antrèd la senpleman kòm yon lòt sijè nan levanjil la, youn nan pil branch nan pyebwa levanjil la. Men, mwen kwè ke nan plan Senyè a, angajman nou vizavi prensip antrèd sa a ta dwe rasin lafwa ak devouman nou pou Li.

Depi nan kòmansman tan yo, Papa nou ki nan Syèl la te pale avèk gran klate sou sijè sa a: soti nan ti siplikasyon tankou: “Si nou renmen m... nou dwe sonje pòv yo, pou nou konsakre nan pwopriyete nou yo pou sipòte yo”<sup>1</sup>, ale nan kòmandman dirèk: “Epi sonje pòv yo ak moun ki nan bezwen yo nan tout bagay, moun ki malad ak moun ki aflije, paske yon moun ki pa fè bagay sa yo moun sa a pa disip mwen”<sup>2</sup>, rive nan avètisman sevè sa a: “Si nenpòt moun pran nan abondans m te kreye a, epi l pa pataje pòsyon pa li a, dapre lalwa levanjil mwen an, bay pòv yo ak moun ki nan nesesite yo, li pral avèk mechan yo, leve je li nan lanfè, pandan li nan touman.”<sup>3</sup>

Tanporèl la ak espiryèl la lye ansanm

De gran kòmandman yo--- renmen Bondye epi renmen pwochen w--- se yon inyon tanporèl la ak espiryèl la. Li enpòtan pou nou note ke de kòmandman sa yo rele “gran” paske tout lòt kòmandman yo depann de yo.<sup>4</sup> Sa vle di, priyorite pèsònèl, famiyal nou, ak priyorite legliz yo dwe kòmanse avèk de kòmandman sa yo. Tout lòt objektif ak aksyon yo ta dwe soti nan de gran kòmandman sa yo---nan lanmou nou pou Bondye ak pou pwochen nou.

Tankou de fas yon pyès kòb, tanporèl la ak espiryèl la enseparab.

Sila ki te bay tout moun lavi a te pwoklame: “Tout bagay espiryèl pou mwen, epi nan okenn moman m pa janm ba nou okenn lalwa ki tanporèl.”<sup>5</sup> Sa vledi pou mwen ke “lavi espiryèl se premye bagay nan tout yon *lavi*. Se pa sèlman yon bagay nou dwe sèlman konnen ak etidye, se yon bagay nou dwe viv.”<sup>6</sup>

Malerezman, gen moun ki pase sou tanporèl la paske yo konsidere li mwen enpòtan. Yo cheri espiryèl la pandan ke y ap minimize tanporèl la. Byenke li enpòtan pou nou gen panse nou yo dirije vè syèl la, nou rate esans relijyon nou an si men nou pa dirije vè pwochen nou.

Paregzanp, Enok te bati yon sosyete Siyon gras ak pwosesis espiryèl pou kreye yon pèp ki gen yon sèl kè ak yon sèl espri a epi *gras ak* travay tanporèl pou asire ke “pat gen pòv pami yo”<sup>7</sup>a.

Kòm toujou, nou kapab pran egzanzp pafè nou an, Jezikri, kòm modèl. Jan Prezidan J. Reuben Clark Jr te ansenye: “Lè Sovè a te vini sou tè a li te genyen de gwo misyon; youn sete pou ranpli wòl Mesi a, Ekspyasyon an pou transgresyon an, ak akonplisman lalwa a; lòt la sete travay li te akonpli pami frè ak sè l yo nan lachè kote li te soulaje soufrans yo.”<sup>8</sup>

Nan menm fason an tou, pwogrè espiryèl nou enseparableman lye avèk sèvis tanporèl nou rann lòt moun yo.

Youn konplete lòt. Youn san lòt se yon kontradiksyon plan bonè Bondye a.

Fason Senyè a

Gen anpil bon moun ak bon òganizasyon nan mond lan k ap eseye reponn bezwen ijan pòv yo ak nesosite yo tout kote. Nou rekonesan pou sa, men fason Senyè a pou pran swen moun ki nan nesosite yo diferan ak fason mond lan. Senyè a di: “Li dwe fèt nan pwòp fason pa mwen.”<sup>9</sup> Li pa sèlman enterese nan bezwen imedyà nou, Li sousye pou pwogresyon etènèl nou tou. Se pou rezon sa a, fason Senyè a toujou enplike otonomi ak sèvi pwochen nou, anplis pran swen pòv yo.

An 1941, Rivyè Gila a te monte epi l te inonde vale Duncan, nan Arizona. Yon jèn prezidan pye ki te rele Spencer W. Kimball te reyini avèk konseye l yo, yo te evalye dega yo, epi yo te voye yon telegram Salt Lake City pou mande yon gwo sòm lajan.

Olyede voye lajan, Prezidan Hebert J. Grant te voye twa mesye: Henry D. Moyle, Marion G. Romney, ak Harold B. Lee. Yo te rankontre avèk Prezidan Kimball epi yo te ansenye l yon leson enpòtan; yo te di li: “Sa se pa yon pwogram “ban mwen”. Se yon pwogram “pran tèt nou anchaj.”

Plizyè ane apre, Prezidan Kimball te di: “Sa t ap yon bagay fasil, mwen panse, pou Frè yo te voye [lajan] an ba nou, e sa pa t ap twò difisil pou m te chita nan biwo mwen epi distribiye li; men, anpil anpil bon bagay te vin jwenn nou pandan ke nou te gen dè santèn [nan pami nou] ki te ale Duncan pou bati kloti ak transpòte pay ak mete sòl la anivo ak fè tout bagay ki te bezwen fèt yo. Se sa yo rele pran tèt nou anchaj.”<sup>10</sup>

Nan suiv fason Senyè a, manm pye Prezidan Kimball yo te non sèlman satisfè bezwen imedyat yo, men yo te devlope otonomi tou, ki te soulaje soufrans yo, epi yo te grandi nan lanmou ak inite pandan youn t ap sèvi lòt.

Nou tout anwole

Nan moman sa a menm gen anpil manm nan Legliz la k ap soufri. Yo grangou, yo nan difikilte finansye, epi y ap lite anba tout kalite detès fizik, emosyonèl ak esprityèl. Yo priye avèk tout enèji nanm yo, pou jwenn sekou ak èd.

Frè m yo, silvouplè, pa panse se responsablite yon lòt moun. Se responsablite pa m, se responsablite pa w. Nou tout anwole. “Nou tout” vle di *tout moun* ---chak detantè prètriz Aawon ak Melkizedèk, rich oubyen pòv, nan chak peyi. Nan plan Senyè a, gen yon bagay chak moun ka kontribiye.<sup>11</sup>

Leson nou aprann jenerasyon apre jenerasyon sèke rich yo ak pòv yo *tout* anba menm obligasyon sakre pou ede pwochen yo. Sa mande pou nou tout travay ansanm pou n gen siksè nan aplike prensip antrèd ak otonomi an.

Twò souvan nou remake bezwen alantou nou esperan ke yon lòt moun byen lwen ap majikman parèt pou vin reponn bezwen sa yo. Petèt n ap tann pou ekspè ki gen konesans espesyal vin rezoud pwoblèm patikilye yo. Lè nou fè sa, nou prive pwochen nou de sèvis nou ta ka rann ni, epi nou prive tèt pa nou de opòtinite pou sèvi tou. Pandan ke pa gen anyen ki mal nan jwenn ekspè a, an nou reyalis: p ap janm gen ase ekspè pou rezoud tout pwoblèm. Olyedesa, Senyè a mete pretriz Li a ak òganizasyon li alapòte nou, nan tout peyi kote Legliz la etabli. Epi, kòtakòt avèk li, Li mete Sosyete Sekou. Jan nou menm detantè prètriz yo konnen an, pa gen efò antrèd k ap gen siksè si l pa itilize don ak talan remakab sè nou yo.

Fason Senyè a se pa pou nou chita bò kote rivyè a epi rete tann dlo a pase pou nou ka travèse. Men, se pou nou reyini ansanm, twouse manch chemiz nou, al travay epi bati yon pon oubyen yon bato pou nou travèse dlo difikilte nou yo. Nou menm, gason Siyon yo, nou menm detantè prètriz yo, se nou menm ki ka bay egzanp lan e pote sekou bay Sen yo nan aplike prensip enspire pwogram antrèd la! Misyon nou se pou louvri je nou, itilize pretriz nou an epi al travay nan fason Senyè a.

Pi gran òganizasyon sou tè a

Pandan Gwo Depresyon an, Harold B. Lee, ki t ap sèvi kòm prezidan pye lè sa a, te mande Frè yo pou yo te chèche jwenn yon repons pou opresyon povrete, chagren, ak granjou ki t ap pwopaje nan tout mond lan lè sa a. Li te lite pou jwenn yon solisyon e li te pote sijè a devan Senyè a epi li te mande: “Ki kalite òganizasyon pou nou genyen ... pou nou ka fè sa?”

Epi “sete kòm si Senyè a te di [li]: “Gade, pitit gason mwen. Ou pa bezwen okenn lòt òganizasyon. Mwen ba ou pi gran òganizasyon ki egziste sou tout sifas tè a. Pa gen anyen ki pi gran pase òganizasyon prèttriz la. Tout sa ou bezwen fè, se mete prèttriz la nan travay. Se tou.”<sup>12</sup>

Sa a se pwèn derapman nan tan pa nou an tou. Nou deja gen òganizasyon Senyè a anplas. Sa nou rete pou fè se detèmine kijan n ap itilize li.

Sa nou bezwen fè pou kòmanse se familiarize nou avèk sa Senyè a deja revele yo. Nou pa dwe asime ke nou konnen. Nou bezwen abòde sijè a avèk imilite yon timoun piti. Chak jenerasyon dwe reaprann doktrin ki se konsène fason Senyè a pou pran swen nesosite yo. Jan anpil pwofèt te anseye nou pandan dèzane, prensip antrèd legliz la se pa sèlman bonjan ide; yo se verite Bondye revele---se fason pa li pou ede moun ki nan bezwen yo.

Frè m yo, etidiye prensip ak doktrin revele yo dabò. Li manyèl enstriksyon konsènan antrèd Legliz la;<sup>13</sup> pwofite de sit entènèt “providentliving.org” la, reli atik Lyawona mwa Jen 2011 la sou pwogram antrèd Legliz la. Chèche konnen fason Senyè a itilize pou pran swen Sen l yo. Aprann kijan prensip pou pran swen moun ki nan bezwen yo, sèvi pwochen nou, ak otonomi an youn antre nan lòt. Otonomi nan fason Senyè a enplike yon balans ant plizyè aspè lavi a, keseswa edikasyon, sante, travay, finans famiyal, ak fòs esprityèl. Pran ransèyman sou dènye pwogram antrèd legliz la.<sup>14</sup>

Yon fwa nou fin editye doktrin ak prensip ki nan pwogram antrèd Legliz la, chèche aplike sa nou aprann yo pou bezwen moun ki sou responsablite nou yo. Sa vle di, angwo, ke nou bezwen al chèche konnen poukont pa nou. Chak fanmi, chak kongregasyon, chak zòn nan mond lan diferan. Pa gen yon repons inivèsèl ki aplike pou tout moun nan antrèd Legliz la. Se yon pwogram pran tèt anchaj kote moun yo responsab pou otonomi yo. Resous nou yo gen ladan yo priyè pèsonèl, talan ak kapasite Bondye ba nou, èd ki disponib bò kote fanmi pwòch nou ak fanmi lwen nou, bò kote resous ki egziste nan kominote yo, epi natirèlman, soutyen byenveyan kolèj Prèttriz yo ak Sosyete Sekou. Sa ap kondi nou nan modèl enspire otonomi an.

Nou pral oblije prepare yon plan ki mache avèk doktrin Senyè a epi ki koresponn avèk patikilarite zòn jeyografik nou an. Pou n aplike prensip divan antrèd yo, nou pa bezwen toujou ap gade sou Salt Lake City. Olyedesa, nou bezwen chèche nan manyèl enstriksyon yo, nan kè nou, ak nan syèl la. Mete konfyans nou nan enspirasyon Senyè a epi suiv fason pa Li.

Finalman, nou bezwen fè nan zòn nou an, sa disip Kris yo konn fè nan chak dispansasyon: fè konsèy ansanm, itilize tout resous ki disponib, chèche enspirasyon Sentespri a, mande Senyè a konfimasyon Li, epi apresya twouse manch chemiz nou epi al travay.



Mwen fè nou yon pwomès: si nou swiv metòd sa a, n ap resevwa gidans pou konnen prezizeman kiyès, kisa, kilè ak ki kote poun nou ede nan fason Senyè a.

Benediksyon ki soti nan ede nan fason Senyè a

Pwomès pwofetik ak benediksyon antrèd Legliz la, ak ede nan fason Senyè a, se kèk nan benediksyon bèl ak pi siblim Senyè a pwomèt pitit Li yo. Li di: “Si nou manje ak moun ki grangou, si nou plen vant moun ki nan nesosite, limyè va klere pou nou nan mitan fènwa. Lannwit va fè klè pou nou tankou gwo midi; epi Senyè a va toujou gide nou.”<sup>15</sup>

Keseswa nou rich oubyen pòv, kèlkeswa kote nap viv, nou youn bezwen lòt, paske se nan sakrifye tan nou, talan nou ak resous nou ke lespri nou grandi epi vin pirifye.

Travay sa a pou nou ede nan fason Senyè a se pa senpleman yon lòt atik nan katalòg pwogram Legliz la. Nou pa ka neglije l ni mete l akote. Li se sant doktrin nou an; li se esans relijyon nou an. Frè m yo, se gwo privilèj espesyal nou, antanke detantè prèttriz, pou nou mete prèttriz la an aksyon. Nou pa dwe anpeche kè nou ni tèt nou vin pi otonòm, pi byen pran moun ki nan bezwen yo, ak rann sèvis konpatisan.

Tanporèl la avèk espiryèl la mache ansanm. Bondye ba nou eksperyans sa a nan motalite a ak difikilte tanporèl ki akonpaye l yo, kòm yon laboratwa kote nou kapab pwogrese vin tounen moun Papa nou ki nan Syèl la vle nou devni an. Se pou nou konprann gwo devwa ak benediksyon ki soti nan suiv ak ede nan fason Senyè a. Se priyè mwen nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 42:29--30.
2. Doktrin ak Alyans 52:40.
3. Doktrin ak Alyans 104:18.
4. Gade Matye 22:36--40.
5. Doktrin ak Alyans 29:34.
6. Thomas Merton, *Thoughts in Solitude* (1956), 46.
7. Gade Moyiz 7:18.
8. J. Reuben Clark Jr., in *Conference Report*, Apr. 1937, 22.
9. *Doctrine and Covenants* 104:16; see also verse 15.
10. Spencer W. Kimball, in *Conference Report*, Apr. 1974, 183, 184.
11. See *Mosiah* 4:26; 18:27.
12. Harold B. Lee, address delivered at a welfare agricultural meeting, Oct. 3, 1970, 20.
13. See *Handbook 1: Stake Presidents and Bishops* (2010), chapter 5, “Administering Church Welfare”; *Handbook 2: Administering the Church* (2010), chapter 6, “Welfare Principles and Leadership”; *Providing in the Lord’s Way: Summary of a Leader’s Guide to Welfare* (pamphlet, 2009).
14. Elder Glen L. Rudd’s book *Pure Religion: The Story of Church Welfare since 1930* (1995), ki disponib nan sant distribisyon Legliz yo, se yon bon zouti pou nou etidye doktrin ak istwa pwogram antrèd Senyè a.
15. *Isaiah* 58:10--11; gade vèsè 7--9 tou.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Preparasyon nan Prètriz la “Mwen bezwen èd nou”

prètriz

travay

sèvis

devwa

preparasyon

konferans jeneral

Preparasyon nan Prètriz la “Mwen bezwen èd nou”

Pa Prezidan Henry B.Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Pa enkyete nou paske nou manke eksperyans , men panse ak sa nou kapab devni, avèk èd Senyè a.

Chè frè m yo, se yon lajwa pou mwen pou m patisipe avèk nou nan reyinyon mondyal sa a, reyinyon Prètriz Bondye a. Aswè a m pral pale sou preparasyon nan prètriz la, pwòp preparasyon pa nou ak preparasyon n ap ede akonpli pou lòt moun.

Pifò nan nou dwe ap mande tèt nou pafwa: “Èske m prepare pou tach sa a nan Prètriz la?” M ap reponn nou: “Wi, nou prepare.” Objektif mwen jodia se pou ede nou pran konsyans preparasyon sa a ak jwenn kouraj nan li.

Jan nou konnen, Prètriz Aawon an deziyen kòm yon pretriz preparatwa. Gwo majorite detantè Prètriz Aawon yo se jèn dyak, enstriktè, ak prèt ant 12 ak 19 an laj.

Nou gen dwa panse ke preparasyon nan prètriz la ap fèt pandan ane n ap pase nan Prètriz Aawon an. Men Papa nou ki nan syèl la ap prepare nou depi epòk li te anseye nou chita sou janm ni nan wayòm ni an anvan nou te fèt. L ap prepare nou aswè a. E l ap kontinye prepare nou osi lontan nou vle kite l fè sa.

Objektif tout preparasyon prètriz yo, nan lavi premòtèl la ak nan lavi sa a, se pou ekipe, nou menm ak moun n ap sèvi pou li yo, pou lavi etènèl. Pami premye lesou nan lavi premòtèl la, siman te gen plan sali a, avèk Jezikri ak Ekspyasyon Li a nan sant li. Non sèlman yo te anseye nou plan an men, nou te patisipe nan konsèy kote nou te chwazi l la tou.

Palefèt ke yo te plase yon vwal oubli sou lespri nou nan nesans nou, nou te oblije jwenn yon fason pou reaprann nan lavi sa a, sa nou te konnen ak defann otrefwa a. Yon pati nan preparasyon nou nan lavi sa a sete jwenn verite presye sa a pou nou ka apresya reyngaje nan li pa alyans. Sa te mande lafwa, imilite, ak kouraj bò kote pa nou osibyen ke èd nan men moun ki te jwenn verite a e ki apresya te pataje l avèk nou yo.

Sete petèt paran, misyonè, oswa zanmi. Men èd sa a te fè pati preparasyon nou. Preparasyon nou nan Prètriz la toujou enkli lòt moun ki deja prepare pou ofri nou opòtinite pou aksepte levanjil la epi apresya chwazi pou respekte alyans pou ka fè levanjil la antre andedan fon kè nou. Pou nou kalifye pou lavi etènèl, fòk sèvis nou nan lavi sa a enkli travay avèk tout kè nou, tout pouvwa nou, ak tout panse nou epi eseye prepare lòt moun pou retounen al jwenn Bondye avèk nou.

Konsa yon pati nan preparasyon nan pretriz la nou pral genyen nan lavi sa a, se opòtinite pou sèvi ak anseye lòt moun yo. Sa ka vle di pou nou se enstriktè nan legliz la, papa saj ak eman, manm yon kowòm, ak misyonè pou Senyè Jezikri. Senyè a ap banou okazyon yo, men sa pral depann de nou pou prepare tèt nou ou non. Entansyon m aswè a, se pou montre nou kèk nan chwa desizif ki nesèsè pou nou reyisi preparasyon nou nan prètriz sa a.

Pou moun k ap bay fòmasyon an ak moun k ap fòme a fè bon chwa, sa depann sou kijan yo konprann fason Senyè a prepare sèvitè l yo nan Prètriz la.

Premyèman, li aple moun, jèn ak granmoun, ki, nan je mond lan, e menm nan pwòp je pa yo, ka parèt fèb ak senp. Senyè a kapab chanje feblès aparan sa yo fè yo vin tounen pwen fò. Sa ap chanje fason dirijan saj la chwazi kimoun pou l fòme ak kijan pou l fè fòmasyon an. Epi sa ka chanje fason detantè prètriz la reyaji devan okazyon pou pwogrese yo ofri l yo.

An konsidere kèk egzanp. Mwen te yon prèt san eksperyans, nan yon gwo pawas. Yon Dimanch aprèmidi, evèk mwen te rele m nan telefòn. Lè m te reponn, li te di: “Èske w gen tan pou sòti avèk mwen? Mwen bezwen èd ou?” Li te sèlman eksplike ke l te bezwen m akonpaye li pou al vizite yon madanm mwen pa t konnen, ki pa t gen manje e ki te bezwen aprann kijan pou l pi byen jere lajan li.

Mwen te konnen li te gen de konseye plen eksperyans nan episkopa l la. Sete de gason plen matirite ak gwo eksperyans. Youn nan konseye yo sete pwopriyetè yon gwo antrepriz, ki nan apre te vin yon prezidan ak yon Otorite Jeneral. Lòt konseye a sete yon gwo jij nan vil la.

Mwen te fèk aple kòm premye asistan evèk la nan kowòm prèt yo. Li te konnen ke m pa konprann anpil bagay sou prensip antrèd la. Mwen te konnen mwens toujou sou jestyon finans. Mwen po t ko menm ekri yon chèk, mwen pa t gen kont labank;

mwen pa t janm wè yon bidjè pèsonèl. Men, malgre mank eksperyans mwen, mwen te santi li te trè serye lè l te di: “Mwen bezwen èd ou” a.

Mwen te vin konprann sa evèk enspire sa a te gen nan tèt li. Li te wè nan mwen yon bèl opòtinite pou prepare yon detantè prèttriz. Mwen sèten ke li pa t wè nan tigason san eksperyans sa a, yon fiti manm Episkopa Prezidan an. Men jou sa a, e tout lòt jou m te pase avèk li pandan dèzane yo, li te trete m kòm yon pwojè preparasyon ki te pwomèt.

Se kòm si l te renmen sa, men sete travay sa te ye pou li. Lè nou te retounen lakay mwen apre nou te fin vizite vèv la ki te nan bezwen an, li te kanpe machin nan. Li te louvri liv ekriti ize anpil li a, ki te plen ekriti souliyen. Epi, li te korije m avèk byenveyans. Li te di m ke m te bezwen etidye ekriti yo ak aprann plis. Men siman l te wè ke m te enb ak senp ase pou moun ka anseye mwen. Rive jis jodia, mwen toujou sonje sa l te anseye m jou aprèmidi sa a. Men pi plis toujou, mwen raple m kijan li te konfyan k m te ka aprann ak amelyore---e m t ap vin amelyore.

Odela reyalyite moun mwen te ye a, li te wè posiblite ki te chita andedan yon moun ki santi l fèb ak senp ase pou l vle èd Senyè a ak kwè ke l ap resevwa li.

Evèk yo, prezidan misyon yo, ak papa yo kapab chwazi pou aji sou posiblite sa yo. Mwen te wè sa resamman pandan yon prezidan kowòm dyak te rann temwayaj li. Li ta pral vin enstriktè e l ta pral kite manm kowòm li yo.

Li te temwaye, avèk gwo emosyon nan vwa li, ke bonte ak pouvwa manm kowòm li yo te grandi. Mwen pa t janm wè yon moun fè elòj yon òganizasyon osi bèl pase jan l te fè a. Li te felisite yo pou sèvis yo. Epi li te di ke l te konnen li te kapab ede nouvo dyak lè yo te santi yo depase, paske li te santi depase tou lè l te vin nan prèttriz la.

Santiman feblès li yo te fè l vin pi pasyan, pi konpreyansif, epi konsa, pi byen kapab fòtifye ak sèvi lòt moun. Nan dezan l te pase nan Prèttriz Aawon an, se

kòm si li te vin akeri sajès ak eksperyans. Li te aprann ke sete souvni klè ak vivan pwòp bezwen pa l yo sa te gen dezan an ki te ede li kòm prezidan yon kowòm. Difikilte li demen kòm fiti dirijan, menmjan ak pa nou, se pral lè kite letan ak sikse efase kalite souvni sa yo.

Pòl dwe te wè danje sa a lakay Timote ki te jèn konpayon li nan Prètriz la. Li te enkouraje li epi ba l enstriksyon nan preparasyon li nan Prètriz li ak sou fason pou l te ede Senyè a prepare lòt moun.

Koute sa Pòl te di Timote, jèn konpayon li:

“Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jèn. Men, se pou ou tounen yon egzant pou moun ki kwè yo, nan pawòl, nan konvèsasyon, nan charite, nan lespri, nan lafwa, nan pite.

“Jiskaske m vini, aplike ou nan lekti, nan egzòtasyon, nan doktrin nan.

“Pa neglije don ki andedan w lan, ke w te resevwa pa pwofesi, avèk enpozisyon men an ...

“Veye sou tèt ou, ak sou doktrin nan;<sup>1</sup> kontinye nan yo: paske w ap sove tèt ou, ansanm ak tout moun k ap koute w yo.”<sup>2</sup>

Pòl te bay konsèy sa a pou nou tout. Pa enkyete nou pou mank eksperyans nou, men panse ak sa nou ka devni, avèk èd Senyè a.

Ansèyman Pòl la egzòte nou pou nou aplike nan preparasyon nou nan prètriz la se pawòl Kris la; li egzòte nou pou kalifye nou pou n resevwa Sentespri a. Apresa nou kapab konnen sa Senyè a vle nou fè nan sèvis nou epi resevwa kouraj pou nou fè li, kèlkeswa difikilte n ap rankontre demen.

Y ap prepare nou pou sèvis nan prèttriz ki pral vin pi difisil avèk letan. Pa egzanp, mis nou ak sèvo nou vyeyi menmjan avèk nou. Kapasite nou pou aprann ak sonje sa nou li yo pral diminye. Rann sèvis prèttriz Senyè a mande nou an pral mande plis an plis disiplin tèt nou chak jou nan lavi nou. Nou kapab prepare pou eprèv sa a nan edifye lafwa nou atravè sèvis kontinyèl.

Senyè a ba nou posiblite pou prepare nou nan yon bagay li rele “sèman ak alyans prèttriz [la].”<sup>3</sup>

Se yon alyans nou fè avèk Bondye pou respekte tout kòmandman L yo ak pou rann sèvis jan li t ap fè si li ta la pèsònèlman. Viv alawotè prensip sa a ap banou fòs espartyèl nou pral bezwen pou pèsevere jiskalafen an.

Gwo dirijan nan prèttriz la te montre m kijan pou m te bati fòs sa a. Se pran abitud pou pèsevere malgre fatig ak laperèz ki fè nou anvizaje pou abandone a. Gwo gid espartyèl Senyè a te montre m ke andirans espartyèl soti nan travay depase pwen kote lòt moun t ap deja abandone a.

Gwo dirijan nan prèttriz la ki bati fòs espartyèl sa a nan jenès yo toujou kontinye posede lè fòs fizik yo febli.

Ti frè m nan te nan yon vwayaj biznis nan yon vil nan Utah. Li te resevwa apèl telefòn Prezidan Spencer W. Kimball nan otèl la kote l te ye a. Sete byen ta nan aswè, apre sa ki te yon jounen travay difisil pou frè m nan, e siman pou Prezidan Kimball tou, ki te kòmanse konvèsasyon an konsa. Li te di: “Mwen tande ou nan vil la. Mwen konnen li ta e siman ou nan kabann ... men, èske w ka ede mwen? Mwen bezwen w akonpaye m pou m al nan tout vil la pou gade kondisyon chapèl nou yo.” Frè m nan te akonpaye li jou swa sa a, san l pa t konn anyen sou antretyen chapèl ni okenn bagay sou yo, san l pa t konnen poukisa Prezidan Kimball te vle fè yon bagay konsa apre long jounen li ni poukisa li te bezwen èd.

Dèzane apre, mwen te resevwa yon apèl konsa byen ta yon jou swa nan yon otèl nan Japon. Lè sa a m sete nouvo Repezantan Edikasyon pou Legliz la. Mwen te konnen Prezidan Gordon B. Hinckley te vini Japon pou yon tach epi li te desann nan menm otèl avèk mwen. Mwen te reponn telefòn nan ki te sonnen apèn mwen te fèk kouche sou kabann mwen pou m al dòmi, fatigue paske m te fè tout sa m te panse m te gen fòs pou m te fè.

Prezidan Hinckley te mande nan yon vwa plezan: “Poukisa w ap dòmi alòske m ap li yon maniskri yo mande m pou m repase?” Konsa, mwen te leve e m t al travay, byenke m te konnen Prezidan Hinckley te pi byen kalifye pase m pou repase maniskri a. Men, li te fè m santi ke li te bezwen èd mwen.

Nan fen prèske chak reyinyon, Prezidan Thomas S. Monson, toujou mande sekretè Premye Prezidans lan: “Èske ajou avèk travay mwen?” Epi li toujou souri lè repons lan vini: “O, wi, Prezidan, ou ajou.” Souri satisfè Prezidan Monson nan voye yon mesaj ban mwen. Li fè m panse: “Èske gen yon bagay anplis mwen ta ka fè nan tach mwen?” Epi apresya mwen retounen nan biwo m al travay.

Gwo enstriktè montre m kijan pou m prepare pou respekte sèman ak alyans la lè tan ak laj ap vin rann sa difisil. Yo montre w e yo anseye m kijan pou m disipline tèt mwen pou travay pi di pase m te panse m ta ka kapab pandan ke m ankò gen sante ak fòs la.

Mwen pa ka yon sèvitè pafè chak èdtan, men mwen ka eseye fè plis efò ke m panse m kapab fè. Gras avèk abitud sa a ki fòme byen bonè a, m ap prepare pou eprèv k ap vin apre yo. Ou menm avèk mwen kapab prepare nou pou n gen fòs pou respekte sèman ak alyans lan nan mitan eprèv ki p ap manke vini yo nan fen lavi a.

Mwen te wè sa nan yon reyinyon Komite Edikatif Legliz la. Prezidan Spencer W. Kimball lè sa a, te fin bay dèzane sèvis pandan ke l te pase anba yon seri pwoblèm sante ke sèl Jòb ta ka konprann. Li t ap prezide reyinyon an jou maten sa a.



Toudenkou, li te sispann pale. Li te afese nan chèz la. Je l te fèmen. Tèt li te tonbe sou pwatrin ni. Mwen te chita bò kote li. Èldè Holland te chita apre nou. Nou toulède te leve pou ede li. Nan mank eksperyans nou nan ka ijans, nou te deside pote li, toujou chita sou chèz la, nan biwo li ki te tou pre.

Nan moman gwo detrès sa a, li te anseye nou yon leson. Avèk youn nan nou ap leve chak bò chèz la, nou te soti nan sal reyinyon an mache nan koulwa a bilding administrasyon Legliz la. Li te louvri je l amwatye, toujou etoudi, epi l te di: “Silvouplè, fè atansyon. Pa blese do nou.” Lè nou te prèske rive nan pòt biwo l la, li te di: “Mwen santi m jennen paske mern entèwonp reyinyon an.” Kèk minit apre nou te rive nan biwo l la, san nou potko menm konnen ki pwoblèm li te genyen, li te gade nou epi l te di: “Èske nou pa panse nou bezwen retounen nan reyinyon an?”

Nou te kouri retounen, konesan ke Senyè a te bezwen nou te la. Depi nan anfans li, Prezidan Kimball, te konn pouse tèt li odela limit andirans li pou sèvi ak renmen Senyè a. Sete yon abitud ki te si entegre nan li ke li te la lè l te bezwen l. Li te prepare. Epi konsa li te kapab anseye ak montre nou kijan pou nou prepare pou respekte sèman ak alyans la, nan yon preparasyon konstan pandan tout ane yo, kote n ap fè apèl ak tout fòs nou nan tach ki ka parèt ti tach piti avèk ti konsekans.

Priyè mwen se pou nou ka kenbe alyans prèttriz nou yo pou n ka kalifye, nou menm ak moun tout moun nou aple pou fòme yo, pou lavi etènèl. Mwen pwomèt nou ke si nou fè tout sa nou kapab, Bondye ap ogmante fòs nou ak sajès nou. L ap ba nou matirite. Mwen pwomèt nou ke moun nou fòme yo epi rete egzanp pou yo yo, ap fè louwanj pou non nou jan m fè jodia pou gwo enstriktè sa yo ke m te konnen yo.

Mwen temwaye ke Bondye Papa a vivan e li renmen nou. Li konnen nou. Li menm ak Pitit Gason resisite ak glorifye l la, Jezikri, te parèt devan yon tigason san eksperyans, Joseph Smith. Yo te konfyè li Retablisman plenitud levanjil la. Yo te ankouraje li lè l te bezwen sa. Yo te fè l santi reprimand plen lanmou lè l ap bese li

pou ka elve li. Yo te prepare li, e y ap prepare nou pou nou ka gen fòs pou kontinye travay pou laglwa selès la, ki se bi ak rezondèt tout sèvis nan prèttriz la.

M ap kite nou avèk benediksyon mwen pou nou kapab rekonèt opòtinite mayifik Bondye ba nou yo lè rele nou ak prepare nou nan sèvis li ak sèvis lòt moun yo. Nan non dirijan ak enstriktè eman nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade 2 Nefi 32:3–6.
2. 1 Timote 4:12–14, 16.
3. Doktrin ak Alyans 84:39.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Pa pè kanpe poukont nou

prèttriz

diyite

temwayaj

konferans jeneral

Pa pè kanpe poukont nou

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Se pou nou toujou gen kouraj e prepare pou defann sa nou kwè.

Chè frè byeneme m yo, se yon gwo privilèj pou mwen pou m avèk nou aswè a. Nou menm ki detni Prèttriz Bondye a, nou fòme yon gwo inite ak fratènite.

Nou li nan Doktrin ak Alyans, seksyon 121, vèsè 36, “Dwa prèttriz yo makònen seresere avèk pouvwa syèl la.” Ala yon kado mèveye nou resevwa a, pou n detni prèttriz la, ki “makònen seresere avèk pouvwa syèl la”! Sepandan, kado presye sa a pote avèk li non sèlman benediksyon espesyal men gwo responsablite tou. Nou dwe kondui lavi nou yon fason pou nou toujou rete diy de Prèttriz la nou detni an. N ap viv nan yon epòk kote nou antoure avèk anpil bagay ki destine pou pouse nou suiv chemen ki ka mennen nou nan destriksyon. Pou n evite chemen sa yo, sa mande pou nou gen detèminasyon ak kouraj.

Mwen raple m yon epòk, e siman kèk nan nou ki la a aswè a ap sonje sa tou, kote prensip pifò moun te trè sanble avèk prensip pa nou yo. Sa pa egziste ankò. Mwen fèk sot li yon atik nan *New York Times* sou yon etid yo te fè pandan ete 2008 la. Yon gwo sosyològ nan inivèsite Notre Dame te dirije yon ekip rechèch, pou te fè yon entèvyou apwofondi avèk 230 jèn adilt nan tout Etazini. Mwen kwè nou ka asime san pwoblèm ke rezilta yo se t ap menm nan pifò pati nan mond lan.

M ap pataje yon ekstrè nan atik revelatè sa aavèk nou:

“Anketè yo te poze kesyon ouvè sou byen ak mal, sou pwoblèm moral, ak sou sans lavi a. Nan repons san sans, nou wè ap tatonnen pou di yon bagay sanse sou sijè sa yo. Men yo te tou senpleman pa t gen kategori ni vokabilè pou yo te fè sa.

“Lè yo te mande yo pou dekri yon pwoblèm moral yo te rankontre, de tyè nan jèn yo oubyen pa t ka reponn kesyon an oubyen te dekri pwoblèm ki pa t nan kategori moral ditou, tankou, yo pa t gen mwayen pou lwe yon apatman, oubyen yo t ap gen ase kòb pou peye pou pake machin yo.”

Atik la kontinye:

“Pozisyon eskiz la, ke pifò nan yo te retounen e retounen ankò sou li, sèke chwa moral se jis yon zafè gou pèsònèl. Yo te tipikman di “Sa pèsònèl. Sa depann de moun nan. Kiyès mwen ye pou m jije?”

“Pandan yo te rejte obeyisans yo dwe genyen pou otorite, anpil nan jèn te ale nan ekstrèm nan, [yo te di]: ‘Mwen t ap fè sa m ta panse ki t ap rann mwen kontan, oubyen daprè sa m t ap santi. Mwen pa gen okenn lòt fason pou konnen kisa pou m fè, sof jan m santi m alenterè.’”

Anketè yo te souliyen ke majorite jèn yo te entèvyouve yo “pa t resevwa, nan lekòl yo, enstitisyon yo, oswa fanmi yo, mwayen nesèsè pou devlope sans moral yo.”<sup>1</sup>

Frè m yo, okenn moun ki ap tande vwa m yo la a pa dwe gen okenn dout konsènan sa ki moral ak sa ki pa moral, ni pa dwe gen okenn dout sou sa yo atann nan men nou antanke detantè Prètriz Bondye a. Yo te anseye nou e yo kontinye ap anseye nou lwa Bondye yo. Kèlkeswa sa nou ka wè ak tande toupatou, lwa sa yo enchanjab.

Pandan ke n ap mennen lavi nou jou apre jou, li prèske inevitab pou lafwa nou mete aleprèv. Pafwa nou kapab twouve nou antoure avèk moun e poutan nou kanpe an minorite oubyen menm kanpe poukont nou konsènan sa ki akseptab ak sa k pa akseptab. Èske nou gen kouraj moral pou kanpe fèm pou kwayans nou, menm si lè nou fè sa, nou kanpe poukont nou? Antanke detantè Prètriz Bondye, li esansyèl pou nou kapab afwonte, avèk kouraj, tout difikilte ki parèt devan nou. Sonje pawòl Tennyson yo: “Fòs mwen se tankou fòs dis moun, paske kè m pi.”<sup>2</sup>

Plis anplis, kèk selebrite ak lòt moun ki, pou yon rezon kèlkonk, se moun ki koni pou piblik la, gen tandans pou ridikilize relijyon an jeneral, e pafwa, Legliz la an patikilye. Si temwayaj nou pa anrasine byen fèm andedan nou, kritik sa yo ka lakoz nou doute pwòp kwayans nou oswa febli nan rezolisyon nou yo.

Nan vizyon Leyi a sou pyebwa lavi a, nou jwenn nan 1 Nefi 8 la, Leyi wè, pami lòt bagay, moun ki te kenbe ba fè a jiskaske yo te rive e manje fwi pyebwa lavi a, ke nou konnen ki reprezante lanmou Bondye. Epi, malerezman, lè yo te fin manje fwi a, genyen ki te wont akoz moun nan “gwo kay byenlaj” la, ki reprezante lògèy pitit lèzòm, ki t ap lonje dwèt sou yo ak pase yo nan betiz; epi yo te tonbe nan chemen entèdi e yo te pèdi.<sup>3</sup> Ala yon zouti puisan pou advèsè a pase nan betiz ak mokri ye! M ap mande nou ankò, frè m yo, èske nou gen kouraj pou n kanpe poukont nou e fèm anfas kalite opozisyon difisil sa yo?

Mwen kwè premye eksperyans mwen nan zafè gen kouraj pou konviksyon mwen te fèt lè m t ap sèvi nan Lame Marin Etazini an nan fen Dezyèm Gè Mondyal la.

Kan antrenman Lame Marin nan se pa t yon eksperyans fasil pou mwen, ni pou okenn moun ki te andire li. Pandan twa premye semèn yo, mwen te konvenki ke lavi m te andanje. Marin nan pa t ap eseye antrene mwen; li t ap eseye touye mwen.

M ap toujou sonje lè Dimanch te rive apre premye semèn nan. Nou te resevwa bèl nouvèl nan men ofisyè anchèf la. Pandan nou te kanpe nan pozisyon militè sou yon teren antrenman, anba yon van frèt nan Kalifòni, nou te tande lòd li a: “Jodia se pou tout moun al legliz, tout moun, sof mwen menm. Mwen pral rilaks!” Epi apres a li te di byen fò: “Tout Katolik yo, n ap reyini nan Kan Decatur, e pa retounen anvan twazè. Ann avan, mach!” Yon gwo gwoup moun te ale. Apre sa li te di: “Moun ki Jwif yo, n ap reyini nan Kan Henry, e pa retounen anvan twazè. Ann avan, mach!” Yon lòt gwoup pi piti te soti. Epi apres a li te di: “Nou menm Pwotestan yo, n ap reyini nan teyat nan Kan Farragut, e pa retounen anvan twazè. Ann avan, mach!”

Imedyatman, yon bagay te pase nan lespri mwen: “Monson, ou pa Katolik; ou pa Jwif; ou pa Pwotestan. Ou se Mòmmon, konsa, kanpe la!” Mwen ka asire nou ke m te santi m totalman poukont mwen. Plen kouraj e detèmine, wi, men poukont mwen.

Epi lè sa a, m te tande bèl ti pawòl sa yo ke m te janm tande yon ofisyè anchèf pwononse. Li te gade nan direksyon mwen epi l te mande: “E nou menm, timesye, kijan nou rele tèt nou?” Jiska moman sa a, mwen pa t reyalize ke te gen moun ki te kanpe deyè mwen sou teren antrenman an. Prèske ansanm, nou tout te reponn “Mòmmon!” Li difisil pou m dekri lajwa ki te ranpli kè m lè m te vire gade epi wè yon gwoup lòt maren.

Ofisyè anchèf la te grate tèt li, ap reflechi, men finalman li te di: “Bon, al chèche yon kote pou nou reyini. E pa retounen anvan twazè. Ann avan, mach!”

Pandan nou t ap mache ale, mwen te panse ak pawòl yon pwezi mwen te aprann nan Primè sa te gen lontan:

*Gen kouraj pou w se yon Mòmon;*  
*Gen kouraj kanpe poukont ou*  
*Gen kouraj nan yon objektif fèm*  
*Gen kouraj fè yo konnen li.*

Byenke bagay yo te finalman pase diferan ak sa m te atann nan, mwen te dispoze pou kanpe poukont mwen, si sa te nesèsè.

Depi jou sa a, te gen plizyè okazyon kote pafwa m pa t gen okenn moun kanpe dèyè mwen e m te oblije *vrèman* kanpe poukont mwen. Ala mwen rekonesan dèske m te pran desizyon, depi lontan, pou rete fèm ak fidèl, toujou prepare ak pare pou defann relijyon mwen, si sa ta nesèsè.

Frè m yo, si, nan nenpòt moman, nou ta santi nou pa alawotè tach k ap tann nou yo, kite m pataje avèk nou yon deklarasyon ki te fèt an 1987 pa Prezidan Legliz la alepòk, Ezra Taft Benson, pandan l t ap adrese l ak yon gwo asanble manm nan Kalifòni. Li te di:

“Nan tout epòk, pwofèt yo toujou wè epòk nou an atravè koridò tan yo. Dè milyon moun desede ak moun ki poko fèt gen je yo sou nou. Pa twonpe nou, nou se yon jenerasyon chwazi....

Pandan prèske sis mil ane, Bondye te kenbe nou anrezèv pou fè aparisyon nou nan dènye jou anvan dezyèm vini Senyè a. Gen moun ki ap tonbe; men wayòm Bondye a ap rete entak pou akeyi retou chèf li, ki se Jezikri.

Byenke mechanste jenerasyon sa a ap konparab avèk mechanste nan epòk Nowe a, kote Senyè a te pirifye tè a pa inondayson an, gen yon gwo diferans fwa sa a: [ki se] Bondye te rezève pou dènye tou a kèk nan pitit li ki pi solid li yo, ki pral ede asire ke wayòm ni an triyonfe.”<sup>4</sup>

Wi, frè m yo, nou reprezante kèk nan pitit pi solid Li yo. Responsablite nou se pou nou rete diy pou tout benediksyon gloriye Papa nou ki nan Syèl la sere pou nou yo. Kèlkeswa kote nou ale, prètriz nou an akonpaye nou. Èske nou kanpe nan kote ki sen? Tanpri, anvan nou mete tèt nou ak prètriz nou an andanje, nan avantire nou nan kote oswa patisipe nan aktivite ki pa diy de nou menm ak prètriz sa a, fè yon ti kanpe pou nou reflechi sou konsekans yo. Nou chak te resevwa Prètriz Aawon an. Nan okazyon sa a, nou chak te resevwa pouvwa ki gen kle ministè zanj yo. Prezidan Gordon B. Hinckley te di:

“Nou pa ka pèmèt nou fè anyan ki ap mete yon rido ant nou menm ak ministè zanj yo an favè nou.

“Nou pa ka imoral nan okenn sans. Nou pa ka malonèt. Nou pa ka triche ni bay manti. Nou pa ka pran non Bondye anven ni itilize langaj sal epi toujou gen dwa pou ministè zanj yo.”<sup>5</sup>

Si nenpòt nan non te bite sou chemen an, m ap mande nou pou n konprann san okenn dout ke gen yon mwayen pou retounen. Pwosesis la rele repantans. Sovè nou an te bay lavi li pou bay ou menm avèk mwen kado beni sa a. Malgre lefèt ke chemen repantans la pa fasil, pwomès yo reyèl. Yo di nou: “Menmsi peche nou yo wouj tankou san y ap vin blan tankou lanèj.”<sup>6</sup> Epi mwen pap sonje [yo] ankò.”<sup>7</sup> Ala yon deklarasyon! Ala yon benediksyon! Ala yon pwomès!

Petèt ka gen nan pami nou la a ki ap panse nan tèt nou: “Bon, mwen pap viv tout kòmandman yo e m pa fè tout sa m ta dwe fè, men lavi m ap dewoule anfòm. M panse m ka pran gato pa m e manje l tou.” Frè m yo, mwen pwomèt nou ke sa pa travay nan fason sa a.

Sa gen kèk mwa, mwen te resevwa yon lèt nan men yon mesye ki yon lè te panse li ta ka mache sou toulède chemen yo. Li repanti kounyeya e li mete lavi l annakò avèk prensip levanjil yo ak kòmandman yo. Mwen vle pataje avèk nou yon paragraph nan lèt li a, paske li ilistre reyalyte move rezonman: “Mwen te oblije aprann pou tèt mwen (nan fason k pi di a) ke Sovè a te absoliman gen rezon lè l te di: ‘Okenn moun pa ka sèvi de mèt; paske oubyen l ap rayi youn, epi renmen lòt la; oubyen l ap byen ak youn, e meprize lòt la. Nou pa ka sèvi Bondye ak mammon.’”<sup>8</sup> Mwen te eseye, avèk tout fòs mwen, pou m te fè toulède. Alafen, mwen te gen tout vid, fènwa, ak solitud ke Satan bay moun ki kwè nan manti, ilizyon ak fo bagay li yo.”

Pou nou ka rete solid e kanpe fèm devan tout fòs k ap rale nou al nan move direksyon yo oubyen tout vwa k ap ankouraje nou pou n pran move chemen yo, nou dwe gen pwòp temwayaj nou. Kesewa nou gen 12 oubyen 112 zan, oubyen ant de sa yo, nou ka konnen pou tèt pa nou ke levanjil Jezikri a vrè. Li Liv Mòmòn an. Metide sou ansèyman l yo. Mande Papa nou ki nan syèl la si se verite. Nou gen pwomès ke “si nou mande avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl, si nou gen lafwa nan Kris la, l ap montre nou se verite, avèk pouvwa Sentespri a.”<sup>9</sup>

Lè nou konnen Liv Mòmòn an vrè, n ap konnen ke Joseph Smith, anfèt, sete yon pwofèt epi l te wè Bondye Papa Etènèl la ak Pitit Gason li a, Jezikri. Na vin konnen tou ke levanjil la te retabli nan dènye jou sa yo pa lentèmedyè Joseph Smith, enkli retablisman Prètriz Aawon an ak Prètriz Mèlkisedèk la.

Yon fwa nou gen yon temwayaj, nou gen tach pou nou pataje temwayaj sa a avèk lòt moun. Anpil nan nou menm, frè yo, te sèvi kòm misyonè toupatou nan mond lan. Anpil nan nou, jènjan yo, pral sèvi. Prepare tèt nou kounyeya pou okazyon sa a. Asire nou ke nou rete diy pou sèvi.

Si nou prepare pou pataje levanjil la, n ap pare pou reponn ak konsèy Apot Pyè a, ki mande nou: “Se pou nou toujou pare pou bay yon repons chak fwa yon moun poze nou kezon sou rezon k fè nou gen espwa nan kè nou an.”<sup>10</sup>

Nou pral gen opòtinite pandan tout lavi nou pou pataje kwayans nou, menmsi nou pa toujou konnen kilè nou pral aple pou fè sa. Mwen te jwenn yon opòtinite konsa an 1957 lè m t ap travay nan piblikasyon e yo te mande m pou m te ale Dallas nan Texas, ke yo rele pafwa “vil legliz yo” pou m t al pale nan yon konferans biznis. Nan fen konferans lan, mwen te pran yon bis ki t ap fè tou lavil la. Pandan nou t ap pase devan plizyè legliz, chofè a t ap fè kòmantè: “Agoch, nou wè legliz Metodis la” oubyen “La sou dwat la, se katedral Katolik la.”

Pandan l t ap pase bò yon bèl bilding an brik wouj sitiye sou yon kolin, chofè a te deklare, “Bilding sa a se kote Mòmmon yo reyini.” Yon madanm ki te chita dèyè nan bis la te mande: “Chofè, èske w ka pale nou de Mòmmon yo?”

Chofè a te kanpe bis la bò wout la, li te vire sou chèz la epi l te reponn: “Madanm, tout sa m konnen sèke Mòmmon yo reyini nan bilding brik wouj sa a. Èske gen yon moun nan bis la ki konn yon bagay anplis sou Mòmmon yo?”

Mwen te tann pou wè si yon moun t ap reponn. Mwen te gade ekspresyon figi chak moun, pou chèche rekonèt si te gen yon moun ki te vle fè kòmantè. Anyen. Mwen te reyalize ke sete mwen menm, jan Apot Pyè sigjere a, ki te pou “pare pou bay yon repons chak fwa yon moun poze nou kezon sou rezon k fè nou gen espwa nan kè nou an.” Mwen te reyalize verite pwovèb sa a tou: “Lè moman desizyon an rive, tan pou preparasyon an pase.”

Pandan 15 minit apre yo, mwen te gen privilèj pou pataje avèk moun yo nan bis la temwayaj mwen konsènan Legliz la ak kwayans nou. Mwen te rekonesan pou temwayaj mwen e m te rekonesan dèske m te prepare pou pataje li.

Avèk tout kè m ak tout nanm mwen, mwen priye pou chak moun ki detni Prètriz la, onore Prètriz sa a e rete vrè nan konfyans yo fè nou lè yo banou l la. Se pou chak moun ki detni Prètriz Bondye a konn kisa li kwè. Se pou nou toujou kouraje e prepare pou kanpe pou sa nou kwè, e si nou dwe kanpe poukont nou nan pwosesis la, se pou nou fè sa



kourajezman, fôtifye pa konesans ke, anreyalite, nou pa janm poukont nou lè nou kanpe avèk Papa nou ki nan Syèl la.

Pandan n ap medite sou gwo kado sa a yo ba nou an,--- “dwa Prètriz yo makonen seresere avèk pouvwa syèl la”---se pou nou pran detèminasyon pou nou pwoteje li ak defann ni, e rete diy pou gwo pwomès ki gen ladan yo. Se pou nou suiv enstriksyon Sovè a ba nou nan 3 Nefi a: “Leve limyè nou an anlè pou l kapab klere mond lan. Gade m se limyè nou dwe leve anlè a, bagay nou te wè m fè yo.”<sup>11</sup>

Se pou nou toujou suiv limyè sa a e kenbe li anlè pou tout mond lan ka wè li. Se priyè mwen ak benediksyon mwen kite pou tout moun k ap tande vwa m yo, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. David Brooks, “If It Feels Right . . . ,” *New York Times*, Sept. 12, 2011, nytimes.com.
2. Alfred, Lord Tennyson, “Sir Galahad,” nan *Poems of the English Race*, sel.Raymond Macdonald Alden (1921), 296.
3. Gade 1 Nefi 8:26--28.
4. Ezra Taft Benson, “In His Steps” (Church Educational System fireside, Feb. 8, 1987); gade tou “In His Steps,” nan *1979 Devotional Speeches of the Year: BYU Devotional and Fireside Address* (1980), 59.
5. Gordon B. Hinckley, “Personal Worthiness to Exercise the Priesthood,” *Liahona*, July 2002, 59.
6. Ezayi 1:18.
7. Jeremia 31:34.
8. Matye 6:24.
9. Mowoni 10:4.
10. 1 Pyè 3:15.
11. 3 Nefi 18:24.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Yon temwen

Liv Mòmmon

charite

konsekrasyon

konvèsyon

andirans

sèvis

temwayaj

konferans jeneral

Yon temwen

Pa Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

Liv Mòmmon an se pi bon gid pou evalye tèt nou pou konnen si n ap fè byen ak kijan pou nou fè pi byen.

Mwen rekonesan pou okazyon sa a mwen genyen pou pale avèk nou jodia nan jou Saba sa a nan konferans jeneral Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Chak manm Legliz la gen menm responsablite sakre a. Nou te aksepte li e nou te pwomèt pou nou ranpli li lè nou te batize. Nan pawòl Alma, gwo pwofèt Liv Mòmmon an, nou aprann sa nou te pwomèt Bondye nou t ap fè: “Nou vle kriye ak moun k ap kriye yo; wi, konsole moun ki bezwen konsolasyon, e pou nou sèvi kòm temwen Bondye tout tan, nan tout bagay, e tout kote nou ta kapab ye, menm jistan lè nou mouri, pou Bondye kapab rachte nou, e pou nou kapab nan pami moun premye rezirèksyon yo, pou nou kapab gen lavi etènèl.”<sup>1</sup>

Sa se yon gwo responsablite ak yon pwomès gloriye Bondye ba nou. Mesaj mwen jodia se yon mesaj ankourajman. Menmjan Liv Mòmmon an fè responsablite a klè pou nou an, li dirije nou sou wout ki mennen nan lavi etènèl la tou.

Premyèman, nou te pwomèt pou nou vin charitab. Dezyèmman, nou te pwomèt pou nou vin temwen Bondye. E twazyèmman, nou te pwomèt pou nou pèsevere. Liv Mòmmon an se pi bon gid pou nou aprann si n ap byen fè ak kijan pou nou vin pi bon.

Annou kòmanse ak vin charitab la. M ap raple nou kèk eksperyans resan. Anpil nan nou te patisipe nan yon jounen sèvis. Te gen dèmilye jounen sa yo ki te òganize nan tout mond lan.

Yon komite Sen te priye pou yo te konnen ki sèvis pou planifye. Yo te mande Bondye pou fè yo konnen kiyès nou ta dwe sèvi, ki sèvis pou n bay, ak kimoun pou n envite pou patisipe. Yo te petèt menm priye pou yo pa bliye pèl yo ak dlo pou bwè. Pi enpòtan, yo te priye pou tout moun ki t ap rann sèvis yo ak tout moun ki t ap resevwa l yo te santi lanmou Bondye.

Mwen konnen priyè sa yo te reponn nan omwen yon pawas. Plis pase 120 manm te volontè pou ede. Nan twazèdtan yo te transfòme lakou yon legliz nan kominote nou an. Se te yon travay difisil men ki te jwaye. Pastè yo nan legliz la te eksprime rekonesans yo. Tout moun ki te travay ansanm yo jou sa a te santi inite ak pi gwo lanmou. Gen menm kèk moun ki te di yo te santi lajwa pandan yo t ap rache movezèb ak koupe branch nan ti pyebwa yo.

Pawòl nan Liv Mòmmon yo te ede yo konnen poukisa yo te santi lajwa sa a. Sete Wa Benjamen ki te di pèp li a: “Aprann lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvis Bondye nou ye.”<sup>2</sup> Epi sete Mòmmon ki te anseye ak pawòl sa yo nan Liv Mòmmon an: “Charite se lanmou pi Kris la, e li dire pou tout tan; e nenpòt moun ki genyen l nan dènye jou a, l ap bon pou li.”<sup>3</sup>

Senyè a ap kenbe pwomès li fè nou yo si nou kenbe pa nou yo. Lè nou sèvi lòt moun pou li, Li fè nou santi amou li. Epi avèk letan, santiman charite kòmanse fè pati vrè nati nou. Epi n ap resevwa asirans Mòmmon an nan kè ke, si nou kontinye sèvi lòt moun nan lavi, tout bagay ap bon pou nou.

Menmjan nou te pwomèt Bondye pou nou te vin charitab la, nou te pwomèt li pou nou temwen li tout kote nou ka ye pandan tout lavi nou. Ankò, Liv Mòmmon an se pi bon gid mwen konnen pou ede nou kenbe pwomès sa a.

Yo te envite m yon fwa pou m te pale nan gradyasyon nan yon inivèsite renome. Prezidan inivèsite a te vle pou envite Prezidan Gordon B. Hinckley men li pa t disponib. Konsa, pa defo, mwen te resevwa envitasyon an. Mwen te yon jèn manm Kolèj Douz Apot yo lè sa a.

Moun ki te envite m pou pale a te vin enkyè lè l te vin aprann plis sou obligasyon mwen antanke Apot. Li te rele m nan telefòn epi li te di ke l te rann ni kont kounyeya ke devwa mwen sete pou m te yon temwen Jezikri.

Nan yon ton trè fèm, li te di m ke mwen pa t ap kapab fè sa lè m ap pale nan inivèsite a. Li te eksplike ke inivèsite a respekte moun tout kwayans relijye, enkli moun ki niye egzistans Bondye. Li te repete: “Ou pa ka ranpli devwa la isit la.”

Mwen te rakwoche telefòn nan avèk kesyon serye nan lespri mwen. Èske m ta dwe di inivèsite a ke mwen pa t ap kenbe angajman pou pale a? Sete sèlman de semèn ki te rete anvan seremoni an. Yo te deja anonse ke m t ap vini. Ki efè sa t ap genyen sou renome Legliz la si m pa ta respekte angajman m nan?

Mwen te priye pou konnen kisa Bondye ta vle m fè. Repons lan te vini nan yon fason ki te siprann mwen. Mwen te reyalize ke egzanz Nefi, Abinadi, Alma, Amulek, ak pitit gason Mozya yo te aplike ak sa m te ye a. Yo sete brav temwen Jezikri anfas danje mòtèl.

Konsa sèl chwa mwen te dwe fè sete konn kijan pou prepare mwen. Mwen te chèche tout sa m ta ka aprann sou inivèsite a. Amezi jou a t ap avanse, anksyete m t ap ogmante e priyè m yo te vin pi entans.

Nan yon mirak menmjan ak separasyon Lanmè Wouj la, mwen te jwenn yon atik jounal. Yo te onore Inivèsite sa a paske l t ap fè menm bagay Legliz te vin aprann fè yo nan travay imanité nou atravè tout mond lan. Epi konsa, nan diskou m nan, mwen te dekri kisa nou menm avèk yo t ap fè pou soulaje moun nan gwo bezwen. Mwen te di ke m te konnen Jezikri sete sous benediksyon ki te vin nan lavi moun ke nou menm avèk yo t ap sèvi yo.

Aprè reyinyon an asanble a te kanpe pou aplodi, sa ki te parèt yon ti jan inabityèl pou mwen. Mwen te etone men m te toujou yon ti jan enkyè. Mwen te sonje sa k te rive Abinadi. Sèlman Alma te aksepte temwayaj li a. Men jou swa sa a, nan yon gwo dine ofisyèl, mwen te tande prezidan Inivèsite a di ke nan diskou m nan li te tande pawòl Bondye.

Kalite rezilta mirakile sa yo ra nan eksperyans mwen kòm temwen Kris la. Men efè Liv Mòmmon an sou pèsonalite nou, pouvwa nou, ak kouraj nou pou n se yon temwen pou

Bondye sèten. Doktrin ak egzansp vanyans yo ki nan liv sa a ap edifye nou, gide nou, ak banou kouraj.

Chak misyonè ki ap pwoklame non Jezikri ak levanjil li a ap beni si yo fè festen chak jou nan Liv Mòmmon an. Paran k ap lite pou enplante yon temwayaj konsènan Sovè a nan kè yon pitit yo ap jwenn èd si yo chèche yon fason pou fè antre pawòl ak espri Liv Mòmmon an nan fwaye yo ak nan lavi manm fanmi yo. Nou gen prèv bagay sa a.

Mwen wè mirak sa a pwodui nan chak reyinyon Sentsèn ak nan chak klas mwen asiste nan Legliz la. Oratè ak enstriktè montre yon lanmou ak yon konpreyansyon plen matirite pou ekriti yo, espesyalman Liv Mòmmon an. Epi temwayaj pèsonèl yo klèman vini soti nan pwofondè kè yo. Yo anseye avèk plis konviksyon e yo rann temwayaj avèk puisans.

Mwen wè prèv ke n ap amelyore tou nan twazyèm pati pwomès nou tout te fè nan batèm nan. Nou te fè alyans pou n te pèsevere, respekte kòmandman Bondye yo osi lontan ke n ap viv.

Mwen te vizite chanm yon ansyen zanmi m nan lopital, ke yo te dekouvri ki te gen yon kansè nan faz tèminal. Mwen te mennen de pi jèn pitit fi m yo avèk mwen. Mwen pa t atann ke li t ap menm kapab rekonèt yo. Fanmi li te reyini bò kabann nan lè nou te antre.

Li te leve je l epi li te souri. M ap toujou sonje ekspresyon li lè l te wè nou te mennen pitit fi nou yo avèk nou. Li te fè yo siy pou yo te pwoche pi pre kabann nan. Li te chita, li te anbrase yo, epi li te prezante yo bay fanmi li. Li te pale de grandè de timoun sa yo. Sete kòm si li t ap prezante prensès nan yon palè wayal.

Mwen pa t vle vizit nou an te dire anpil. Mwen te panse, siman li fatige. Men pandan m t ap gade, sete kòm si ane yo te efase. Li te reyonant e aparaman ranpli avèk lanmou pou nou tout.

Se kòm si li t ap savoure moman an kòm si tan an te rete. Li t pase pifò lavi li ap okipe timoun pou Senyè a. Li te aprann nan resi Liv Mòmmon an ke Sovè resisite a te pran timoun piti yo youn pa youn, li te beni yo, epi li te kriye avèk lajwa.<sup>4</sup> Li te fè eksperyans lajwa sa a ase lontan li menm pou l te kapab pèsevere nan sèvis eman li jiskalafen.

Mwen te wè menm mirak la nan chanm yon mesye ki te rann anpil sèvis fidèl pou l te panse ke li te fè ase e l te merite yon repo.

Mwen te konnen li te pase anba yon long tretman douloure pou yon maladi doktè yo te di l ki te tèminal. Yo pa t ofri ni plis tretman ni espwa.

Madanm ni te mennen m nan chanm ni, lakay yo. Li te la, kouche sou do sou yon kabann ki te byen ranje. Li te abiye avèk yon chemiz blan byen pase, yon kravat, ak soulye nèf.

Li te wè etonman nan je mwen e li te ri dousman epi l te eksplike: “Lè wa fin ban m yon benediksyon, mwen vle pare pou reponn apèl pou pran kabann mwen epi al travay la.” Jan yo te panse a, li te pare pou entèvyou li ta pral genyen byento avèk Mèt la, ke li te travay si fidèlman pou li a.

Li sete yon egzanp Sen Dènnye Jou totalman konvèti ke m rankontre souvan apre yo fin mennen yon lavi sèvis devwe. Yo kontinye avanse.

Prezidan Marion G. Romney te dekri sa nan fason sa a: “Nan yon moun ki totalman konvèti, dezi pou bagay [kontrè] avèk Levanjil Jezikri a aktyèlman mouri, epi konsa li ranplase pa yon lanmou pou Bondye avèk yon detèminasyon fèm pou respekte kòmandman l yo.”<sup>5</sup>

Se detèminasyon fèm sa a mwen wè plis an plis k ap grandi nan disip plen eksperyans Jezikri yo. Menmjan ak sè a ki te akeyi pitit fi m yo ak mesye a nan soulye nèf li yo ki te pare pou kanpe epi mache a, yo suiv kòmandman Sovè a jiskalafen. Nou tout konn wè sa.

Nou ka al gade sa ankò si nou retounen nan Liv Mòmmon an. Mwen toujou santi admirasyon nan kè mwen lè m li pawòl sa yo ki se pawòl yon sèvitè Bondye aje men detèmine: “Paskè kounyeya menm, tout zo nan kò m ap tranble anpil pandan m ap eseye pale avèk nou; men Senyè a...sipòte m, e li te kite m pale avèk nou.”<sup>6</sup>

Nou ka pran kouraj menmjan avèk mwen nan egzanp pèseverans Mowoni ba nou an. Li te poukont li nan ministè li. Li te konnen fen lavi li te prèske rive. Poutan, ann koute sa li te ekri pou sekirite moun ki pot ko menm fèt ak pou desandan enmi mòtèl li yo: “Wi, vin jwenn Kris la, e pèfeksyone nou nan li, e debarase kò nou ak tout endiyite; e si nou debarase kò nou ak tout endiyite, e si nou renmen Bondye avèk tout pouvwa nou, panse nou, ak fòs nou, lè sa a gras li ava ase pou nou, pou nou kapab vin pafè nan Kris la atravè gras li.”<sup>7</sup>

Mowoni te bay temwayaj sa a kòm diskou orevwa lavi li ak ministè li. Li egzòte nou pou nou gen charite, menm jan tout pwofèt yo nan Liv Mòmmon an te fè. Li ajoute temwayaj li konsènan Sovè a lè lanmò t ap pwoche bò kote li. Li sete yon pitit Bondye vrèman konvèti, jan nou ka ye: ranpli ak charite, konstan e san krent antanke temwen Sovè a ak levanjil Li a, epi detèmine pou pèsevere jiskalafen.

Mowoni te anseye nou sa yo mande pou nou fè. Li te di ke premye etap ki mennen nan konvèsyon total se lafwa. Lè nou etidye Liv Mòmmon an nan espri lapriyè, sa ap grandi

lafwa nou nan Bondye Papa a, nan Pitit Gason Byeneme l la, ak nan levanjil li a. Li ap grandi lafwa nou nan pwofèt Bondye yo, ansyen yo ak modèn yo.

Li ka mennen nou vin pi pre Bondye pase tout lòt liv. Li ka chanje yon lavi fè l vin pi bon. Mwen egzòte nou pou nou fè sa youn nan konpayon misyonè m yo te fè a. Li te kite lakay li pandan l te adolesan, epi, yon moun te mete yon Liv Mòmmon nan yon kès li t ap transpòte nan rechèch li pou plis bonè a.

Ane te pase. Li te bouje de plas an plas nan tout mond lan. Yon jou li te santi l solitè ak malere, lè l te wè kès la. Kès la te ranpli ak bagay li te pote avèk li. Nan fon kès la, li te jwenn Liv Mòmmon an. Li te li pwomès ki ladan l lan epi li te mete l aleprè. Li te vin konnen ke sete verite. Temwayaj sa a te chanje lavi li. Li te jwenn bonè ke l pa t jamè te reve.

Liv Mòmmon pa nou an gen dwa petèt kache pou nou akòz pil preyokipasyon ak aktivite nou akimile toutolon vwayaj nou an. Mwen priye nou pou nou bwè pwondondeman e souvan nan paj li yo. Li gen andedan li plenitid levanjil Jezikri a, ki se sèl chemen ki mennen retounen lakay al jwenn Bondye.

M ap kite nou avèk temwayaj fèm mwen ke Bondye vivan e l ap reponn priyè nou yo. Jezikri se Sovè mond lan. Liv Mòmmon an se yon vrè temwen ke Li vivan, ke Li se Sovè resisite ak vivan nou an.

Liv Mòmmon an se yon temwen presye. Mwen kite temwayaj mwen avèk nou, nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mozya 18:9.
2. Mozya 2:17.
3. Mowoni 7:47.
4. Gade 3 Nefi 17:21–22.
5. Marion G. Romney, in Conference Report, Oct. 1963, 23.
6. Mozya 2:30.
7. Mowoni 10:32.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Konfye nou nan Senyè a: Se pou volonte ou fèt

advèsite

andirans

lafwa

esperans

opozisyon

pasyans

konfyans

konferans jeneral

Konfye nou nan Senyè a: Se pou volonte ou fèt

Pa Robert D. Hales

Nan Kolèj Douz Apot yo

Bi lavi nou sou tè a se pou pwogrese, devlope, ak fôtifye pa eksperyans nou yo.

Nan jou maten Saba sa a, nou rekonesan e nou temwaye ke Sovè nou an reyèlman vivan. Levanjil li a te retabli pa lentèmedyè pwofèt Joseph Smith. Liv Mòmmon an vrè. Nou dirije pa yon pwofèt vivan jodia, Prezidan Thomas



S. Monson. Anwo tout bagay, nou temwaye solanèlman de Ekspyasyon Jezikri a ak benediksyon etènèl ki soti nan li.

Pandan dènye mwa k sot pase yo, mwen te gen opòtinite pou etidye ak aprann plis bagay sou sakrifis ekspyatwa Sovè a ak sou fason li te prepare tèt li pou ofrann etènèl sa a pou nou chak.

Preparasyon li te kòmanse nan lavi premòtèl la lè l te repoze sou Papa Li, lè l te di: “Se pou volonte ou fèt, epi se pou ou laglwa a pou tout tan gen tan.”<sup>1</sup> Kòmanse nan moman sa a rive jodia, li egzèse libabit li pou aksepte ak akonpli plan Papa nou ki nan syèl la. Ekriti yo anseye nou ke, pandan tout jenès li, li te mache “al okipe zafè papa [Li]”<sup>2</sup> ak “konfye nan Senyè a ak pou moman ministè li a rive.”<sup>3</sup> Nan laj 30 an, Li te sibi tantasyon kriyèl men li te chwazi pou reziste, li te di: “Wete kò w sou mwen, Satan.”<sup>4</sup> Nan Jetsemani, Li te fè Papa l konfyans, li te deklare: “Se pa volonte pa m ki pou fèt, men se volonte pa ou ki pou fèt,”<sup>5</sup> epi apres a li te egzèse libabit li pou souffri pou peche nou yo. Atravè imilyasyon yon pwosè piblik ak agoni krisifiksyon an, li te konfye l nan Papa li, dispoze pou l “blese pou transgresyon nou yo ... [epi] maltrete pou inikite nou yo.”<sup>6</sup> Menm lè li te di byen fò: “Bondye m, Bondye m, poukisa ou abandone mwen?”<sup>7</sup> Li te konfye l nan Papa li, kote l te egzèse libabit li pou padone enmi l yo,<sup>8</sup> pou asire li ke y ap veye sou manman li,<sup>9</sup> epi pèsèvere jiskalafen jistan lavi li ak misyon li nan mòtalite a te fini.<sup>10</sup>

Mwen souvan ap mande m: Poukisa Pitit Gason Bondye ak sen pwofèt li yo ak tout sen fidèl yo gen eprèv ak tribilasyon, menm lè y ap eseye fè volonte Pè Selès la? Poukisa sa difisil konsa, espesyalman pou yo?

Mwen panse ak Joseph Smith, ki te souffri maladi lè l te yon tigason ak pèsèkisyon pandan tout lavi li. Tankou Sovè a, li te rele fò: “O Bondye, kote ou ye?”<sup>11</sup> Menm lè li te toujou sanble l poukont li, li te egzèse libabit li pou konfye l nan Senyè a ak akonpli volonte Pè Selès la.

Mwen reflechi sou zansèt pyonye nou yo, ke yo te fòse kite Novou e travèse plèn yo, kote yo te egzèse libabit yo pou suiv yon pwofèt menm lè yo te

soufri anba maladi, privasyon, ak menm lanmò. Poukisa kalite tribilasyon terib sa yo? Pou ki rezon? Nan ki bi?

Lè nou poze kesyon sa yo, nou reyalize ke bi lavi nou sou tè a se pou pwogrese, grandi, ak vin pi fò pa pwòp eksperyans nou yo. Kijan nou fè sa? Ekriti yo ba nou repons la nan yon senp fraz: nou “konfye nou nan Senyè a.”<sup>12</sup> Tès yo ak eprèv yo la pou nou tout. Difikilte terès sa yo pèmèt nou menm ak Papa nou ki nan syèl la wè si nou ap egzèse libabit nou pou suiv Pitit Gason l lan. Li konnen sa deja, epi nou gen okazyon pou aprann ke, kèlkeswa jan sitiyasyon nou ka difisil, “tout bagay sa yo se ap [pou ba nou] eksperyans, e ...se ap pou byen [nou].”<sup>13</sup>

Èske sa vledi ke n ap toujou konprann eprèv nou yo? Èske nou tout, pafwa, pap gen rezon pou mande: “O Bondye, kote ou ye?”<sup>14</sup> Wi! Lè yon konjwen mouri, konpayon an ka mande sa. Lè difikilte finansye tonbe sou yon fanmi, yon papa kapab poze kesyon an. Lè timoun yo ekate yo de chemen an, yon manman ak yon papa akable ap rele fò ak tristès. Wi, “kriye ka dire tout yon nuit, men lajwa vini nan demen maten.”<sup>15</sup> Lè sa a, avèk leve solèy la, lè nou vin devlope plis lafwa ak konpreyansyon, nou leve epi nou chwazi pou nou konfye nou nan Senyè a kote nou di: “Se pou volonte ou fèt.”<sup>16</sup>

Konsa, kisa sa vledi pou nou konfye nou nan Senyè a? Nan ekriti yo, mo *konfye* a vledi espere, gen espwa, ak fè konfyans. Espere ak fè Senyè a konfyans mande lafwa, pasyans, imilite, dousè, tolerans, respekte kòmandman yo, ak pèsevere jiska lafen.

Konfye nou nan Senyè a vledi plante semans lafwa a epi nourri li “avèk anpil dilijans, ak . . .pasyans.”<sup>17</sup>

Sa vledi priye jan Sovè a te fè a, Bondye, Papa nou ki nan syèl la, kote n ap di: “Se pou rèy ou an rive. Se pou volonte ou fèt.”<sup>18</sup> Se yon priyè nou fè avèk tout nanm nou, nan non Sovè nou an, Jezikri.

Konfye nou nan Senyè a vledi medite nan kè nou epi “[n ap] resevwa Sentespri a” pou nou ka konnen “tout bagay [nou] ta dwe fè.”<sup>19</sup>

Lè nou suiv enspirasyon Lespri a, nou dekouvri ke “tribilasyon pwodui pasyans”<sup>20</sup> epi nou aprann “kontinye rete pasyan jistan [nou] vin pafè.”<sup>21</sup>

Konfye nou nan Senyè a vledi “kanpe fèm”<sup>22</sup> epi “kontinye avanse” nan lafwa, “avèk yon esperans pafètman klè.”<sup>23</sup>

Sa vledi “konte sèlman sou merit Kris la”<sup>24</sup> epi, avèk asistans gras [li] pou [nou, di]: Se pou volonte ou fèt, O Senyè, men non pa volonte pa nou.”<sup>25</sup>

Lè nou konfye nou nan Senyè a, nou rete “tennfas nan respekte kòmandman yo,”<sup>26</sup> avèk konfyans ke “yon jou n ap repoze soti nan tout aflikasyon [nou] yo.”<sup>27</sup>

Epi nou “pa abandone . . . asirans [nou]”<sup>28</sup> ke “tout bagay ki te aflije [nou] yo pral travay ansanm pou byen [nou].”<sup>29</sup>

Aflikasyon sa yo ap vini sou tout fòm ak nan tout gwosè. Eksperyans Jòb la raple nou sa nou ka aple pou n andire. Jòb te pèdi tout byen li, enkli tè, kay, ak twoupo l yo; manm fanmi li; repitasyon li; sante fizik li, ak menm byennèt mantal li. Men, li te konfye l nan Senyè a epi li te rann yon temwayaj pèsònèl puisan:

“Paske mwen konnen redanmtè mwen an vivan, epi li pral kanpe sou tè a nan dènnye jou a.”<sup>30</sup>

“Epi menm lè vè pral fin devore kò sa a, m ap wè Bondye nan lachè mwen.”<sup>31</sup>

Malgre egzanp ekstraòdinè Jòb, pwofèt yo, ak Sovè a, n ap toujou twouve li difisil pou nou konfye nou nan Senyè a, sitou lè nou pa ka totalman konprann plan li ak bi li pou nou. Konpreyansyon sa a nou souvan resevwa li “liy apre liy, [epi] presèp apre presèp.”<sup>32</sup>

Mwen aprann nan lavi mwen ke pafwa m pa resevwa repons pou yon priyè paske Senyè a konnen ke m poko pare. Lè li reponn, se souvan “ti mòso isit, ti mòso lòtbò”<sup>33</sup> paske se tout sa m ka sipòte oswa tout sa m dispoze pou m fè.

Twò souvan nou priye pou n gen pasyans, men nou egzije li imedyatman! Lè l te jèn gason, Prezidan David O. McKay te priye pou yon temwayaj konsènan verasite levanjil la. Anpil ane apre, pandan li t ap sèvi misyon an Ekòs, li te finalman resevwa temwayaj sa a. Nan apre li te ekri: “Sete yon asirans pou mwen ke priyè sensè yo resevwa yon repons, ‘yon jou, yon kote.’”<sup>34</sup>

Nou ka pa konnen kilè oswa kijan repons Senyè a ap vini, men nan tan pa li ak nan fason pa li, mwen temwaye ke, repons li ap vini. Pou kèk repons nou gen dwa tann jis apre lanmò. Sa se petèt ka a pou kèk pwomès nan nan benediksyon patriyakal nou ak pou kèk benediksyon pou manm fanmi nou. An nou pa dekouraje avèk Senyè a. Benediksyon l yo etènèl, yo pa tanporè.

Konfye nou nan Senyè a banou posiblite inestimab pou nou dekouvri ke anpil moun gen konfyans nan nou. Pitit nou espere ke n ap montre pasyans, lanmou, ak konpreyansyon pou yo. Paran nou gen konfyans ke n ap montre rekonesans ak konpasyon. Frè nou ak sè nou atann pou nou gen tolerans, mizèrikòd ak padon. Konjwen nou atann ke n ap renmen yo jan Sovè a renmen nou chak la.

Lè nou souffri fizikman, nou plis an plis pran konsyans ke kantite moun ki konfye yo nan nou. Pou tout Mari ak Mat yo, pou tout bon Samariten k ap sèvi malad yo, k ap pote sekou bay moun ki fèb yo e ki ap okipe moun ki andikape mantalman ak fizikman yo, mwen santi rekonesans yon Papa eman ki nan Syèl la ak Pitit Gason Byeneme l la. Nan sèvis kretyen kotidyen nou, nou konfye nou nan Senyè a e nou fè volonte Papa li. Asirans li ba nou an klè: “Chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti pami frè m yo, se pou mwen nou te fè li.”<sup>35</sup> Li konnen sakrifis nou ak chagren nou. Li tande priyè nou yo. N ap gen lapè li ak repo li si nou kontinye konfye nou nan li ak lafwa.

Senyè a renmen nou chak plis pase nou ka posibman konprann ak imajine. Se poutèt sa, annou pi janti youn ak lòt e pi janti avèk tèt nou. Annou sonje ke lè nou konfye nou nan li, nou vin tounen ‘yon sen, pa mwayen ekspyasyon [li] a, ... obeyisan, dou, enb, pasyan, ranpli avèk amou, ki vle soumèt tèt li bay tout bagay Senyè a jije nesesè pou fè [nou] andire, menm jan yon timoun soumèt a papa l.’”<sup>36</sup>

Se kalite soumisyon sa a Sovè a te genyen anvè Papa li nan Jaden Jetsemani an. Li te enpleure disip li yo: “Veye avèk mwen,” men twa fwa li te retounen vin jwenn yo e li te jwenn dòmi pran yo.<sup>37</sup> San konpayi disip sa yo epi, finalman, san prezans Papa li, Sovè a te chwazi pou soufri “lapenn, afliksyon ak tout kalite tantasyon.”<sup>38</sup> Yo te voye yon zanj pou fòtifye li.<sup>39</sup> Li “pa t vle rale kò li e li te bwè koup anmè a.”<sup>40</sup> Li te konfye l nan Papa li, li te di: “Se pou volonte ou fèt”<sup>41</sup> epi li te enbleman “pase anba près diven an poukont li.”<sup>42</sup> Jodia, antanke youn nan Douz Apot li yo nan dènnye jou sa yo, mwen priye pou nou kapab fòtifye pou nou ka veye sou li epi konfye nou nan li pandan tout lavi nou.

Nan jou maten Saba sa a, mwen eksprime rekonesans mwen dèske m pa poukont mwen “nan Jetsemani m yo”<sup>43</sup>, ni nou menm nou pa poukont nou nan pa nou yo. Li menm k ap veye sou *nou* an, “pa p kabicha ni dòmi.”<sup>44</sup> Zanj li yo isit la ak sou lòtbò vwal la, “alantou [nou] pou pote [nou] anlè.”<sup>45</sup> Mwen rann temwayaj espesyal mwen ke pwomès Sovè nou an vrè, paske li di: “Senyè a ap bay moun ki mete konfyans yo nan li fòs ankò. Tankou malfini, y ap pran zèl pou yo leve ale; Y ap kouri san yo pa p janm bouke; y ap mache, yo pa p janm febli.”<sup>46</sup> Se pou nou konfye nou nan Senyè a nan avanse ak lafwa, pou nou kapab di nan priyè nou yo: “Se pou volonte ou fèt”<sup>47</sup> epi retounen al jwenn ni avèk onè. Nan non sakre Sovè nou ak Redanmtè nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Moyiz 4:2.
2. Lik 2:49.

3. Tradiksyon Joseph Smith, Matye 3:24, nan fen Bib la.
4. Lik 4:8.
5. Lik 22:42.
6. Ezayi 53:5; Mozya 14:5.
7. Matye 27:46; Mak 15:34.
8. Gade Lik 23:34.
9. Gade Jan 19:27.
10. Gade Jan 19:30.
11. Doktrin ak Alyans 121:1.
12. Sòm 37:9; 123:2; Ezayi 8:17; 40:31; 2 Nefi 18:17.
13. Doktrin ak Alyans 122:7.
14. Doktrin ak Alyans 121:1.
15. Sòm 30:5.
16. Matye 6:10; 3 Nefi 13:10; gade tou Matye 26:39.
17. Alma 32:41.
18. Matye 6:10; Lik 11:2.
19. 2 Nefi 32:5.
20. Women 5:3.
21. Doktrin ak Alyans 67:13.
22. Alma 45:17.
23. 2 Nefi 31:20.
24. Mowoni 6:4.
25. Doktrin ak Alyans 109:44.
26. Alma 1:25.
27. Alma 34:41.
28. Ebre 10:35.
29. Doktrin ak Alyans 98:3.
30. Job 19:25--26.
31. B. H. Roberts, *Seventy's Course in Theology*, 5, vii--ix.
32. 2 Nefi 28:30.
33. *Enseignements des Présidents de l'Eglise: David O. McKay* (2003), xviii.
34. "Sachez que chacun peut choisir," *Cantiques* no. 155.
35. George Q. Cannon, *Gospel Truth: Discourses and Writings of President George Q. Cannon*, sel. Jerreld L. Newquist, 259.

36. Matye 25:40.
37. Ebre 12:1.
38. Mozya 3:19.
39. Alma 7:11.
40. Gade Lik 22:43.
41. Gade 3 Nefi 11:11; Doktrin ak Alyans 19:18--19.
42. Matye 26:42.
43. Gade Doktrin ak Alyans 76:107; 88:106; 133:50.
44. Sòm 121:4.
45. Doktrin ak Alyans 84:88.
46. Ezayi 40:31.
47. Matye 26:42.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Liv Mòmon an-yon liv ki soti nan Bondye

Liv Mòmon

Bib

temwayaj

konferans jeneral

Liv Mòmon an-yon liv ki soti nan Bondye

Pa ÈLdè Tad R. Callister

Nan Prezidans Swasanndis yo

Ansanm avèk Bib la, Liv Mòmon an se yon temwen endispansab nan doktrin Kris la ak divinite li.

Sa gen kèk ane, aryè gran papa mwen te tonbe sou yon kopi Liv Mòmon an pou la premyè fwa. Li te louvri l nan mitan epi l te li kèk paj. Epi li te deklare: “Liv sa a ekri oubyen pa Bondye, oubyen pa dyab la, e mwen pral chèche dekouvri kiyès ki ekri li.” Li te li l de fwa soti nan premye rive nan dènye paj pandan dis pwochen jou yo epi li te deklare: “Dyab la pa t ap ka ekri li; donk, se nan Bondye l soti.”<sup>1</sup>

Sa se jeni Liv Mòmon an, pa gen demi mezi. Oubyen se pawòl Bondye jan l deklare a oubyen li se yon frod total. Liv sa a pa senpleman deklare ke li se yon trete moral oubyen yon kòmantè teyolojik oubyen ankò yon koleksyon ekriti ki la pou eklere moun. Li deklare ke li se pawòl Bondye, chak fraz, chak vèsè, chak paj. Joseph Smith te deklare ke yon anj Bondye te dirije l



kote plak lò yo, ki te gen bagay pwofèt ki nan Amerik tan lontan yo te ekri, e li te tradui plak sa yo pouwva diven. Si istwa sa a vrè, konnen Liv Mòmmon an se ekriti sen, jan li di li ye a; si se pa sa, se yon kanila byen elabore men kanmèm dyabolik.

C.S. Lewis te pale de yon dilèm menm jan yon moun te rankontre kote li te dwe chwazi pou l swa asepte swa rejte divinite Sovè a, kote pa t sanble te gen demimezi tou: “M ap eseye la a pou m pa kite okenn moun di bagay vrèman ensanse ke moun di souvan de Li a: ‘Mwen pare pou m asepte Jezi kòm yon gran pwofesè moral, men m pa asepte lè L di Li se Bondye a.’ Sa se yon bagay nou pa dwe di. Yon nonm ki te senpleman yon nonm e ki ta di kalite bagay Jezi te di yo pa t ap yon gran pwofesè moral. Nou dwe fè chwa nou. Swa nonm sa a se te, e se sa l ye, Pitit Gason Bondye a; swa li se yon moun fou oubyen yon bagay pi mal ankò. Men annou pa vini avèk okenn nonsans degradan ki di Li se yon gran pwofesè imen an. Li pa kite opsyon sa a pou nou. Li pa t gen entansyon fè sa.”<sup>2</sup>

Menm jan tou, nou dwe fè yon chwa senp osijè Liv Mòmmon an: swa l soti nan Bondye swa l soti nan dyab la. Pa gen lòt opsyon. Pandan yon ti moman, m ap envite nou fè yon tès ki ap ede nou detèmine vrè nati liv sa a. Mande tèt nou si ekriti sa yo ki nan nan Liv Mòmmon an rapwoche nou plis de Bondye oubyen de dyab la:

“Fè yon festen ak pawòl Kris la; paske, gade, pawòl Kris yo ap di nou tout bagay nou dwe fè” (2 Nefi 32:3).

Oubyen pawòl sa yo yon papa eman te di pitit gason l yo: “Epi kounyeya, pitit gason m yo, sonje, sonje se sou wòch Redanmtè nou an, ki se Kris la, Pitit Gason Bondye a, nou dwe bati fondasyon nou.” (Elaman 5:12).

Oubyen pawòl sa yo yon pwofèt te di: “Vin jwenn Kris la, e pèfeksyone nou nan li” (Mowoni 10:32).

Èske dyab la ta ka posibman otè deklarasyon sa yo ki nan Liv Mòmmon an? Lè Sovè a te fin chase kèk demon, Farizyen yo te deklare ke Li te fè sa “pa pouvwa Belzebout, prens demon yo.” Sovè a te reponn pou di yon konklizyon konsa pa gen sans: Li te di “tout wayòm ki divize kont tèt li gen pou l kraze; e tout kay ki divize kont tèt li gen pou l kraze.” Epi apre sa konklizyon final li a: “*E si Satan chase Satan, li divize kont pwòp tèt li; kijan pou wayòm li an ta fè ret kanpe?*” (Matye 12:24-26 italik ajoute)

Si ekriti mwen sot site la yo ki soti nan Liv Mòmmon an anseye nou pou nou adore ak renmen ak sèvi Sovè a (e se sa yo fè), kijan yo ta fè soti nan dyab la? Si se te sa, li tap divize kont pwòp tèt li e konsa li tap detwi pwòp wayòm li an, egzakteman kondisyon Senyè te di ki pa tap kapab egziste a. Yon lekti onèt Liv Mòmmon an, ap kondi yon moun nan menm konklizyon ak gran-gran-papa m nan, sa vle di: “Dyab la pa ta kapab ekri l; li soti nan Bondye.”

Men poukisa Liv Mòmman an enpòtan konsa si nou déjà gen Bib la pou aprann nou bagay sou Jezikri? Èske nou janm mande tèt nou poukisa gen si anpil legliz Kretyen nan mond lan jodi a, kote yo jwenn doktrin yo esansyèlman soti nan menm Bib la? Se paske yo entèprete Bib la diferaman. Si yo te entèprete l menm jan, yo tap menm legliz la. Sa se pa yon kondisyon Senyè vle, paske Apot Pòl te di gen “yon sèl Senyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm” (Efezyen 4:5). Pou ede inite sa a reyalize, Senyè a te tabli yon lwa divin konsènan temwen. Pòl te anseye: “Tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen” (2 Korentyen 13:1).

Bib la se yon temwen Jezkiri; Liv Mòmmon an se yon lòt. Poukisa dezyèm temwen sa a si enpòtan konsa? Ilistasyon m pral fè la a kapab ede nou: Konbyen liy dwat nou kapab trase soti nan yon sèl pwen sou yon moso papye? Repons lan se enfini. Pandan yon ti moman, sipoze ke grenn pwen sa a reprezante Bib la epi bann liy dwat sa yo ki pase atravè pwen sa a reprezante bann entèpretasyon diferan Bib la epi chak entèpretasyon sa yo reprezante yon legliz diferan.

Men, kisa k ap pase si sou moso papye sa a gen yon dezyèm pwen ki reprezante Liv Mòmmon an? Konbyen ling dwat nou ta kapab trase ant de pwen referans sa yo, Bib la ak Liv Mòmmon an? Yon sèl. Yon sèl entèpretasyon doktrin Kris la kapab egziste nan temwayaj de temwen sa yo.

Ankò e ankò Liv Mòmmon an aji kòm yon temwen ki ap konfime, klarifye, inifye doktrin yo anseye nan Bib la pou ka gen “yon sèl Senyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm” nan. Pa egzanp, gen kèk moun ki nan konfizyon pou konnen si batèm endispensab pou Sali menm si Sovè a te di Nikodèm: “Pèsonn pa ka antre nan wayòm syèl la si li pa fèt nan dl oak nan Sentespri” (Jan 3:5) Sepandan, Liv Mòmmon an elimine tout dout sou sijè sa a: “Epi li kòmande tout moun pou yo repanti, e pou yo batize nan non l ... san sa yo p kapab sove nan wayòm Bondye a” (2 Nefi 9:23)

Gen plizyè kalite mòd batèm nan mond lan jodi a menm si Bib la di nou fason Sovè a, gwo Egzanp nou an, te batize: “[Li] te soti nan dlo a” (Matye 3:16). Èske li ta kapab soti nan dlo a si anvan sa li pat anndan dlo a? Pou pa gen okenn diskòd sou sijè sa a, Liv Mòmmon an chase posiblite sa a avèk deklarasyon dirèk doktrin ki konsène fason kòrèk batèm lan: “Epi w ap plonje yo anba dlo a” (3 Nefi 11:26).

Anpil moun kwè ke revelasyon te fini avèk Bib la menmsi Bib la limenm se yon temwayaj sou modèl revelasyon Bondye pandan plis pase 4.000 ane egzistans lèzòm. Men yon doktrin enkòrèk tankou sa a se tankou yon domino yo deplase ki lakoz chit tout lòt domino yo oubyen, nan ka sa a, chit doktrin kòrèk yo. Yon kwayans ke revelasyon Bondye fini ka lakoz chit doktrin ki di ke Bondye se menm ‘ayè, jodia, ak pou tout tan an’ (Mòmmon 9:9); e sa lakoz chit doktrin Amòs te anseye a ki di ke: “Konsa tou, ou mèt sèten, Senyè a p ap janm fè anyen sa li pa fè pwofèt yo, moun k ap sèvi l yo, konnen” (Amòs 3:7); epi sa lakoz chit doktrin ki di ke “Bondye pa refize pèsonn” nan (Travay 10:34), ki vle di, li pale avèk tout moun nan tout epòk. Men erezman, Liv Mòmmon an rekonfime verite bibliik konsènan revelasyon kontini an:

“Epi , yon fwa ankò, m ap pale avèk nou menm ki nye revelasyon Bondye yo, e ki di yo pase, pa gen revelasyon, ...

Èske nou pa li Bondye se menm ayè, jodia, epi pou tout tan” (Mòmòn 9:7, 9).

Otremandi, si Bondye, ki enchanjab, te pale nan ansyen tan yo se menmjan tou l ap pale nan tan modèn yo.

Lis konfimasyon ak klarifikasyon doktrinal la kontinye san rete, men okenn pa pi pisan ni pi afektan pase pil diskou ki Liv Mòmòn an konsènan Ekspyasyon Jezikri a. Èske nou ta renmen konfime nan nanm nou yon temwayaj enkontestab ki di ke Sovè a te desann anba peche nou yo e ke pa gen okenn peche, ni sitiyasyon nan kondisyon mòtèl la ki andeyò limit mizerikòd Ekspyasyon L lan, ke pou chak lit nou yo Li gen yon remèd ki gen yon pouvwa gerizon siperyè? Enben, li Liv Mòmòn an. L ap anseye nou e L ap temwaye nou ke Ekspyasyon Kris la enfini paske li anglobe, kontoune, ak kouvri chak ti feblès mòtèl lòm genyen. Se poutèt sa pwofèt Mòmòn te deklare: “Nou dwe gen esperans nan Ekspyasyon Kris la” (Mowoni 7:41).

Se pa etonan ke Liv Mòmòn an pwoklame bravman: “E si nou kwè nan Kris la, n ap kwè pawòl sa yo, paske yo se pawòl Kris la” (2 Nefi 33:10).

Ansanm avèk Bib la, Liv Mòmòn an se yon temwayaj endispansab doktrin Kris la ak divinite Li. Ansanm avèk Bib la, “li anseye tout moun pou yo fè byen” (2 Nefi 33:10). Epi ansanm ak Bib la, li pote ban nou: “Yon sèl Senyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm.” Se poutèt sa, Liv Mòmàn an si enpòtan konsa nan lavi nou.

Sa gen kèke ane mwen te asiste yon nan sèvis adorasyon nan Toronto, Canada. Sete yon jènfi 14 zan ki tap fè yon diskou. Li te di ke l tap pale sou relijyon avèk youn nan zanmi l yo nan lekòl li. Zanmi l lan te di l: “Ki relijyon w?”

Li te reponn, “Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, oswa Mòmòn.”

Zanmi l lan te reponn, “Mwen konnen Legliz sa a, mwen konnen li pa vrè.”

Li te reponn: “Kijan w fè konn sa?”

Zanmi l lan te reponn: “Paske m te fè rechèch sou li.”

“Èske w te li Liv Mòmon an?”

Repons lan se te: “Non, mwen pa li l.”

Aprè sa, ti demwazèl la te reponn: “Enben, ou pat fè rechèch sou Legliz mwen an paske mwen li chak grenn paj Liv Mòman an e mwen konnen li vrè.”

Mwenmenm tou, mwen li chak grenn paj nan Liv Mòman an plizyè fwa, e mwen rann temwayaj solanèl, menmjan ak gran-gran-papa m, ke li soti nan Bondye. Nan non Jezikri. Amèn.

Nòt

1. Willard Richards, in LeGrand Richards, *A Marvelous Work and a Wonder*, ed. rev. (1972), 81, 82.
2. C. S. Lewis, *Mere Christianity* (1952), 40--41.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Renmen manman li

egzanp

fanmi

patènite

moralite

matènite

paran

prètriz

prensip

vale

Jènfi

konferans jeneral

Renmen manman li

Pa Elaine S. Dalton

Prezidant Jeneral Jènfi

Kòman yon papa kapab elve yon pitit fi erez ak ekilibre nan mond ki plis anplis kowonpi sa a jodia? Pwofèt Senyè yo anseye repons la.

Pa gen mo ki ka dekri okazyon sakre kote yon nouvo papa kenbe yon tibebe fi nan bra li pou lapremè fwa. Ane sa a, twa nan pitit gason nou yo vin nouvo papa ti pitit fi. Mwen te kontanple pitit gason nou, Jon, ki se yon moun solid, ki jwe rugby, ki te kenbe premye ti pitit fi li nan bra li. Li t ap gade l avèk yon tandrès plen reverans epi apre sa li te gade m avèk yon ekspresyon ki sanble di: “Kijan pou m elve yon tifi?”

Maten an, mwen ta renmen pale avèk pitit gason m yo ak tout papa yo. Kijan pou yon papa elve yon pitit fi kontan, ekilibre nan mond k ap vin plis anplis kowonpi a jodia? Pwofèt Senyè a yo te anseye repons lan. Se yon senp repons, e li se verite: “Bagay ki pi enpòtan yon papa ka fè pou pitit fi [li] se renmen manman [li]”<sup>1</sup> Pa fason ou renmen manman li, w ap anseye pitit fi w la tandrès, lwayote, respè, konpasyon, ak devouman. Li pral aprann nan egzans pou kisa pou l atann nan men jènjan yo ak ki kalite l apral chèche nan yon fiti konjwen. Ou ka montre pitit fi w la, pa fason ou renmen ak onore madanm ou, ke li pa dwe janm kontante li avèk mwens ke sa. Egzanp ou pral anseye pitit fi w la valè feminite. W ap montre li ke li se yon pitit fi Papa nou ki nan Syèl la, ki renmen li.

Renmen manman li si tèlman ke maryaj ou a vin selès. Yon maryaj tanp pou letan ak letènite diy pou pi gwo efò ou ak pi gwo priyorite ou. Sete sèlman apre Nefi te fin bati tanp lan nan dezè a, ke l te deklare: “Epi sete konsa, nou te viv nan bonè.”<sup>2</sup> “Kalite bonè” sa a nou jwenn ni nan tanp lan. Se nan respektè alyans. Pa kite okenn enfliyans antre nan lavi ou ni nan fwaye ou ki ta ka lakoz ou konpwomèt alyans ou yo oswa angajman ou anvè madanm ou ak fanmi ou.

Nan Jènfi yo, n ap ede pitit fi w la konprann idantite li antanke yon pitit fi Bondye ak enpòtan pou li rete vètye ak diy pou resevwa benediksyon tanp yo ak benediksyon yon maryaj nan tanp. N ap anseye pitit fi w la enpòtan pou fè ak kenbe alyans sakre. N ap anseye li pou pran angajman depi

kounyeya pou viv yon fason pou l ka toujou diy pou antre nan tanp e pa kite okenn bagay retade li, distrè l, oswa diskalifye li parapò ak bi sa a. Egzanp w ap ba li antanke papa li, ap di pi plis pase pawòl enpòtan nou yo. Jènfi yo sousye pou papa yo. Anpil di ke pi gwo dezi yo se pou fanmi yo ini etènèlman. Yo vle pou ou la avèk yo lè yo prale nan tanp oubyen lè yo pral marye nan tanp. Rete pwòch pitit fi ou epi ede l prepare ak rete diy pou ale nan tanp. Lè l vin gen douzan, mennen l avèk ou nan tanp souvan pou al fè batèm pou zansèt ou yo ak pou lòt moun. Li va cheri souvni sa yo pou tout tan.

Kilti popilè jodia eseye wonje ak diminye wòl etènèl ou antanke yon patriyach ak yon papa e yo minimize responsablite ki pi enpòtan w yo. Ou te resevwa wòl sa yo “Dapre plan diven an,” epi antanke papa ou “dwe dirije fanmi [ou] avèk lanmou ak jistis epi [ou] responsab pou bay fanmi [ou] tout sa li bezwen nan lavi a ak pwoteksyon.”<sup>3</sup>

Papa, ou se gadyen fwaye ou, madanm ou, ak pitit ou. Jodia, “se pa yon bagay ki fasil pou yon moun pwoteje fanmi li kont enfiltrasyon mal yo k ap antre nan panse ak lespri [yo] ... Enfliyans sa yo kapab e y ap antre fasil fasil nan fwaye a. Satan [trè entelijan]. Li pa bezwen kraze pòt la pou l antre.”<sup>4</sup>

Ou dwe gadyen vèti. “Yon detantè Prètriz se moun ki *vètye*. Konpòtman vètye vle di pou [ou gen] panse ki pi ak aksyon ki pwòp. ... Vèti se ... yon atribi diven ... li sinonim ak sentete.”<sup>5</sup> Valè Jènfi yo se atribi kretyen ki enkli valè ki rele vèti a. Kounyeya, nou mande ou pou w ini avèk nou pou dirije mond lan retounen nan vèti. Pou ou ka fè sa, ou “dwe pratike vèti ak sentete”<sup>6</sup> nan elimine soti nan lavi ou tout bagay ki mal e ki pa konpatib avèk yon moun ki detni sent Prètriz Bondye a. “Se pou vèti gani panse ou san rete; apre sa konfyans ou ap grandi anpil nan prezans Bondye; epi ... Sentespri a ap konpayon ou tout tan.”<sup>7</sup> Se poutèt sa, veye sa w ap gade kòm divètisman nan medya yo oubyen nan revyi yo. Vèti pèsònèl ou se pral yon modèl pou pitit fi w yo, ak pou pitit gason w yo tou, sou kisa vrè fòs ak kouraj moral ye. Lè w yon gadyen vèti nan pwòp lavi ou, nan fwaye ou, ak nan lavi pitit ou, w ap montre madanm ou ak pitit fi w yo kisa vrè lanmou reyèlman ye. Pite pèsònèl ou pral ba ou pouvwa.



Ou se gadyen pitit fi w la nan plis pase sans legal tèm sa a. Se pou ou prezan nan lavi pitit fi ou. Fè l konnen prensip ou, sa w ap atann nan men li, espwa ou, ak rèv ou genyen pou siksè li ak bonè li. Fè entèvyou avèk li, chèche konnen zanmi li epi, lè lè a rive, chèche konnen mennaj li. Ede l konprann enpòtans etid. Ede l konprann ke prensip pidè a se yon pwoteksyon. Ede l chwazi mizik ak medya ki envite Lespri a epi ki an amoni avèk idantite divin ni. Jwe yon pa aktif nan lavi li. Epi si, nan laj tinedjè li, li ta rive pa rantre lakay li alè, soti nan yon randevou, al chèche li. Li pap dakò e l ap di ou ke w detwi lavi sosyal li, men andedan li, l ap konnen ke ou renmen li e ou sousye ase pou w se gadyen li.

Nou pa gason ki òdinè. Gras ak vanyans nou nan lavi premòtèl la, nou te kalifye pou vin dirijan ak pou posede pouvwa prèttriz la. Nan kote sa a ou te montre “gwo lafwa ak bon zèv” epi ou isit la, kounyeya, pou fè menm bagay la.<sup>8</sup>

Nan kèk semèn twa pitit gason nou yo pral bay pitit fi yo a yon non ak yon benediksyon. Mwen espere sa pral premye nan pami anpil benediksyon prèttriz y ap resevwa nan men papa yo, paske nan mond kote yo pral grandi a, yo pral bezwen benediksyon sa yo. Pitit fi w la ap cheri prèttriz la e deside nan kè li ke se sa li vle genyen nan fiti fwaye li ak fiti fanmi li. Toujou sonje “ke dwa prèttriz yo makònen seresere avèk pouvwa syèl la” epi ka “kontwole ... sèlman avèk prensip lajistis.”<sup>9</sup>

Papa, ou se ewo pitit fi w la. Papa m sete ewo mwen. Mwen te abitye chita sou mach eskalye lakay nou yo ap tann ni vini chak swa soti nan travay. Li te konn leve m anlè epi vire m tou won epi mete pye mwen anlè gwo soulye l yo, epi apres a li te konn danse avèk mwen antre nan kay la. Mwen te renmen defi pou eseye suiv chak pa l yo. M toujou kontinye fè sa.

Èske ou konnen ke temwayaj ou gen yon enfluyans puisan sou pitit fi w yo? M te konnen papa m te gen yon temwayaj. Mwen te konnen li te renmen Senyè a. E paske papa m te renmen Senyè a, mwen te renmen l tou. Mwen te konnen li te sousye pou vèv yo paske li te konn pase vakans li ap pentire

lakay yon vèv ki tea bite bò kote nou. Mwen te twouve sete pi gwo vakans fanmi nou te janm pran paske li te anseye m kijan pou m pentire! Ou pral yon benediksyon nan lavi pitit fi ou pou ane k ap vini yo si ou chèche fason pou pase tan avèk li ak pataje temwayaj ou avèk li.

Nan Liv Mòmmon an, Abish te konvèti paske papa l te pataje avèk li vizyon remakab li a. Pandan plizyè ane apres, li te kenbe temwayaj la nan kè li epi li te viv dwat nan yon sosyete ki te trè mechan. Epi moman an te rive kote li pa t ka kenbe silans ankò epi li te kouri de kay an kay pou pataje temwayaj li ak mirak li te temwen nan lakou wa a. Fòs konvèsyon ak temwayaj Abish te sèvi enstriman pou chanje yon tout yon sosyete. Moun ki te tandè temwayaj li yo te vin tounen yon pèp “ki te konvèti nan Senyè a, [epi] yo pa t janm kite legliz la,” epi sete pitit gason yo ki te vin gèrye Elaman yo!<sup>10</sup>

Jan kantik la di a: “Levez-vous, homes de Dieu! (Leve, O gason Bondye yo)”<sup>11</sup> Sa se yon apèl pou nou menm, gason yo ki detni sent Prètriz Bondye yo. Lè y ap pale de nou, se pou yo sa yo te di pou Kapitèn Mowoni an:

“[Li] te yon gwo nonm fò; ... yon nonm ki te gen yon konpreyansyon pafè. ... yon nonm ki te fèm nan lafwa Kris la. ...

“Si tout moun te, e jamè ta tankou Mowoni, gade, menm pouvwa lanfè yo t ap tranble pou tout tan; ... dyab la pa t ap janm gen pouvwa sou kè lèzòm.”<sup>12</sup>

Frè m yo, papa, jènjan, “Se pou lwayal anvè wayal nou gen nan nou an.”<sup>13</sup>

Konsa, kijan pou ou elve yon pitit fi? Renmen manman li. Dirije fanmi ou al nan tanp, rete gadyen vèti, epi mayifye apèl ou nan Prètriz la. Papa, yo konfyè nou pitit fi wayal Papa nou ki nan Syèl la. Yo se moun vètye ak chwazi. Priyè mwen se pou nou kapab veye sou yo, fòtifye yo, ba yo egzanp konpòtman vètye, epi anseye yo pou suiv tras pa Sovè a, paske Li vivan! Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Prezidan David O. McKay, souvan site nan deklarasyon Theodore Hesburgh, nan “Quotable Quotes,” *Reader’s Digest*, Jan. 1963, 25; gade *Richard Evans’ Quote Book* (1971), 11 tou.
2. 2 Nephi 5:27.
3. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
4. A. Theodore Tuttle, “The Role of Fathers,” *Ensign*, Jan. 1974, 67.
5. Ezra Taft Benson, “Godly Characteristics of the Master,” *Ensign*, Nov. 1986, 46.
6. Doktrin ak Alyans 46:33.
7. Doktrin ak Alyans 121:45, 46.
8. Alma 13:3; gade vèsè 2 tou.
9. Doktrin ak Alyans 121:36.
10. Alma 23:6; gade tou Alma 19:16–17; 53.
11. “Rise Up, O Men of God,” *Hymns*, no. 323.
12. Alma 48:11, 13, 17.
13. Harold B. Lee, “Be Loyal to the Royal within You,” in *Speeches of the Year: BYU Devotional and Ten-Stake Fireside Addresses 1973* (1973) (1974), 100.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Enpòtans yon Non

Jezikri

Kristyanite

Manm Legliz

travay misyonè

konferans jeneral

Enpòtans yon Non

Pa Eldè M. Russell Ballard

Nan Kolèj Douz Apot Yo.

Annou pran abitud ... presize ke Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se non Senyè a li menm vle pou yo konnen nou.

Èldè Hales, nan non nou tout, nou eksprime amou ki pi pwofon nou pou ou e nou rekonesan anpil dèske ou la a maten an.

Depi dènnye konferans jeneral mwa Davril la, mwen reflechi souvan sou sijè sa a ki se enpòtans yon non. Nan dènnye mwa yo, plizyè gran pitit pitit te fèt nan fanmi nou. Byenke m pa ka rive kontwòle, tèlman yo sanble yo fèt rapid, chak nouvo timoun byenveni nan fanmi nou. Yo chak resevwa yon non espesyal paran yo chwazi, yon non yo pral pote pandan tout lavi yo, ki pral distinge yo de lòt moun. Se yon verite pou chak fanmi, epi sa egalman vrè pami relijyon yo nan mond lan.

Senyè a, Jezikri, te konnen kijan li enpòtan pou klèman nonmen Legliz li a nan dènye jou sa yo. Nan Seksyon 115 nan Doktryn ak Alyans yo, li te Limenm, bay Legliz la yon non: “Paske se konsa legliz mwen an pral rele nan dènye jou yo, ki vle di Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo” (vèsè 4).

Epi Wa Benjamin te ansenye pèp li a nan tan Liv Mòmmon an: “Mwen ta renmen pou nou ta pran non Kris la sou nou tout ki te fè alyans avèk Bondye pou nou kapab obeyisan jouk nan finisman lavi nou...

“Epi m ta renmen pou nou ta sonje tou ke se non sa a m te di m t ap ba nou an e ki p ap janm efase a, eksepte si se ta nan transgresyon; se poutèt sa, fè atansyon pou nou pa transgrese, pou non an pa efase nan kè nou” (Mosiah 5:8, 11).

Nou pran non Kris la sou nou nan dlo batèm. Nou renouvle alyans batèm sa a chak semèn lè nou pran Sentsèn, pou montre volonte nou pou pran non Li sou nou epi pwomèt pou nou toujou sonje Li (see D&A 20:77, 79).

Èske nou reyalize nan ki pwen nou beni pou nou pran non Sèl Pitit Gason Byenneme Bondye a sou nou? Èske nou konprann jan sa enpòtan? Non Sovè a se sèl non anba syèl la ki kapab sove lèzòm. (gade 2 Nefi 31:21).

Si nou sonje, Prezidan Boyd K. Packer te pale sou enpòtans non Legliz la nan dènye Konferans Jeneral mwa Davril la. Li te eksplike ke “pou nou obeyi revelasyon nou resevwa, nou rele tèt nou Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo olyede Legliz Mòmmon” (“Guided by the Holy Spirit,” Liahona, Me 2011, 30).

Palefèt ke non konplè Legliz la osi enpòtan, m ap repete revelasyon nan ekriti yo, enstriksyon Premyè Prezidans lan nan lèt li te voye an 1982 ak 2001 yo, ak pawòl lòt apot ki ankouraje manm Legliz yo pou soutni ak anseye mond lan ke Legliz la pote non Senyè Jezikri. Se non sa a Senyè a ap rele nou nan dènye jou yo. Se avèk non sa a Legliz Li a pral distenge pami tout lòt yo.

Mwen reflechi anpil sou rezon k fè Sovè a bay Legliz retabli Li a yon non ki gen 7 mo ladann. Li kapab sanble l long, men si nou pran l kòm yon deskripsyon kout sou sa Legliz la ye, li toudenkou vin remakabman brèf, dirèk ak presi. Kijan yon deskripsyon ta ka pi dirèk ak pi klè pandan ke li ekspriime nan sèlman kèk mo konsa?

Chak mo yo klarifyan ak endispansab. Atik *The* a endike pozisyon inik Legliz retabli a pami relijyon yo nan mond lan.

Mo *Legliz Jezikri* yo deklare ke se Legliz Li. Nan Liv Mòmmon an, Jezi ansenye: “Epi, kouman pou li ta legliz mwen si l pa pote non mwen? Paske, si yon legliz pote non Moyiz, se legliz Moyiz li ye; oubyen si l pote non yon moun , se legliz moun nan; men si l pote non mwen, se legliz mwen li ye, si l fonde sou levanjil mwen an” (3 Nefi 27:8).

*Dènye Jou* yo eksplike se menm Legliz avèk Legliz Jezikri ki te etabli pandan ministè li nan mòtalite a men ki retabli nan dènye jou sa yo. Nou konnen te gen yon chit, oswa apostazi, ki rann retablisman Legliz vrè ak konplèt li a nesèsè nan epòk pa nou an.

*Sen* vle di ke manm legliz yo suiv li epi efòse pou fè volonte Li, respekte kòmandman l yo, epi prepare pou retounen al viv avèk limenm ak Papa nou Papa nou ki nan Syèl la. *Sen* senpleman fè referans ak moun k ap chèche mennen yon lavi sentete nan fè alyans pou suiv Kris la.

Non Sovè a bay Legliz Li a endike nou egzakteman kiyès nou ye ak nan kisa nou kwè. Nou kwè Jezikri se Sovè ak Redanmtè mond lan. Li te ekspye pou tout moun ap repanti pou peche yo, epi Li te kase chenn lanmò epi rann posib rezirèksyon soti anba lanmò. N ap suiv Jezikri. Epi jan Wa Benjamen te di pèp li a, se konsa m ap reyafime pou nou tout jodia: “ Nou dwe toujou sonje pou nou toujou kenbe non [Li] ekri nan kè nou” (Mozya 5:12).

Yo mande nou pou nou sèvi kòm temwen Li “Nan tout tan, nan tout bagay, epi tout kote” (Mozya 18:9). Sa vle di ke nou dwe dispoze pou fè lòt moun

konnen kiyès nap swiv ak nan ki Legliz nou apatni: Legliz Jezikri a. Sètènman nou bezwen fè sa nan yon espri lanmou ak temwayaj. Nou vle swiv Sovè a nan deklare senpleman epi klèman, men avèk imilite, ke nou se manm Legliz Li. Nou suiv li nan rete Sen Dènnye Jou, disip modèn.

Moun toujou bay moun ak òganizasyon yo ti non. Yon ti non se kapab fòm rakousi yon non, oubyen li gen dwa lye ak yon evenman oubyen ak fizik oswa yon lòt karakteristik. Byenke ti non yo pa gen menm pozisyon oubyen menm siyifikasyon avèk yon non, nou ka itilize yo kòrèkteman.

Legliz Senyè a, nan ni ansyen ni nouvo tan yo, te gen ti non. Yo te rele Yo te rele Sen nan Nouvo Testaman yo *kretyen* paske yo te pwofese yon kwayans nan Jezikri. Non sa a, ki te dabò itilize pejorativman pa enmi yo, se yon non distenge jodia; e se yon onè pou nou dèske yo rele nou yon Legliz Kretyen.

Yo rele manm nou yo *Mòmmon* paske nou kwè nan Liv Mòmmon an: yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Lòt moun gen dwa pafwa eseye itilize mo *Mòmmon* nan yon fason pi global pou enkli moun ki kite legliz la e ki fòmè dè gwoup disidan. Anplwaye l konsa sèlman mennen konfizyon. Nou rekonesan pou efò medya yo ki evite itilize mo *Mòmmon* an nan yon fason ki kapab fè piblik la konfonn Legliz la avèk moun poligam yo oubyen lòt gwoup fondamantalis yo. Mwen vle presize klèman ke pa gen okenn gwoup poligam, ni moun ki rele tèt yo Mòmmon fondamantalis oubyen yon lòt vèsyon non nou, ki gen yon afilyasyon kèlkonk Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

Byenke *Mòmmon* se pa non konplè ak kòrèk Legliz la, e menmsi se enmi nou yo ki te banou non an alorijin pandan premye ane pèsekisyon yo, ti non sa a vin akseptab lè l aplike a manm yo non pa enstitisyon an. Nou pa bezwen sispann itilize non *Mòmmon* an, lè sa apwopriye, men nou dwe kontinye mete aksan sou tout konplè ak kòrèk Legliz la. Ki vle di, nou dwe evite ak dekouraje itilizasyon tèm “Legliz Mòmmon an.”

Nan ane k pase yo, pandan m t ap akonpli tach mwen atravè tout mond lan, plizyè fwa yo mande m si m fè pati Legliz Mòmmon an. Mwen te toujou

reponn: “Mwen se manm Legliz Jezikri a. Men paske nou kwè nan Liv Mòmon an, ki nonmen dapre yon ansyen pwofèt dirijan Ansyen Amerik la e ki se yon lòt temwanyaj konsènan Jezikri, pafwa yo rele nou Mòmon.” Nan chak okazyon, repons sa a te byen resevwa e anfèt li te louvri anpil opòtinite pou m eksplike Retablisman plenitid levanjil la nan dènye jou sa yo.

Frè m ak sè m yo, jis panse sou enpak nou kapab fè lè nou itilize senpleman, nan repons nou, non konplè Legliz la jan Senyè a te deklare nou dwe fè a. E si nou pa kapab itilize non konplè a imedyatman, se pou nou di, omwen: “Mwen apatyan a Legliz Jezikri a” epi nan apre eksplike “pou Sen Dènye Jou yo.”

Kèk moun kapab poze kesyon sou sit entènèt tankou Mormon.org la ansanm avèk divès kanpay Legliz la lanse nan medya yo. Jan m di a, lefèt ke yo rele manm yo *Mòmon* kolektivman an pafwa apwopriye. An pratik, moun ki pa manm legliz nou yo itilize tèm sa a pou chèche nou. Men lè nou ale nan Mormon.org, yo eksplike non kòrèk Legliz la sou paj akèy la, epi li parèt sou chak paj nan sit la. Li pa reyalis pou nou atann moun yo ap tape non konplè Legliz la lè y ap chèche jwenn nou oubyen lè y ap antre sou sit nou an.

Menmsi detay pratik sa yo ka kontinye egziste, yo pa ta dwe anpeche manm yo itilize non konplè Legliz la chak fwa sa posib. Annou pran abitid, nan fanmi nou ak nan aktivite Legliz nou yo ak nan konvèsasyon chak jou nou yo, pou presize ke Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se non Senyè a Limenm te banou pou yo konnen nou.

Yon sondaj trè resan te revele ke gen twòp moun toujou ki pa konprann ke *Mòmon* fè referans a manm nou yo nan Legliz la. Epi yon majorite moun toujou pa konnen ke Mòmon yo se Kretyen. E menm lè yo li yon atik sou travay Helping Hands (Men Edan) nou yo atravè mond lan apre siklòn, tranbleman tè, inondasyon ak grangou, yo pa asosye efò imanité nou yo avèk nou antanke yon òganizasyon kretyen. Siman sa t ap pi fasil pou yo konprann ke nou kwè nan Sovè a epi n ap suiv li si lè n ap pale de tèt nou nou di nou se manm Legliz Jezikri Pou Sen Dènye Jou yo. Nan fason sa a,



moun ki ap tande non *Mòmmon* an ap kapab asosye mo sa a avèk non revele nou an e avèk moun k ap swiv Jezikri.

Jan Premyè Prezidans lan te mande nan lèt 23 Fevriye 2001 yo a:

“Itilizasyon non revele a, Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo..., plis an plis enpòtan nan responsablite nou pou pwoklame non Sovè a atravè tout mond lan. Pou rezon sa a, nou mande ke lè nap pale de Legliz la, nou itilize non li okonplè chak fwa sa posib.”

Bak nan lane 1948, nan konferans Jeneral Oktòb la, Prezidan George Albert Smith te di: “Frè m ak sè m yo, lè nou soti isit la la a, nou pral gen okazyon rankontre diferant gwoup relijye nan mond lan, men sonje ke gen sèlman yon Legliz nan tout mond lan ki, pa kòmandman diven, pote non Jezikri, Senyè nou an” (nan Conference Report, Okt. 1948, 167).

Frè m ak sè m yo, se pou nou menm tou nou sonje konsèy sa a lè n ap kite konferans sa a jodia. Se pou fè tande temwayaj nou konsènan li e se pou amou nou pou li toujou demere nan kè nou. Mwen priye enbleman nan non Li, Senyè a, Jezikri, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Kanpe nan kote ki sen

priyè

espiritualite

revelasyon

kòmandman

konferans jeneral

Kanpe nan kote ki sen

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Kominikasyon avèk Pè Selès la, ki gen ladan priyè nou yo ak enspirasyon li ba nou, nesesè pou nou reziste anba tanpèt ak eprèv lavi yo.

Frè ak sè byeneme m yo, nou sot tande bèl mesaj maten an, e mwen konplimante chak moun ki te patisipe yo. Nou patikilyèman kontan pou n gen Èldè Robert D. Hales avèk nou ankò, ki refè kounyeya. Nou renmen ou, Bob.

Pandan m t ap reflechi sou sa m ta renmen di nou maten an, mwen te santi m pouse pou pataje kèk panse ak santiman ke m konsidere aplikab ak apwopriye. Mwen priye pou m ka jwenn gidans nan sa m pral di yo.

M ap viv sou tè sa a depi 84 an kounyeya. Pou w ba nou yon ide, mwen te fèt nan menm ane Charles Lindbergh te vole nan premye vòl dirèk ki te soti Nouyòk pou ale Paris a poukont li nan yon ti avyon yon sèl plas ak yon sèl motè. Anpil bagay chanje depi 84 ane sa yo. Depi lontan, moun ap vwayaje ale retou sou lalin. Anfèt, bagay ki sete sèlman syans fiksyon ayè yo vin tounen reyalite jodia. Epi, reyalite sa a, gras ak teknoloji epòk nou yo, chanje si vit ke nou apèn arive suiv li---si n ap janm ka suiv li. Pou moun ki sonje telefòn kadran won pou vire lè w ap fè nimewo yo ak machin pou atape amen yo, teknoloji jodia plis pase enpresyonan.

Epi, bousòl moral sosyete a ap chanje nan yon vitès rapid tou. Konpòtman ke otrefwa yo te konsidere kòm inapwopriye ak imoral vin non sèlman tolere kounyeya men akseptab pou pifò moun tou.

Mwen fèk sot li nan *Journal Wall Street* la yon atik ekri pa Jonathan Sacks, gwo rabi Angletè a. Pami tout lòt bagay, li ekri: “Nan prèske tout sosyete oksidantal yo, te gen yon revolasyon moral ki te pwodui nan ane 60 yo, yon abandon total tout règ tradisyonèl pou frennen konpòtman yo. Gwoup Beatles la te chante: ‘All you need is love’ (tout sa nou bezwen se lanmou). Yo te abandone kòd moral Jideo Kreyen an. Nan plas li te vin gen

[pwovèb]: *[Fè] tout sa ki mache pou ou. Yo te reekri Dis Kòmandman yo fè yo tounen Dis Sigesyon Kreyativ.*”

Rabi Sacs te kontinye di:

“Nou gaspiye kapital moral nou an avèk menm neglijan nou gaspiye kapital finansye nou an ...

“Gen anpil gwo kote [nan mond lan] kote relijyon se yon bagay lepase e pa gen okenn vwa pou konteste kilti ki ankouraje yon moun achte, depanse, mete, egzibe, paske l merite li a. Mesaj la sèke moralite pasedmòd, konsyans se pou moun ki fèb, epi kòmandman ki alamode la se ‘Pa kite yo kenbe ou.’”<sup>1</sup>

Frè m ak sè m yo, bagay sa a, malerezan, dekri pifò nan mond lan ki antoure nou an. Èske se pou nou leve men nou anlè an dezespwa ap mande kijan n ap janm rive siviv nan yon mond konsa? Non. Anfèt, nou gen levanjil Jezikri a nan lavi nou, epi nou konnen ke moralite pa pasedmòd, konsyans nou toujou la pou gide nou, epi nou responsab aksyon nou yo.

Menmsi mond lan ap chanje, Iwa Bondye yo rete konstan. Yo pa chanje; yo pa p janm chanje. Dis Kòmandman yo se egzakteman sa yo ye a: kòmandman. Se *pa* sigjesyon yo ye. Yo osi nesesè nan tout sans jodia ke jan yo te ye lè Bondye te voye yo bay pitit Izrayèl yo. Si nou pran tan pou n koute, n ap tandè eko vwa Bondye, k ap pale avèk nou la a kounyeya:

“Piga nou gen lòt bondye pase mwen sèlman.

“Piga nou fè okenn estati ni imaj taye.....

“Piga nou sèvi mal ak non Senyè Bondye nou an.....

“Toujou sonje jou Saba a pou nou sanktifye li.....

“Respekte manman nou ak papa nou...

“Piga nou touye moun.

“Piga nou fè adiltè.

“Piga nou vòlè.

“Piga nou rann fo temwayaj. ...

“Piga nou gan lanvi.”<sup>2</sup>

Kòd moral nou an definitiv; li pa negosyab. Nou jwenn ni non sèlman nan Dis Kòmandman yo men nan Diskou sou Mòn nan tou, ke Sovè a te ba nou lè L t ap mache sou tè a. Nou jwenn ni nan tout ansèyman L yo. Nou jwenn ni nan pawòl revelasyon modèn yo.

Papa nou ki nan syèl se menm nan yè, jodia, ak pou tout tan. Pwofèt Mòmmon di nou ke Bondye “enchanjab depi nan letènite jouk nan tout letènite”<sup>3</sup> Nan mond sa a kote prèske tout bagay sanble ap chanje, konstans li se yon bagay nou ka repoze sou li, yon ankraj ke nou ka kenbe fèm pou sekirite, pou dlo danjere pa pòte nou ale.

Nou gen dwa gen enpresyon pafwa ke moun yo nan mond lan ap amize yo plis pase nou. Kèk nan nou ka petèt santi nou limite pa kòd konduit ke nou menm nou genyen nan Legliz la. Men, frè m ak sè m yo, m ap deklare nou, ke *pa gen anyen* ki ka pote plis lajwa nan lavi nou ni plis lapè nan nanm nou, pase Lespri a ke nou ka genyen an lè n ap suiv Sovè a ak respekte kòmandman l yo. Lespri sa a pa kapab prezan nan kalite aktivite si anpil moun nan mond lan ap patisipe yo. Apot Pòl te deklare verite sa a: “Lòm natirèl pa resevwa bagay Lespri Bondye yo; paske, pou li, se pawòl moun fou yo ye; ni li pa kapab konprann yo, paske se Lespri ki kapab fè l disène yo.”<sup>4</sup> Tèm “*lòm natirèl*” la kapab deziyen nenpòt nan nou si nou pèmèt tèt nou vin sa.

Nou bezwen vijilan nan yon mond ki si grandman elwaye de bagay esprityèl yo. Li enpòtan pou nou rejte tout sa ki pa konfòm avèk prensip nou yo, pou n refize abandone nan pwosesis la sa nou pi plis dezire a: lavi etènèl nan wayòm Bondye a. Tanpèt yo ap toujou fè raj nan pòt nou tanzantan, paske yo se yon pati nou pa ka anpeche nan eksperyans nou nan mòtalite a. Men, nou ap pi byen ekipe pou afwonte yo, pou tire leson nan yo, ak pou simonte yo si nou gen levanjil la kòm fondasyon lavi nou ak lanmou Sovè a nan kè nou. Pwofèt Ezayi te deklare: “Zèv lajistis la se lapè; fwi lajistis se repo ak sekirite pou tout tan.”<sup>5</sup>

Kòm mwayen pou nou *nan* mond lan men pa *fè pati* mond lan, li nesèsè pou nou kominike avèk Papa nou ki nan syèl la atravè lapriyè. Li vle nou fè sa; l ap reponn priyè nou yo. Sovè a mande nou, jan sa ekri nan 3 Nefi 18 la, pou nou “veye, priye tout tan pou nou pa tonbe nan tantasyon; paske Satan vle pran nou ...

“Se poutèt sa nou dwe toujou priye Papa a nan non m;

“Epi nenpòt bagay ki jis nou mande Papa a nan non m, si nou kwè n ap resevwa l, gade n ap resevwa l.”<sup>6</sup>

Mwen te akeri temwayaj mwen sou pouvwa lapriyè lè m te gen prèske douzan. Mwen t ap travay di pou m te fè yon ti lajan e m te reyisi ekonomize senk dola. Sete pandan Gwo Depresyon an, kote senk dola sete yon bon ti kòb, patikilyèman pou yon tigason douzan. Mwen te bay papa m tout monnen m te genyen yo, ki te total senk dola, epi li te ban m yon biyè 5 dola. Mwen konnen te gen yon bagay presi m te planifye pou m te achte avèk senk dola a, malgre ke apre tout ane sa yo, mwen pa ka sonje kisa l te ye. Mwen sèlman sonje kijan lajan sa a te enpòtan pou mwen.

Nan epòk la, nou pa t gen machin alave, konsa, chak semèn, manman m te konn voye m al pote rad nou ki te bezwen lave yo nan yon lavri kote yo te konn lave rad. Apre de twa jou, yo te voye yon pil sa nou te rele “rad mouye” retounen ba nou epi manman m te konn mete yo seche sou liy nan lakou a.

Mwen te mete biyè senk dola m nan nan pòch pantalon mwen. Jan nou ka siman devine, yo te voye pantalon an al nan lesiv avèk kòb la nan pòch li. Lè m te reyalize sa k te rive a, mwen te santi m malad ak enkyetid. Mwen te konnen ke yo te toujou verifye pòch yo anvan yo lave yo. Si yo pa t dekouvri kòb m nan epi rekipere li nan lè sa a, mwen te

konnen ke sa te prèske sèten ke lajan an t ap tonbe soti nan pòch la nan lavaj la epi yon moun k ap travay yo t ap pran li san l pa gen okenn ide sou moun pou l voye lajan an retounen bay, si jamè li ta anvi remèt li. Chans pou m te wè senk dola m nan retounen an te piti anpil, yon bagay ke manman m te konfime pou mwen lè m te di l mwen te kite lajan an nan pòch mwen.

Mwen te vle lajan sa a; mwen te bezwen lajan sa a; mwen te travay di pou m te fè lajan sa a. Mwen te reyalize ke te gen sèlman yon bagay mwen te ka fè. Nan dezespwa, mwen te vire vè Papa m ki nan syèl la e mwen te priye li pou l kenbe kòb la an sekirite nan pòch pantalon an jiskaskè rad mouye yo te retounen.

De long jou apre, konesan ke l te prèske lè pou machin ki t ap livre rad yo te pote lesiv nou an, mwen te chita bò fenèt la, ap tann. Pandan machin nan t ap vire vini nan koub la, kè m t ap bat fò. Osito ke rad mouye yo te antre nan kay la, mwen te gripe pantalon m nan e m te kouri al nan chanm mwen. Mwen te fourè men m ki te tou ap tranble nan pòch la. Lè m pa t jwenn anyen imedyatman, mwen te panse tout bagay te pèdi. Epi, dwèt mwen te touche biyè senk dola mouye a. Pandan m t ap rale l soti nan pòch la, mwen te santi yon pwofon soulajman. Mwen te ofri yon priyè rekonesans sensè bay Papa m ki nan syèl la, paske m te konnen ke li egzose priyè m nan.

Depi epòk lwenten sa a, mwen resevwa repons pou yon kantite priyè m pa ka konte. Pa gen yon jou k pase pou m pa kominike avèk Pè Selès la atravè lapriyè. Se yon relasyon m renmen anpil, sa li m t ap literalman pèdi. Si aktyèlman nou pa gen kalite relasyon konsa avèk Papa nou ki nan syèl la, mwen egzòte nou pou nou travay nan bi sa a. Si nou fè sa, n ap resevwa enspirasyon ak direksyon Li nan lavi nou, ki nesèsè pou nou chak la a si nou bezwen siviv espiyityèlman pandan sejou nou sou tè a. Kalite enspirasyon ak gidans sa a se don Li bay gratis si nou sèlman chèche yo. Ala trezò yo ye!

Mwen toujou santi imilite ak rekonesans lè Papa m ki nan syèl la kominike avèk mwen atravè enspirasyon Li. Mwen aprann rekonèt li, kwè nan li, epi suiv li. Anpil fwa, mwen konn resevwa kalite enspirasyon sa yo. Yon eksperyans ase esktraòdinè te pase an Out 1987 pandan konsekrasyon Tanp Francfort la, nan Almay. Prezidan Ezra Taft Benson te avèk nou pou premye oubyen dezyèm jou konsekrasyon an men li te retounen lakay li, epi konsa mwen te gen opòtinite pou dirije sesyon ki te rete yo.

Nan Samdi nou te gen yon sesyon pou manm Olandè yo ki te nan distri Tanp Francfort la. Men te abitye anpil avèk youn nan gwo dirijan nou te genyen nan Hollande yo, Frè Peter Mourik. Jis anvan sesyon an, mwen te santi enspresyon klè ke m ta dwe envite Frè Mourik pou pale avèk manm Olandè yo pandan sesyon an e ke, anfèt, li ta dwe premye oratè a. Etandone ke m pa t wè li nan tanp la jou maten sa a, m te pase yon nòt bay Èldè Carlos E. Asay, Prezidan zòn nou an, pou m te mande l si Peter Mourik te nan asistans la nan sesyon sa a. Jis anvan pou m te kanpe pou kòmanse sesyon an, mwen te resevwa yon nòt an retou nan men Èldè Asay ki te di m ke Frè Mourik pa t la nan asanble a, li te okipe yon lòt kote, e li te planifye pou vini nan sesyon konsekrasyon tanp lan nan jou apre a avèk pye militè yo.

Pandan m te kanpe sou chè a pou swete moun yo byenveni ak pou prezante pwogram nan, mwen te resevwa enspirasyon klè ankò ke mwen te dwe anonse ke Peter Mourik se t ap premye oratè nou. Sa te alankont tout enstenk mwen paske mwen te fèk sot tandè Èldè Asay di ke Frè Mourik te *definitivman pa t* nan tanp lan. Sepandan, konfyan nan

espirasyon m nan, mwen te anonse prezantasyon koral la, priyè a, epi mwen te anonse ke premye oratè nou se t ap Frè Peter Mourik.

Pandan m t ap tounen al chita, mwen te voye je sou Èldè Asay e mwen te wè sou figi li ke l te panike. Nan apre li te di m ke lè m te anonse Frè Mourik t ap premye oratè a, li pa t ka kwè sa l te tandè a. Li te di li te konnen ke m te resevwa nòt li a epi m te li li, e li pa t ka konprann poukisa mwen te kanmèm anonse ke Frè Mourik ta pral pale, konesan ke li pa t okenn kote nan tanp lan.

Pandan tan tout bagay sa yo t ap pase, Peter Mourik te nan yon reyinyon nan biwo zòn nan nan Porthstrasse. Pandan reyinyon an t ap avanse, li te toudenkou vire gade Èldè Hawkes, ki te Repezantan Rejyonal lè sa a, epi l te mande l: “Konbyen tan ou ka pran pou menm vit nan tanp lan?”

Èldè Hawkes, ki te koni kòm yon moun ki kondi vit nan ti machin espò li a, te reponn: “Mwen ka mennen ou nan 10 minit! Men poukisa ou bezwen al nan tanp lan?”

Frè Mourik te admèt ke li pa t konn poukisa li te bezwen ale nan tanp lan men li te santi ke l ta dwe ale. Yo toude te derape imedyatman pou ale nan tanp lan.

Pandan koral mayifik la t ap chante a, mwen t ap gade tout kote, nan panse ke nan nenpòt ki moman mwen t ap wè Peter Mourik. Mwen pa t wè li. Men, sa k te remakab, mwen pa t panike. Mwen te gen yon bon asirans ke tout bagay t ap byen.

Frè Mourik te antre nan pòt devan tanp lan egzakteman nan moman priyè ouvèti a t ap fini, li pot ko janm konnen poukisa li te la. Pandan l t ap kouri antre nan koulwa a, li te wè mwen nan aparèy retransmisyon an e li te tandè m anonse: “Kounyeya nou pral tandè Frè Peter Mourik.”

Èldè te grandman etone lè l te wè Peter Mourik te imedyatman antre nan sal la epi vin pran plas sou chè a.

Aprè sesyon an, Frè Mourik avèk mwen t ap pale sou sa k te pase anvan opòtinite sa a pou l te pale a. Mwen te reflechi sou enspirasyon mwen te resevwa a jou sa a non sèlman mwen menm, men Frè Peter Mourik tou. Eksperyans remakab sa a te vin tounen yon temwayaj inebnanlab pou mwen sou enpòtans pou yon moun rete diy pou resevwa kalite enspirasyon konsa epi apres a kwè nan li---epi suiv li---lè l vini. Mwen konnen san okenn dout ke Senyè a te bezwen pou moun ki te prezan yo nan sesyon sa a nan konsekrasyon Tanp Franckfort la te tandè temwayaj pisan ak touchan sèvitè li, Frè Peter Mourik.

Frè ak sè byeneme m yo, kominikasyon avèk Papa nou ki nan Syèl la---enkli priyè nou fè li ak enspirasyon li ba nou---nesesè pou nou ka kanpe devan tanpèt ak eprèv lavi yo. Senyè a envite nou: “Pwoche kote m epi m ap pwoche kote nou; chèche m avèk dilijans epi n ap jwenn mwen.”<sup>7</sup> Si nou fè sa, n ap santi Lespri Li nan lavi nou, k ap ba nou dezi ak kouraj pou nou kanpe fèm ak solid nan lajistis---pou nou “rete nan kote ki sen, epi pa kite moun deplase nou.”<sup>8</sup>

Pandan ke van chanjman mond lan yo ap soufle tout bò kote nou, epi sans moral sosyete nou an ap dezintegre devan je nou yo, se pou nou sonje pwomès presye Senyè a fè moun ki mete konfyans nan Li yo: “Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou! Nou pa bezwen kite

anyen ba nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M ap ba nou fòs; m ap ede nou. M ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa janm pèdi batay.”<sup>9</sup>

Ala yon pwomès! Mwen sensèman priye pou benediksyon sa a vin pa nou, nan non sakre Senyè ak Sovè nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Jonathan Sacks, “Reversing the Decay of London Undone,” *Wall Street Journal*, 20 Out 2011. Nòt: Lord Sacks is the chief rabbi of the United Hebrew Congregations of the Commonwealth.
2. Egzòd 20:3–4, 7, 8, 12–17.
3. Mowoni 8:18.
4. 1 Korentyen 2:14.
5. Ezayi 32:17.
6. 3 Nefi 18:18–20.
7. Doktrin ak Alyans 88:63.
8. Doktrin ak Alyans 87:8.
9. Ezayi 41:10.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Alyans yo

alyans

obeyisans

prètriz

kay Izrayèl

konferans jeneral

Alyans yo

Pa Èldè Russel M. Nelson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Lè nou pran konsyans ke nou se pitit alyans, nou konnen kiyès nou ye ak kisa Bondye ap tann nan men nou.

Yon semèn apre m te fini tach mwen te resevwa pou kreye premye pye LaRisi a, nan Moscou<sup>1</sup>, mwen t asiste yon konferans distri nan St. Petesburg. Pandan m t ap eksprime rekonesans mwen pou premye misyonè ak dirijan lokal yo ki te fôtifye Legliz la nan LaRisi, mwen te mansyone non Vyacheslav Efimov. Li sete premye konvèti Ris ki te vin yon prezidan misyon. Li menm ak madanm ni te ranpli apèl yo ekstrèmeman byen. Pa lontan apre yo te fini misyon yo, pou gran regrè nou, Prezidan Efimov te mouri sibatman.<sup>2</sup> Li te gen sèlman 52 an.

Pandan m t ap pale de koup pyonye sa a, mwen te santi m pouse pou



mande kongregasyon an si Sè Efimov te prezan. Jis dèyè nan sal la, yon fi te leve. Mwen te envite l pou l te vin pale. Wi, sete Sè Galina Efimov. Li te pale avèk konviksyon e li te rann yon temwayaj puisan sou Senyè a, sou levanjil la, ak sou Legliz retabli a. Li menm ak mari li te sele nan tanp. Li te di yo te ini pou tout tan. Yo te toujou konpayon misyonè, li menm nan bò vwal sa a e mari a nan lòtbò vwal la.<sup>3</sup> Avèk dlo lajwa, li te remèsye Bondye pou alyans sakre tanp yo. Mwen te kriye tou, paske m te pafètman konsyan ke egzanp inite etènèl koup sa a sete rezilta fè, respekte ak onore alyans sakre.

Youn nan konsèp pi enpòtan nan relijyon revele a se konsèp alyans sakre a. Nan langaj lalwa, yon alyans se jeneralman yon kontra ant de oubyen plis moun. Men nan yon kontèks relijye, yon alyans gen plis siyifikasyon toujou. Se yon pwomès sakre yon moun fè avèk Bondye. Se li menm ki fikse kondisyon yo. Chak moun kapab chwazi pou aksepte kondisyon sa yo. Si yon moun aksepte kondisyon alyans la epi obeyi lwa Bondye, li resevwa benediksyon ki mache avèk alyans la. Nou konnen ke “lè nou resevwa nenpòt benediksyon nan men Bondye, se nan obeyisans lalwa sa a kote benediksyon an tabli a.”<sup>4</sup>

Nan tout syèk yo, Bondye te konn fè alyans avèk pitit li.<sup>5</sup> Alyans li yo pare nan tout plan sali a epi konsa, yo fè pati plenitud levanjil li a.<sup>6</sup> Pa egzanp, Bondye te pwomèt pou l te voye yon Sovè pou pitit li yo,<sup>7</sup> ak kondisyon pou yo obeyi lwa L yo.<sup>8</sup>

Nan Bib la nou li sou gason ak fi nan ansyen mond lan ki te idantifye kòm pitit alyans. Ki alyans? “Alyans Bondye te fè avèk papa [yo], kote l te di Abraram, gran mesi pitit pitit ou yo, tout fanmi ki sou latè va jwenn benediksyon.”<sup>9</sup>

Nan Liv Mòmmon an nou istwa pèp nan Nouvo Mond lan ki te idantifye kòm pitit alyans tou.<sup>10</sup> Senyè resisite a te di yo konsa: “Epi gade, nou se pitit pwofèt yo; e nou konte nan pami kay Izrayèl la; e nou konte nan alyans Papa a te fè avèk zansèt nou yo lè l te di Abraram: Epi tout pèp sou tè a ap beni nan jenerasyon ou yo.”<sup>11</sup>

Sovè a te eksplike enpòtans idantite yo kòm pitit alyans. Li te di: “Papa a te leve m pou nou premyèman, e li te voye m pou beni nou, pou chak moun nan pami nou sòti nan inikite li yo; e li fè sa paske nou se pitit alyans la.”<sup>12</sup>

Alyans Bondye te fè avèk Abraram nan<sup>13</sup> ke pita li te reyafime avèk Izaak<sup>14</sup> ak Jakòb la<sup>15</sup> gen enpòtans ekstraòdinè. Li gen plizyè pwomès, ladan yo:

- Jezikri ap gen pou fèt nan linye Abraram.
- Posterite Abraram t ap anpil, yo t ap vin grandi an kantite epi yo t ap gen dwa pou detni prèttriz la.
- Abraram t ap vin papa anpil nasyon.
- Gen kèk peyi ki t ap eritye posterite li.
- Tout nasyon sou tè a t ap beni atravè jenerasyon li.<sup>16</sup>
- Epi alyans sa a t ap etènèl---menm atravè “yon milye jenerasyon.”<sup>17</sup>

Kèk nan pwomès sa yo akonpli deja; gen lòt ki poko akonpli. M ap site yon premye pwofesi nan Liv Mòmmon an: “Papa nou [Leyi] pa pale sèlman konsènan desandan nou yo, men li pale konsènan tout kay Izrayèl la tou, li fè sonje alyans ki te gen pou akonpli *nan dènye jou yo*; alyans Senyè a te fè avèk papa nou Abraram.”<sup>18</sup> Èske se pa etonan? Apeprè 600 ane *anvan* Jezi te fèt nan Betleyèm, pwofèt yo te konnen ke alyans Abraramik la t apral finalman akonpli *nan dènye jou yo*.

Pou falisite pwomès sa a, Senyè a te parèt nan dènye jou sa yo pou renouvle Alyans Abraramik sa a. Mèt la te deklare Pwofèt Joseph Smith:

“Abraram te resevwa pwomès konsènan desandan l yo, ak fwi ren li yo--- epi w soti nan ren li, sèvitè m nan, Joseph ...

“Pwomès sa a pou ou tou, paske ou soti nan Abraram.”<sup>19</sup>

Avèk renouvèlman pwomès sa a, nou resevwa, jan ansyen pwofèt yo te resevwa a, prèttriz sen an ak levanjil etènèl la. Nou gen dwa pou resevwa plenitud levanjil la, jwi benediksyon prèttriz yo, ak kalifye pou pi gwo benediksyon Bondye a---ki se lavi etènèl.<sup>20</sup>

Gen kèk nan pami nou ki se desandan literal Abraram; gen lòt ki rasanble antre nan fanmi li pa adopsyon. Senyè a pa fè okenn distenksyon.<sup>21</sup> Ansanm nou resevwa benediksyon ki pwomèt yo, si nou chèche Senyè a ak obeyi kòmandman l yo.<sup>22</sup> Men si nou pa fè sa, n ap pèdi benediksyon alyans lan.<sup>23</sup> Pou ede nou, Legliz la bay benediksyon patriyakal pou bay chak moun yon vizyon de li menm ak fiti li, osibyen ke yon lyen avèk lefase, menm yon deklarasyon linye rive nan Abraram, Izaak, ak Jakòb<sup>24</sup>

Frè yo nan alyans lan gen dwa pou kalifye yo pou sèman ak alyans prèttriz la.<sup>25</sup> Si nou “fidèl pou jwenn de prèttriz sa yo ... epi [nou] mayifye apèl [nou], Lespri a sanktifye [nou] pou kò [nou] ka renouvle.”<sup>26</sup> Se pa tout la. Gason ki diyman resevwa prèttriz yo resevwa Senyè Jezikri, epi moun ki resevwa Senyè a , li resevwa Bondye Papa a.<sup>27</sup> E moun ki resevwa Papa a resevwa tout sa Li genyen.<sup>28</sup> Benediksyon enkwayab vide soti nan sèman ak alyans sa a pou gason, fi, ak timoun ki diy nan tout mond lan.

Responsablite nou se pou ede akonpli alyans Abraramik la. Posterite nou se posterite ki te preòdone ak prepare pou beni tout moun nan mond lan.<sup>29</sup> Se poutèt sa devwa prèttriz la gen ladan travay misyonè. Apre apeprè 4.000 ane atant ak preparasyon, tan sa a se tan ki te fikse pou levanjil la mache al jwenn tout nasyon sou tè a. Se tan rasanbleman Izrayèl yo te pwomèt la. E nou ka patisipe ladan! Èske sa pa eksitan? Senyè a konte sou nou menm ak pitit gason nou yo---e li pwofondeman rekonesan pou pitit fi nou yo---ki diyman ap sèvi kòm misyonè nan gwo tan rasanbleman Izrayèl sa a.

Liv Mòmòn an se yon prèv fizik ke Senyè a kòmanse rasanble pitit alyans Izrayèl yo.<sup>30</sup> Liv sa a, ki ekri pou epòk pa nou an, presize ke youn nan objektif li se pou “nou kapab konnen alyans Papa a te fè avèk pitit Izrayèl yo

... deja kòmanse akonpli ... Paske, reyèlman, Senyè a ap sonje alyans li yo li te fè avèk pèp li a, kay Izrayèl la.”<sup>31</sup>

Asireman, Senyè a pa bliye! Li beni nou menm ak lòt moun atravè tout mond lan avèk Liv Mòmmon an. Youn nan objektif li “se pou Jwif ak Janti kapab gen konviksyon, Jezi se Kris la.”<sup>32</sup> Li ede nou fè alyans avèk Bondye. Li envite nou pou n sonje Li ak konnen Pitit Gason Byeneme l la. Se yon lòt temwayaj konsènan Jezikri.

Pitit alyans yo gen dwa pou resevwa doktrin nan ak pou konnen plan sali a. Yo egzèse dwa sa a lè yo fè alyans ki gen siyifikasyon sakre. Brigham Young te di: “Tout Sen Dènye Jou antre nan nouvo alyans etènèl la lè yo antre nan Legliz sa a. ... Yo antre nan nouvo alyans etènèl la pou soutni wayòm Bondye a.”<sup>33</sup> Yo kenbe alyans lan nan obeyi kòmandman L yo.

Nan batèm nou fè alyans pou sèvi Senyè a ak respekte kòmandman l yo.<sup>34</sup> Lè nou pran Sentsèn, nou renouvle alyans sa a e nou deklare volonte nou pou pran nou Jezikri sou tèt nou. Pa fason sa a nou adopte kòm pitit gason l ak pitit fi li e yo rekonèt nou kòm frè ak sè. Li se papa nouvo lavi nou an.<sup>35</sup> Alafen, nan tanp sakre a, nou kapab vin eritye benediksyon fanmi etènèl, jan yon fwa li te pwomèt Abraram, Izaak, Jakòb, ak posterite yo a.<sup>36</sup> Konsa, wayòm selès la se alyans egzaltasyon an.

Lè nou pran konsyans ke se pitit alyans nou ye, nou konnen kiyès nou ye ak sa Bondye atann nan men nou.<sup>37</sup> Lwa li ekri nan kè nou.<sup>38</sup> Li se Bondye nou e nou se pèp li.<sup>39</sup> Pitit alyans ki angaje yo rete fidèl, menm nan mitan advèsite. Lè doktrin sa a pwofondeman ankre nan kè nou, menm pikan lanmò adousi e rezistans espartyèl nou fòtifye.

Pi gwo konpliman yon moun ka resevwa nan lavi sa a se koni antanke yon moun k ap kenbe alyans. Rekonpans pou yon moun ki kenbe alyans ap reyalize ni isit la ni lavi apre a. Ekriti yo deklare ke “nou dwe konsidere benediksyon ak bonè moun sa yo ki respekte kòmandman Bondye yo. Gade, yo beni nan tout bagay, ... e si yo rete fidèl jiskalafen, y ap jwenn akèy nan syèl la ... [epi] y ap kapab rete avèk Bondye nan yon bonè ki pap fini.”<sup>40</sup>

Bondye vivan. Jezi se Kris la. Legliz Li a te retabli pou beni tout moun. Prezidan Thomas S. Monson se pwofèt Li jodia. Epi nou menm, antanke pitit *fidèl* alyans la, nou va beni kounyeya ak pou tout tan. Mwen temwaye konsènan sa nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Pye Moscou nan La Risi a te kreye jou Dimanch 5 Jen 2011 la.
2. Vyacheslav Efimov sete prezidan Misyon Yekaterinburg nan La Risi soti 1995 rive 1998. Li te mouri 25 Fevriye 2000.
3. Gade Doktrin ak Alyans 138:57.
4. Doktrin ak Alyans 130:21.
5. Pa egzanp, apre gwo Delij la, li te deklare ke “Chak fwa ma fè nyaj yo kòmanse sanble, lakansyèl la va parèt nan syèl la. Lè sa a, ma sonje alyans mwen te fè avèk nou an ...; epi pap janm gen gwo inondasyon ankò ki pou detwi tout moun” (Jenèz 9:14--15, referans b; soti nan Tradiksyon Joseph Smith, Jenèz 9:20).
6. Gade Doktrin ak Alyans 66:2; 133:57.
7. Gade Jan 3:16.
8. Gade Abraram 3:25.
9. Ak 3:25.
10. Gade 3 Nefi 20:26.
11. 3 Nefi 20:25.
12. 3 Nefi 20:26.
13. Gade Jenèz 17:1--10, 19; Levitik 26:42; Ak 3:25; Diksyonè Bib la, “Abraham, Alyans.”
14. Gade Jenèz 26:1--5, 24.
15. Gade Jenèz 28:1--4, 10--14; 35:9--13; 48:3--4.
16. Gade referans ki anwo yo nan referans 13--15.
17. Detewonòm 7:9; 1 Istwa 16:15; Som 105:8.
18. 1 Nefi 15:18; italik ajoute.
19. Doktrin ak Alyans 132:30--31. Senyè a te di Pwofèt Joseph Smith: “Jan m te di Abraram konsènan fanmi yo ki sou tè a, se konsa m di sèvitè m nan,

Joseph: nan ou menm ak nan desandan ou yo fanmi yo ki sou tè a pral beni” (Doktrin ak Alyans 124:58).

20. Gade Doktrin ak Alyans 14:7.

21. Gade Ak 10:34--35.

22. Gade Egzòd 19:5.

23. Ekriti a deklare ke “Mwen menm, m anba obligasyon lè nou fè sa m di; men, lè nou pa fè sa m di, nou pa gen pwomès” (Doktrin ak Alyans 82:10).

24. Jou 21 Septanm 1983 a, konsèp alyans lan te revele pou lapremyèfw bay Pwofèt Joseph Smith. Lè sa a, anj Mowoni te deklare ke Eli, pwofèt la, t ap gen pou vini antanke mesajè soti nan syèl la pou plante pwomès papa yo te resevwa yo nan kè pitit yo, e kè pitit yo pral vire sou papa yo (gade Doktrin ak Alyans 2:1--3).

25. Gade Doktrin ak Alyans 84:33--34, 39--40.

26. Doktrin ak Alyans 84:33.

27. Gade Doktrin ak Alyans 84:35, 37.

28. Gade Doktrin ak Alyans 84:38.

29. Gade Alma 13:1--9.

30. Gade 3 Nefi 29.

31. 3 Nefi 29:1, 3.

32. Paj tit Liv Mòmòn an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri.

33. *Enseignements des présidents de l'église: Brigham Young* (1997), 62.

34. Gade Doktrin ak Alyans 20:37.

35. “Nou pale konsènan Kris la, nou pran plezi nan Kris la, nou preche konsènan Kris la, nou pwofetize konsènan Kris la, e nou ekri dapre pwofesi nou yo, pou pitit nou yo kapab konnen nan ki sous pou yo chèche padon pou peche yo” (2 Nefi 25:26).

36. Gade Galat 3:29; Doktrin ak Alyans 86:8--11.

37. Konsèp sa a aplike avèk nou: “Anpil jenerasyon apre Mesi a fin manifeste tèt li fizikman nan pami pitit lèzòm; lè sa a, plenitud levanjil Mesi a pral vin jwenn Janti yo, epi soti nan menm Janti yo pou al jwenn rès desandan nou yo.--- Epi, jou sa a, rès desandan nou yo pral konnen yo fè pati nan kay Izrayèl la, e yo se pèp alyans Senyè a; e lè sa a yo pral konnen e yo pral vin gen konesans konsènan zansèt yo, ak konsènan levanjil Redanmtè yo a te bay papa yo a. Se poutèt sa, y ap vin gen konesans konsènan

Redanmtè yo a ak pwen egzat ki nan doktrin ni an, pou yo konnen kouman pou yo vin jwenn ni, pou yo kapab sove” (1 Nefi 15:13--14).

38. Gade Ezayi 55:3; Jeremi 31:33; Women 2:15; 2 Korentyen 3:2--3; Ebre 10:16.

39. Gade Som 95:7; 100:3; Jeremi 24:7; 31:33; 32:38; Ezekyèl 11:20; 37:23, 27; Zakari 8:8; 2 Korentyen 6:16; Ebre 8:10.

40. Mozya 2:41.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Ansèyman Jezi yo

Jezikri

Obeyisans

Ekspyasyon

konferans jeneral

Ansèyman Jezi yo

Pa Èldè Dallin H. Oaks

Nan Kolèj Douz Apot yo

Jezikri se Sèl Pitit Gason Literal ak Byeneme Bondye. ... Li sove nou anba peche ak lanmò. Sa se konesans ki pi enpòtan sou tè a.

“Sa nou panse de Kris la?” (Matye 22:42). Se avèk pawòl sa yo Jezi te konfonn Farizyen yo nan epòk Li a. Se avèk menm pawòl sa yo m ap mande Sen Dènnye Jou yo ak lòt Kreyen yo kisa nou reyèlman kwè konsènan Jezikri ak sa nou fè avèk kwayans sa a.

Pifò nan sitasyon ekriti m pral itilize yo soti nan Bib la, paske li familye pou pifò kreyen. Entèpretasyon m yo pral natirèlman soti nan sa ekriti modèn yo, espesyalman Liv Mòmmon an, anseye nou sou siyifikasyon kèk ekriti nan Bib la ki si gen konfizyon ke plizyè kreyen pa dakò avèk siyifikasyon yo. M ap adrese m ak kwayan yo men ak lòt moun tou. Jan Èldè Tad R. Callister te anseye nou maten an, gen kèk moun ki di yo se kreyen, ki adore Jezi kòm yon gran Mèt enstriktè men ki evite afime divinite Li. Pou m pale avèk yo,



mwen itilize pawòl Jezi yo Li menm. Nou tout dwe konsidere ke Li menm menm li te anseye kiyès Li ye ak kisa yo te voye L vin fè sou tè a.

Sèl Pitit Literal la

Jezi te anseye ke li sete Sèl Pitit Literal la. Li te di:

“Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li pap pèdi lavi yo. Okontrè yo va gen lavi ki pap janm fini an.

“Paske Bondye pa voye Pitit Li a sou latè pou kondane lèzòm, men pito pou l te kapab delivre yo” (Jan 3:16–17).

Bondye Papa a te konfime sa. Nan somè eksperyans sakre sou Mòn Transfigirasyon an, Li te deklare soti nan syèl la: “Sa se Pitit Gason Byeneme m nan, ki fè m kontan anpil la; koute li” (Matye 17:5).

Jezi te anseye tou ke aparans Li sete menm ak aparans Papa Li. Li te di Apot yo:

“Si nou konnen, na konnen Papa m tou. Men depi kounyeya nou konnen l, nou wè l tou.

“Filip te di l konsa: Senyè, montre nou Papa a. Se sa ase nou bezwen.

“Jezi te reponn ni: Depi tout tan sa a mwen la avèk nou, Filip, ou poko konnen m toujou? Moun ki wè m, li wè Papa a” (Jan 14:7–9).

Konsa, Apot Pòl te dekri Pitit Gason an kòm “bon pòtre[Bondye Papa a]” (Ebre 1:3; gade 2 Korentyen 4:4 tou).

Kreyatè

Apot Jan te ekri ke Jezi, li rele “Pawòl la,” te nan kòmansman an avèk Bondye. Nan tout sa ki te fèt, pa t gen anyen ki te fèt san Pawòl la. (Jan 1:2--3). Konsa, anba plan Papa a, Jezikri sete Kreyatè tout bagay.

### Senyè Bondye Izrayèl la

Pandan ministè li nan pami pèp li a nan Palestin, Jezi te anseye ke li sete Jewova, Senyè Bondye Izraèl la (gade Jan 8:58). Nan apre, antanke Senyè resisite, li te ministre pami pèp Li a nan Kontinan Ameriken an. Li te deklare:

“Gade, m se Jezikri pwofèt yo te temwaye ki gen pou l vin nan mond lan.

“. . . M se Bondye Izrayèl la, ak Bondye tout tè a” (3 Nefi 11:10–11, 14).

### Kisa li fè pou nou

Nan yon konferans pye sa gen kèk ane, m te rankontre yon madanm ki te di yo te mande l pou l te retounen legliz la apre anpil ane inaktivite, men li pa t ka panse ak okenn rezon ki fè li ta dwe tounen. Pou ankouraje li, m te di: “Lè w ap konsidere tout sa Sovè a fè pou nou, èske ou pa gen anpil rezon pou w retounen legliz la pou adore li ak sèvi li?” Mwen te etone pa repons li: “Kisa li fè pou mwen?” Pou moun ki pa konprann sa Sovè nou an fè pou nou yo, m ap reponn kesyon sa a nan pwòp mo pa li e avèk temwayaj pèsonèl mwen.

### Lavi mond lan

Bib la rapòte ansèyman Jezi sa a: “Mwen vini pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l an kantite” (Jan 10:10). Nan apre, nan Nouvo Mond lan, li te deklare: “Mwen se limyè ak lavi mond lan” (3 Nefi 11:11). Li se lavi mond lan paske li se Kreyatè nou epi paske, pa mwayen Rezirèksyon Li a, nou tout gen asirans ke nou pral viv ankò. Epi lavi li ba nou an se pa sèlman lavi terès. Li te anseye: “Mwen ba yo lavi ki pap janm fini an. Yo pap janm peri,

pèsonn pap janm ka rache yo nan men mwen” (Jan 10:28; gade Jan 17:2 tou).

Limyè mond lan

Jezi te anseye tou: “M se limyè mond lan; moun ki suiv mwen pap mache nan fènwa” (Jan 8:12). Li te deklare tou: “Mwen se chemen an, verite a, ak lavi a” (Jan 14:6). Li se chemen an e li se limyè a paske ansèyman l yo klere chemen nou nan lavi mòtèl la e montre nou wout pou nou retounen al jwenn Papa a.

Fè volonte Papa a

Jezi te toujou te onore Papa a ak suiv li. Menm lè l te jèn li te deklare paran terès li yo: “Poukisa n ap chèche m konsa? Nou pa t konnen fòk mwen okipe zafè Papa mwen?” (Lik 2:49). “Paske se pa pou fè volonte pa m mwen desann sot nan syèl la, men pou m fè volonte moun ki voye m nan” (Jan 6:38; gade tou Jan 5:19). Epi Sovè a te anseye: “Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen” (Jan 14:6; gade tou Matye 11:27).

Nou retounen al jwenn papa a nan fè volonte li. Jezi te anseye: “Se pa tout moun k ap plede di m Senyè, Senyè, ki pral antre nan wayòm syèl la, men se sèlman moun ki fè volonte Papa m ki nan syèl la” (Matye 7:21). Li te eksplike:

“Lè jou sa a rive anpil moun va di m Senyè, Senyè, èske se pa nan non ou nou t ap pwofetize? èske se pa nan nou ou nou te chase demon? e èske se pa nan non ou nou te fè anpil mirak?

“Lè sa a, ma di yo: Mwen pa t janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou menm k ap fè sa ki mal” (vèsè 22–23).

Konsa, kimoun ki pral antre nan wayòm syèl la. Jezi te anseye, se pa senpleman moun k ap fè pil mirak nan itilize non Senyè a, men sèlman “moun ki fè volonte Papa mwen ki nan syèl la” (Vèsè 21).

## Gwo egzanp lan

Jezi te montre nou kijan pou nou fè sa. Ankò epi ankò, li envite nou pou nou suiv li: “Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo epi yo suiv mwen” (Jan 10:27).

## Pouvwa Prètriz la

Li te bay Apot li yo ak lòt moun pouvwa Prètriz la (gade Matye 10:1) Li te di Pyè, premye Apot la: “M ap ba ou kle wayòm syèl yo. Tout sa ou va sele sou tè a ap sele nan syèl la; e tout sa ou delye sou tè a, va delye nan syèl la” (Matye 16:19; gade tou Matye 18:18).

Lik ekri ke “Senyè a te chwazi ... swasanndis tou, li voye yo devan l de pa de nan tout lavil ak tout kote li menm li te gen pou l ale” (Lik 10:1) Nan apre, Swasanndis sa yo te jwayezman di Jezi: “Menm movèzespri yo soumèt devan nou, lè nou pran non ou pou chase yo” (Lik 10:17). Mwen se yon temwen pouvwa prètriz sa a.

## Gidans Sentespri a

Nan fen ministè terès li, Jezi te anseye Apot li yo: “Konsolatè a, ki se Sentespri a, ke Papa a pral voye nan non m nan, va montre nou tout bagay, la fè nou sonje tout sa m te di nou” (Jan 14:26), epi, “La mennen nou nan tout verite” (Jan 16:13).

## Gidans pa mwayen kòmandman l yo

Li gide nou pa mwayen kòmandman l yo tou. Konsa, li te kòmande Nefit yo pou yo pa gen diskisyon nan pami yo ankò konsènan pwèn doktrin ni an. Li te di:

“Yon moun ki gen lespri chirepit se pa mwen ki voye l, men se dyab la, ki se papa chirepit, e li souleve kè lèzòm pou yo goumen nan kòlè youn ak lòt.

“Gade, se pa doktrin pa m, pou sòlve kè lèzòm nan kòlè youn kont lòt; men, doktrin mwen se pou bagay konsa sispann” (3 Nefi 11:29–30).

### Aksan sou lavi etènèl

Li mande nou tou pou nou konsantre sou li menm, non pa sou bagay ki nan mond lan. Nan gwo diskou sou pen lavi a, Jezi te eksplike diferans ant nouriti mòtèl ak enouriti tènèl. Li te di: “Pa travay pou manje k ap gate, men travay pito pou manje k ap konsève, manje k ap bay lavi etènèl, kalite manje ke Pitit Gason lòm nan va ba nou” (Jan 6:27). Sovè a te anseye ke li sete Pen Lavi a, sous nouriti etènèl la. Pandan l t ap pale sou nouriti terès mond lan ofri, enkli lamàn nan Jewova te voye pou nourir pitit Izrayèl yo nan dezè a, Jezi te anseye ke moun ki te manje pen sa a yo te mouri kanmèm (gade Jan 6:40-50). Men, nouriti li te ofri a sete “pen lavi a ki desann sot nan syèl la,” epi Jezi te anseye “si yon moun manje nan pen sa a, l ap viv pou tout tan” (Jan 6:51)

Kèk nan disip li yo te di ke “pawòl sa yo twò rèd”, epi apati moman sa a anpil nan disip li yo “te wete kò yo, yo pa t mache avè l ankò” (Jan 6: 60, 66). Aparaman yo pa t aksepte premye ansèyman l lan ki te di ke yo te dwe “chèche ...wayòm syèl la toudabò) a (Matye 6:33). Menm jodia kèk moun ki di yo se kretyen plis atire sou bagay mond lan---bagay ki soutni lavi sou tè a men ki pa gen okenn nourisman pou mennen nan lavi etènèl. Pou kèk moun, “pawòl twò rèd) li yo se toujou yon rezon pou yo pa suiv Kris la.

### Ekspyasyon an

Kouwonman ministè mòtèl Sovè nou an sete Rezirèksyon li ak Ekspyasyon li pou peche mond lan. Jan Batis te pwofetize sa lè te di: “Men Ti Mouton Bondye a, k ap wete peche moun sou tout latè a” (Jan 1:29) Nan apre, Jezi te anseye ke “Moun Bondye voye nan lavhè a te vini ... pou rann sèvis, ak pou bay lavi li kòm ranson pou anpil moun” (Matye 20:28). Nan Dènnye Soupe a, Jezi te eksplike, selon resi nan Matye a, ke diven li te beni a sete “san nouvell alyans lan, ki vèse pou anpil moun pou remisyon peche” (Matye 26:28).

Lè l te parèt devan Nefit yo, Senyè resisite a te envite yo pou yo te avanse pou vin mete men sò kòt li epi yo te kapab touche mak klou nan men l ak nan pye l yo. Li te fè sa. Li te eksplike: “pou nou kapab konnen m se Bondye Izrayèl la, ak Bondye tout tè a, e m te mouri pou peche mond lan” (3 Nefi 11:14). Epi resi a kontinye, foul moun yo te “tonbe nan pye Jezi, e yo te adore l” (vèsè 17). Pou bagay sa a, tout mond lan gen pou yo finalman adore li.

Pi lwen Jezi te anseye verite presye sa a sou Ekspyasyon l lan. Liv Mòmmon an ki bay plis detay sou ansèyman Sovè a e ki bay pi bon eksplikasyon sou misyon Li a, rapòte ansèyman sa a:

“Papa m te voye m pou yo te kapab leve m sou kwa a, . . . pou m kapab atire tout moun kote m, . . .

“ . . . Pou yo jije pou zèv yo.

“Epi . . . moun ki repanti e batize nan non m, l ap rasazyè e si l pèsevere jiska lafen, gade, m ap konsidere l inosan devan Papa m nan jou m ap kanpe pou m jije mond lan. . . .

“Epi okenn bagay sal pa kapab antre nan wayòm [Papa a]; se poutèt sa pèsonn pa kapab antre nan repo li a, eksepte moun ki te lave rad yo nan san mwen, poutèt lafwa yo, ak repantans pou tout peche yo, ak fidelite yo jiska lafen” (3 Nefi 27:14–16, 19).

Epi konsa nou konprann ke Ekspyasyon Jezikri a ba nou opòtinite pou nou simonte lanmò espiyèl ki se rezilta peche, epi, nan fè ak kenbe alyans sakre, pou nou gen benediksyon lavi etènèl yo.

Kesyon ak temwayaj

Jezi te poze kesyon sa a: “Kisa ou panse de Kris la?” (Matye 22:42). Apot Pòl te mande Korentyen yo pou “egzamine tèt nou, pou wè si n ap viv ak

lafwa” (2 Korentyen 13:5). Nou tout dwe reponn kesyon sa yo pou tèt pa nou. Ki kote lwayote nou ye finalman? Èske nou menmjan ak Kretyen yo nan deskripsyon memorab Èldè Neal A. Maxwell te bay la, ki te deplase al abite nan Siyon men ki toujou kenbe yon kay vakans nan Babilòn.<sup>1</sup>

Pa gen netralite. Nou se disip Jezikri. Sitwayènte nou se nan Legliz li a ak nan levanjil Li a, e nou pa dwe itilize viza pou n al vizite Babilòn oubyen aji kòm youn nan sitwayen Babilòn yo. Nou dwe onore non li, respekte kòmandman l yo, epi “pa chèche bagay mond sa a men chèche ... toudabò bati wayòm Bondye a, ak etabli lajistis li” (Matye 6:33; referans a; soti nan Tradiksyon Joseph Smith, Matye 6:38).

Jezikri se Sèl Pitit Literal ak Byeneme Bondye. Li se Kreyatè nou. Li se Limyè Mond lan. Li se Sovè nou anba peche ak lanmò. Sa se konesans ki pi enpòtan ki sou tè a, e nou ka konnen sa pou tèt pa nou, jan m konnen l pou tèt pa m nan. Sentespri a, ki temwaye de Papa a ak Pitit Gason an epi ki dirije nou nan laverite a, te revele m verite sa yo, e l ap revele yo ba nou tou. Pou sa fèt nou dwe gen dezi a ak obeyi. Konsènan gen dezi a, Jezi te anseye: “Mande, ya ba nou; chèche, n ap jwenn; frape, ya louvri pou nou” (Matye 7:7). Konsènan obeyi a, li te anseye: “si yon moun deside fè sa Bondye vle, la konnen si bagay m ap montre yo soti nan Bondye osinon si se pawòl pa m m ap pale” (Jan 7:17). Mwen temwaye konsènan verite bagay sa yo nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Neal A. Maxwell, *A Wonderful Flood of Light* (1990), 47.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Ansenye selon Lespri a

ansèyman

aprann

Sentespri

konferans jeneral

Ansenye selon Lespri a

Pa Matthew O. Richardson

Dezyèm Konseye nan Prezidan Jeneral LekòldiDimanch la

Byenke nou tout se enstriktè, nou ddwe totalman konsyan ke se Sentespri a ki se enstriktè a e se limenm ki temwaye de tout verite.

Sa gen kèk ane, mwen te nan sant fòmasyon misyonè a avèk konpayon mwen, lè m te tande yon vwa timoun di konsa: “Grann, èske moun sa yo se *vrè* misyonè yo ye?” Mwen te vire gade epi m te wè yon tifi, ki te kenbe men grann ni, ki t ap lonje dwèt sou mwen menm ak konpanyon mwen. Mwen te souri, epi m te lonje men mwen, m te gade l dwat nan je epi m te di: “Alo, mwen se Eldè Richardson, e nou se *vrè* misyonè.” Li te gen yon gwo souri lè l te gade mwen, kontan paske li te an prezans *vrè* misyonè.

Eksperyans sa a te fè m renouvle angajman mwen. Mwen te vle tounen kalite misyonè Sovè a, fanmi mwen, ak ti pitit fi sa a te espere m ap ye a.



Pandan de ane apre yo, mwen te travay di pou m te sanble, panse, aji e espesyalman ansenye pi plis tankou yon *vrè* misyonè.

Lè m te retounen lakay mwen, sa te vin plis an plis klè pou mwen ke menmsi m te kite misyon mwen, misyon m nan pat kite mwen. Anfèt, menm apre tout ane sa yo, mwen toujou twouve ke misyon m nan sete de pi bèl ane m te pase nan lavi mwen. Yon eko sipriz nan misyon m nan sete vwa tipitit fi sa a. Sèlman, kounyeya, m t ap tande nan lespri mwen: “Granmè, èske se yon *vrè* detantè prètriz?” “Granmè, èske se yon *vrè* mari, oswa yon *vrè* papa?” oubyen “Granmè, èske se yon *vrè* manm Legliz la?”

Mwen te aprann ke yon kle pou nou vini *vrè* nan tout aspè nan lavi nou se kapasite nou pou ansenye yon fason ki pap limite aprantisaj la. Paske, yon *vrè* lavi mande *vrè* *aprantisaj*, ki depann sou *vrè* *ansèyman*. “Responsablite pou ansenye [efikasman] an pa limite sèlman ak moun ki aple ofisyèlman kòm enstriktè yo.”<sup>1</sup> Anfèt, chak manm fanmi, dirijan Legliz la, chak manm Legliz la (enkli jèn yo ak timoun yo) gen yon responsablite pou ansenye.

Byenke nou tout se enstriktè, nou dwe totalman konsyan ke se Sentespri a ki se enstriktè a e se li ki temwaye de tout verite. Moun ki pa totalman konprann sa yo, yo oubyen eseye pran plas Sentespri a epi fè tout bagay poukont yo, pandan ke y ap poliman envite Lespri pou rete avèk yo men sèlman kòm yon asistan, oubyen yo kwè ke yo remèt tout ansèyman yo bay Lespri a, pandan ke, an reyalyte, se “enpwovizasyon” y ap fè. Tout paran, dirijan, ak enstriktè gen responsablite pou ansenye “pa Lespri.”<sup>2</sup> Yo pa dwe anseye “anvan Lespri a” la oubyen “aprè Lespri a” ale men “avèk Lespri a”, pou Lespri a kapab anseye verite a san kontrent.

Mowoni ede nou konprann kijan nou kapab “ansenye pa Lespri” san nou pa ranplase, melanje oubyen ekate Sentespri a kòm *vrè* enstriktè a. Mowoni te di ke Sen yo te dirije reyinyon yo “dapre direksyon Lespri a.”<sup>3</sup> Sa mande plis pase jis gen Lespri a avèk nou. Dirije nou “dapre direksyon” Sentespri a vle di ke nou kapab bezwen chanje fason nou ansenye pou nou swiv fason Sentespri a ansenye a. Lè nou akòde fason nou avèk fason Sentespri a, lè sa

a, Sentespri a kapab ansenye ak temwaye san kontrent. Kowòdinasyon enpòtan sa a kapab demontre nan egzanzp sa a.

Sa gen kèk ane, pitit mwen yo avèk mwen t al monte sou tèt mòn South Sister a, yon montay nan Oregon ki mezire 10,358 pye (3.157 mè). Apre plizyè èdtan, nou te jwenn yon pant an ti wòch vòlkanik ki te mezire 45 degre longè. Pandan nou t ap gade tèt mòn nan anlè a, nou te kontinye avanse men nou te reyalize ke chak pa nou te fè pye nou te rantr nan ti wòch galèt yo, sa ki te koz nou glise desann plizyè mè an aryè ankò. Pitit gason m nan ki te gen douzan an te kontinye monte pandan ke m te rete avèk pitit fi m nan, ki te gen 8 an. Fatig ak dekourajman te byen vit vini, e li te chagren, lè l t ap panse ke li ka pa t ap kapab rive jwenn frè l la sou tèt mòn nan. Premye enpresyon mwen sete pou pote li. Lespri m te byen dispoze men malerezman, lachè m te fèb. Nou te chita sou wòch yo pou n analize sitiyaasyon an, epi deside yon nouvo plan. Mwen te di li pou li foure men li nan pòch dèyè pantalon mwen, kenbe m byen di, epi, pi enpòtan, kou m leve pye m fè yon pa, pou l te kouri mete pye l byen vit nan plas pa m nan. Li te suiv chak mouvman m te fè, epi li te pwofite woulib foure men l nan pòch mwen an. Apre sa k te sanble yon etènite, nou te rive sou tèt mòn nan. Ekspersyon triyonf ak satisfaksyon li pa t gen pri. E wi, li menm ak frè l la, nan opinyon pa mwen, sete *vrè grenpè* .

Siksè pitit fi m nan sete rezilta efò dilijan li ak fason li te byen aplike l pou grenpe *dapre fason* mwen te grenpe a. Pandan li t ap koòdone mouvman li yo ak pa mwen, nou te akonpli yon rit ansanm, ki te pèmèt mwen itilize tout enèji mwen. Se menm bagay lè n ap ansenye “dapre direksyon Lespri a.” Lè nou koòdone fason nap ansenye pou matche avèk pa Sentespri a, Lespri a fòtifye nou epi, an menm tan, li aji san kontrent. Avèk sa nan lespri nou, silvouplè ann reflechi ak de kalite “enspirasyon Lespri” fondamantal ke nou ta dwe suiv.

Premyèman, Sentespri a ansenye nou chak nan yon fason pèsònèl. Sa pèmèt nou pèsònèlman konnen verite a pou tèt pa nou. Paske bezwen nou, sitiyaasyon nou ak pwogresyon diferan, Sentespri a ansenye nou sa nou dwe konnen ak fè pou nou kapab vin tounen sa nou dwe ye a. Tanpri, note ke

byenke Sentespri a ansenye “Verite tout bagay,”<sup>4</sup> li pa ansenye tout verite yo yon sèl kou. Lespri a ansenye verite “liy pa liy, presèp pa presèp, ti moso isit, ti moso lòtbò.”<sup>5</sup>

Moun k ap ansenye dapre Lespri a konprann ke y ap ansenye moun, yo pa p jis prezante yon leson. Konsa, y ap simonte anvi pou kouvri tout sa ki nan manyèl la oubyen ansenye tout sa yo aprann sou sijè a men, olyedesa, y ap konsantre sou bagay fanmi yo a oubyen manm klas yo a bezwen konnen ak fè. Paran, dirijan, ak enstriktè k ap swiv egzanp fason Lespri a ansenye, aprann byen vit ke ansèyman *veritab* la mande pi plis pase jis pale ak rakonte. Kòm rezilta, y ap volontèman fè ti poz nan leson an pou yo koute, obsève avèk atansyon, epi apres a disène kisa pou yo fè apre.<sup>6</sup> Lè yo fè sa, Sentespri a nan pozisyon pou ansenye ni moun k ap aprann nan ni moun k ap ansenye a sa pou yo fè ak di.<sup>7</sup>

Dezyèmman, Sentespri a ansenye nan envite nou, enfliyanse nou, ankouraje nou, ak enspire nou pou nou aji. Kris la te asire nou ke n ap vin konnen tout verite doktrin nan si nou byen viv doktrin nan epi pratike li.<sup>8</sup> Lespri a dirije nou, gide nou, epi montre nou sa pou nou fè.<sup>9</sup> Sepandan, li pap janm fè pou nou sa nou kapab fè poukont pa nou. Nou wè, Sentespri a pa kapab aprann *pou* nou, santi *pou* nou, oubyen aji *pou* nou paske sa t ap kontrè avèk doktrin libabit la. Li ka prezante opòtinite epi envite nou pou nou aprann, santi, ak aji.

Moun ki ansenye selon Lespri yo ede lòt moun nan envite yo, ankouraje yo ak ba yo opòtinite pou yo itilize libabit yo. Paran, dirijan, ak enstriktè reyalize ke yo pa ka santi, aprann, oubyen menm repanti *pou* fanmi yo, kongregasyon yo, oubyen manm klas yo. Olye yo mande: “Kisa m kapab fè pou pitit mwen yo, manm klas mwen yo, oubyen lòt yo?” y ap mande: “Kijan m kapab envite ak ede moun bò kote m pou yo apran pou tèt pa yo?” Paran k ap swiv direksyon Sentespri yo kreye fwaye kote fanmi yo kapab aprann bay prensip yo valè olye yo jis aprann sou prensip yo. Nan menm fason sa a, olye yo jis pale sou pwèn doktrin yo, enstriktè yo ap ede moun k ap aprann yo konprann ak viv doktrin levanjil yo. Sentespri a ka aji san kontrent lè chak moun byen egzèse libabit yo.

Non kondisyon mond la ye kounyeya, nou dezespereman bezwen *vrè* aprantisaj ak ansèyman nan fwaye nou, reyinyon nou yo ak klas levanjil yo. Mwen konnen ke rechèch nou pou amelyore a kapab sanble depasan pafwa. Silvouplè, piga nou dekouraje avèk pwogrè nou. M ap repanse avèk eksperyans grenpe mòn nan avèk pitit mwen yo. Nou te pase kondisyon pou chak fwa nou kanpe pou pran souf, olye nou konsantre sèlman sou kantite wout nou rete a, nou t ap vire tèt nou imedyatman gade anba. Nou t ap admire peyizaj la epi nou youn t ap di lòt: “Gade jis kote nou gentan rive.” Epi, nou t ap pran yon gwo souf, byen vit retounen gade montay la, epi rekòmanse grenpe ankò, yon pa apre lòt. Frè m ak sè m yo, nou *kapab* ranpli wòl paran, epi dirije, ak ansenye selon Lespri. Mwen konnen nou ka fè sa. Mwen temwaye ke nou ka fè sa, epi anpil lavi ap chanje.

Mwen te gen benediksyon nan lavi m pou m te anseye pa *vrè enstriktè* ki te ansenye m avèk Lespri e patikilyèman selon Lespri. Mwen envite nou pou nou koòdone fason n ap ansenye sou fason Sentespri a nan tout sa n ap fè. Mwen temwanye ke Jezikri se Sovè nou e levanjil li a retabli. Se sa k fè nou dwe *vrè* paran, *vrè* dirijan, *vrè* enstriktè, ak *vrè* moun k ap aprann. Mwen temwanye Bondye ap ede nou nan efò nou yo, nan non sakre Sovè nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* (1999), 3.
2. Doktryn ak Alyans 50:14.
3. Mowoni 6:9.
4. Mowoni 10:5; gade tou Doktryn ak Alyans 50:14; *True to the Faith: A Gospel Reference* (2004), 82.
5. 2 Nefi 28:30.
6. Gade David A. Bednar, Seminary and Institute Broadcast, Aug. 11, 2011; gade tou “Gade Learning by Faith,” Church Educational System broadcast, Feb. 3, 2006.
7. Gade Lik 12:12.
8. Gade Jan 7:17.

9. Gade 2 Nefi 32:1–5.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Misyonè yo se yon trezò pou Legliz la

konvèsyon

egzanp

lanmou

travay misyonè

Konferans Jeneral

Misyonè yo se yon trezò pou Legliz la

Pa Èldè Kazuhiko Yamashita

Nan Swasanndis yo

Mwen rekonesan dèske misyonè yo aple pa Senyè a, dèske yo reponn apèl sa a, epi y ap sèvi nan tout mond lan.

Yon jou swa, sa gen kèk ane, yon misyonè ki te fèk aple, ki te rele Èldè Swan ak Senyò konpayon senyò li ki te Japonè, te vin vizite lakay nou. Erezman, mwen te lakay, konsa mwen te kapab envite yo antre. Lè m t ap akeyi yo nan pòt la, je m te tonbe sou manto Èldè Swan te mete a. San reflechi, mwen te di li: “Sa a se vrèman yon bèl manto ki sou ou la!” Sepandan, se pa t yon manto nèf, e li te menm yon ti jan blaze tou. Mwen te panse ke manto Èldè Swan te mete a sete yon manto ke kèk ansyen misyonè te kite dèyè nan apatman misyonè a.

Èldè Swan te imedyatman reyaji ak pawòl mwen yo, e sete konplètman opoze sa m te panse a. Nan lang japonè ezitan li, li te reponn: “Wi, se yon bon manto. Papa m te mete manto sa a lè li te sèvi kòm yon misyonè nan peyi Japon, sa gen plis pase 20 tan.”

Papa li te sèvi nan Misyon Okayama a. Epi lè pitit gason l la t ap pati pou al sèvi yon misyon nan Japon, li te ba li manto sa a. Foto sa a montre manto a ke de jenerasyon Èldè Swan nan Japon te mete.

Mwen te santi m touche lè m te tande pawòl Èldè Swan yo. E mwen te konprann kounyeya, pouki rezon Èldè Swan te mete manto papa l la pandan li t ap fè travay misyonè a. Èldè Swan te anbake nan misyon li avèk eritaj lanmou papa li pou peyi Japon ak pou pèp li a.

Mwen si ke kèk nan nou te petèt fè eksperyans yon bagay menmjan ak sa a. Anpil misyonè k ap sèvi nan peyi Japon te di m ke papa yo, manman yo, granpapa yo oubyen toton yo te sèvi misyon nan peyi Japon.

Mwen ta renmen eksprime lanmou sensè mwen, respè mwen, ak santiman remèsiman mwen pou tout ansyen misyonè ki te sèvi atravè mond lan. Mwen sèten ke moun nou te ede konvèti yo pa bliye nou. “Ala bèl sa bèl sou montay la, pye moun k ap pote bòn nouvèl yo!”<sup>1</sup>

Mwen se youn pami konvèti sa yo. Mwen te konvèti nan laj 17 an, pandan m te nan lekòl segondè. Misyonè ki te batize m nan sete Èldè Rupp ki te soti Idaho. Li fèk sot relve kòm Prezidan Pye nan Idaho. Mwen pa t janm wè l depi lè m te fin batize a, men mwen te gen opòtinite pou voye ak resevwa mesaj e-mail ba li ak pale avèk li nan telefòn. Mwen pa janm bliye li. Vizaj janti, souriyan li toujou rete grave nan memwa mwen. Li te tèlman kontan lè l te aprann ke m te oke.

Lè m ye gen 17 tan, mwen pa t reyèlman gen yon bon konprann sou mesaj misyonè yo t ap anseye m yo. Sepandan, mwen te gen yon santiman espesyal pou misyonè yo e m te vle vin menm jan avèk yo. Epi mwen te santi lanmou pwofon ak sensè yo.

Kite m rakonte nou jou m te batize. Sete 15 Jiyè, epi sete yon jou ki te cho anpil. Yo te batize yon fi jou sa a tou. Se misyonè yo ki te fè fon batismo a, e li pa t twò atiran.

Yo te konfime nou jis apre batèm nou. Toudabò, Èldè Lloyd te konfime sè a. Mwen te chita avèk lòt manm Legliz yo, je fèmèn, ap koute an silans. Èldè Lloyd te konfime li, epi apres a li te kòmanse pwononse yon benediksyon sou li. Men, Èldè Lloyd te sispann pale, konsa mwen te louvri je m epi m te gade l avèk atansyon.

Jis jodi a, mwen kapab sonje sèn sa a byen klè. Je Èldè Lloyd te ranpli ak dlo. Epi, pou lapremyè fwa nan lavi mwen, m te santi kisa sa te ye pou yon moun anvlope pa Sentespri a. Epi pa Sentespri a, mwen te resevwa yon konesans sèten ke Èldè Lloyd te renmen nou e Bondye te renmen nou.

Après sete tou pa m pou m te konfime. Yon lòt fwa ankò, sete Èldè Lloyd. Li te mete men sou tèt mwen epi li te konfime m kòm manm Legliz la, li te konfere m don Sentespri a, epi li te kòmanse pwononse yon benediksyon. Epi ankò li te sispann pale. Sepandan, fwa sa a, mwen te konprann sa k t ap pase a. Mwen te konnen reyèlman atravè Sentespri a ke misyonè yo te renmen mwen epi Bondye te renmen mwen.

Kounyeya, mwen ta renmen di kèk ti mo pou tout misyonè k ap sèvi kounyeya nan misyon yo atravè mond lan. Konpòtman nou, ak lanmou nou montre pou lòt moun yo se mesaj ki trè enpòtan. Menm lè m p at imedyatman kapte tout doktrin misyonè yo t ap anseye m yo, mwen te santi gwo lanmou yo epi pil zak jantiyès yo te anseye m leson enpòtan. Mesaj nou an se yon mesaj lanmou, yon mesaj espwa, ak yon mesaj lafwa. Konpòtman nou ak aksyon nou envite Lespri a, e Lespri pèmèt nou konprann bagay ki enpòtan yo. Sa m vle di, sèke, atravè lanmou nou, se an reyèlite lanmou Bondye n ap kominike. Nou se yon trezò pou Legliz sa a. Mwen rekonesan anpil anvè nou tout pou sakrifis nou ak devouman nou.



Mwen ta renmen pale avèk nou menm fiti misyonè yo tou. Nan pwòp fanmi pa m, kat nan pitit nou yo te sèvi misyon, epi senkyèm misyonè nou an pral antre nan Sant Fòmasyon Misyonè Provo a nan fen mwa sa a. Ane pwochèn ti dènye a ap planifye pou sèvi yon misyon tou lè l fin gradye nan lekòl segondè.

Konsa, m ap pale avèk pitit gason m yo epi avèk nou tout ki ap prepare pou al sèvi misyon. Li nesèsè pou nou pote twa bagay avèk nou nan misyon nou:

1. Yon dezi pou preche Levanjil la. Senyè a vle nou pran swen twoupo Li a, epi al chèche yo.<sup>2</sup> Moun toupatou nan mond lan ap tann nou. Tanpri ale vit kote yo ye yo. Okenn moun pa travay di pase misyonè yo pou al chèche lòt moun mennen vini. Mwen se youn nan moun yo te sekouri yo.

2. Devlope temwayaj nou. Senyè a mande “kè a ak yon lespri byen dispoze.”<sup>3</sup>

3. Renmen lòt moun, menmjan ak Eldè Swann, ki pote manto papa l la ak lanmou papa li pou Japon ak pèp li a avèk li nan misyon l la.

Epi pou nou menm ki pa konn kijan pou nou prepare pou al sèvi yon misyon, tanpri al wè evèk nou. Mwen konnen ke li va ede nou.

Mwen rekonesan ke se Senyè a ki aple misyonè yo, ke yo aksepte apèl sa a, epi y ap sèvi atravè tout mond lan. Kite m di nou tout, chè ansyen misyonè byeneme: “Mwen rekonesan pou tout efò nou yo. Nou se yon trezò pou Legliz sa a. E se pou nou toujou kontinye rete misyonè e aji antanke disip Kris la.”

Mwen temwanye ke nou se pitit Papa nou ki nan syèl la, Li renmen nou, e Li te voye Pitit Gason Byeneme li a, Jezikri, pou ke nou kapab retounen nan prezans li. Mwen di bagay sa yo nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

1. Ezayi 52:7
2. Ezekyèl 34:11
3. Doktrin ak Alyans 64:34.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Chwazi Lavi Etènèl

libabit

responsablite

konferans jeneral

Chwazi Lavi Etènèl

Pa Èldè Randall K. Bennet

Nan Swasanndis yo

Destine etènèl nou se p ap rezilta aza men se ap rezilta chwa nou yo. Li pa janm twò ta pou nou kòmanse chwazi lavi etènèl!

Sa gen plizyè ane anviwon, pandan m te sou plaj avèk fanmi mwen, m te remake pano ak drapo ki te avèti nou ke yon kouran fò te soti nan rivaj la pou ale nan direksyon dlo pwofon ak ajite. Sa te parèt envizib pou je mwen ki pa t antrene pou sa, men, sovètè yo ki te sou yon semafò tou pre a te fasilman detekte ke, kouran pisan an te poze yon danje pou tout moun ki te kite zòn sekirite rivaj la pou antre nan dlo a. Mwen raple k m te di, pou jistifye tèt mwen: “Mwen se yon gwo najè. Naje se ap yon bon egzèsis. M ap ansekirite si m pa elwaye m twòp de plaj la.”

Pandan ke m te inyore avètisman yo epi m te konfyan nan pwòp jijman pa m, mwen te antre nan dlo a pou m jwi yon naj “rafrechisan”. Apre kèk minit, mwen leve tèt mwen pou lokalize fanmi m sou plaj la tou pre a, men plaj la pa t pre ankò! Kouran twonpè a yo te avèti a te pran m epi trennen m rapidman byen lwen fanmi m.

Avèk konfyans okòmansman epi dezespereman apre, mwen te eseye naje al sou rivaj la, men kouran enplakab la te trennen m ale byen lwen pi fon, kote dlo a te pi ajite toujou. Mwen te vin fatigue e m te kòmanse ap toufe paske m t ap vale dlo. Mwen te reyalize ke m ta ka nwaye. Enèji m te ale, mwen te dezespereman e finalman rele pou mande èd.

Mirakilezman, li sanble, yon sovèt te twouve l akote m imedyatman. Mwen pa t konnen si li t ap suiv mwen lè m te m antre nan dlo a. Li te konnen kouran an t apral pran mwen, e li te konnen ki kote li t ap mennen m. Pandan ke l te kontoune kouran an, li te naje rive yon kote ki te yon ti kras pi lwen kote m t ap lite a; epi avèk pasyans, li te rete tann pou m te rele mande èd. Twò fèb pou m naje poukont mwen rive sou rivaj la, mwen te rekonesan anpil e mwen toujou rekonesan pou sekou li pote m nan. San èd li, mwen pa t ap ka janm retounen jwen fanmi mwen.

Jou sa a, mwen te fè yon move chwa ki ta kapab gen konsekans grav pou mwen menm ak fanmi mwen. Pandan ke ansanm nou pral pale de don pou fè chwa a, mwen priye pou Sentespri a ede nou chak endividyèlman pou evalye chwa n ap fè yo.

Pwofèt byenneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson, te ansenye: “Mwen pa kwè l ap janm ase pou di nou ke desizyon detèmine destine. Nou pa kapab pran desizyon etènèl san konsekans etènèl.”<sup>1</sup>

Nou chak, jan yo anseye nou nan konferans sa a, se yon pitit gason oswa pitit fi espri byenneme paran selès. Nou vrèman gen yon nati ak yon destine divin.<sup>2</sup> Pandan lavi premòtèl nou, nou te aprann renmen laverite. Nou te fè chwa etènèl korèk. Nou te konnen ke isit la, nan mòtalite a, t apral gen afliksyon ak advèsite, chagren ak soufrans, eprèv ak tribilasyon, pou ede nou grandi ak pwogrese. Nou te konnen tou ke nou ta p ka kontinye fè bon chwa, repanti pou move chwa yo, epi, gras ak sakrifis ekspiyatwa Jezikri a, eritye lavi etènèl.

Kisa pwofèt Leyi te anseye konsènan chwa? Li te konseye ke nou “lib pou chwazi libète ak lavi etènèl, pa mwayen gran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen yo kapab chwazi kaptivite ak lanmò, dapre kaptivite ak pouvwa dyab la.” Apresa li te bay enstriksyon: “Pou nou apiye sou gran Medyatè a, koute gran kòmandman li yo e rete fidèl nan pawòl li yo, epi chwazi lavi etènèl.”<sup>3</sup>

Frè m ak sè m yo, nan sa nou chwazi pou nou panse, santi, ak fè, èske nou menm avèk mwen *chwazi lavi etènèl*?

Pitit pitit nou yo ap aprann ke lè yo fè yon chwa, yo chwazi konsekans li tou. Resamman youn nan pitit pitit fi twazan nou yo te refize manje dine li. Manman l te eksplike l: “Li preske lè pou al dòmi. Si w chwazi pou w manje, ou chwazi krèm glase pou desè. Si w pa chwazi pou w manje, ou chwazi pou w al kouche kounyeya, san krèm glase.” Pitit pitit fi nou an te

reflechi sou toulède chwa yo epi li te reponn enèjikman: “Mwen vle chwa *sa a---*pou m jwe *epi* manje sèlman krèm glase *epi* pa ale kouche.”

Frè m ak sè m yo, èske nou pa swete ke nou ta dwe jwe, manje krèm glase sèlman, pa janm al kouche, epi panse ke nou ka evite konsekans tankou malnitrisyon ak fatig?

An reyalite, nou gen sèlman de chwa etènèl, chak gen konsekans etènèl: chwazi pou suiv Sovè mond lan epi konsa chwazi lavi etènèl avèk Papa nou ki nan syèl la oubyen chwazi pou suiv mond lan epi konsa chwazi pou separe nou avèk Papa nou ki nan syèl la etènèlman.

Nou pa kapab reyisi nan chwazi alafwa sekirite yon lavi ladwati ak danje mond lan ansanm. Pataje plezi mond lan kapab sanble l san danje, men se konsa naje “rafrechisan” m nan te sanble tou!

Menm jan ak kouran an ki te ka chanje trajektwa lavi fanmi m nan, jodia, kouran mond lan, filozofi twonpè, fo ansèyman, ak imoralite enkontwolab ap chèche trennen nou deyò e separe nou etènèlman avèk fanmi nou ak Papa nou ki nan Syèl la.

Pwofèt vivan, vwayan, ak revelatè nou yo wè epi chèche avèti nou sou kouran danjere men sibtil yo nan mond lan k ap menase nou yo. Avèk amou, yo envite nou, ankouraje nou, anseye nou, raple nou, e avèti nou. Yo konnen ke sekirite nou depann sou chwa n ap fè pou suiv (1) vizyon nou jwenn nan etid ekriti ak priyè chak jou yo, nan meditasyon, ak lapriyè, (2) gidans Sentepri a, ak (3) konsèy pwofèt yo. Yo konnen ke gen sekirite ak lajwa finalman, sèlman nan epi atravè Sovè nou, Jezikri, ak nan viv Levanjil Li a. Jan Èldè Dallin H. Oaks fèk sot anseye a, Sovè nou an te deklare: “Mwen se chemen an, verite a, ak lavi a: pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase pa mwen.”<sup>4</sup>

Pandan peryòd advèsite ak soufrans nan LaRisi Sovyetik anvan an, Anatoly ak Svetlana Reshetnikov te chwazi lajistis sou bagay mond lan. Apre yo te rantre nan Legliz la, yo te pèsekite yo. Yo te desann Frè Reshetnikov nan pozisyon travay li. Avèk vanyans, li menm ak madanm ni te panse: “Kounyeya nou gen plis tan pou sèvi Bondye!” Yo te resevwa menas tout tan, men yo te chwazi pou mennen yon lavi santre sou Levanjil la. Èldè Anatoly Reshetnikov te resevwa apèl kòm premye Swasanndis Otorite Zon nan Larisi. Atravè chwa yo, Reshetnikov yo kontinye *chwazi lavi etènèl*.

Nou tout fè fas avèk advèsite. Nou tout gen tantasyon. Nou tout fè erè. Li pa janm twò difisil ni twò ta pou nou fè chwa ki korèk. Repantans se youn nan chwa enpòtan ki korèk yo.

Prezidan Dieter F.Uchtdorf te anseye:

“Ti erè yo ak ti eka yo nan doktrin levanjil Jezikri a kapab gen konsekans tris pou nou. Se poutèt sa, li enpòtan anpil pou nou vin gen ase disiplin tèt nou pou nou fè koreksyon desizif yo rapidman pou nou ka retounen sou bon chemen an e pa tann ni espere ke erè yo ap fini pa korije poukont yo.

“Pi lontan nou tann pou nou fè koreksyon an, se plis chanjman nesèsè yo ap vin pi gwo, e se plis n ap pran tan pou retounen sou bon chemen an, nan pwèn menm ke yon dezaz kapab ap tann nou.”<sup>5</sup>

Bra mizèrikòd Sovè a yo toujou rete lonje ap tann nou chak.<sup>6</sup> Lè nou sensèman ak totalman repanti, nou kapab totalman jwenn padon pou erè nou yo epi Sovè a pa p sonje peche nou yo ankò.<sup>7</sup>

Lè n ap evalye chwa nou yo avèk konsekans yo, nou dwe mande tèt nou:

Èske m ap chèche direksyon divin atravè etid ekriti chak jou, meditasyon, ak lapriyè, oubyen èske m chwazi pou m sitèlman okipe oubyen endiferan ke m pa pran tan pou m etidye pawòl Kris yo, medite yo, epi konvèsè avèk Papa m ki nan Syèl la?

Èske m chwazi pou m suiv konsèy pwofèt vivan Bondye yo, oubyen èske m ap suiv wout mond lan yo ak opinyon opoze lòt moun?

Èske m chache gidans Sentespri a chak jou nan sa m chwazi pou m panse, santi, ak fè?

Èske m konstaman chèche pou ede, sèvi ak pote lòt moun sekou?

Chè frè m ak sè m yo, destine etènèl nou pa pral rezilta lachans men se pral rezilta chwa nou. Li pa janm twò ta pou nou kòmanse chwazi *lavi etènèl!*

Mwen rann temwanyaj mwen ke gras ak gwo plan bonè Papa nou ki nan Syèl la, nou chak kapab pèfeksyone nou atravè Sakrifis ekspiyatwa Jezikri a. Avèk fanmi nou, nou ka viv avèk Papa nou ki nan Syèl la etenèlman epi

resevwa yon plenitud lajwa. Konsènan bagay sa yo mwen temwaye nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Thomas S. Monson, “Desizyon detèmine destine” (Kwendfe Sistèm Edikatif la pou jèn adilt yo, 6 Nov 2005), <http://lds.org/library/display/0,4945,538-1-3310-1,00.html>.
2. Gade “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan,” *Liahona* Nov. 2010, 129
3. 2 Nefi 2:27, 28; italik ajoute
4. Jan 14:6.
5. Dieter F. Uchtdorf, “A Matter of a Few Degrees,” *Liahona* Me 2008, 59.
6. Gade Alma 5:33.
7. Gade Doktrin ak Alyans 58:42.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Privilèj lapriyè a

Jezikri

lafwa

lanmou

lapriyè

repantans

konferans jeneral

Privilèj lapriyè a

Pa Eldè J. Devn Cornish

Nan Swasanndis yo

Lapriyè se youn nan don ki pi presye Bondye bay lòm.

Frè m ak sè byeneme m yo, Bondye Papa nou se pa yon santiman ni yon ide ni yon fòs. Li se yon pèsonaj sen ki, jan ekriti yo anseye a, gen yon vizaj ak men ak yon kò gloriye imòtèl. Li reyèl, li konnen nou chak endividyèlman, epi li remen nou, nou chak. Li vle beni nou.

Jezi te di:

“Èske gen yonn nan nou ki va bay pitit li yon wòch si li mande l yon pen?”



“Oswa eske la ba li yon koulèv si pitit li mande l yon pwason?”

Si nou menm ki mechan jan nou mechan an, nou konn bay pitit nou yo bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki nan syèl la p ap ban nou bon bagay lè nou mande li? (Matye 7:9-11).

Yon eksperyans pèsònèl kapab petèt ede m ilistre pwèn sa a. Lè m te yon jèn doktè rezidan nan lopital pou Timoun nan Boston an, m te konn travay anpil èdtan epi, pafwa, m te konn souvan deplase sou bisiklèt soti nan lopital la pou al lakay mwen nan Watertown Massachusetts, paske madanm mwen ak timoun yo te konn bezwen machin nou an. Yon jou swa, m t ap kondi bisiklèt la pou ale lakay apre anpil tan travay nan lopital la, mwen te santi m fatige ak grangou anpil e yon tikras dekouraje tou. M te konnen ke, lè m te rive lakay, mwen t ap bezwen bay madanm mwen ak kat timoun piti nou yo non sèlman tan ak enèji m, men yon atitud pozitif tou. Franchman, mwen pa t menm te ka kontinye pedale.

Sou wout mwenm m te konn pase devan yon restoran ki te vann poul fri, e m te santi m t ap diminye grangou ak fatig la si m te ka rete pou manje yon moso poul sou wout pou ale lakay mwen an. Mwen te konnen yo te gen yon likidasyon kuis ak pye poul pou 29 santim chak, men lè m te tcheke bous mwen, m te sèlman gen 5 santim. Pandan m t ap kontinye pedale, mwen te pale Senyè a de sitiyasyon mwen epi m te mande li si, nan mizerikòd li, li te ka fè m jwenn yon pyès 25 kòb sou bò wout la. M te di l ke m pa t bezwen sa kòm yon siy men, mwen t ap vrèman rekonesan si, nan bonte li, li te santi l ka akòde m benediksyon sa a.

M te kòmanse gade atè avèk plis atansyon men m pa t wè anyen. Pandan m t ap eseye kenbe yon atitud plen lafwa, men soumi, pandan m t ap kontinye wout mwen, m te prèske rive bò restoran an. Se lè sa a, sou twotwa a, prèske egzaktaman anfas restoran poul la, mwen te wè yon pyès 25 kòb atè a. Avèk rekonesans ak soulajman, mwen te ranmase l, mwen te achte poul la, m te savoure chak moso, epi jwayezman m te pedale rive lakay mwen.

Nan mizerikòd li, Bondye nan syèl la, Kreyatè ak Chèf tout bagay tout kote a, te tande yon priyè konsènan yon ti bagay trè piti. Yon moun kapab ap mande poukisa li te sousye de yon ti bagay si ensiyifyan konsa. Mwen fini pa konprann ke Papa nou ki nan syèl la renmen nou sitèlman ke bagay ki enpòtan pou nou yo vin enpòtan pou li tou, senpleman paske li renmen nou. Èske li pa ta renmen ede nou pi plis ankò pou bagay enpòtan n ap mande yo, si yo jis (gade 3 Nefi 18:20)?

Timoun piti yo, jèn yo, ak nou menm adilt yo tou, tanpri, kwè ke Papa eman nou an ki nan syèl la vle beni *nou*. Men, paske li pa vle anpyete sou libabit nou, nou dwe mande l èd li. Jeneralman sa fèt atravè lapriyè. Lapriyè se youn nan kado ki pi presye Bondye bay lòm.

Nan yon okazyon, disip Jezi yo te mande: “Senyè, anseye nou pou nou priye” (Lik 11:1). An repons, Jezi te ba nou yon egzanp ki ka sèvi kòm gid pou prensip kle nan lapriyè yo (Gade Russell M. Nelson, “Lessons from the Lord’s prayers,” *Lyawona*, Me 2009, 46-49; gade tou Matye 6:9-13; Lik 11:1-4). Selon egzanp Jezi a:

Nou kòmanse pa pale ak Papa nou ki nan syèl la: “Papa nou ki nan syèl la” (Matye 6:9; Lik 11:2). Nou gen privilèj pou adrese nou dirèkteman avèk Papa nou. Nou pa priye okenn lòt moun. Sonje ke yo konseye nou pou nou evite repetisyon, ansanm ak itilize non Papa a twòp lè n ap priye.<sup>1</sup>

“Se pou yo respekte non ou” (Matye 6:9; Lik 11:2). Jezi te adrese Papa li nan yon atitud adorasyon, an rekonesan grandè li, epi ba li louwanj ak remèsiman. Aisreman, zafè venere Bondye ak remèsye li sensèman ak espesifikman an se youn nan kle priyè efikas.

“Se pou wayòm ou an vini. Se pou volonte ou fèt” (Matye 6:10; Lik 11:2). Ak tout kè nou, nou rekonèt nou depann sou Senyè a epi nou eksprime dezi nou pou fè volonte li, menmsi li diferan ak volonte pa nou. Diksyonè Bib Anglè a eksplike: “Priyè se yon demach ki pèmèt volonte Papa a ak volonte pitit la tonbe dakò youn ak lòt. Objektif lapriyè se pa pou chanje volonte Bondye, men se pou jwenn pou tèt nou ak pou lòt moun, benediksyon ke

Bondye deja dispoze pou akòde, men ki chita sou kondisyon pou nou mande yo” (Bible Dictionary, “Prayer”).

“Ba nou jodia pen kotidyen nou” (Matye 6:11; gade Lik 11:3 tou). Nou mande Senyè a bagay nou vle yo. Li esansyèl pou nou onèt nan sa n ap mande Bondye. Li pa t ap totalman onèt, paegzanp, pou m ta mande èd Senyè a pou yon egzamen nan lekòl, si m pa pote atansyon nan klas, ni fè devwa yo ban mwen, ni etidye pou tès la. Souvan lè m priye, Lespri a pouse m dousman pou m admèt ke m ta dwe fè plis pou resevwa èd m ap mande Senyè a. Apresa, mwen dwe angaje m epi fè pati pa m nan. Li kontrè ak sistèm selès la pou Senyè a fè pou nou sa nou kapab fè pou tèt nou.

“Padone tout sa nou fè ki mal” (Matye 6:12) oswa, nan yon lòt vèsyon, “Padone peche nou yo” (Lik 11:4). Yon pati esansyèl ke nou souvan bliye nan priyè pèsonèl nou se repantans. Pou repantans opere, li dwe presi, pwofon, ak dirab.

“Menm jan nou padone moun ki fè nou mal” (Matye 6:12; gade Lik 11:4 tou). Sovè a etabli yon koneksyon klè ant jwenn padon pou peche nou yo ak padone moun ki ofanse nou. Pafwa, mal lòt moun yo fè nou yo douloure anpil e trè difisil pou padone oubyen bliye. Mwen rekonesan anpil pou rekonfò ak gerizon mwen jwenn nan envitasyon Senyè a pou abandone blesi nou yo epi konfyè l yo. Nan Doktrin ak Alyans, seksyon 64, Li te di:

“Mwen menm, Senyè a, m pral padone moun m vle padone, men, pou nou menm se yon egzijans pou nou padone tout moun.

“Epi nou dwe di nan kè nou---se pou Bondye jija ant mwen menm avèk nou, epi pou l rekonpanse nou dapre zèv nou yo” (vèsè 64:10-11).

Epi nou dwe konplètman abandone sijè a, kite Senyè a pran bagay yo nan men li, si nou vle jwenn gerizon.

“Pa kite nou tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba malen an” (Matye 6:13, referans a; nan Tradiksyon Joseph Smith, Matye 6:14; gade Lik 11:4

tou, referans c; nan Tradiksyon Joseph Smith la). Konsa, nan priyè nou yo, nou ka kòmanse pwosesis pwotektè pou mete tout zam Bondye yo (gade Efezyen 6:11; D&A 27:15) pou tann jou k ap vini an epi mande èd pou bagay pafwa efreyan nou dwe afwonte yo. Tanpri, zanmi m yo, pa bliye mande Senyè a pou pwoteje nou ak rete avèk nou.

“Se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan” (Matye 6:13). Ala sa enstriktif ke Jezi te fini priyè sa a nan bay Bondye louwanj ankò ak eksprime respè li ak soumisyon li devan Papa a. Lè nou kwè reyèlman ke Bondye ap dirije wayòm ni an epi Li gen tout pouvwa ak tout laglwa, n ap rekonèt ke li reyèlman anchaj, ke li renmen nou avèk yon lanmou pafè, epi Li vle nou gen bonè. Mwen te dekouvri ke youn nan sekre pou yon lavi bonè se rekonèt ke lè n fè bagay yo nan fason Senyè a sa ap ba nou plis lajwa pase fè yo nan fason pa nou.

Gen yon risk pou yon moun ka pa santi l ase diy pou priye. Ide sa a soti nan espri malen an, se li menm ki anseye moun pou l pa priye (gade 2 Nefi 32:8). Li osi danjere pou nou panse ke nou pa ka priye paske nou fè twòp peche, ke l danjere pou yon moun ki malad anpil panse li twò malad pou al kay doktè!

Nou pa dwe panse ke yon priyè, kèlkeswa jan li sensè, ap trè efikas si nou sèlman kontante nou pou fè yon priyè. Nou pa dwe jis fè priyè nou yo; nou dwe viv yo tou. Senyè a pi kontan avèk yon moun ki priye epi apres a travay pase avèk yon moun ki kontante l priye sèlman. Menmjan ak medikaman, priyè travay sèlman lè nou suiv preskripsyon an.

Lè m di ke priyè se yon privilèj dous la, se pa sèlman paske m rekonesan pou m pale ak Pè Selès la epi santi Lespri li lè m priye. Se paske li reyèlman reponn epi pale ak nou tou. Evidaman, fason li pale avèk nou dabitid se pa yon vwa ke nou tande. Prezidan Boyd K. Packer eksplike: “Vwa dous, trankil enspirasyon sa a vini plis tankou yon santiman pase yon son. Li ka transmit entelijans pi nan lespri nou. . . . Gidans sa a vini kòm panse, kòm santiman atravè pouse ak enpresyon” (“Prayer and Promptings,” *Lyawona*, Nov. 2009, 44).

Pafwa se kòmisi nou pa jwenn okenn repons pou priyè sensè ak fèvan nou yo. Sa mande lafwa pou nou sonje ke Senyè a reponn nan tan pa li ak nan fason pa li, pou l ka beni nou pi byen. Oswa, lè nou reflechi plis sou sa, nou souvan reyalize ke nou deja trè byen konnen sa nou ta dwe fè.

Tanpri, pa dekouraje si sa pa mache pou ou imedyatman. Menmjan ak aprann yon lang etranje, sa mande pratik avèk efò. Tanpri konnen tou, nou ka aprann langaj Lespri, epi lè nou fè sa, l ap ba nou gwo lafwa ak pouvwa nan ladwati.

Mwen renmen konsèy pwofèt byeneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson, ki te di: “Pou nou menm k ap tande vwa m la a, ki ap redi anba difikilte ak pwoblèm, gwo tankou piti, konnen ke lapriyè bay fòs esprityèl; se paspò pou lapè. Lapriyè se mwayen pou nou adrese nou ak Papa nou ki nan Syèl la, ki renmen nou. Pale avèk li nan lapriyè epi apresya, koute repons la. Lapriyè akonpli mirak” (“Be Your Best Self,” *Lyawona*, Me 2009, 68).

Mwen pwofondeman rekonesan pou privilèj mwen genyen pou adrese m ak Papa mwen ki nan syèl la nan lapriyè. Mwen rekonesan pou pakèt fwa li tande ak reponn mwen. Paske li reponn mwen, pafwa nan fason pwofetik ak mirakile, mwen konnen li vivan. Mwen temwaye enbleman ke Jezi, Pitit Gason Sen li a, se Sovè vivan nou tou. Sa a se legliz li ak wayòm ni sou tè a; travay sa a vrè. Thomas S. Monson, pou ki nou priye avèk zèl la, se pwofèt li. Konsènan bagay sa yo mwen temwaye avèk yon sètitud total, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Francis M. Lyman, “Proprieties in Prayer,” nan Brian H. Stuty, comp., *Collected Discourses Delivered by President Wilford Woodruff, His Two Counselors, the Twelve Apostles, and Others*, 5vols, (1987-92), 3:76-79; B. H. Roberts, comp., *The Seventy’s Course in Theology*, 5 vols, (1907-12), 4:120; *Encyclopedic of Mormonism*, (1992), “Prayer,” 1118-19; Bruce R. McConkie, *Mormon Doctrine*, 2<sup>nd</sup> ed. (1966), 583.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Chan yo pa t kapab chante yo

advèsite

lafwa

plan sali

konferans jeneral

Chan yo pa t kapab chante yo

Pa Èldè Quentin L. Cook

Nan Kolèj Douz Apot yo

Pandan ke nou pa gen tout repons yo, nou konnen prensip enpòtan ki ap pèmèt nou afwonte trajedi yo avèk lafwa ak konfyans.

Anpil moun rankontre gwo pwoblèm e menm trajedi pandan lavi motèl sa a. Toupatou nan mond lan, nou wè egzanp eprèv ak tribilasyon.<sup>1</sup> Nanm nou touche pa imaj sou lanmò, soufrans tèrib, ak dezespwa n ap wè nan televizyon yo. Nou wè Japonè yo ap lite ewoyikman kont dega yon tranbleman de tè ak tsunami. Imaj efreyan destriksyon tou World Trade Center yo, ke nou te rewè resamman yo, te di pou nou reviv. Gen yon bagay ki sakaje nou lè nou okouran yon trajedi konsa, sitou lè se inonsan ki sibi li.

Pafwa trajedi yo trè pèsònèl. Yon pitit gason oswa yon pitit fi mouri byen jèn oubyen li tonbe viktim yon maladi devastan. Yon paran eman pèdi lavi li akòz yon zak ireflechi oswa yon aksidan. Lè yon trajedi rive, nou kriye epi nou youn eseye pote fado lòt.<sup>2</sup> Nou regrèt bagay ki pap akonpli yo anpil ak

chante ki p ap chante yo.

Pami kesyon yo poze dirijan legliz yo pi souvan yo, genyen: “Poukisa yon Bondye ki jis kite move bagay rive moun, espesyalman bon moun? Poukisa moun ki jis yo e ki ap sèvi Senyè a pa epaye anba trajedi sa yo?

Byenke nou pa konn tout repons yo, nou konnen kèk prensip enpòtan ki pèmèt nou afwonte trajedi yo avèk lafwa ak konfyans ke gen yon bèl demen ki planifye pou nou chak. Kèk nan prensip ki pi enpòtan sa yo se:

Premyèman, nou gen yon Papa nan Syèl la, ki konnen nou e ki renmen nou pèsònèlman e ki konprann soufrans nou yo pafètman.

Dezyèmman, Pitit Gason L lan, Jezikri, se Sovè nou ak Redanmtè nou, Ekspyasyon L la non sèlman bay sali ak egzaltasyon men li ap peye pou tout enjistis lavi a tou.

Twazyèmman, plan bonè Papa a pou pitit Li yo genyen ladan l non sèlman yon lavi premòtèl ak yon lavi motèl men yon lavi etènèl tou, ki gen ladan yon gwo reyinyon gloriye avèk moun nou pèdi yo. Tout move bagay pral korije e nou pral wè avèk yon klate pafè ak yon pèspektiv ak yon konpreyansyon san fot.

Nan pèspektiv limite moun ki pa gen konesans, konpreyansyon, oubyen lafwa nan plan Papa a – ki wè mond lan sèlman atravè je mòtèl yo avèk lagè, vyolans, maladi, ak mal li yo–lavi sa a ka sanble l depriman, dezòganize, enjis, ak san sans. Dirijan Legliz yo konpare pèspektiv sa a avèk yon moun ki antre nan mitan yon pyès ki gen twa twa ak.<sup>3</sup> Moun ki pa konnen plan Papa a pa konprann sa k te pase nan premye ak la, ki se egzistans premòtèl la, ak bi ki te fikse ladan l yo; ni nonplis yo pa konprann klarifikasyon ak solisyon ki vini nan twazyèm ak la, ki se akonplisman gloriye plan Papa a.

Anpil moun pa rann yo kont ke, nan plan eman ak inivèsèl li a, moun ki sanble yo dezavantaje san se pa fòt pa yo, pa p penalize alafen.<sup>4</sup>

Nan kèk mwa, sa pral fè 100 tan depi nofraj trajik bato *Titanik* la te rive. Sikonstans kalamite ki te antoure evenman orib sa a toujou gen gwo enpak nan memwa moun depi yon syèk. Moun ki t ap fè piblisite pou nouvo bato pasajè deliks la, ki te gen 11 etaj e ki te prèske longè 3 teren foutbòl la,<sup>5</sup> te fè deklarasyon egjazere e ki pa t jistifye konsènan sekirite *Titanic* la nan dlo ivè ki ranpli ak mas glas yo. Bato sa a te sipoze pa kapab koule; e poutan lè l te koule desann anba sifas Osean Atlantik glase a, plis pase 1.500 moun te pèdi lavi yo.<sup>6</sup>

Nan anpil fason nofraj *Titanik* la se yon konparezon pou lavi a ak pou anpil prensip levanjil. Se yon egzanp pafè sou difikilte ki genyen nan gade sèlman atravè linèt lavi mòtel sa a. Pèt lavi sa yo te katastwofik nan konsekans li men se te rezilta yon aksidan natirèl. Avèk bann lanmò de gè mondyal yo ak 10zyèm anivèsè destriksyon tou World Trade Center yo, nou wè, nan pwòp epòk pa nou an, yon apèsi nan chòk, soufrans, ak pwoblèm moral ki antoure evenman ki soti nan mal egzès libabit la. Trajedi sa yo, kèlkeswa koz yo, gen repèkasyon terib sou fanmi, zanmi, ak nasyon yo.

Konsènan *Titanik* la, moun te tire leson sou danje lògèy ak vwayaje nan dlo twoub e sou lefèt ke “tout moun egal devan Bondye.”<sup>7</sup> Moun ki te peri yo te soti nan tout kouch sosyal nan lavi a. Genyen ki te rich ak selèb, tankou John Jacob Astor; men te gen ouvriye, imigran, fi, timoun ak manm ekipaj tou.<sup>8</sup>

Te gen omwen de koneksyon Sen Dènnye Jou nan *Titanic* la. Toulède ilistre difikilte nou genyen pou konprann eprèv, tribilasyon ak trajedi yo epi yo bay yon apèsi sou fason nou afwonte yo. Premye a se yon egzanp sou rekonesans pou benediksyon nou resevwa ak pwoblèm nou evite. Li konsène Alma Sonne, ki te sèvi nan apre kòm Otorite Jeneral.<sup>9</sup> Li te prezidan pye mwen lè m te fèt nan Logan, Utah. Se Èldè Sonne ki te fè entèvyou avèk mwen lè m ta pral nan misyon. Nan epòk sa a, tout kandida misyonè yo te konn gen yon entèvyou avèk yon Otorite Jeneral. Li te gen yon gwo enfliyan nan lavi mwen.

Lè Alma te jènjan, li te gen yon zanmi ki te rele Fred, ki te inaktif nan Legliz la. Yo te fè anpil pale sou sèvi yon mission, e finalman Alma Sonne te



konvenk Fred pou l te prepare pou al sèvi yon misyon. Yo toulède te resevwa apèl pou yo te sèvi nan Misyon Britanik la. Lè misyon yo te fini, Èldè Sonne, ki te sekretè misyon an, te fè aranjman vwayaj pou yo te retounen Ozetazini. Li te achte tikè pou vwayaje sou *Titanik* la pou limenm, Fred, ak kat lòt misyonè ki te fini misyon yo.<sup>10</sup>

Lè dat depa a te rive, pou yon rezon kèlkonk, Fred te gen yon anpèchman. Èldè Sonne te anile toulè sis tikè li te achte pou vwayaje sou nouvo bato deliks la nan okazyon premye vwayaj li a, epi li te fè rezèvasyon sou yon bato ki tap vwayaje nan demen.<sup>11</sup> Kat misyonè yo, ki te eksite pou vwayaje sou *Titanik* la, te eksprime desepsyon yo. Repons Èldè Sonne a te sanble ak istwa Jozèf ak frè l yo an Ejip la ki rapòte nan Jenèz la: “Kijan pou nou ta fè retounen al jwenn fanmi nou san tigason an pa avèk nou?”<sup>12</sup> Li te eksplike konpayon l yo ke yo te vini an Angletè ansanm e yo tout dwe retounen lakay yo ansanm. Èldè Sonne te aprann nofraj *Titanik* la nan apre epi li te di zanmi li Fred, avèk rekonesans: “Ou sove lavi m.” Fred te reponn: “Non, se ou menm ki sove lavi m, paske w te fè m vin nan misyon an.”<sup>13</sup> Tout lòt misyonè yo te di Senyè a mèsi poutèt li te pwoteje yo.<sup>14</sup>

Pafwa, tankou jan sa te ye pou Èldè Sonne ak kòlèg misyonè li yo, gen gwo benediksyon ki vin jwenn moun ki fidèl yo. Nou dwe rekonesan pou tout “tand mizerikòd” ki vini nan lavi nou yo.<sup>15</sup> Nou pa konn ki kantite benediksyon nou resevwa jou apre jou. Li ekstrèmmeman enpòtan pou nou gen yon espri gratitud nan kè nou.<sup>16</sup>

Ekriti yo klè: moun ki jis yo, ki suiv Senyè a, e ki respekte kòmandman L yo ap pwospere nan peyi a.<sup>17</sup> Yon eleman esansyèl nan pwospere a se gen Lespri a nan lavi nou.

Men, ladwati, priyè, ak fidelite pa toujou abouti nan fen byenere nan mòtalite a. Anpil moun ap fè eksperyans gwo kalite eprèv. Lè sa rive, Bondye apwouve ke nou gen lafwa epi chèche benediksyon prèttriz yo. Senyè a deklare: “Epi yo dwe rele ... ansyen legliz yo pou priye pou li epi pou enpoze men sou li nan non mwen; epi si li mouri, l ap mouri nan mwen, epi li li viv l ap viv nan mwen.”<sup>18</sup>

Li enstriktif pou nou konnen ke dezyèm koneksyon Sen Dènnye Jou avèk *Titanik* la pa t gen yon fen mòtèl ere. Irene Corbett te gen 30 an. Se te yon jèn dam epi yon manman ki te soti Provo, Utah. Li te gen gwo talan atistik ak mizikal; li te pwofesè ak enfimyè tou. Lè te gen demann ijan pou pwofesyonèl medikal nan Provo, li te ale nan yon pwogram etid sis mwa nan Lond pou al aprann fanm saj. Pi gwo dezi li sete pou l te fè yon diferans nan mond lan. Li te yon moun pridan, reflechi, li te renmen priye e li te gen kouraj. Youn nan rezon k fè li te chwazi *Titanik* la pou l te retounen Ozetazini, se te paske li te panse misyonè yo t ap vwayaje avèk li e sa t ap bay yon sekirite anplis. Irene se te youn nan kèk grenn fi ki pat sove nan trajedi terib sa a. Yo te mete pifò fi yo ak timoun yo nan chaloup sovtaj e finalman yo te sove yo. Pa t gen ase chaloup sovtaj pou tout moun. Men yo kwè ke li pa t nan chaloup sovtaj yo paske, avèk fòmasyon espesyal li te genyen an, li tap okipe l de bezwen bann pasaje ki te blese yo lè yo te frape avèk mas glas la.<sup>19</sup>

Gen anpil kalite pwoblèm. Gen kèk ki ban nou eksperyans endispansab yo. Rezilta negatif yo nan vi mòtèl sa a se pa prèv mank lafwa oubyen enpèfeksyon nan plan global Papa nou ki nan Syèl la. Dife fòjewon an reyèl, e kalite pèsonalite ak ladwati yo ki fòje nan founèz afliksyon yo pèfeksyone ak pirifye nou epi tou yo prepare nou pou n al rankontre Bondye.

Lè Pwofèt Joseph Smith te prizonye nan Prizon Liberty a, Senyè a te deklare li ke pil kalamite kapab rive lòm. Sovè a te di Joseph pami lòt bagay, “Si yo ta jete ou nan ravin fon, si lang pèvès konspire ou; si move van vin tounen enmi w; ... epi eleman yo konbine pou bare wout la; ... tout bagay sa yo ap ba w eksperyans, epi se ap pou byen w.”<sup>20</sup> Sovè a te konkli enstriksyon L lan konsa: “M konnen jou w yo, epi ane ou yo p ap vin mwens; se poutèt sa, pa pè ... paske Bondye ap avèk ou pou toujou ajamè.”<sup>21</sup>

Gen kèk pwoblèm ki soti nan libabit lòt moun. Libabit endispansab pou pwogresyon ak devlopman endividyèl espirityèl. Move konduit se yon eleman libabit. Kapitèn Mowoni te eksplike doktrin trè enpòtan sa a: “Senyè a kite moun ki jis yo mouri pou lajistis ak jijman l kapab tonbe sou mechan

yo.” Li rann klè ke moun ki jis yo pa pèdi; men yo “antre nan repo Senyè Bondye yo a.”<sup>22</sup> Mechan yo pral rann kont pou bagay atwòs yo komèt yo.<sup>23</sup>

Gen kèk pwoblèm ki soti nan dezobeyi lwa Bondye yo. Pwoblèm sante ki soti nan fimen, alkòl ak abize dwòg yo anpil. To moun ki fèmèn nan prison poutèt krim ki liye avèk alkòl ak dwòg wo anpil.<sup>24</sup>

To divès akòz enfidelite yo konsiderab tou. Anpil nan eprèv ak tribilasyon sa yo ta kapab evite si moun obeyi lwa Bondye yo.<sup>25</sup>

Prezidan misyon byeneme mwen, Èldè Mario D. Hanks (ki te mouri an Out la), te mande noumenm ki te misyonè yo, pou nou te memorize yon deklarasyon pou nou reziste anba difikilte lavi mòtèl yo: “Pa gen aza, ni sò, ni destine ki kapab kontoune oswa kontrekare oswa kontwole rezolisyon fèm yon moun ki detèmine.”<sup>26</sup>

Li te rekonèt ke sa pa aplike a tout pwoblèm nou rankontre yo men li vrè nan domèn esprityèl. Mwen rekonesan pou konsèy li a nan lavi mwen.

Youn nan rezon pèt lavi tèrib yo sou *Titanik* lan sè ke pa t gen ase chaloup sovta. Kèlkeswa eprèv nou rankontre nan lavi sa a, Ekspyasyon Sovè a bay chaloup soveta pou tout moun. Pou moun ki panse eprèv yo rankontre yo pa jis yo, Ekspyasyon an kouvri tout enjistis ki genyen nan lavi a.<sup>27</sup>

Yon difikilte san parèy pou moun ki pèdi moun ki chè pou yo se evite panse anpil sou opòtinite ki pèdi yo nan lavi sa a. Souvan moun ki mouri bonè yo te demontre kapasite, enterè ak talan enpòtan. Avèk konpreyansyon limite nou, nou regrèt bagay ki pap akonpli yo ak chante ki pap chante yo. Gen yon moun ki dekri sa kòm si ou mouri avèk mizik la toujou andedan ou. Nan ka sa a, mizik la se yon konparezon ki reprezante tout potansyèl ki pa reyalize yo. Pafwa moun fè gwo preparasyon men yo pa gen tan akonpli yo nan lavi mòtèl la.<sup>28</sup> Youn nan powèm klasik yo pi site, “*Elegy Written in a Country Church-Yard*,” ke Thomas Gray te ekri, byen eksprime okazyon rate sa yo.

*Anpil flè pouse san moun pa wè yo*

Opòtinite ki pèdi a ta kapab konsène fanmi, metye, talan, eksperyans oswa lòt bagay. Tout bagay sa yo te sispann sèk nan ka Sè Corbett la. Te gen chante li pa t chante ak potansyèl li pa t akonpli nan lavi mòtèl sa a. Men, lè nou gade bagay yo atravè linèt laj ak klè levanjil la, olye nou gade yo atravè linèt limite egzistans mòtèl la, nou konnen gwo rekonpans etènèl yon Papa eman pwomèt nan plan L lan. Jan Apot Paul te anseye a: “Bagay pèsonn pa t janm wè, ni pa t janm tande, bagay okenn moun pa t janm mete nan tèt yo, se sa Bondye pare pou moun ki renmen li.”<sup>30</sup> Yon vèsè yon kantik mwen renmen anpil pote rekonfò, konsolation ak yon vizyon klè: “E Jezi ki ap koute kapab tande chante m pa ka chante yo.”<sup>31</sup>

Sovè a te di: “Se poutèt sa, konsole kè ou ... Rete trankil epi konnen m se Bondye.”<sup>32</sup> Nou gen pwomès Li ke noumenm ak pitit nou yo pral chante “chan lajwa etènèl”<sup>33</sup>. Nan non Jezikri, amèn.

## Nòt

1. Gade nan Jan 16:33
2. Gade nan Mozya 18:8-9; Gade tou nan 2 Nefi 32:7
3. Gade Boyd K. Packer, “The Play and the Plan,” (Kwendefe pou Jèn Adil Sistèm Edikatif Legliz la, 7 Me 1995). 3: “Nan vi mòtèl la, nou tankou yon moun ki antre nan yon teyat nan moman rido a leve pou dezyèm ak la. Nou te rate premye Ak la... ‘epi yo tout te viv ere tout tan apre sa’ pa janm ekri nan dezyèm ak. Ling sa a fè pati twazyèm ak la lè yo rezoud mistè yo epi korije tout bagay.” Gade tou Neal A. Maxwell, *All These Things Shall Give Thee Experience* (1979), 37: “Bondye wè toulède ni kòmansman an ni fen an... Aritmetik la... se yon bagay noumenm mòtèl pa kapab konprann. Nou pa kapab fè sòm yo paske nou pa gen tout nonb yo. Nou bloke nan dimansyon tan an e nou limite pa pèspektiv dezyèm eta sa a.
4. Moun ki mouri anvan yo rive nan laj responsabilite yo sove nan wayòm selès la (Gade Doktrin ak Alyans 137:10). Moun ki te mouri san konesans levanjil la e ki tap resevwa l si yo te ba yo opòtinite a ap eritye tou nan wayòm selès la (gade nan Doktrin ak Alyans 137:7). Epi tou, menm

- moun ki te gen yon vi ki te mwens ke vanyan yo ap beni apre yon sèten tan ak yon egzistans siperyè pa rapò a vi sa a (gade Doktrin ak Alyans 76:89).
5. Gade Conway B. Sonne, *A Man Named Alma: The World of Alma Sonne* (1988), 83.
  6. Gade Sonne, *A Man Named Alma*, 84
  7. Ak 10:34; gade tou “The Sinking of the World’s Greatest Liner,” *Millenial Star*, 18 avril 1912, 250.
  8. Gade *Millenial Star*, 18 avril 1912, 250.
  9. Èldè Sonne se tonton Èldè L. Tom Perry.
  10. Gade Sonne, *A Man Named Alma*, 83.
  11. Gade Sonne, *A Man Named Alma*, 83-84, gade tou “From the Mission Field, *Millenial Star*, 18 avril 1912, 254: “Relèv ak Depa.—Misyonè non yo pral site la a te resevwa yon relèv onorab e yo te fè vwal pou lakay yo le 13 avril 1912 abò yon bato ki te rele *Mauretania*.”
  12. Gade Jenèz 44:30-31, 34.
  13. Nan Frank Millward, “Eight Elders Missed Voyage on Titanic,” *Deseret News*, 24 jiyè, 2008, M6.
  14. Gade “Friend to Friend,” *Friend*, mas 1977, 39.
  15. Gade David A. Bednar, “The Tender Mercies of the Lord,” *Liahona* and *Ensign*, me 2005, 99-102.
  16. Gade Doktrin ak Alyans 59:21.
  17. Gade Alma 36:30.
  18. Doctrine ak Alyans 42:44
  19. Entèvyou avèk Donald C. Corbett, pitit-pitit Irene Corbett, 30 oktòb 2010 pa Gary H. Cook, ekriven epi direktè anpil fim Legliz la, pami yo *Emman Smith: My Story*.
  20. Doktrin ak Alyans 122:7.
  21. Doktrin ak Alyans 122:9.
  22. Alma 60:13; gade nan Alma 40:13.
  23. Sovè a te di byen klè: “Ofans yo ap vini: men male pou moun ki lakoz bagay sa yo rive! (Lik 17:1).
  24. Seksyon 89 Doktrin ak Alyans – “lòd ak volonte Bondye nan sali tanporèl Sen Dènnye Jou yo” (vèsè 2) – beni Sen Dènnye Jou yo anpil.
  25. Gade Doktrin ak Alyans 42:22.
  26. Gade “Will,” *Poetic Works of Ella Wheeler Wilcox* (1917), 129.

27. Gade “*Preche Levanjil mwen an: Yon gid pou sèvis misyonè* (2004), 51-52.
28. Gade “The Song That I Came to Sing,” nan *The Complete Poems of Rabrindranath Tagore’s Gitanjali*, ed. S.K.Paul (2006), 64: “The song that I came to sing remains unsung to this day./: “Mwen te pase jounen m yo ap monte ak demonte kòd enstriman m nan.”
29. Thomas Gray, “Elegy Written in Country Church-Yard,” nan *The New Oxford Book of English Verse*, ed. Christopher Ricks (1999), 279.
30. 1 Korentyen 2:9.
31. “Ce jour au Coeur j’ai du Soleil,” *Hymnes*, No. 144.
32. Doktrin ak Alyans 101:16; gade tou Sòm 46:10.
33. Doktrin ak Alyans 101:18; gade tou Doktrin ak Alyans 45:71.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Jiskaske nou rankontre ankò

Bondye Papa a

konferans jeneral

rekonesans

konferans jeneral

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Se pou lespri nou te santi isit la rete e demere avèk nou pandan nou pral vake ak okipasyon chak jou nou yo.

Jiskaske nou rankontre ankò

Frè m ak sè m yo, mwen konnen n ap dakò avèk mwen ke sa a sete yon konferans trè enspiran. Nou te santi Lespri Senyè a an gran abondans pandan de jou sa yo pandan ke kè nou te touche e temwayaj nou konsènan travay divin sa a fòtifye.

Nou tout la a paske nou renmen Senyè a e nou vle sèvi li. Mwen temwaye nou ke Papa nou ki nan Syèl la sousye pou nou. Mwen rekonèt men li nan tout bagay.

Yon fwa ankò mizik la te mayifik, e m ap eksprime gratitud pèsònèl mwen ak pa tout Legliz la annantye pou moun sa yo ki te dispoze pou pataje talan yo avèk nou yo nan konferans sa a.

Nou eksprime pwofon apresyasyon nou pou Frè yo ki te relve pandan konferans sa a. Yo te sèvi fidèlman ak byen e yo te pote anpil kontribisyon nan travay Senyè a.

Mwen eksprime pwofon apresyasyon mwen pou konseye fidèl ak devwe m yo e m remèsye yo piblikman pou sipò ak asistans yo pote pou mwen. Yo se vrèman gason ki gen sajès ak konpreyansyon, e sèvis yo trè presye.

Mwen remèsye Frè yo nan Kolèj Douz Apot yo pou sèvis konpetan ak entarisab yo nan travay Senyè a. Menmjan tou mwen eksprime gratitud mwen pou manm Kolèj Swasanndis yo ak pou Episkopa Prezidan an pou sèvis efikas san rete yo. Mwen eksprime remèsiman mwen tou pou fi ak gason k ap sèvi kòm ofisye jeneral oksilyè yo.

Frè m ak sè m yo, mwen asire nou ke Papa nou ki nan Syèl la konsyan de pwoblèm n ap fè fas yo nan mond la jodia. Li renmen nou chak e l ap beni nou si nou efòse pou respekte kòmandman l yo ak chèche li atravè lapriyè.

Ala nou beni pou n gen levanjil retabli Jezikri a. Li pote repons pou kesyon konsènan ki kote nou soti, poukisa nou isit la, ak ki kote nou prale lè nou kite lavi sa a. Li pote sans ak objektif ak espwa nan lavi nou.

Mwen remèsye nou pou sèvis nou si volontèman bay youn pou lòt. Nou se men Bondye isit la sou tè a, avèk yon manda pou renmen ak sèvi pitit li yo.

Mwen remèsye nou pou tout sa n ap fè nan pawas nou yo ak branch nou yo. Mwen eksprime gratitud mwen pou dispozisyon nou pou sèvi nan pozisyon kote yo aple nou yo, kèlkeswa sa yo ye. Chak enpòtan nan avanse travay Senyè a.

Konferans la fini kounyeya. Pandan n ap retounen lakay nou, se pou nou fè sa an sekirite. Se pou nou wè ke tout bagay te oke pandan absans nou. Se pou lespri nou te santi isit la rete e demere avèk nou pandan nou pral fè bagay ki okipe nou chak jou yo. Se pou nou montre plis jantiyès youn pou lòt. Se pou nou toujou ap fè travay Senyè a.



Se pou benediksyon syèl yo rete avèk nou. Se pou fwaye nou ranpli avèk amoni ak lanmou. Se pou nou konstaman nourri temwayaj nou, pou yo ka yon pwoteksyon pou nou kont advèsè a.

Antanke enb sèvitè nou, mwen vle avèk tout kè mwen fè volonte Bondye ak sèvi li ak sèvi nou.

Mwen renmen nou; mwen priye pou nou. Mwen ta mande nou yon fwa ankò pou nou toujou sonje mwen ak tout Otorite Jeneral yo nan priyè nou. Nou fè yon sèl avèk ou nan fè avanse travay mèveye sa a. Mwen temwaye nou ke nou tout nan bagay sa a ansanm epi chak gason, chak fi, ak chak timoun gen yon wòl pou jwe ladan. Se pou Bondye banou fòs ak kapasite ak detèminasyon pou nou jwe pati pa nou an byen.

M ap rann nou temwayaj mwen ke travay sa a vrè, ke Sovè nou an vivan, e L ap gide ak dirije Legliz sa a isit la sou tè a. M ap kite nou avèk temwayaj mwen ke Bondye Papa Etènèl nou an vivan e li renmen nou. Li se anfèt Papa nou, Li pèsònèl e reyèl. Se pou nou reyalize ak konprann konbyen li dispoze pou vin tou pre nou, ki distans li dispoze ale pou ede nou, konbyen li renmen nou, ak ki kantite bagay li fè e li dispoze fè pou nou.

Se pou Bondye beni nou. Se pou lapè li pwomèt la avèk nou kounyeya ak pou tout tan.

M ap di nou orevwa jiskaske nou rankontre ankò nan sis mwa. E mwen fè sa nan non Jezikri, Sovè nou ak Redanmtè nou, amèn.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Reyinyon jeneral Sosyete Sekou

Sa m espere pou pitit pitit fi m yo (ak pitit pitit gason m yo) konprann sou Sosyete Sekou

Sosyete Sekou

Disip

Prètriz

Tanp

Vizit nan fwaye

konferans jeneral

Sa m espere pou pitit pitit fi m yo (ak pitit pitit gason m yo) konprann sou Sosyete Sekou

Pa Julie B. Beck

Prezidant Jeneral Sosyete Sekou

Depi jou levanjil la te kòmanse retabli nan dispansasyon sa a, Senyè a te bezwen ke fi fidèl yo patisipe nan travay li antanke disip.

Se yon privilèj pou mwen pou m adrese nou nan reyinyon istorik sa a. Se yon benediksyon pou nou ansanm la a. Pandan sèvis mwen kòm prezidant jeneral Sosyete Sekou a, mwen vin devlope yon amou pwofon pou nou, sè

Sosyete Sekou yo nan legliz sa a, epi Senyè a elaji vizyon mwen sou sa li santi pou nou ak sa li espere de nou.

Mwen rele mesaj sa a “Sa m espere pou pitit pitit fi m yo (ak pitit pitit gason m yo) konprann sou Sosyete Sekou.” Pi gran pitit pitit fi m yo okipe anpil ap travay sou Pwogrè Pèsonèl ak sou devlope abitud ak karakteristik fi k ap selon lajistis. Trè byento yo menm ak zanmi yo pral andose responsablite gwo òganizasyon mondyal sè sa a.

Mwen espere ke sa m pral di nan mesaj sa a va bay yo menm ak tout moun k ap tande l oswa li l, yon konpreyansyon klè sou sa Senyè a te gen nan lespri li pou pitit fi l yo lè Sosyete Sekou te òganize.

### **Yon ansyen modèl disip**

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va konprann ke Sosyete Sekou jodia òganize selon modèl disip ki te egziste nan legliz la nan ansyen tan yo. Lè Sovè a te òganize Legliz la nan epòk Nouvo Testaman an, “fi yo te jwe yon pati vital nan ministè [Li].”<sup>1</sup> Li t al vizite Mat ak Mari, de nan disip ki te pi devwe li te genyen, lakay Mat. Pandan Mat t ap koute li ak sèvi li selon koutim epòk la, Li te ede l wè ke li te ka fè plis pase sa. Li te ede Mat ak Mari konprann ke yo te ka chwazi “pi bèl pòsyon an,” ke yo pa t ap kapab wete nan men yo.<sup>2</sup> Kòm mantè plen jantiyès sa a te sèvi kòm yon envitasyon pou patisipe nan ministè Senyè a. Epi nan apre, nan Nouvo Testaman an, temwayaj solid Mat konsènan divinite Sovè a ba nou kèk ide sou lafwa li ak kalite li antanke disip.<sup>3</sup>

Lè nou li pi lwen nan Nouvo Testaman an, nou aprann ke Apot yo te kontinye etabli legliz Senyè a. Nou aprann tou sou fi fidèl ke modèl disip yo te kontribye nan kwasans Legliz la. Pòl te pale de disip fi yo nan kote tankou Efèz<sup>4</sup> ak Filip.<sup>5</sup> Men lè vrè Legliz Senyè a te tonbe nan apostazi a, chema disip sa a te pèdi tou.

Lè Senyè a te kòmanse retabli legliz li a pa mwayen Pwofèt Joseph Smith, li te enkli fi yo ankò nan yon chema disip. Kèk mwa apre Legliz la te

ofisyèlman òganize, Senyè a te revele ke Emma Smith te dwe resevwa mizapa kòm dirijant ak enstriktis nan Legliz la ak yon èd ofisyèl pou mari li, Pwofèt la.<sup>6</sup> Nan apèl li pou te ede Senyè a bati wayòm ni an, li te resevwa enstriksyon sou fason pou l te ogmante lafwa li ak ladwati pèsonèl li, sou fason pou l te fòtifye fanmi li ak fwaye li, ak sou fason pou l te sèvi lòt moun.

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va konprann ke depi jou levanjil la te kòmanse retabli a nan dispansasyon sa a, Senyè a te bezwen fi fidèl pou te patisipe antanke disip li.

Yon egzanp sou patisipasyon ekstraòdinè yo sete nan travay misyonè. Gwo kwasans Legliz la nan premye jou yo te rann possib gras ak gason fidèl ki te dispoze pou kite fanmi yo pou yo t al vwayaje al nan kote enkonvi e soufri privasyon ak difikilte poutèt pou yo te anseye levanjil la. Sepandan, mesye sa yo te konprann ke misyon yo pa t ap posib san lafwa total ak patisipasyon fi yo ki te nan lavi yo, ki te okipe fwaye yo ak biznis yo e ki te rantre lajan pou fanmi yo ak misyonè yo. Sè sa yo te sousye tou pou demilye konvèti ki te nan kominite yo te abite yo. Yo te pwofondeman angaje nan yon nouvo fason pou viv, pandan yo t ap ede bati wayòm Senyè a.

### **Konekte avèk Prètriz la**

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va konprann ke Senyè a te enspire Pwofèt Joseph Smith pou òganize fi yo nan legliz la “anba Prètriz la ak selon modèl Prètriz la”<sup>7</sup> e pou anseye yo “fason [yo] t ap vin an posesyon privilèj, benediksyon, ak don Prètriz yo.”<sup>8</sup>

Lè Sosyete Sekou te ofisyèlman òganize, Emma Smith te kontinye apèl li kòm dirijant. Yo te aple li kòm prezidant òganizasyon an, avèk de konseyè pou sèvi avèk li nan yon prezidans. Olye yo te chwazi yo pa vòt popilè, jan sa te komen nan òganizasyon andeyò Legliz yo alepòk, prezidans sa a te aple pa revelasyon, soutni pa moun yo ta pral dirije yo, e mete apa pa dirijan Prètriz yo pou sèvi nan apèl yo, konsa yo te resevwa “apèl nan men Bondye, pa mwayen pwofesi, epi pa enpozisyon men, nan men moun ki gen otorite.”<sup>9</sup>

Lefèt ke yo te òganize anba Prètriz la te rann posib pou prezidans lan resevwa direksyon nan men Senyè a ak pwofèt li a pou yon travay byen detèmine. Epi òganizasyon Sosyete Sekou a te pèmèt ke magazen Senyè a nan pwendvi talan, tan, ak mwayen te jere nan sajès ak lòd.

Premye gwoup fi sa yo te konprann ke yo te resevwa otorite pou anseye, enspire, ak òganize sè yo antanke disip pou ede nan travay sali Senyè a. Nan premye reyinyon yo, yo te anseye sè yo sou objektif prensipal Sosyete Sekou: pou ogmante lafwa ak ladwati pèsònèl, fòtifye fanmi ak fwaye, ak chèche ak ede moun ki nan bezwen.

Mwen espere pou pitit pitit fi m yo va konprann ke òganizasyon Sosyete Sekou a sete yon pati esansyèl nan prepare Sen yo pou privilèj, benediksyon, ak don ke yo jwenn sèlman nan tanp yo. Prezidan Joseph Fielding Smith te anseye ke Sosyete Sekou “jwe yon wòl esansyèl nan wayòm Bondye a sou tè a” epi “li prepare ak opere nan fason pou ede manm fidèl li yo jwenn lavi etènèl nan wayòm Papa nou an.”<sup>10</sup> Nou kapab imajine kisa sa dwe te siyifi pou sè yo pou yo te nan Magazen Brik Wouj Joseph Smith la nan premye reyinyon Sosyete Sekou sa yo, anfas kolin kote yon tanp t ap konstwi a pandan ke Pwofèt la t ap anseye yo ke “dwe gen yon sosyete seleksyone, separe de tout mal yo nan mond lan, ki chwazi, vètye, ak sakre.”<sup>11</sup>

Mwen espere pou pitit pitit fi m yo bay tanp valè jan sè premye Sosyete Sekou yo te fè a, paske yo te kwè ke benediksyon tanp yo sete pi gwo rekonpans ak pi gran objektif tout fi Sen Dènye Jou. Mwen espere ke, menmjan ak premye sè Sosyete Sekou yo, pitit pitit fi m yo va eseye chak jou pou yo vin gen ase matirite pou yo fè ak kenbe alyans sakre nan tanp epi, lè yo fin fè sa, pou yo ale nan tanp, pou yo pote atansyon ak tout sa y ap di ak fè ladan yo. Atravè benediksyon tanp yo, yo va ame avèk pouvwa<sup>12</sup> e jwenn benediksyon resevwa “kle konesans Bondye a menm.”<sup>13</sup> Atravè òdonans Prètriz yo ki nan tanp yo, yo va jwenn benediksyon pou akonpli responsablite divin ak etènèl yo, epi yo va pwomèt pou yo viv antanke disip angaje. Mwen rekonesan dèske youn nan objektif prensipal Senyè a nan òganize Sosyete Sekou sete pou bay fi yo responsablite pou youn ede lòt

prepare pou pi gwo benediksyon prèttriz yo ke nou jwenn nan òdonans ak alyans tanp yo.”<sup>14</sup>

### **Pwoteksyon ak enfliyans yon òganizasyon sè mondyal**

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va vin konprann enfliyans ak kapasite enpòtan gwo òganizasyon mondyal sè sa a ki se Sosyete Sekou a. Soti an 1842 a, Legliz la simaye depase Novou, e kounyeya nou jwenn Sosyete Sekou nan plis pase 170 peyi, kote sè yo pale plis pase 80 lang. Chak semèn nouvo pawas ak branch ap òganize, epi nouvo Sosyete Sekou yo vin fè pati yon konpayi sè byen elaji, “ki simaye toupatou sou kontinan yo.”<sup>15</sup> Lè Sosyete Sekou te relativman pa t gen anpil moun e te òganize prensipalman nan Uta, dirijan l yo te konsantre pifò nan òganizasyon yo ak angajman yo kòm disip sou pwogram sosyal lokal yo ak travay sekou youn pou lòt. Yo te devlope endistri lakay e yo te reyalize pwojè pou bati lopital ak magazen gren. Premye efò Sosyete Sekou sa yo te ede etabli tradisyon sèvis ke n ap aplike globalman yo kounyeya. Avèk pwogresyon Legliz la, Sosyete Sekou vin kapab atenn objektif li kounyeya nan chak pawas ak branch, nan chak pye ak distri, pandan ke l ap adapte li ak yon mond ki toujou ap chanje.

Chak jou, sè Sosyete Sekou toupatou nan mond lan ap fè fas ak pil eksperyans ak difikilte mòtalite yo. Fi yo ak fanmi yo jodia ap fè fas ak espwa ki pa reyalize; maladi mantal, fizik, ak espiritiyèl, aksidan; ak lanmò. Kèk sè soufri ak solitud ak desepsyon paske yo pa gen pwòp fanmi pa yo, e gen lòt k ap soufri kòm rezilta move chwa manm fanmi yo fè. Gen kèk k ap fè fas ak lagè oswa grangou oswa dezaz natirèl, e gen lòt k ap aprann pou stope adiksyon, chomaj, oswa mank edikasyon ak fòmasyon. Tout difikilte sa yo gen potansyèl pou blanchi zo lafwa ak manje fòs moun yo ak fanmi yo. Youn nan objektif Senyè a nan òganize sè yo an disip la sete pou pote sekou ki t ap elve yo anlè “tout sa ki anpeche lajwa ak pwogrè fi yo.”<sup>16</sup> Nan chak pawas ak branch, gen yon Sosyete Sekou avèk sè ki ka chèche ak resevwa revelasyon epi pran konsèy nan men dirijan prèttriz yo pou youn ka fòtifye lòt ak pou travay sou solisyon ki aplikab nan pwòp fwaye yo ak kominote yo.

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va konprann ke atravè Sosyete Sekou, yo pral gen plis posiblité pou aji antanke disip e yo va vin angaje tèt yo avèk lòt moun nan yon travay enpresyonan ak ewoyik sanblab ak sa Sovè a te fè a. Kalite travay yo mande sè yo nan Legliz sa a pou fè nan epòk nou an pa t janm gen pòte osi modèn ni li pa san enpòtans pou Senyè a. Pa fidelite yo, yo ka santi apwobasyon li e benedisye konpayi Lespri li.

Pitit pitit fi m yo dwe konnen tou ke konpayi sè yo nan Sosyete Sekou a kapab founi yonabri, refij ak pwoteksyon.<sup>17</sup> Pandan ke tan yo ap vin plis an plis difisil, sè fidèl Sosyete Sekou yo ap ini yo pou pwoteje fwaye Siyon yo kont vwa pèsan mond lan ak enfliyans wonjè ak pwovokan advèsè a. Epi atravè Sosyete Sekou, yo pral enstwi ak fòtifye, epi enfliyans fi ki jis yo kapab beni pi plis pitit Papa nou yo.

### **Yon òganizasyon disip pou veye ak administre**

Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va konprann ke vizit nan fwaye se yon ekspresyon kalite disip yo ak yon mwayen siyifikan pou onore alyans yo. Eleman sa a nan fidelite nou an dwe sanble anpil ak ministè Sovè nou an. Nan premye jou Sosyete Sekou yo, yon komite vizit ki te soti nan chak pawas te resevwa tach pou al chèche konnen bezwen yo ak ranmase don pou distribye bay moun ki te nan bezwen yo. Pandan tout ane apre yo, sè Sosyete Sekou yo ak dirijant Sosyete Sekou yo te aprann etap pa etap e yo te amelyore kapasite yo pou veye sou lòt yo. Te konn gen moman kote sè yo te konsantre plis sou fè vizit, anseye leson, ak kite nòt lè yo te pase kay sè yo t ap vizite yo. Pratik sa yo te ede sè yo aprann chema pou veye sou lòt yo. Menmjan moun nan epòk Moyiz yo te konsantre sou kenbe long lis règleman, sè Sosyete Sekou yo te konn pafwa enpoze anpil règleman ekri ak vèbal sou tèt yo nan dezi yo pou te konprann kijan pou youn te fòtifye lòt la.

Avèk sitèlman bezwen sekou ak sovtaaj nan lavi sè yo ak fanmi yo jodia, Papa nou ki nan syèl la bezwen pou nou suiv yon chemen ki pi wo epi demontre kalite disip nou nan sensèman pran swen pitit li yo. Avèk objektif enpòtan sa a nan lespri yo, yo anseye dirijan yo pou yo mande rapò sou byennèt espiyrityèl ak tanporèl sè yo ak fanmi yo ak sou sèvis ki rann.<sup>18</sup> Epi

enstriktis nan fwaye yo gen responsablite pou “sensèman vin konnen ak renmen chak sè, ede l fòtifye lafwa li, ak rann sèvis.”<sup>19</sup>

Antanke disip Sovè a, ki angaje, nou ap amelyore nan kapasite nou pou fè sa li ta renmen nou fè si l te la a. Nou konnen ke pou Li menm se swen nou ki konte, epi konsa n ap eseye konsantre sou pran swen sou sè nou yo olye nou akonpli lis bagay ki pou fèt. Vrè ministè a mezire plis pa pwofondè charite nou pase pa pèfeksyon estatistik nou. Na va konnen nou reyisi nan ministè nou antanke enstriktis nan fwaye lè sè nou yo kapab di: “Enstriktis nan fwaye mwen ede m grandi espiyèlman” e “Mwen konnen ke enstriktis nan fwaye m sousye anpil pou mwen ak fanmi m” ak “Si m gen pwoblèm, mwen konnen enstriktis nan fwaye m ap pase alaksyon sa m pa bezwen envite li.” Sè ak dirijan ki konprann enpòtans ministè lòt yo ap reyini ansanm e resevwa revelasyon sou fason pou edifye enstriktis nan fwaye yo ak sou fason pou òganize ak reyalize ministè yo.

Epitou, vizit nan fwaye se yon pwolonjman chay evèk la pou pran swen twoupo Senyè a. Evèk la ak prezidans Sosyete Sekou a bezwen sèvis enspire enstriktis nan fwaye yo pou ede yo nan ranpli responsablite yo. Atravè sèvis enstriktis nan fwaye yo, yon prezidan Sosyete Sekou kapab konnen sityasyon chak sè nan pawas la epi pote rapò bay evèk la sou byennèt sè yo lè l reyini avèk li.

Prezidan Thomas S. Monson te anseye ke “lè nou efòse nou avèk lafwa san doute pou n ranpli devwa nou responsab yo, lè nou chèche enspirasyon Toupuisan an nan akonpli responsablite nou, nou kapab wè mirak.”<sup>20</sup> Mwen espere ke pitit pitit fi m yo va patisipe nan mirak yo pandan ke y ap ede vizit nan fwaye vin yon chema disip ke Senyè a va rekonèt lè l retounen ankò.

### **Akonpli objektif Sosyete Sekou yo**

Bagay sa yo ak lòt ansèyman esansyèl sou Sosyete Sekou disponib kounyeya pou pitit pitit fi m yo etidye nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society (Pitit fi wayòm mwen yo: Istwa ak travay Sosyete Sekou)*. Liv sa a dekri eritaj Sosyete Sekou a ak fi yo nan Legliz sa



a. Li ap ini sè yo nan òganizasyon mondyal nou an epi oryente yo vè objektif Sosyete Sekou yo ak mòd lavi ak benediksyon moun ki disip yo. Li se yon temweyaj konsènan enpòtans wòl fi yo nan plan bonè Papa nou an, epi li bay yon prensip inebranlab sou sa nou kwè, sa nou fè, ak sa n ap defann. Premye Prezidans lan akouraje nou pou nou “etidye liv sa a epi fè verite etènèl li yo ak egzanp enspiran l yo enfliyanse lavi [nou].”<sup>21</sup>

Konesan ke òganizasyon Sosyete Sekou a te divinman kreye, Prezidan Joseph F. Smith te di sè yo: “Se nou menm ki pou dirije mond lan ak dirije espesyalman fi yo nan mond lan. ... Li te di “Nou se tèt la, pa ke a.”<sup>22</sup> Amezi ke tan retou Senyè a ap rapwoche a, mwen espere ke pitit pitit fi m yo va vin solid, fi fidèl k ap aplike prensip ak modèl Sosyete Sekou yo nan lavi yo. Pandan ke Sosyete Sekou vin yon fason de viv pou yo, ya va sèvi nan inite avèk lòt yo pou akonpli objektif divin yo. Mwen gen yon temweyaj konsènan verite Legliz retabli Jezikri a, e mwen rekonesan pou modèl disip la ki te retabli lè Senyè a te enspire Pwofèt Joseph Smith pou te òganize Sosyete Sekou a. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 3.
2. Gade Lik 10:38--42.
3. Gade Jan 11:20--27.
4. Gade Travay 18:24--26; Women 16:3--5.
5. Gade Filipyen 4:1--4.
6. Gade Doktrin ak Alyans 25:1--9.
7. Joseph Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 12.
8. Joseph Smith, in *History of the Church*, 4:602.
9. Atik Lafwa 1:5.
10. Joseph Fielding Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 97.
11. Joseph Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 15.
12. Gade Doktrin ak Alyans 109:22; gade tou Sheri L. Dew, in *Daughters in My Kingdom*, 128.

13. Doktrin ak Alyans 84:19; gade tou Ezra Taft Benson, in *Daughters in My Kingdom*, 129.
14. *Daughters in My Kingdom*, 131.
15. Boyd K. Packer, in *Daughters in My Kingdom*, 99.
16. John A. Widtsoe, in *Daughters in My Kingdom*, 25.
17. Gade *Daughters in My Kingdom*, 86-87.
18. Gade *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.5.4.
19. *Handbook 2*, 9.5.1.
20. Thomas S. Monson, in *Daughters in My Kingdom*, 91.
21. First Presidency, in *Daughters in My Kingdom*, ix.
22. Joseph F. Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 66.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Reyinyon jeneral Sosyete Sekou

Charite pa janm peri

charite

sèvis

vizit nan fwaye

konferans jeneral

Charite pa janm peri

Pa Silvia H. Allred

Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a

Sipliye Bondye pou akòde yo dezi pou yo ranpli avèk don charite, lanmou pi Kris la.

Mari m avèk mwen fèk sot vizite vil Novou a nan Ilinwa. Pandan nou te la a, nou te chita nan sal nan premye etaj Magazen an Brik Wouj la, kote Pwofèt Joseph Smith te gen biwo li ak yon biznis. Avèk atansyon, nou te koute gid la ki t ap fè nou vizite a ki t ap pale de kèk evenman istorik Retablisman an ki te dewoule nan kote sa a.

Mwen te panse ak fondasyon Sosyete Sekou a ak kèk nan ansèyman ke sè Sosyete Sekou yo te resevwa nan men Pwofèt Joseph nan sal sa a menm. Ansèyman sa yo vin tounen prensip fondamantal sou ki Sosyete Sekou te bati. Objektif pou ogmante lafwa, fòtifye fwaye Siyon yo, ak chèche ak ede

moun ki nan bezwen yo te etabli depi nan kòmansman. Yo toujou rete konfòm avèk ansèyman pwofèt nou yo.

Nan youn nan premye reyinyon sa yo, Pwofèt Joseph te site ekriti Pòl te voye bay Korentyen yo. Nan yon diskou puisan sou charite, Pòl te fè referans ak lafwa, lesperans, ak charite, pandan l te fini ak pawòl sa yo ki di: “Men sa ki pi gran nan tout sa yo se charite.”<sup>1</sup>

Li dekri kalite ki enplike nan charite. Li di:

“Moun ki gen charite nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li pap anvyè sò lòt moun. Li pap fè grandizè; li pap gonfle ak lògèy.

“. . . Li pap chèche avantaj pa l, li pap fè kòlè, li pap kenbe moun nan kè;

“Li pap pran plezi nan sa ki mal, men li pran plezi nan sa ki vre;

“Li sipòte tout bagay, li kwè nan tout bagay, li espere tout bagay, li andire tout bagay.

“Charite pa janm peri.”<sup>2</sup>

Pandan l t ap pale ak sè yo, Pwofèt Joseph te di: “Pa souzestime vèti pwochen nou. . . . Nou dwe ouvri nanm nou bay lòt moun si nou [ta] renmen fè tankou Jezi. . . . Pandan ke n ap pwogrese nan inosans ak vèti, nan bonte, kite kè nou louvri, kite l louvri pou lòt moun; nou dwe pasyan e sipòte fot ak erè limanite yo. Ala presye nanm lèzòm presye!”<sup>3</sup>

Deklarasyon nan ekriti yo ki di “Charite pa janm peri” a te vin tounen deviz Sosyete Sekou paske li anglobe ansèyman sa yo ak misyon Pwofèt Joseph Smith te bay sè Sosyete Sekou yo pou “pote pòv yo sekou” ak pou “sove nanm” yo.<sup>4</sup>

Prensip fondamantal sa yo totalman aksepte pa sè Sosyete Sekou yo nan tout mond lan, paske se sa nati travay Sosyete Sekou a ye.

Kisa charite ye? Kijan nou ka gen charite?

Pwofèt Mòmmon defini charite kòm lanmou pi Kris la,<sup>5</sup> pandan ke Pòl anseye ke “charite .... se yon kòd pèfeksyon,”<sup>6</sup> epi Nefi raple nou ke “Senyè Bondye a te bay yon kòmandman pou tout moun gen charite, charite sa a ki se lanmou.”<sup>7</sup>

Lè n ap repase deskripsyon Pòl la sou charite a, nou aprann ke charite se pa yon senp aksyon oubyen yon bagay nou bay, men yon eta despri, yon eta kè nou, santiman bonte ki anjandre aksyon lanmou.

Mòmmon anseye tou ke charite devèse sou tout moun ki se vrè disip Senyè a epi charite sa a pirifye moun ki genyen li.<sup>8</sup> Epitou, nou aprann ke charite se yon kado diven ke nou dwe chèche ak priye pou nou genyen. Nou bezwen gen charite nan kè nou pou nou kapab eritye wayòm syèl la.<sup>9</sup>

Lè nou konprann ke Senyè a mande nou pou nou “abiye [nou] avèk kòd charite yo,”<sup>10</sup> nou dwe mande ki kalite ki pral ede nou devlope charite.

Nou dwe toudabò gen dezi pou ogmante charite lakay nou e pou n vin pi kretyen.

Pwochen etap la se priye. Mòmmon egzòte nou pou nou “priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou [nou] kapab chaje avèk lanmou sa a.” Lanmou diven sa a se charite, e si nou ranpli avèk lanmou sa a, “n ap menmjan avèk li.”<sup>11</sup>

Li ekriti yo chak jou kapab tounen panse nou vè Sovè a ak vè dezi pou nou plis menmjan avèk li.

Nan biwo mwen, mwen te chwazi pou mete yon tablo ki te penn pa Minerva Teichert ki rele *Rescue of the Lost Lamb*. Li dekri Sovè a ki kanpe nan mitan brebi l yo e ki avèk tandrès kenbe yon ti mouton nan bra li. Tablo a ede m reflechi sou demand li a ki di “Pran swen mouton m yo,”<sup>12</sup> ki pou

mwen vledi sèvi tout moun ki bò kote nou e pote atansyon espesyal ak moun ki nan bezwen yo.

Sovè a se egzanp pafè sou fason pou nou egzèse charite. Pandan ministè mòtèl li, li te montre konpasyon pou moun ki grangou, moun ki te nan peche, pou moun ki te aflije, ak pou malad yo. Li te sèvi pòv yo ak rich yo; fi, timoun, ak gason; fanmi, zanmi, ak etranje. Li te padone moun ki te akize l yo, epi li te souffri e li te mouri pou tout limanite.

Pandan tout lavi li Pwofèt Joseph Smith te pratike charite tou pandan ke li te montre lanmou ak respè pou lòt moun. Li te rekoni pou bonte li, afeksyon li, konpasyon li, ak sousi li pou moun ki te bò kote li.

Jodia nou beni pou n gen yon pwofèt ki se yon egzanp charite. Prezidan Thomas S. Monson se yon egzanp pou nou ak pou mond lan. Li abiye ak manto charite a. Li bon, li konpatisan, e li plen jenewozite, yon vrè minis Senyè Jezikri.

Prezidan Monson anseye: “Charite se gen pasyans avèk yon moun ki lese nou tonbe. Se reziste ak pouse pou n santi n fasilman ofanse a. Se aksepte feblès ak erè. Se aksepte moun jan yo reyèlman ye. Se gade odela aparans fizik pou wè kalite ki pa pral efase avèk letan. Se reziste ak pouse pou plase lòt moun nan kategori a.”<sup>13</sup>

Lè nou gen charite, nou dispoze pou sèvi ak ede lòt moun lè sa deranjan e san panse ak rekonesans ak resipwosite. Nou pa tann yo mande nou pou n ede paske sa vin fè pati vrè nati nou. Lè nou chwazi pou n bon, sousye, plen jenewozite, pasyan, aksepte moun, padone, konprann moun, ak dezenterese, nou dekouvri ke nou chaje ak charite.

Sosyete Sekou founi mwayen san konte pou sèvi lòt moun. Youn nan fason pi enpòtan pou pratike charite se atravè vizit nan fwaye. Atravè vizit nan fwaye efikas nou gen anpil opòtinite pou renmen, ministre, ak sèvi lòt moun. Eksprime charite, oswa lanmou, pirifye ak sanktifye nanm nou, ede nou vin pi plis tankou Sovè a.

Mwen emèveye lè m temwen pil aksyon charite ki ak akonpli chak jou pa enstriktis nan fwaye atravè tout mond lan, ki san rete ap ministre bezwen chak sè ak fanmi yo. Pou enstriktis nan fwaye fidèl sa yo, m ap di, atravè ti aksyon charite sa yo, n ap suiv Sovè a e n ap aji kòm enstriman nan men li lè nou ede, pran swen, soulaje, rekonfòte, koute, ankouraje, nourri, anseye, ak fòtifye sè nou responsab yo. Kite m pataje kèk brèf egzanp sou bagay sa a.

Rosa souffri avèk dyabèt k ap wonje li ak lòt maladi. Sa gen kèk ane ke l te antre nan Legliz la. Li se yon manman selibatè ki gen yon tigason adolesan. Tanzantan yo ospitalize li pou kèk jou. Enstriktis nan fwaye l yo non sèlman mennen l lopital, men yo vizite l ak rekonfòte li nan lopital la pandan ke y ap veye sou pitit gason l lan lakay ak lekòl tou. Enstriktis nan fwaye l yo sèvi kòm zanmi ak fanmi pou li.

Aprè premye vizit li te fè yon sè byen patikilye, Kathy te dekouvri ke sè sa a pa t konn li men li te anvi aprann. Kathy te ofri pou ede l menm lè ke l te konnen sa t ap mante tan, pasyans ak konsistans.

Emily se yon jèn madanm ki t ap chèche laverite. Mari li, Michael, te mwens enterese nan relijyon. Lè Emili te tonbe malade l te oblije rete lopital, Cali, yon sè Sosyete Sekou ki te vwazen l tou, te pote manje bay fanmi an, li te pran swen tibebe a, li te netwaye kay la, epi li te fè aranjman pou Emily te resevwa yon benediksyon Prètriz. Aksyon charite sa yo te adousi kè Michael. Li te deside pou ale nan reyinyon Legliz yo e li te rankontre misyonè yo. Emily ak Michael fèk sot batize.

“Charite pa janm peri. Charite bon, li pa chèche pwòp avantaj pa li, li sipòte tout bagay, li andire tout bagay.”<sup>14</sup>

Prezidan Henry B. Eyring te di:

“Istwa Sosyete Sekou a ranpli ak resi sèvis dezenterese remakab sa yo. ...

“Sosyete sa a konpoze pa fi ke santiman charite jayi soti nan kè ki chanje paske yo kalifye tèt yo pou fè ak respekte alyans ke yo ofri sèlman nan veritab Legliz Kris la. Santiman charite yo soti nan Li menm atravè Ekspyasyon li a. Zak charitab sa yo gide pa egzanp li, e yo soti nan rekonesans pou don mizèrikòd enfini li a, e pa Sentespri a, ke li voye pou akonpaye sèvitè l yo nan misyon mizèrikòd yo. Poutèt sa, yo akonpli e yo ka akonpli bagay ekstraòdinè pou lòt moun e jwenn lajwa menm lè yo menm yo gen gwo bezwen ki poko satisfè.”<sup>15</sup>

Rann sèvis ak egzèsè charite anvè lòt moun ede nou simonte pwòp difikilte pa nou e fè yo parèt mwens difisil.

Kounyeya m ap retounen nan ansèyman Pwofèt Joseph te bay sè yo nan premye jou Retablisman yo. Pandan ke l t ap konseye pratik charite ak byeveyans, li te di: “Si nou viv selon prensip sa yo, ala gran ak gloriye rekonpans nou apral ye nan wayòm selès la! Si nou viv selon privilèj nou yo, yo pap ka anpeche zanj yo vin asosye avèk nou.”<sup>16</sup>

Menmjan ak nan premye jou sa yo nan Novou a, kote sè yo te mache ap chèche ak ede moun ki te nan bezwen, se konsa sa ye jodi a tou. Sè yo nan wayòm nan se gwo pilye fòs espiyèl, sèvis konpatisan, ak devosyon. Enstriktris nan fwaye devwe vizite ak pran swen youn lòt. Yo suiv egzanp Sovè a e yo fè jan l te fè.

Tout fi nan Sosyete Sekou kapab ranpli ak lanmou, konesan ke ti zak charite yo gen yon pouvwa gerizon pou lòt moun ak pou tèt pa yo. Y ap vin konnen avèk sètitud ke charite se amou pi Kris la e li pa janm peri.

Lè nou li istwa Sosyete Sekou a, l ap enspire nou pou n dekouvri ke prensip levanjil enpòtan sa a se yon tèm komen atravè tout liv la.

M ap fini avèk yon envitasyon pou tout fi yo nan Legliz la pou yo priye pou yo gen yon dezi pou yo ranpli ak don charite a, amou pi Kris la. Itilize tout resous nou pou fè byen, pou pote sekou ak sali bay moun ki bò kote nou, enkli pwòp fanmi nou. Senyè a va kouwone efò nou yo avèk siksè.



Se pou konesans nou de gwo lanmou Papa a ak Pitit Gason an gen pou nou an, ak lafwa nou ak gratid nou pou Ekspyasyon an pouse nou pou devlope ak egzèse charite pou tout moun ki bò kote nou. Sa se priyè mwen, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. 1 Corinthians 13:13.
2. 1 Korentyen 13:4--8.
3. Joseph Smith, in *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 23.
4. Joseph Smith, in *Daughters in My Kingdom*, 17.
5. Gade Mowoni 7:47.
6. Kolosyen 3:14.
7. 2 Nefi 26:30.
8. Gade Mowoni 7:48.
9. Gade Etè 12:34; Mowoni 10:21.
10. Gade Doktrin ak Alyans 88:125.
11. Mowoni 7:48.
12. Gade Jan 21:16--17.
13. Thomas S. Monson, "Charity Never Faileth," *Liahona*, Nov. 2010, 124.
14. 1 Korentyen 13: 4, 5, 7, 8.
15. Henry B. Eyring, "The Enduring Legacy of Relief Society," *Liahona*, Nov. 2009, 121.
16. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 454.

Oktòb 2011

konferans jeneral

Reyinyon jeneral Sosyete Sekou

Atache nou ak alyans yo

alyans

tanp

konferans jeneral

Atache nou ak alyans yo

Pa Barbara Thompson

Dezyèm Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a

Si nou gen lafwa nan Kris la e si nou atache nou ak alyans nou yo, n ap resevwa lajwa Sent Ekriti yo pale a e ke pwofèt modèn nou yo pwomèt la.

“Leve kè ou epi rejwi, epi respekte alyans ou te fè yo.”<sup>1</sup> Mwen pa ka li ekriti sa a san m pa santi yon santiman lajwa. Kè m rejwi lè m panse ak pwomès ak pil benediksyon m resevwa nan lavi m yo pandan m ap chèche pou respekte alyans yo ke m te fè avèk Papa mwen ki nan syèl la.

Paske toulède paran m yo mouri, li te vin nesèsè ane sa a pou nou te netwaye kay yo a pou prepare li pou vann. Pandan kèk mwa k sot pase yo, pandan ke frè m yo ak sè m yo avèk mwen t ap pwòpte ak triye nan kay paran m yo, nou te jwenn istwa familyal ak anpil papye ak dokiman enpòtan. Sa te enteresan pou li istwa pèsònèl ak benediksyon patriyakal paran m yo ak gran paran m yo. Yo te raple m alyans yo te fè ak respekte yo.

Grann mwen, Ellen Hanks Rymer, te yon jèn manman an 1912 lè l te resevwa benediksyon patriyakal li. Lè m te li benediksyon l la, fraz sa yo te danse devan je m e yo rete nan lespri mwen: “Ou te chwazi depi anvan fondasyon tè a, e ou sete yon espri chwazi pou vini nan epòk sa a. ... Temwayaj ou va manyfye e ou va kapab temwaye ... Destriktè a chèche pou detwi ou, men si w atache w ak alyans ou te fè avèk Bondye w la, li [Destriktè a] pap gen pouvwa pou fè w mal. Pa fidelite ou, w ap gen gwo pouvwa e destriktè a va kouri devan ou poutèt fidelite ou. ... Lè moman laperèz ak eprèv vini devan ou, si ou ale nan kote sekre ou nan lapriyè, kè ou va rekonfòte epi obstak yo va disparèt.”<sup>2</sup>

Yo te pwomèt grann mwen ke si li te respekte alyans li te fè yo e rete pre Bondye, Satan pa t ap kapab gen pouvwa sou li. Li t ap jwenn rekonfò ak èd nan moman eprèv li yo. Pwomès sa yo te akonpli nan lavi li.

Jodia mwen vle pale (1) sou enpòtans pou atache nou ak alyans nou fè yo ak (2) sou lajwa ak pwoteksyon ki vini nan respekte alyans nou yo.

Kèk nan egzanp m pral itilize yo soti nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society (Pitit fi wayòm mwen yo: Istwa ak travay Sosyete Sekou)*. Liv sa a ranpli ak egzanp fi ki te jwenn gwo lajwa nan respekte alyans yo.

### **Enpòtans pou atache nou ak alyans nou fè yo**

Diksyonè Bib la di nou ke yon alyans se yon kontra ant Bondye ak lòm. “Bondye nan bon plezi li fikse tèm yo, ke lòm aksepte ... Levanjil la òganize yon fason pou prensip ak òdonans yo resevwa pa alyans, sa ki plase moun nan anba gwo obligasyon ak responsablite pou onore angajman li.”<sup>3</sup> Nan fraz “respekte alyans ou” a, mo *respekte* a vle di “atache fèm ak tou pre” yon bagay.<sup>4</sup>

Nan ekriti yo nou aprann sou gason ak fi ki te fè alyans avèk Bondye. Bondye te bay enstriksyon sou sa pou yo te fè pou respekte alyans sa yo, epi, lè yo te byen respekte alyans sa yo, benediksyon yo te pwomèt yo te vini.

Pa egzanp, atravè òdonans batèm nan, nou fè yon alyans avèk Papa nou ki nan syèl la. Nou prepare tèt nou pou batèm lè nou egzèse lafwa nan Senyè Jezikri, repanti pou peche nou yo, epi dispoze pou pran non Kris la sou nou. Nou pran yon angajman pou n respekte kòmandman Bondye yo ak pou n toujou sonje Sovè a. Nou fè alyans pou “youn pote fado lòt, pou yo ka vin lejè.” Nou endike ke nou dispoze pou kriye ak moun k ap kriye yo e konsole moun ki bezwen konsolasyon.”<sup>5</sup>

Nan tanp sakre yo, nou resevwa lòt òdonans e nou fè lòt alyans. Nan premye jou Retablisman yo, Pwofèt Joseph Smith te sousye pou Sen yo te resevwa benediksyon ki pwomèt nan tanp yo. Senyè a te di: “Se pou kay sa a bati nan non mwen, pou m kapab revele òdonans mwen yo ladan l pou pèp mwen an.”<sup>6</sup>

“Youn nan bi Senyè a nan òganize Sosyete Sekou a sete pou te prepare pitit fi l yo pou pi gwo benediksyon Prètriz yo ke nou jwenn nan òdonans ak alyans nan tanp yo. Sè nan Novou yo te suiv konstriksyon tanp lan avèk gwo eksitasyon, paske yo te konnen, jan Pwofèt Joseph Smith te pwomèt Mercy Fielding Thompson nan, ke dotasyon an t ap mennen yo “soti nan tenèb ale nan limyè mèveye.”<sup>7</sup>

“Plis pase 5.000 Sen te rasanble nan Tanp Novou a apre konsekasyon an pou yo te kapab resevwa dotasyon ak òdonans sèlman an anvan yo te anbake pou vwayaj yo pou ale nan “Vale Salt Lake” la.<sup>8</sup> Prezidan Brigham Young ak anpil dirijan Legliz la ak travayè tanp yo te pase tan yo, lajounen kou lannuit, ap sèvi nan tanp lan pou ke travay enpòtan sa a te ka akonpli pou Sen yo.

Alyans nou yo soutni nou keseswa nan bon tan oubyen nan tan difisil. Prezidan Boyd K. Packer raple nou ke “nou se yon pèp alyans. Nou fè alyans pou bay resous nou an tan ak lajan ak talan---tout sa nou ye ak tout sa

nou posede---pou edifikasyon wayòm Bondye a sou tè a. Nan tèm senp, nou fè alyans pou nou fè byen. Nou se yon pèp alyans, epi tanp lan se sant alyans nou yo. Se sous alyans la.”<sup>9</sup>

Ekriti yo raple nou: “Epi men alyans nou pral genyen, pou nou mache nan tout òdonans Senyè a.”<sup>10</sup>

Benediksyon nou resevwa yo anpil lè nou atache nou ak alyans nou yo

### **Lajwa ak pwoteksyon vini soti nan respekte alyans nou yo**

Nan Liv Mòmmon an nou li diskou Wa Benjamin an. Li te anseye pèp li a sou Jezikri, ke li t ap vini sou tè a epi soufri tout kalite aflikasyon. Li te anseye pèp li a ke Kris la t ap ekspye pou peche tout limanite epi pa gen okenn okenn lòt non ki kapab pote sali pou pitit lèzòm.<sup>11</sup>

Lè yo te fin koute bèl ansèyman sa yo, moun yo te imilye tèt yo epi yo te vle avèk tout kè yo pou yo te libere anba peche ak pou yo pirifye. Yo te repanti epi yo te konfese lafwa yo nan Jezikri. Yo te fè alyans avèk Bondye ke yo t ap respekte kòmandman l yo.<sup>12</sup>

“Lespri Senyè a te vin sou yo, e yo te ranpli ak lajwa, paske yo te resevwa padon pou peche yo, e paske yo te gen lapè nan konsyans, poutèt gwo lafwa yo te genyen nan Jezikri.”<sup>13</sup>

Yon lòt egzanp lajwa ki vini soti atravè fidelite nan respekte kòmandman Bondye yo ak pataje levanjil li a avèk lòt moun te demontre pa Amon. Amon ak frè l yo te sèvi kòm enstriman pou ede dè milye moun vin jwenn Kris la. Men kèk nan mo Amon te itilize pou dekri santiman li dèske sitèlman moun te batize ak fè alyans avèk Bondye:

“Nou gen anpil rezon pou nou rejwi.”<sup>14</sup>

“Kè m chaje ak lajwa; wi, kè m chaje ak lajwa, e m ap rejwi nan Bondye m nan.”<sup>15</sup>

“M pa kapab di ti kal nan sa m santi.”<sup>16</sup>

“Pa t janm gen moun ki te gen gwo rezon pou yo te rejwi tankou nou.”<sup>17</sup>

Fè ak kenbe alyans sakre yo ba nou posiblite pou n gen Sentespri a avèk nou. Se Sentespri a ki “pral ranpli nanm nou avèk lajwa.”<sup>18</sup>

Dezyèm Gè Mondyal la te lakoz anpil soufrans pou anpil moun toupatou nan mond lan. Sen nan Almay yo te andire anpil eprèv. Yon prezidan Sosyete Sekou fidèl nan Stuttgart, Almay, sete Sè Maria Speidel. An palan de eprèv li yo, li te di: “Konfyans nou nan Senyè a ak temwayaj nou konsènan Legliz li a sete pilye fòs nou. Avèk jwa nou te chante chan Siyon yo e mete konfyans nou nan Senyè a. Li te fè ke tout bagay byen.”<sup>19</sup>

Ankò, pandan ke manm yo te respekte alyans yo, yo te santi lajwa anba gwo kalite difikilte.

Sarah Rich sete yon fi fidèl ki t ap viv nan Novou, ki te aple pou sèvi nan tanp lan anvan yo te mete Sen yo deyò nan vil la. Men pawòl li konsènan benediksyon alyans tanp yo: “Benediksyon nou te resevwa yo nan kay Senyè a te anpil, sa ki te pote lajwa ak konsolasyon pou nou nan mitan tout pwoblèm nou yo e ki te pèmèt nou gen lafwa nan Bondye, konesan ke li t ap gide nou ak soutni nou nan vwayaj pou ale nan lenkoni ki t ap tann nou an.”<sup>20</sup>

Anvan sa, Sen yo te fini tanp Kirtland nan, epi anpil te patisipe nan konsekrasyon an. Apre konsekrasyon an, Senyè a te aksepte tanp lan. Li te di yo pou yo “rejwi anpil kòm konesans benediksyon ki pral devèse sou tèt pèp [Li] a.”<sup>21</sup>

Amezi ke plis tanp sakre ap bati sou tout tè a, mwen wè benediksyon ki vini nan lavi manm yo. An 2008, mwen te temwen lajwa nan figi yon koup ki te soti Ikrèn pandan yo t ap di m yo ta prale Freiberg, an Almay, pou resevwa òdonans tanp yo. Vwayaj pou ale nan tanp lan sete yon vwayaj nan bis ki te

dire 27 èdtan ale retou pou manm devwe sa yo, e yo pa t kapab ale souvan. Yo te kontan ke tanp Kyèv nan Ikrèn nan te prèske fini e yo t apral kapab ale pi souvan. Tanp sa a an sèvis kounyeya, e dè milye moun ap jwi benediksyon ki ladan yo.

Lè m t ap li istwa pèsonèl grann mwen an, mwen te aprann sou gwo lajwa li nan alyans li yo. Li te renmen al nan tanp pou akonpli òdonans pou dè milye moun ki te deja mouri. Sete misyon lavi li. Li te sèvi kòm travayè nan tanp pandan plis pase 20 ane nan tanp Manti a nan Uta. Li te ekri ke, nan fè travay nan tanp lan, li te temwen anpil gerizon mirakile pou l te kapab elve pitit li yo ak pou l te sèvi lòt moun. Antanke pitit pitit li, si nou te konn yon bagay sou Grann Rymer, sete ke li te yon fi fidèl ki te respekte alyans li yo epi ki te vle pou nou fè menm bagay la. Lè moun va gade nan sa nou te posede apre nou fin mouri, èske ya jwenn prèv ke nou te respekte alyans nou yo?

Pwofèt byeneme nou an, Prezidan Thomas S. Monson, te di nou nan dènye konferans lan: “Lè nou ale, ou menm avèk mwen, nan kay sakre Bondye yo, e pandan n ap sonje alyans nou fè andedan yo, n ap vin pi kapab sipòte tout eprèv yo ak simonte tout tantasyon. Nan sanktyè sakre sa yo n ap jwenn lapè; n ap renouvle ak fòtifye.”<sup>22</sup>

Yon fwa ankò: “Leve kè ou epi rejwi, epi respekte alyans ou te fè yo.”<sup>23</sup> Respekte alyans se vrè lajwa ak bonè. Se rekonfò ak lapè. Se pwoteksyon kont mal yo ki nan mond lan. Respekte alyans nou yo ap ede nou nan moman eprèv yo.

Mwen temwaye ke si nou gen lafwa nan Kris la epi nou atache nou ak alyans nou yo, n ap resevwa lajwa yo pale nan ekriti sent yo epi ke pwofèt dènye jou nou yo pwomèt la.

Chè sè m yo, mwen renmen nou e m espere ke na va fè eksperyans gwo lajwa sa a nan pwòp lavi pa nou. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Doktrin ak Alyans 25:13.
2. Patriarchal blessing given by Walter E. Hanks, Oct. 25, 1912, in Lyman, Wayne County, Utah.
3. Bible Dictionary, “Covenant.”
4. *Merriam-Webster’s Collegiate Dictionary*, 11th ed. (2003), “cleave.”
5. Gade Nizta 18:8--9; gade tou Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Nov. 2009, 85-87.
6. Doktrin ak Alyans 124:40.
7. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 131--32.
8. *Daughters in My Kingdom*, 29.
9. Boyd K. Packer, *The Holy Temple* (1980), 170.
10. Doktrin ak Alyans 136:4.
11. Gade Mozya 3:5--18.
12. Gade Mozya 4:2; 5:5.
13. Mozya 4:3.
14. Alma 26:1.
15. Alma 26:11.
16. Alma 26:16.
17. Alma 26:35.
18. Doktrin ak Alyans 11:13.
19. Maria Speidel, nan *Daughters in My Kingdom*, 76.
20. Sarah Rich, nan *Daughters in My Kingdom*, 30.
21. Doktrin ak Alyans 110:9--10.
22. Thomas S. Monson, “The Holy Temple---a Beacon to the World,” *Liahona*, Me 2011, 93.
23. Doktrin ak Alyans 25:13.



Oktòb 2011

konferans jeneral

Reyinyon jeneral Sosyete Sekou

Pa bliye m

gratitid

valè endividyèl

lajwa

lanmou

pasyans

pèspektiv

sakrifis

estim

konferans jeneral

Pa bliye m

Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Mwen priye pou nou pa janm bliye ke nou se veritabman pitit fi presye nan wayòm Bondye a, e mwen beni nou pou sa.

Chè sè m yo, ala yon jwa sa ye pou m avèk nou la a jodia. Mwen toujou ap tann reyinyon jeneral Sosyete Sekou sa a ak mesaj ekselan yo bay ladan yo avèk enpasyans. Mèsi, sè m yo. Se yon gwo onè pou mwen dèske Prezidan Thomas S. Monson ban m tach pou m pale jodia ak pou ajoute kèk panse ki konsène sè yo nan Legliz la.

Sa pa gen lontan m t ap mache nan yon bèl jaden avèk madanm mwen ak pitit fi m nan. Mwen te emèveye pa laglwa ak bote kreyasyon Bondye yo. Epi lè sa a m te remake, nan mitan tout bèl florezon gloriye sa a, ti flè ki pi piti ki egziste a. Mwen te konn non flè sa a paske depi m te piti mwen te gen yon koneksyon plen tandrès avèk li. Flè a rele 'pa bliye m' (myosotis).

Mwen pa konnen ojis poukisa ti flè sa a gen sitelman siyifikasyon pou mwen depi lontan konsa a. Li pa atire atansyon imedyatman, li fasil pou pase sou li nan mitan gwo flè pi vibran yo; men li osi bèl ke yo, avèk bèl koulè li ki sanble ak koulè syèl ki pi ble yo. Se petèt poutèt sa m si renmen l konsa.

Epi gen yon siplikasyon ki nan non li. Gen yon lejand Alman ki di ke lè Bondye te fini nonmen tout plant yo, te gen youn ki te rete san non. Yon ti vwa te pale l te di: "Pa bliye m, O Senyè!" Epi Bondye te reponn ke sa se t ap non li.

Aswè a mwen ta renmen itilize ti flè sa a kòm yon konparezon. Senk petal ti flè 'pa bliye m' nan pouse m pou m konsidere senk bagay nou bezwen pa janm bliye.

### **Premyèman, pa bliye pou nou gen pasyan avèk tèt nou**

Mwen ta renmen di nou yon bagay ke m espere n ap pran nan bon sans lan. Bondye totalman konsyan ke ou menm avèk mwen nou pa pafè.

Kite m ajoute tou: Bondye totalman konsyan tou ke moun nou panse ki pafè yo, yo pa pafè.

Men nou pase sitèlman tan ak enèji ap konpare tèt nou ak lòt moun, abityèlman konpare feblès nou ak fòs yo. Sa pòte nou kreye dè previzyon pou tèt nou ki enposib pou atenn. Kòm rezilta, nou pa janm selebre bon efò nou yo, paske yo sanble piti parapò ak sa yon lòt moun fè.

Chak moun gen pwèn fò yo ak pwèn fèb yo

Sa k mèveye sèke nou gen pwèn fò

E sa fè pati eksperyans mòtèl nou tou pou nou gen pwèn fèb.

Bondye vle ede nou finalman transfòme tout feblèsnou yo an fòs,<sup>1</sup> men li konnen ke se yon bi alontèm. Li vle nou vin pafè,<sup>2</sup> e si nou rete sou wout disip la, n ap kapab yon jou. Se toutafè nòminal si nou poko rive la. Kontinye travay sou sa, men sispann pini tèt nou.

Chè sè m yo, anpil nan nou enfiniman konpatisan ak pasyan avèk feblès lòt moun. Tanpri sonje pou nou konpatisan ak pasyan avèk tèt nou tou.

Antretan, se pou nou rekonesan pou ti siksè nou yo nan fwaye nou, nan relasyon famiyal nou, fòmasyon nou ak anplwa nou, patisipasyon nou nan legliz la ak amelyorasyon pèsonèl nou. Tankou ‘pa bliye m’ nan (myosotis la), siksè sa yo gen dwa parèt piti pou nou e lòt moun gen dwa pa menm remake yo, men Bondye note yo e yo pa piti pou li. Si nou konsidere ke siksè se sèlman woz ki pi pafè a oswa flè òkide ki pi bèl la, nou gen dwa rate kèk nan eksperyans ki pi dous yo nan lavi a.

Pa egzanp, ensiste pou nou fè yon sware famiyal pafè chak semèn, menmsi sa rann nou menm ak tout moun bò kote nou mizerab, se kapab pa pi bon chwa a. Olyesa, mande tèt nou: “Kisa nou ka fè antanke fanmi ki t ap agreyab ak esprityèl e mennen nou pi pre youn lòt?” Sware famiyal sa a, menmsi li piti e l pa dire lontan, kapab gen pi plis rezilta pozitif alontèm.

Vwayaj nou pou ale nan pèfeksyon an long, men nou ka jwenn emèveyman ak kontantman nan menm ti etap ki pi piti yo nan vwayaj sa a.

## **Dezyèmman, pa bliye diferans ant yon sakrifis akseptab ak yon sakrifis initil**

Yon sakrifis ki akseptab se lè nou renonse ak yon bon bagay pou yon bagay ki gen pi plis valè toujou.

Renonse ak yon ti dòmi pou ede yon timoun k ap fè yon kochma se yon sakrifis akseptab. Nou tout konnen sa. Rete debou tout lannuit, ap mete pwòp sante nou andanje, pou prepare bèl abiman pou yon pitit fi nou mete jou Dimanch gen dwa pa yon si bon sakrifis.

Pase yon pati nan tan nou ap etidye ekriti yo oswa prepare pou anseye yon leson se yon sakrifis akseptab. Pase plizyè èdtan ap anbeli tit leson an fè l tounen yon bèl po flè pou chak manm nan klas la gen dwa pa yon bon sakrifis.

Chak moun ak chak sitiyasyon diferan youn ak lòt, e yon sakrifis akseptab nan yon ka gen dwa se yon sakrifis initil nan yon lòt ka.

Kijan nou ka fè diferans lan pou pwòp sitiyasyon pa nou? Nou ka mande tèt nou: “Èske m angaje tan mwen ak enèji mwen nan bagay ki pi enpòtan yo?” Gen si anpil bagay pou nou fè, men nou pa ka fè yo tout. Papa nou ki nan syèl la pi kontan lè nou sakrifye yon bon bagay pou yon bagay ki pi bon toujou nan yon pèspektiv etènèl. Pafwa, sa gen dwa menm vle di pran swen ti flè myosotis ki piti men bèl la olye nou okipe yon gwo jaden bèl flè egzotik.

## **Twazyèmman, pa bliye pou nou gen kè kontan kounyeya menm**

Nan bèl istwa timoun nan ki rele *Charlie and the Chocolate Factory* (*Charli ak Faktori Chokola a*), chokolatye eksantrik la, Willy Wonka, te kache yon biyè lò nan chak nan senk ba sirèt li yo epi li te anonse ke kèlkeswa moun ki jwenn youn nan biyè yo ap jwenn kòm rekonpans yon tou faktori a ak yon pwovizyon chokola pou tout lavi li.

Sou chak biyè lò te gen mesaj sa a ekri: “Felisitasyon pou ou, moun chansa ki jwenn Biyè Lò sa a!... Gen bèl bagay an rezèv pou ou! Anpil bèl siprizi ap tann ou.... sipriz misterye ak mèveye ki pral kaptive ou, rejwi ou, entrige ou, etone ou, ak siprann ou”<sup>3</sup>

Nan istwa timoun sa a, yon pil moun nan tout mond lan te dezespereman anvi jwenn yon biyè lò. Genyen ki te santi ke tout bonè fiti yo te depann sou si wi ou non youn nan biyè lò yo ta tonbe nan men yo. Nan anksyete yo, moun yo te kòmanse bliye lajwa senp yo te konn abitye jwenn nan yon ba chokola a. Ba chokola a poukont li te vin tounen yon desepsyon si pa t gen yon biyè lò ladan.

Si anpil moun jodia ap tann pou yo jwenn pwòp biyè lò pa yo, biyè ke yo kwè ki gen kle bonè yo toujou reve a. Pou kèk moun, biyè lò a se gen dwa yon maryaj pafè; pou lòt, yon kay tankou sa k nan revè yo; oswa petèt, libere anba strès ak sousi.

Pa gen anyen ki mal nan dezi ki jis yo, nou espere e chèche bagay ki “gen vèti, ki emab, oubyen ki gen bon rapò oubyen ki atire louwanj.”<sup>4</sup> Pwoblèm nan se lè nou mete bonè nou an sispan pandan ke n ap tann kèk evenman fiti, biyè lò nou an, parèt.

Te gen yon fi ki te anvi plis pase tout lòt bagay pou l te marye avèk yon detantè prèttriz diy nan tanp e pou l vin yon manman ak yon madanm. Li te reve sou sa pandan tout lavi li, e o, ala yon bon manman ak yon bon madanm li t apral ye. Fwaye li t ap ranpli avèk bonte lanmou. Pa t ap janm gen yon move mo ki t ap repete. Manje yo pa t ap janm brile. E timoun yo, olye yo anvi al pase tan avèk zanmi yo, ta pral prefere pase sware yo ak wikenn yo avèk manman yo ak papa yo.

Sa sete biyè lò pa l la. Sete yon bagay sou ki li te santi tout egzistans li depann. Sete youn nan bagay nan tout mond lan ke li te pi dezespereman anvi.

Men, sa pa t janm rive. Epi, amezi ane yo t ap pase, li te vin plis an plis izole, ranpli amètim, e menm ankòlè. Li pa t ka konprann poukisa Bondye pa t akòde l dezi jis sa a.

Li t ap travay kòm pwofesè nan lekòl elemantè, e lefèt ke li te antoure ak timoun tout lajounen te toujou ap raple li biyè lò sa a ki pa t janm parèt la. Amezi ane yo t ap pase li te vin pi desi ak pi ranfème. Moun pa t renmen vin bò kote li e yo te evite l otan yo te kapab. Li te menm pase fristrasyon li sou timoun yo nan lekòl la. Li te twouve l ap pèdi kontwòl, epi pase soti nan moman kòlè ekstrèm al nan moman solitud dezespere.

Kote trajik istwa sa a sèke chè madanm sa a, nan tout deseasyon li osijè biyè lò l la, pa t rive remake benediksyon li *te* genyen yo. Li pa t gen pitit nan fwaye li, men li te antoure avèk yo nan klas li. Li pa t gen yon fanmi, men Senyè a te ba li yon opòtinite ke anpil moun pa genyen---chans pou enfliyanse lavi dè santèn timoun ak fanmi pou byen antanke yon pwofesè.

Leson nan bagay sa a sèke si nou pase jounen nou ap tann woz fenomenal, nou ka rate bote ak mèvèy ti flè myosotis yo ki antoure nou yo.

M pa vle di ke nou dwe abandone espwa ni sispann gen bi. Pa janm sispann eseye akonpli sa ki pi bon ki andedan nou an. Pa janm sispann espere pou tout dezi jis ki nan kè nou yo. Men pa fèmen je nou ak kè nou devan bote senp ak elegan moman òdinè chak jou yo k ap pote yon lavi rich, byen viv yo.

Moun ki gen plis kè kontan ke m konnen yo se pa moun ki jwenn biyè lò yo a; yo se moun ki, pandan ke y ap recherche bi ki diy, dekouvri ak cheri bote ak dousè moman chak jou yo. Yo se moun ki, etap pa etap, ap tise yon twal gratitud ak emèveyman atravè lavi yo. Yo se moun ki vrèman gen kè kontan.

**Katriyèmman, pa bliye “rezondèt” levanjil la.**

Pafwa, nan woutin lavi nou, nou envolontèman pase sou yon aspè vital nan levanjil Jezikri a, menmjan yon moun ta ka pase sou yon bèl ti flè myosotis

delika a. Nan efò dilijan nou pou akonpli tout devwa ak obligasyon nou genyen antanke manm Legliz la, nou pafwa wè levanjil la kòm yon lis tach byen long ke nou dwe ajoute sou lis bagay “pou fè” nou genyen ki deja enposibman long nan, yon kantite tan ke nou dwe antre nan orè okipe nou yo. Nou konsantre sou *sa* Senyè a vle nou fè ak sou *fason* nou ta dwe fè li, men pafwa nou bliye *rezon* an.

Chè sè m yo, levanjil Jezikri a se pa yon obligasyon; li se yon chemen, ki make pa Papa eman nou an, k ap mennen nan bonè ak lapè nan lavi sa a ak glwa ak akonplisman ineksprimab nan lavi ki gen pou vini an. Levanjil la se yon limyè ki penetre levanjil mòtalite a e klere chemen an devan nou.

Pandan ke nou konprann “kisa” levanjil la ye ak “kijan” li nesesè a, flanm ak majeste levanjil la jayi soti nan “poukisa” a. Lè nou konprann *poukisa* Papa nou ki nan Syèl la ba nou chema pou viv sa a, lè nou sonje *poukisa* nou pran angajman pou fè l vin yon pati fondamantal nan lavi nou, levanjil la sispann vin yon fado e, olyesa, li vin yon lajwa ak yon kontantman. Li vin presye ak agreyab.

Annou pa mache sou chemen disip la avèk je nou atè, ap panse sèlman ak tach ak obligasyon ki devan nou yo. Annou pa mache san remake bote peyizaj terès ak espartyèl gloriye ki antoure nou yo.

Chè sè m yo, chèche majeste, bote, ak lajwa ekstraòdinè ki genyen nan “rezondèt” levanjil Jezikri a.

Konnen ‘kisa’ obeyisans la ye make chemen an e kenbe nou sou bon chemen. Konnen “poukisa” obeyisans la sanktifye aksyon nou yo, transfòme bagay banal la fè l vin plen majeste. Li mayifye ti aksyon pitit obeyisans nou yo vin tounen aksyon sakre konsekrasyon.

**Senkyèmman, pa bliye ke Senyè a renmen nou.**

Lè m te piti, lè m te konn ap gade ti flè myosotis yo, mwen te konn pafwa santi m yon tijan tankou flè sa a, piti ak ensiyifyan. Mwen te konn mande tèt mwen si fanmi m oubyen Papa m ki nan Syèl la t ap bliye m.

Dèzane apre, mwen ka gade dèyè sou jèn tigason sa a avèk tandrès ak konpasyon. E mwen konnen sa kounyeya. Yo pa t janm bliye mwen.

E mwen konnen yon lòt bagay tou. Antanke yon Apot Mèt nou an, Jezikri, mwen pwoklame avèk tout sètitud ak konviksyon kè mwen, ke nou menm tou!

Yo pa bliye nou.

Sè m yo, kèlkeswa kote nou ye, kèlkeswa sa sitiyasyon nou ye, yo pa bliye nou. Kèlkeswa jan jounen ou parèt sonb, kèlkeswa jan bagay yo parèt difisil, kèlkeswa jan ou ta panse ou ensiyifyan, kèlkeswa jan ou ta panse ou neglije, Papa nou ki nan syèl la pa bliye ou. Li renmen ou, avèk yon lanmou enfini.

Jis panse sou sa. Èt ki pi majestyè, pi puisan, ak pi gloriye nan inivè a konnen ou e li sonje ou! Wa lespas enfini ak tan enfini an renmen ou!

Li menm ki te kreye e ki konnen zetwal yo, konnen ou e l konn non ou, ou se pitit fi wayòm ni an. Salmis la te ekri:

“Lè m ap gade syèl ou fè ak men w lan, lalin n ak zetwal ou mete ladan li, m ap mande

“Kisa lèzòm ye pou ou sonje yo konsa? . . .

“Ou fè yo yon ti kras pi piti pase zanj yo, e kouwone yo ak laglwa ak onè.”<sup>5</sup>

Bondye renmen ou paske ou se pitit li. Li renmen ou menmsi tanzantan ou santi w sèl oubyen ou fè erè.



Lanmou Bondye ak pouvwa levanjil retabli a se yon bagay redanmtè ak sovè. Si nou senpleman kite lanmou diven li a antre nan lavi nou, li ka netwaye tout maleng, geri tout blesi, e adousi tout doulè.

Chè sè m yo nan Sosyete Sekou a, nou pi pre syèl la pase nou panse. Nou destine pou plis pase sa nou ka posibman imajine. Kontinye grandi nan lafwa ak ladwati pèsonèl. Aksepte levanjil retabli Jezikri a kòm fason pou nou viv. Apresye don aktivite a nan gwo Legliz sa a; cheri don sèvis la nan òganizasyon beni Sosyete Sekou a. Kontinye fòtifye fwaye yo ak fanmi yo. Kontinye chèche ak ede moun ki nan bezween ak èd Senyè a.

Sè m yo, gen yon bagay enspiran ak siblim nan tiflè ‘pa bliye m nan’ (myosotis la). Mwen espere ke l ap vin yon senbòl ti bagay ki pote lajwa ak dousè nan lavi nou yo. Pa janm bliye ke nou dwe gen pasyans ak konpasyon pou tèt nou, ke kèk sakrifis pi akseptab pase lòt, ke nou pa bezwen tann yon biyè lò pou n gen kè kontan. Tanpri pa janm bliye ke “rezondèt” levanjil Jezikri a ap enspire nou ak edifye nou. Epi pa janm bliye ke Papa beni nou an ki nan syèl la konnen nou, renmen nou, e cheri nou.

Mèsi pou moun nou ye a. Mèsi pou zak lanmou ak sèvis inonbrab n ap rann sitèlman moun yo. Mèsi pou tout sa nou rete pou n fè pou pote lajwa levanjil Jezikri a bay fanmi yo, bay Legliz la, kominote nou, ak nasyon yo nan mond lan.

Sè m yo, nou renmen nou. Priyè mwen ak benediksyon mwen se pou nou pa janm bliye ke nou se reyèlman pitit fi presye nan wayòm Bondye a, nan non sakre Sovè byeneme nou an, Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Etè 12:27.
2. Gade 3 Nefi 12:48.
3. Roald Dahl, *Charlie and the Chocolate Factory* (1964), 55-56..
4. Atik Lafwa 1:13.
5. Som 8:3--5.